РОКСАЛАН

# *ЦАТЫР*



Р О К С А Л А Н

# Ц А Т Ы Р

## Ӕмдзӕвгӕтӕ, кадджытӕ, аргъӕуттӕ

ЦХИНВАЛ
«Республика»
2012

84 (Осет.) 7-5
Хъ–11

Хъ–11 Р О К С А Л А Н (Хъазиты М.Р.) Цатыр [Текст]. Æмдзæвгæтæ, кадджытæ, аргъæуттæ. – Цхинвал: «Республикæ», 2012. – 480 ф.

РОКСАЛАН (М.Р. Казиты)

Шатёр

*Автор йæ чиныгмæ бахаста, поэзийы жанры цы сарæзта, уыдон зынгæ хай – æмдзæвгæтæ, кадджытæ, аргъæуттæ. Фæлæ сæ кæрæдзийыл бæтты иу хъуыддаг – рæстаг адæймагмæ, йæ райгуырæн къуым, йæ Фыдыбæстæм йе стыр уарзт. Æмæ уыцы уарзт авторæй рахизы чиныгкæсæгмæ.*

ISBN – Издательский №3

©КазитыМ.Р., 2012.
© «Республика», 2012.

*МÆ ЧИНЫГ*

*Райстай, ме ‘фсымæр, мæ чиныг,*
*Нал дзы сисдзынæ дæ цæст.*
*Ирбæстæн йæ маст, йæ цин-сыг-*
*ыл уыдзæн дæ зæрдæ хæст.*

*Скæн дæ тырыса СÆРИБАР.*
*Стæм зæронд цæфтыл фыдох,*
*Нæу нæ цард нырма нæхи бар,*
*Фæлæ фидæн ма кæн рох.*

*Знæгтæ дауынц нæм сæ кæрдтæ,*
*У фæдисыл лæуд нæ зæхх.*
*Сты уæларвмæ тыгъд нæ тæрттæ.*
*Не ‘рдхæрдтæн: «Ægac цу!» – зæгъ.*

*Цард нæу цардæфсæст кæстытæй,*
*Афæлдахинаг – нæ хуым.*
*Н‘ алы цин æмæ мæстытæй*
*Дæн сæрыстыр æмæ ‘рхуым.*

*Саглæг, хи æууындзыс саргъмæ.*
*Тырысайыл хæц фæрнæй.*
*Систам Иры уæз нæ рагъмæ –*
*Махæн*
*цудыны бар*
*нæй!*

*2010, цыппурсы мæйы 26-æм бон – 02.26 сах.*

## ФЫССÆГ

Нæ царды лæг нæ зоны ‘нцой.
Уæлдайдæр, кæд ысдæ фыссæг!
Лæуу алкæй калд тыргъмæ æнцой,
Дæ цæст куыннæ уына хуыссæг.

Дæ игæрæй хаф арыд зæхх.
Лæвар дæм не ‘рхаудзæн сыф дæр.
Кæд дыл цæуа хæрдгæтын зæгъ –
Цъæх-цъæхидæй æфтау сыфтæр.

Ызнагæй саразын, –
фыссæг, –
Æрдхорд.
Æнцон мын нæу уый, зон,
Фæлæ кæй не свæййын фыдлæг,
Цæрын мын уымæн у æнцон.

*2004, рухæны мæйы 15-æм бон*

## СÆРИБАР

Фæззæджы был Ир ысдиссаг
Амæндты амонд фыссæгау.
Суæлбикъон дæн быркуы сисæг,
Кусарт акæнæг фысымау.

Хур кæсы нæ дзæбæх Ирæй,
Растæндæр мæ риуы арфæй!
Нуазæн айсут дзæбидырæй!
Зæдтæ бахудынц цъæх арвæй!

Цинæй зæхх тæлфы мæ быны –
‘Нæвнæлд чызджы ризгæ тæвд буар.
У æцæг.
Нæ уыдис фыны –
Райста раттæг Ир Сæрибар!

*2011, æртхъирæны мæйы 16-æм бон*

## ИР

Ир дæ хæхтæ –
арцау цыргъ,
С‘ алкæцы фæдисон арт у!
Ды – дыргъбæлас,
æз – дæ дыргъ;
Ды – сыгъзæрин саг,
æз – де ‘рду.

Æйтты дуг у,
уæд – хæцгæ;
Куысты бацæугæйы –
‘вæрд уд;
Ма бабæлл
лæджы хæсмæ –
Уый нын
Стыр Хуыцауы фарн у.

Æз –
мæ Иры уды къæртт,
Ир
мæ сомыгæнæн мад у!
Уæд нывонд ын,
уæд мæ цард –
Амæлын
йæ номыл кад у.

Ир, мæ Ир –
мæ удлæууæн,
Æз
дæ дауджытæн нывонд дæн.
Нæй кæрон
дæ удхæрдтæн –
Стыр Хуыцауы стыр нывгонд дæ!

Хъизæмаргæнæг дзæнæт,
Уæд хатыр
дæ кæстæр сонтæн:
М‘ алы зард,
мæ цин дæу уæнт;
Ратт мæнæн
дæ рын, дæ сонтæ!

*2007*

## ИРОН ЗÆРДÆ

Ирбæстæ у йæ хъустæм
Уарзтæй.
Ауыгъд – нæ мус дæр
Урссæр хæхтæм – уынд дзы нæй!
Схиз æм,
гъемæ, æнустæм
Дун-дунейы уындзынæ!

У ирон лæг йæ хъустæм
Мастæй, фæлæ тæрхъустæ
Не стæм.
Зæрдæ, – цы дзы нæй! –
Бахиз дзы ‘мæ
æнустæм
Саджы цардæй цæрдзынæ!

*2005, хурхæтæны мæйы 25-æм бон*

## ÆРБАЦÆУТ МÆ КУЫВДМÆ!

Æмуд дзыллæйæн тых нæ ары знаг.
Нæ фыдызнаджы цæфæй ыстæм дихтæ.
Цæй паддзахад?!
Кæд-ма рамардтам саг…
Нæ сæрмæ зилынц тарæй-тардæр мигътæ.

Тæрхоны лæгтæй иуыл æууæнк нæй.
Нæ Иры сиумæ фыны дæр нæ хъавынц.
Кæрдихгай сын хуыздæр тайы.
Фæрнæй
Сæ дзыппытæм нæ Иры сойтæ хафынц.

Æхца дæр нал.
У «цъæх» сæ пох.
Мæнæн та у Хуыцау къæрццхъус мæ куывдмæ.
Нæ Иры сиумæ урс нывонд – мæ богъ.
Æрбацæут мæ куывдмæ!

*2010, цыппурсы мæйы 07-æм бон*

## ÆМÆ ТАБУ…

Мæ игæрæй зæхх хафон, уый фаг у.
Мæ тугæртах – Бæсты хицауæн.
Мæ бæллиц Зæххæй Хурмæ фæндаг у –
Æнусты баззайдзæнис рухсдæр цауæн.

Æмæ табу –
Хуыцауæн!

*2010*

## ÆВДАДЗЫ ХОС

Иры сау мæр – царддæттæг.
Не 'фцгуытæ – ныфсæвæрæн.
Уымæн не стæм уа сæртæг,
Тулдзæнцой – æфсымæрæн.

Уахъæз суры уæнгты рыст.
Уымæн цæуынц саггуырдтæ
Хæхты цот.
Нæ ныхыфыст –
Саг-сæгуытæй райгуыргæ.

Уддзæф нæ сырды сойæ
Фидардæрæн байсæры.
Ма стъæлфæм фыдты койæ –
Хур нæ стъæры 'гас сæрды.

Сау хохы бын сахады
Урсбарц суадон удыхос.
Хъæуты, зæгъай, сахарты
Чи базондзæн уыцы хорз!

У кæд исчи 'рхауынхъус,
Ма кæсæд йæ рын-сонтæм.
Ирзæхх уын æвдадзы хос
Басгуыхдзæни 'нусбонтæм!

*2010*

## СÆРЫСТЫР

Хурфых цæхджын хойраг ардтон
Стонг удтæн, – сгæмæгъ мæ рыст тыл. –
Никуы йæ никæмæй сайдтон,
Уымæн дæн афтæ сæрыстыр.

Зæдау сыгъдæгæй нæ зайын –
Кастæн цы сылтæм сæ рыстыл!
Ничи мын бакуымдта сайын,
Уымæн дæн абон сæрыстыр.

Бирæ нæ домын нæ цардæй –
Иры мын уарзæд йæ рыст тыр.
Никуы йыл рацыдтæн сайдæй,
Уымæн дæн афтæ сæрыстыр!

*2008, хуымгæнæны мæйы 20-æм бон.*

## ДУР

Туркмæлидзæг адæмæй
Æрцыд иуыл афтæ –
Цæххойæн дур адæргæй
Й' армы йемæ афтыд.

Иры урссæр къæдзæхтæн
Скаст сæ уд æм дурæй.
Цагъта знаг йæ гæндзæхтæ
'Нæ уыцы дур дурæй.

Басгуыхт ын цæххойæн дур
Ирзæхх мысæн ирдæй.
Каст ыл дурæй Иры хур
Дард баззайæг Ирæй.

Дур ыссис йæ мастсурæн,
Бауарзта йæ афтæ –
'Хсæв уа, бон цъæхрагъ дурæн
Кодта цинтæ, пъатæ.

Нæй æмбал мыды карстæн,
Кæд кæнай ыссивæн.
Райгуырæны стыр уарзтæн
Ницæмæй ис ивæн.

*2010, кæфты мæйы 19-æм бон – 03.30 сах.*

## СÆУРАЙСОМ

Хур йæ фæндаг ауындзгæ
Хохы тигъмæ рахста.
Æхсæрдзæн кæл-кæлгæнгæ
Раирвæзти ахстæй.

Тигътыл урсбуар бæрзытæ –
Уайсадæг чындзытау.
‘Взист уахъæзы мæрзынтæ…
Мæсгуытæ – цыртытау.

Мæргъты цины зарджыты
Ленк кæнын кæсагау.
Хох лæууы йæ уæрджытыл
Хауынæй тæрсæгау.

Арвы цæст у афтæ цъæх,
Афтæ ирд у, афтæ,
Сæфтыдтæн æм, зæгъгæ, æз,
Сзынг уаид мæ кафтæй!

Уымæн ыссы Ирзæхмæ
Не знаг салд æфсæртæ.
Чи уæнды мæ риуæй мын
Сæфтауа мæ зæрдæ?!

*2007, Майрæмкуадзæны мæйы 7-æм бон*

## ТЫХХЪАЗТ

Нæ цард хæссы мылазон.
Нæ гауыр фиутæ тухы.
Рæстаджы
зины фаззон
Фыры сыйы ыздухы.

Мæстæг куы вæййын, тулдзау;
Куынæ фæкомын тасын,
Тæлм бæласау…
Мæ удæн
Ыскæнын еуæд цал зын!

Уæддæр фыдæнæн хъазын:
Мæ зын мæ удæн – фиддон;
Мæ ныфс – нæ фидæн.
Уа сын,
Кæмæй исой цæвиттон.

*2001, цыппурсы мæйы 16-æм бон*

## ÆФСÆРМЫ ТАС

Уымы бæсты хуры рухсæн фенæн нæй;
Нал фæзыны арвы цъæхы ‘взистхал мæй,
Цасфæнды кад æм фæхæсс…
Гъемæ, тæрс мæлæтæй, тæрс!

Уымы бæсты нæй ыстæфсæн уæнгтæн, нæй;
Уазал ингæны хызт вæййы лæг фынтæй,
Цасфæнды зонд æм фæхæсс…
Гъемæ, тæрс мæлæтæй, тæрс!

Уымы бæсты сонт зæрдæйæн стæлфæн нæй;
Ды куыдфæнды ацы царды цæр фæрнæй,
Цасфæнды уарзт æм фæхæсс…
Гъемæ тæрс мæлæтæй, тæрс!

У мæнæн та фондзыссæдз хатты дæр зын,
Амæлын æмæ…
Куыд бахæссон, тæрсын,
Ме ‘дзард æфсымæртæм урсхилæй мæ сæр,
Гъе куыд бадон фынгыл хистæртæн сæ сæргъ?

*2001, хуымгæнæны мæйы 15-æм бон*

## УÆЛДЗÆНÆТ

Лæг райгуыры, ыстæй ныммæлы иу бон
Æмæ, дæттæй, зæрдæйы фаг фæцæр!
Фæлæ, куы хатай, ис дыл æфтыд идон,
Ысвæййы уæд дагъытъайлаг фæз дæр.

Мæ бон зæххон дудгæбæттæй – дывыдон.
Мæ цард – бæлвырд, зæронд зарæджы ‘нгæс:
«Æрчъиджынтæ…
Кæдæм мæ хъæуынц уыдон?
Цырыхъджынтæм фæкæсын худæг æз».

Зæлдæгты адæн фæдарын фæсмынтæ.
Мæ аласайæ афæлдахын хуым.
Нымады мæм нæма цæуынц фæсмонтæ –
Кæм амæлон, нынныгæнт мæ уым!

Мæ фыдгул фидæны бонæй ыстæрсæд.
Фæллæйттæм бæлгæ не суыдзынæн сырд.
Мæ хауд æрмттау, мæ хивæнд зæрдæ сдæрзæг,
Рæстæгмæ уымæн нал фембарын дзырд.

Æмæ лæгдæрты де сынæгæй бакъуыр –
Куыстæй, быцæуæй, нозтæй кæнæм цас!
Ныридæгæн мын ацагътой мæ пакъуы,
Сæхицæй дæр-ма цас баззад æгас.

Уæддæр ыслæууы арц мæ хъуын рæстæггай –
Нæ царды мæнæ-мæнæтыл кæн мæт:
Фæцыдтæн карды ссад комыл рæстагæй
Æмæ уый у мæ уæлион дзæнæт!

*2000, сусæны мæйы 22-æм бон*

# ЧЪРЕБА

## 1. ЧЪРЕБА

Цъæх арв ныл
судзгæ нæмгуытимæ хауы.
Фæлæбыры
нæ быны зæхх.
Тыхст лæг
йæхи ауон лæууынмæ хъавы –
Кæны
ызды къæвда сæх-сæх.

Ныммæстæг дæ,
нæ чъил кæныс фыдæнæн.
Нæ Чъреба,
цæр æмæ нын цæр!
Рæхджы
æнæфсис,
ссонтуæвæг фыдлæгæн
дæ къæхты бын
уыдзæн йæ сæр!..

Цæрынмæ хъавы
ахæм дурсæр чемæ?!
Рæстдзинадæн
нæй сæфæн, нæй.
Æнустæм фидар
лæуу фæрнæй,
Нæ цинты сæр,
дæ нывонд фон,
нæ Чъреба!..

*1993, 2008*

## 2. ЧЪРЕБАЙАГ СÆУРАЙСОМ

Хуры тын нæма снысдзæвд
Минæарыд нæууытыл,
Цæст фæкодта хины сæфт
Хæстæй æрхæм хъæууынгты.

Хæстæй æрхæм хъæууынгты
Къулбæрзæйæ – дидинтæ,
Дудынц сыл цы фæрдгуытæ,
Урс, сырх-сырхид дзиндзитæ.

Урс, сырх-сырхид дзиндзитæ –
Хъаматæй къахт цæстытæ,
Скæуынц мады дзидзитæ,
Урс фæрдыг – сæ цæссыгтæ.

*1994, æртхъирæны мæйы 18-æм бон*

## 3. ЧЪРЕБАЙАГ ЭКСПРОМТ

Нал ис сахарæй авæрæн къахæн:
Алы къахдзæфæн домынц хæсткъахæн,
Нал æфсæды ирон тугæй с' ахсæн,
Хъавынц ир-зæххыл раппарой сахсæн
Гуырдзы.
Басгуыхынц куыйдзыхтæ ахæм,
Уый куыд сæфтыд нæ зæрдæтæй махæн?!

*1991, рухæны мæйы 29-æм бон*

## 4. МÆСТЫ ЗАРД

Уонгмард ирон базары:
«Сæфæм пылты базары –
Ма сæ кæнут хъыдзы,
Уæд цæуæм сæ «хъыдзы».

Ахæм президент хъæуы?
Адæмы цæгъды хъæуы!
Пенсийы нæ комы,
Тугзæй уадзы комы.

Кæд ысдæ æцæг лæгмар,
Уæд, цъаммар, æцæг лæг мар, –
Саударæн фыдазары, –

Мады хуылфмæ гуырдзы
Марынц æрмæст гуырдзы
Чъребайы фыдазары».

*1990–91*

5. ФЫДБОНЫ УАРЗТ

Гуырдзыйы бал – Чъребайыл тыхст.
Раст мæ риумæ хъавынц.
Чи скъуыра мæ зæрдæ раздæр,
Ууыл сæ уд хъарынц.

Гъеуæд-гъе, мæ ирон тугæй
Бафсæдид сæ уæцъæф.
Не ‘нкъарынц, дæ мидбылхудтæй
Æз кæй дæн зæрдæдзæф.

Тагъд нæ фыдызнаг фæлидздзæн,
Тугкалгæ, æгадæй.
Стыр Уæлахизы мæ зæрдæ
Бандидздзæн дæ батæй.

*1992, хуымгæнæны мæйы 19-æм бон*

6. ФÆССАХАР

Фæссахар
сармадзан-балтæ
ныррыхынц.
Сахары уынгтæ
ныккæнынц æмбу.
Зæрваттыкк
нал æмæ нал рæхсы
‘рбахойын рудзынг.

*1991, Майрæмкуадзæны*
*мæйы 31-æм бон*

## 7. КÆД ДÆ НÆ УЫРНЫ

Ис ахæм адæмы мыггаг:
ыскæн æй топпы нæмгуытæй сыхырна,
чъырын арты йæ басудз,
ныккæн æй их доны сæлын,
хъæдындзау æй лыстæг ыскæрд, –
(куыннæ сты иуæн фондзыссæдзы ‘фсад!) –
нæ бакомдзæнис амæлын уæддæр,
йæ марджытыл
мæрдты бæстæй тыхджындæр
æвæрдзæн худинаджы гакк,
йæ хиуæттæн ныфсы мæсыг уыдзæн…
Кæд дæ нæ уырны, уæд
Чъребайы сахары
нæ 5-æм ыскъола-уæлмæрды
Ирыстоны
бæгъатыр фырттæм акæс!

*1992, цыппурсы мæйы 22-æм бон*

## 8. ЧЪРЕБАЙАГ ЛÆППУЙЫ ЗАРÆГ

Нал сæрд хатæм, нал дæр – фæззæг:
Дон æмбæхсы хуыры.
Гага-топпыхосы фæздæг –
Тугæрхæмтæ хъуыры.

Ноджы махæй гауырты ‘хсæн
Фестъæлфы дæ уаз хуыз.
Ис дæм иу гæлæбуахсæн –
Нæмыг нæм нæ уадзыс.

Размæ дæм мæхи æппарын,
Оцани хæрæгау.
Хæдæхсæй нæмыг-арт сдарын,
Айсæфыс, хæйрæгау.

Чъребайы дæ мады тæсæй
Нал зыдтон уæ уынгтæ,
Ам дæ уæлдæф-хуызы ‘нгæсæй
Дон кæнынц мæ уæнгтæ.

Ма разын дæ къæйных мадæй?
Зæд мын дæ, цæй фыдсыл?!
Уыцы къуыбыр риуты адæй
Сулæфин хæрз чысыл.

Чи ссардзæн кæрон нæ батæн –
Цинкъæвда ныл уардзæн!
Фæлæ знæгты размæбадæн
Нæй дзæгъæлæй уадзæн.

Не знæгты уал расттæрхонмæ
Баскъæрæм хъуамæ,
Стæй мæ сахъ хæстон-чындзхонты
Фервитын сымахмæ.

*1991, рухæны мæйы 29-æм бон*

9. ХÆСТОН ЧЪРЕБАЙЫ

Ай цы фын,
цы мардæрцыды къæвда у –
Чъребайы 'нæбын тымбыл арвæй
уыцы ставд æртæхтæй
уары мæ зæрдæйы туг.

*2009, Майрæмкуадзæны мæйы 27-æм бон*

10. * * *

Мобилон телефон ахуыссын кæнын 'мæ
Мобилон телефон ссудзыны музыкæ
Кардау ныссæдзы мæ зæрдæйы –
Чъребамæ тугхортæ куы бырстой сцæгъдынмæ,
Гъеуæд-иу сабыргай дзурæны хус мыртæ
Хаммертæй рацахстой æвзæртæ –

Хъæвыдысты нæ æд хъæдхъиутæ хæрынмæ…
Най мæрдты нуд тæфæй скъуыдысты мус-уынгтæ –
Марæджы хъысмæт æвзæр вæййы.
Мобилон телефон ахуыссын кæнын 'мæ
Мобилон телефон ссудзыны музыкæ
Кардау ныссæдзы мæ зæрдæйы.

*2009*

## 11. ХЪАЙТАР САХАР

Ӕрцыд ныл не знæгты хин цал!
Цæмæ нæ тырнытдтой фыдæй!
Дæуæй кæнгæ уыдис, Цхинвал,
Мæ Ирыстоны рухс фидæн!

Нæ сыхаг разынди мæнгард, –
Ӕрмæст æй уыд цыма нæ мæт, –
Нæ чъылдымы ныссагъта кард.
Уæддæр иронæн нæй мæлæт.

Куывтам: «Цы фæдæ, Стыр Хуыцау?!.
Дæ цоты сæфт куыд быхсыс, ау?!»
Ӕрдхорды ‘ххуысы уыд йæ тых –
Ныццавтам лæбурæджы ных.

Ӕрзылд парахатæй нæ дуг –
Ӕрæнцой нал зыдта тæпп уд.
Ныууарыд знаджы сæрыл туг –
Бæгънæгæй лыгъд лæгхор тæппуд.

Лæвæрдтам ын нæ дзул, нæ цæхх.
Йæ армы – къæбицы дæгъæл.
Нæ ис-бон нын иста, нæ зæхх.
Йæхи зæхх баззадис дзæгъæл.

У Мцхетайæ ацырдæм мах.
Нæ зæххæй иу уылынгыл, иу,
Нæ баззайдзæн ызнаджы къах.
Фæлæууæм, лæппутæ, хæлиу!

Мæ уарзт, мæ цинты цин Цхинвал,
Ӕнусты фарнимæ цæрай!
Ӕрцыд дыл тохы цал хин, цал!
Ныр дæ сæрибар, худгæ рай!

Ызнагæн чи нæ радта ком,
Хуыйны хъайтар сахары ном
Цхинвал – мæ уарзт! Цхинвал – мæ бон!
Цхинвал – мæ кувæндон!

*2008*

## 12. ФÆСХÆСТ

Стыр хæст фæсабыр.
Нæ пырх уынгты
Иугай сæруæлдæйттæ –
тарстхуызæй.
Зæрдæ нынкъуысы,
цæст кæй уыны,
Уыцы æрдæгсыгъд,
пырх агъуысттæй.

Зæххы цъар
сыстъыгътой бомбæтæ!
Мæрдтæ!..
Нæ сæ ис ныгæнджытæ.
Мæстæй
фæтонынц сæ гом тæрттæ…
Райдыдтой
цудын мæ уæрджытæ…
Иуы ныхмæ ныл
сæдæ хæцыд.
Далæ
фæсарæйнаг хотыхтæй
Кодтой,
фыддуджы цынæ æрцыд…
Чи нæ бахызтаид
хомхортæй?

Бомбæкъахт акъопптæй
мингæйттæй
Гилдзытæ
дарынц сæ гом дзыхтæ –
Бахъахъхъæдтой нæ
сæ ингæнтæй
Не ‘дзард æфсымæртæ
куыйдзыхтæй…
Уалынмæ бакæс,
хæрз гыццыл чызг
Ратæхы –
рухс царды фидиуæг.

Бомбæты схъистæй
æрдæгпырх уынг
Рафтыдта
уый худтмæ
дидинæг.

*2008*

## УЫРЫСЫ ДÆНДАГ

Уырыс зонгуытыл æрхауд.
Нозтыл банцадис йæ фæндаг.
Даудта йæм ызнаг йæ кард:
– Асаст Уырысæн йæ дæндаг!

Цуаны нал амардзæн саг;
Хъисрагъ фос дæр æм ысуæндаг;
Разынд ын йæ хъан ызнаг:
– Асаст Уырысæн йæ дæндаг!

Не Скæнæгæн кад уæд, цыт –
Махмæ ницы уыд дывæндаг.
Раттæг Ир уыдис æмдзырд:
– Уырыс равдисдзæн йæ дæндаг!

Тохы нын куы уыдис тас,
Не знаг уæд фæцис фыдвæндаг –
Слæууыд Уырыс – стыр урс арс:
– Уырыс равдыста йæ дæндаг!

Алы тугхор, алы ‘взæр,
Ныр фæуыдзыстут æвæдаг.
Додойаг фæцис уæ сæр:
– Уырыс равдыста йæ дæндаг!

*2011, æртхъирæны мæйы 3-æм бон*

## ДЗУРÆМ ИРОНАУ

Царды цалх тулы.
Ма уæм рæуудтæ.
Иры туг дзуры:
«Стæлфæм, лæппутæ!»

Бабын ис не ‘взаг
Кадистты комы.
Бахуды не знаг –
Фæсæфцæг комы.

Не ‘взаг цыд донау.
Ма ‘руадз дæхи, цæй.
Дзурæм иронау –
Райдай дæ -
хи -
цæй!

*2006, хурхæтæны мæйы 10-æм бон*

## ÆЦÆГ МАД

Ралæууыдис кадхынцæн –
Иры цин ыстыр:
Райгуырдис нæ хорз чындзæн
Фæндзæм саби – тыр!

Иу дæр хорз у, фæлæ иу –
«Ис» зæгъыны ‘фсон.
Стæй дыууæ саби дæр циу?
Уымæй дæр – фаззон.

Сты æртæ тыры нымад
Иу сабийыл, зон.
У æртæ сабийы мад
Адæмæн бæззон.

Фæлæ фондз сабийы мад
У лæджы æмгад!
Стæй – нæ хуыздæртыл нымад!
Цыт æмæ йын кад!

*2010, Джиуæргуыбайы мæйы 10-æм бон*

## НЫФС

Цынæ фидис, цынæ загъд æмæ сарæй,
Цынæ цæстмæдарæнтæй рафтыд лæг –
Тагъд сæфдзыстæм цыма нæхи азарæй,
Æмæ кæндзыстæм не знæгтæм хæлæг.

Бæргæ зонын, æнæ мигъ арв куыд нæры,
Фæлæ уын иу хабар зæгъын уæддæр –
Нæ ирон æвзаг уæлтæрхæг чи ‘вæры,
Ирон туджы сконд зоны уый æвзæр.

Ирон мадæн нæ фезгъæлдзæн йæ куырой.
Нырма йын бирæ табутæ хъæудзæн –
Нæ Иры цалынмæ ирон кæстæртæ гуырой,
Нæ ирон æвзаг уалынмæ цæрдзæн.

*2011, тъæнджы мæйы 2-æм бон – 03.36 сах.*

## РАГЗЫМÆГ

Рагæй кастæн зымæджы æрцæуынмæ.
О, фæлæ, уæддæр, æрцыдис раджы.
Адардтой урс
сæфты зæйæрцæуæнтæ –
Комы коммæ ‘хсæрдзæн сайы саджы…

Атахтысты хъæрм бæстæм тæхæг мæргътæ.
Хъæрм лæгæты арф нымбæхстис бур арс.
Уырынгонтæ бафтыдысты сау мæрмæ.
Куыдз хуыссы йæ нарст дзæмбытыл хурварс.

Ам хæхбæсты знæт зæйты ызнæт нæрдмæ
Дурвидар сытæн цæудзæн сæ дзæхст-дзæхст –
Уымæ бæллыд, уымæ ныр кæдæй нырмæ
Мæрдты бирæгъ.
Стынг уыдзæн цы хъæзт-хæст!

Диссæгтæ, куыннæ уал дзы ис ирвæзæн –
Уырдгуытимæ ‘мбæлццæттæ сты хæрдтæ.
Æтт, мæнæй уый, адард дæ ис Ирвæдæн –
Царды халæппарæны фæхæрд дæ.
Рагæй кастæн зымæджы æрцæуынмæ.
О, фæлæ,
уæддæр, æрцыдис раджы.
Адардтой урс
сæфты зæйæрцæуæнтæ –
Комы коммæ ‘хсæрдзæн сайы саджы.

*2005, тæргæйтты мæйы 20-æм бон*

## КУЫДЗЫ АЗ

Ныццагъта,
чыр-чыргæнгæ,
мæсгуытæй хъуытаз –
Æрлæууыд,
мæ бонæй уон,
худгæ,
куыдзы аз!

Лæбурдзысты куыйтæ,
сæткалгæ,
нæ кæртмæ –
Къæс-къæс нæм
кæндзысты
сæ бур-бурид кæрдтæ.

Нæ дардбæлццон хуртæ, –
куыдзыхæст, –
хъæрздзысты.
Нæ хæйттæ нын
уæлартæй
куыйтæ хæрдзысты.

Æвæгæсæг сидзæрты
удмарæн куыдмæ
Сæ комыдон
уадздзысты
тугмондаг куыйтæ.

Ысуыдзæнис
кады ном
мулкæй æлхæнгæ.
Кæсдзысты
лæгау-лæгмæ
куыйтæ æлгъгæнгæ.

Нæ фæллæйттæ
акæлой
с‘ ахсæнтæй, уастæн,
Ыстæны цæстытæй
чи аргъ кæны уарзтæн.

Цы хъауджы сæ вæййы –
куыйтæ уой,
лæгсырдтæ.
Ысцæттæ сæм кæнæм
къобала лæдзджытæ!

Ныццагъта,
чыр-чыргæнгæ,
мæсгуытæй хъуытаз…
  Æниу нын
  кæцы аз нæ вæййы
  куыдзы аз!

*2006, тъæнджы мæйы 8-æм бон*

х х х

Мæ лекцитæм студентты
кæронмæ куынæ фæнды хъусын,
уæд æфсæрмы кæнын дæуæй, Ирыстон.

Мæ чингуыты адæмы
кæронмæ куынæ фæнды кæсын,
уæд æфсæрмы кæнын дæуæй, Ирыстон.

Сæ цæсгом уа цæй цармæй,
нæ адæмы туг чи фæцъирынц?..
Ныккæн сын мад-фыды удæст, Ирыстон.

*2006, рухæны мæйы 24-æм бон*

# ЧЫСАНГОМ

## I. ЧЫСАНГОМ

(триптих)

### 1. ЧЫСАНГОМ

Цæй, нæртон лæг, æрбахиз мæ уæрдонмæ, –
Исты сау æфсон ма скæн, –
Ацъыкк кæндзыстæм махмæ, Чысангоммæ.
Уым цъæх дзæнæт у махæн.

Уым бæгъатыр Антъоны нæргæ номыл
Бон дæр уаз цырагъ судзынц.
Уым Уасо æмæ номдзыд Хацыроныл
Адæм таурæгътæ дзурынц.

Уым зæхкусæг арм – ардуаны бæсты,
Фарнимæ сты æмцæдис.
Уым дæм сæнæфсир мин сау къæйных цæсты
Расыг ныкъуылд кæндзæнис.

Уым дæ ‘нæзонгæ исчи куы фæхона,
Ууыл дисмæрдтæ ма кæн.
Акув, аназ-иу, нуазæн – æртæхдонау.
Зарæг – фарнхæссæг махæн.

Уым æндон дурæй лæмæрст нæ ирон дзырд,
‘Хсæры ныкъкъæрццау, зæлы.
Байсæрста йæ æхсыры цы сагсур гуырд!
Ронгау, базмæлы сæры.

Саулагъз, саудзыкку сатæг чызг бахуддзæн,
Хурты хурау – йæ бакаст.
Ау, лæппу ма дæ?
Уарзтæй дæ басудздзæн –
Мады майрæм дæм ракаст!

Цæй, нæртон лæг, æрбахиз мæ уæрдонмæ, –
Исты сау æфсон ма скæн, –
Ацъыкк кæндзыстæм махмæ, Чысангоммæ.
Уым уæлдзæнæт у махæн!

## 2. ГАДЖИДАУ

Табу, Стыр Хуыцау, дæхицæн –
А зæххы нæ кæныс хицæн.
Уыд дзæнæт раттын дæ нысан:
Радтай нын дзæнæт зæхх, радтай –
Чысан, Чысан…

Табу, Стыр Хуыцау, дæхицæн –
Адæмы нæ кæныс хицæн.
Иузæрдыг цæуæт – дæ нысан:
Гъе, æмæ сæ раджы радтай –
Чысан, Чысан…

Табу, Стыр Хуыцау, дæхицæн –
Зæххы фарн нæ кæныс хицæн.
Иу – нæ бæркад у дæ нысан:
Фыццаг æй цы зæххыл радтай –
Чысан, Чысан…

Табу, Стыр Хуыцау, дæхицæн –
Ма бауадз нæ Иры зæхх ныххицæн.
Не знæгтæн бæрæг – сæ нысан:
Бауаид сæхи кæд тагъддæр
Чысан, Чысан…

Табу, Стыр Хуыцау, дæхицæн –
Знаг дæ цæфæй кæны уисæн.
Систон дзæбидыры сырх сæн –
Знæгтæн ма баззайæд, макуы
Чысан, Чысан!..

*2004, тъæнджы мæйы 3-æм бон*

### 3. ЗÆДБАДÆН

Зæдбадæн къуым – Чысаны зæхх,
Дæ Уæлладжы нывгонд!
Уæлдæр, уæлдæр, уæлдæр ыстæх –
Мæ сæр дын уæд нывонд!

Нæ бæрзæндтæ – зæдбадæнтæ,
Нæ дæлвæзтæ – куывддон.
Нывыл куы зонæм адæттæ,
Кæндзыстæм уæд куывдтæ!

Ызнагæй акæнæм æрвад.
Стæм зæххимæ  æмтуг.
Чысан – нæ сæр æмæ нæ фад,
Дæ фæстæ баззад дуг.

Нæ фыдæлтæн сæ мæсгуытæн
Уæлæрвтæм у сæ каст.
Кæрон уыдзæн нæ мæстытæн –
Мах фарныл ыстæм хæст!

Æрттивдзæни Чысаны зæхх.
Фæцæрдзæнис фæрнæй.
У фарнæй раттгæ фарнмæ здæхт,
Æмæ йын сæфæн нæй!

Зæдбадæн къуым – Чысаны зæхх,
Дæ Уæлладжы нывгонд!
Уæлдæр, уæлдæр, уæлдæр ыстæх –
Мæ сæр дын уæд нывонд!

Нæ бæрзæндтæ – зæдбадæнтæ,
Нæ дæлвæзтæ – куывддон.
Нывыл куы зонæм адæттæ,
Кæндзыстæм уæд куывдтæ.

*2007, сусæны мæйы 7-æм бон*

## II. МÆ ХÆДЗАР

Мæ хæдзар уыд
мæ цардбонты цыкура,
ныр сау куыйдзыхты
къæхты бын ныккука.

Куыд ис лæгсырдæн
ахæм бар?
Ды сын æй, Хуыцау,
ма ныббар!

Мæ хæдзар уыд
мæ уды уд, мæ зæрдæ,
ызгъæлы мыл æр-
дæгсыгъдæй йæ сæрæй.

Куыд ис лæгсырдæн
ахæм бар?
Ды сын æй, Хуыцау,
ма ныббар!

Мæ хæдзары цар
арвы цъæх æмбæрзы.
Йæ пырх систыл
мæ туг-цæссыг лæдæрсы.

Кæмæй ис сырдтæн
ахæм бар?
Ды сын æй, Хуыцау,
ма ныббар!

*2002, сусæны мæйы 28-æм бон*

## III. МЕ 'ДЗÆРÆГ ХЪÆУ

Хъæу, кусарты цармау,
нымпылдис хъæдгæрон.
Къæбæда дымгæмæ
йæ хъуариты къæрццытæ,
йæ гом дуæртты хъыс-хъыс,

йæ рох бынæтты хæкъуырццмæ
æнæ цæстытылхæцæгæй
архайы йæ уд исыныл,
æмæ схъиуы
йæхимидæг тæсæй.

*2004, кæхцгæнæны мæйы 1-æм бон*

## IV. ЗОНДДЖЫНТÆ

Кæуылты уыд мæ уарзт!
Мæ цæсты рухсæй каст,
Æмæ йæ байуæрстон сымахыл, адæм –
Æнæ сымах мын никуы уыдис адæн.

Дæрдбæлццонæн мæ къæс
Йæ сæрмæ – цар.
Фæкæс,
Æрзылд мæ къуымты, ардыд лæгау, сонтæй,
Ды рай сырх уалгъуы-дидинджытыл стонгæй.

Кæуыл нæ тад мæ уд!
Æррайæ мыл – уæ худт…
Йæ цæхх-кæрдзын уæ ничи уары сонтыл –
Фæхæст ыстут, мæнмæ кæсгæйæ, зондыл.

*2006, Майрæмкуадзæны мæйы 6-æм бон*

## V. МÆ ЗÆРДÆЙЫ КЪУЫМЫ

Мæ зæрдæйы иу къуым ныррухс –
саби æрдæгæвæрд фынгмæ
йæ тæссонд цæуæнтыл ивазы йæхи,
йæ ныхы фæйнæг ын
йæ тигъыл хойы
æмæ…
Æвзæры мæм фарст:
цы фенынмæ дзы хъавыдтæн?

*2007, тъæнджы мæйы 2-æм бон–04.55 сах.*

## VI. ЦЪОЛДАГ ДАРД

Цъолд уыд Лехурагомæн
Й‘ астæумагъз æмæ йæ тых.
Федзæрæг нæргæ комæй,
Хæдзæрттæ – æдзæрæг пырх.

Баззад ма сæ Цъолдаг дард –
Бæрзæй уарзгæйæ æрцæв.
Стæй йæ акæн цъолдаг мард
Бадт сæнæй – уа бон, æхсæв.

Ахæм диссаг никуы уыд –
Сугæй дæр-иу скодтой лæг;
Уазæджы та, хъуыд, нæ хъуыд –
Кодтой лæг æмæ æрдæг!

Федзæрæг зæдбадæн ком.
Нал – хæдзар, нал – халагъуд.
Баззад Цъолдаг дарды ‘ргом
Й‘ адæмы  парахат уд.

*2010, Джиуæргуыбайы*
*мæйы 6–7-æм бонтæ*

## VII. АРВ ДÆЛÆМÆ ‘РХАУДТА

Къæвда йе ‘ртæхтæй ыскодта
донлæдзджытæ.
Чи сыл фæхилы Хуыцаумæ?
Уый кæцы дæ?!

Сырхтæппытæ, доны хæйрæг –
барел кæсаг.
Сфардæг дон-дон.
Исчи-ма йæм уалæ скæсæд.
Цы-ма курыс?
Цы дын ратта?
Нæ йæ уыныс –
арв дæлæмæ ‘рхаудта!

*2011, тæргæйтты мæйы 12-æм бон*

## VIII. ХÆХХОН ЗЫМÆГ

Тагъд та – митуардтæ
Стыр хохы цъассы.
Цыма тынг дард дæ,
Цæст дæ кæм н‘ ахсы,
Райгæйæ цæр,
Цæр æмæ хæр.

Хуымтæ карст ысты,
Гонтæ – тыхнад.
Сугтæ ‘фснайд ысты,
Схъистæй амад.
Райгæйæ цæр,
Цæр æмæ хæр.
Нард фос ыскъæтæй,
Футтгæнгæ, уасынц.
Фаг сæ уæлдæйттæ
Цъæх хосæй уадзынц.
Райгæйæ цæр,
Цæр æмæ хæр.

Арахъ быркуыты
Стыр цъæх арт уадзы.
Хуы йæ бырынкъыл
Цъутта нæ уадзы.
‘Ркъуыр æй уæддæр,
Цæххы йæ ‘вæр.

Пецы – картофтæ,
Царвы сæ бассæнд.
Хосы – кæрдотæ,
Бурбарц цыхт асæтт.
Бухъ цардæй цæр,
Цæр æмæ хæр.
Фынгыл бадгæйæ,
‘Рвитдзынæ ал-зæр.
Бонмæ заргæйæ,
Де ‘хсæвтæ азгъал.
Хур дæм æркаст
Уалдзæджы раст.

*2002, рухæны мæйы 8-æм бон*

## IX. УАДДЫМГÆ-ÆФСУРГЪЫЛ

Уаддымгæ-æфсургъы рагъмæ
Басхуыста йæхи.
Стахт гæппдугъæй уæлæ рагъмæ –
Скъуырдта тигъыл хи.

Тар мигътыл æрцыд дзæхст-дзæхстæй.
Арвæрттывд – йæ ехс.
Бахудтис цъæх арв цъæх цæстæй –
Цинæй де 'рмттæ 'рæхс.
Атахт тар пыхсбынты фатау,
Уыгæрдæн ын – фаст.
Хохы фахс рæвдауы, мадау.
Хуыскъ бæрзмæ нымдзаст…
Мацы аирвæзæд махæй –
Хихмæ хихы хуый…
'Рцыд фæстæмæ, чиугæ, къахæй –
Уыд мæ зæрдæ уый!

*2002, Джиуæргуыбайы мæйы 7-æм бон*

## X. МÆЙУАРÆНЫ

Цъити рæгътæ… Урс æврæгътæ…
Хауд зæрдæмæ хъарынц.
Мæйы тынтæ… Урс æндæхтæ…
Уарынц, уарынц, уарынц…
Рухсдзыд хъуынтæ… Арвы бынтæ…
Зæрдæйы маст тайы.
Ризгæ тынтæ… 'Хцон рæуфынтæ…
Фесты лæг Маскъуайы.

Арв бырæгътæ… Годзыкъæхтæ…
Зæхх, цырагъау, худы.
'Взист æндæхтæ… 'Взист æртæхтæ…
Фестъæлфынц мæ уды.

*2002, цыппурсы мæйы 5-æм бон*

## XI. БУЗНЫГ, МÆ МАД

Мады гуыбыны
фылдæр вæййынц хъулæттæ…

Бирæгъ йæ хъæвдынтæн
хæрын кæны йæхи…

Дзæргъ та йæ хъыбылты
бахæры йæхæдæг…

Бузныг, мæ гыццыл мад,
мах бирæгътæй фестæм.

*2003, кæфты мæйы 5-æм бон*

## XII. ИУНÆГ

(*хъазгæмхасæнты*)

Иунæгмæ нарты фынгæй дæр
Никуы æрхаудзæнис хай.
Гъемæ, зæрдæрухс фынтæй дæр
Никуы бафсæддзæн, гъай-гъай.

Рагон рох зæппаз – йæ хæдзар,
Хуымтæй йын иу гæппæл – нал.
Хъæубæстæ ‘нæзæхх, æнæцар
Иунæгыл калдтой сæ хъал:
– Уым дæ æвдиу уд ныммардзæн! –
Къахтой йын мæрдтимæ загъд.
Уый та:
– Сæ бынаты, мардзæ,
К’ уаид нæ хъæубæстæ тагъд!

*2000, рухæны мæйы 24-æм бон*

## XIII. ОБАМАЙЫ АРДХÆРÆН БОН

(хъ*азгæмхасæнты*)

Рæстæг ивы.
Фехæлдтой цард фæлтæртæ.
Уыд сæрыстыр
Стыр Америк иу цауæй:

Негртæн -иу
кодтой пырх сæ дæндæгтæ!
Урс Хæдзары
‘рбадт ныр сауцъар хицауæй!

Сæлвасæм мах
се ‘хтæнгтæ нæ байрæгтæн.
Ацъыкк кæнæм
тохы артмæ комкоммæ.
Æйтт, фæдис,
æхсарылхæст къуыдайрæгтæ!
Ма ‘рбауадзæм
чысайнæгты обкоммæ!

*2009, тъæнджы мæйы 20-æм бон*

## XIV. БЕСТАУТЫ ГИУÆРГИЙÆН

(диптих)

### 1. ГИУÆРГИЙЫ АМÆЛÆН БОН

*Ме ‘хсæвы фыдфынтæй мæ чемыл нæма уыдтæн. Мæ иу зонгæ мыл амбæлд хъæлдзæг, мидбылхудгæйæ. Мæ тар æрфгуытæй нызгъæлд йæ зæрдæйы цины равг.*

*– О, кæуылты маст у!.. – фæцис тæфæрфæстæм.*

*– Цы?!.*

*– Дысон Бестауты Гиуæрги амард…*

Автор

Дысоны…
Фыдфын мæ пъæззыйау ‘нтъухы…
‘Взарау та мæ фыры сыйы здухы…

– О-о, Мелитон дæ?
Цу нæм æгас! –
Уый мæ зонгæ у. –
Цас маст у, цас!.. –
Хъæлдзæг мидбылхудт айсæфти, дзуры –
Маст, тæфæрфæстæй «‘фхæры» йæ уды…

Уый цы хъусын?
Цы фыдфын у уый?!
(Ахæм сау маст йæ цины æлхуый?!)
Уый цытæ дзурыс?!.
Гиуæрги нали?!.
Ау, Хуыцаумæ рæстдзинад ысмамми?
Уый цæстæнгас – ыстайы дзагъул.
Каст йæ сисæй нæ Ирбæстыл хур.
Раг Тариелы* зæрдæйы ‘рра уарзт
Уыд Бестау, уа, Руствелийæн иу маст.

Сынт-хæдмæлхор, хуыргуыбын æлгъаг,
Лыскъ, кæмæн уыд йæ цæсгом æргъаг,
Мулкмард, тугцъир, дымыстъæр дæлтъурæй
Кодтой тары йæ цæсты дзагъулæй.
Уарзта, зарын уа, кувын лæгау.
Иры знæгтыл-иу рацыд зæйау.
Фæлæ иунæг уыд…
Батад йæ хъару.
Знæгты ‘фхæрд æмæ сау низæй нал у.
‘Рцыд, мæгуырæг, Бестауæн йæ рад.
О, хъæргæнæг сынт ууыл фæрад.
Сæфт йæ цин дæр, Гиуæрги, дæ тасæй,
Зулбаст уаргъау, хæсдзæнис æгасæй!

Уæдæ-ма мын цы ‘нтъухы мæ уды?..
ЛÆГ кæй амардис, ууыл мын дуды.

*1978–1980*

### 2. ХÆЛÆГГÆНДЖЫТÆ

Нæ дзуры ничи мардæй ‘взæр,
уæддæр ыл се ‘взæгтæ фæдауынц:

уыди нымæты конд йæ уд –
нæмыс æй,
кодта уæд бæзджындæр;

* Руставелийы кадæг «Стайы цармдарæджы» сæйраг хъайтар. Кадæг ирон æвзагмæ тынг аив раивта Гиуæрги.

куыд сæ тыдта æвзæрæй –
Райгуырæн бæстæм
кæсут æрмæст рæсыд гуыбынты цæстæй;
лæгæй-лæгмæ сыл худт,
æрмæст кæй ис
ныфсæвæрæн сæ цотæй…

Нæ дзуры мардæй ничи ‘взæр,
уæддæр…
мæлынц дæм хæлæгæй мæрдтæм дæр.

*1988, рухæны мæйы 19-æм бон*

## XV. МÆКЪУЫЛЫ МЫСТ

*Полно, родная! Они, как и ты голодны…*

Юрий Кузнецов

– Гагамдзаг æфсирæй мæ ракарста рæстæг.
Уыдис уый мæ амонды фыст.
– Мæкъуыл дæ ыскодта, – дæ уд мæм фæхæстæг. –
Кæд амард мæкъуылы бын мыст!

– Уæ мыггаг пылы дæр фæлдахы цæрдудæй
Йæ цæуæнæй – рагæй у хъуыст.
Хæрыс мæ чысылгай мæ гага-бындурæй –
У афтæ мæ сау ныхыфыст!

Фæзынынц æндæр хъал мыстытæ фæлтæргай –
Мæкъуылы бын хиз æмæ цæр!
Фæранкау ныррыхыс.
Æмбæхсын адæргæй
Уынгæджы фæвæййы сæ сæр.

Нæ ыслæууы алчи фыд царды хæрды сæр.
Цæрæццаг мыстытæм тызмæг
Цæмæн дзурыс, гормон.
Дæхиау, фæнды сæ
Æрвитын æнæмаст зымæг.

*2011, æртхъирæны мæйы 11-æм бон*

## XVI. БУР ЗÆД

Фæззыгон зымæг райдыдта гæбына.
Тыхсын сæрдыгондаргæ салд худы.
Мæ зæрдæ тагъд-тагъд базмæлыд рæбынмæ –
Мæ разы бур чызг æви зæд худы?

Фæцис мæ ис – мæ бæллиццаг æвзонгад.
Фæсхохæй сонтæй ацахсын йæ худт.
Кæддæрты стæрты фæндæгтæм ысмондаг,
Мæнæн фæхаста мысынтæй мæ уд.

Ныккалдысты мæ зæрдæйыл парахат,
Дæ бур дзыккутау, рагбонтæ зæйтæй.
Лæууыд-иу де ‘нгæс бур зæд – джих  дæс сахат,
Нымдзаст-иу арвы кæронмæ зыдæй.

Цынæ-иу кодтам – худгæ, тай-тай, батæ!..
Стъалыты-иу баивта зынг хур
Йæ бахудтыл æрра кодтон…
æрратæ!
Фæлæ тæлфыд мæ хъал зæрдæйы дур.

«Нæ мæ уарзы.
Куыд ысхæссон мæ сæрмæ
Нывонд уæрыкк?» –
мæ маст мæхимæ ‘хсыст.
Мæ армы бын йæ галиу, хивæнд зæрдæ
Нæ ивта судзгæ батæй дæр йæ куыст…

Дæ бурдзалыг мадимæ н‘ амонд адих.
Мæнимæ – уый мæ чызг у, худы ‘ргом,
Йæ сынтбазырдзыкку мадæн – йæ халдих,
Æмæ хæссы дæ бур зæд мады ном.

*2005, Майрæмкуадзæны мæйы 7–8-æм бонтæ.*

## XVII. ЦАТЫР

*«Атæхин æмкъай бæлонау демæ,*
*А-дунейыл ауигъин мæ къух».*

Бестауты Г.

Фатрагъ, фæсалриу бæрзæндыл
Уалæ цъæх-цъæхид æрдузы,
'Хсæрдзæн хæл-хæлæй кæм зары,
Уддзæф мæ рагбæллиц узы.

Скæн дын фæрдыгæфтыд цатыр
Топпыфатæнгæс нæзытæй.
Ахæсс дæ сахарты фæдис,
Хъæуты дам-думтæ, нæ зынтæй.

Саусауид дзыккуты зæу-зæу
Хауид мæ риумæ æрсдонау.
Атасид уыцы тæлмастæу
Ме 'рмтты.
Куыд ыуаин сонтау!

Федтай кæй никуы дæ сæнтты –
Дардзынæ стъалы-хъуырдарæн.
Райдзынæ уарзты бæрзæндты –
Арвæй зæххы 'хсæн нæй арæн.

Никуы уыд, никуы уыд афтæ –
Дидинæг калдзæнис бæстæ.
Зилдзысты н' алыварс кафгæ
Мæлхъытæ хуры æнгæстæ.

Уаид сæхи цинаг не 'нтыст
Бæлæстæ – не 'ввахс хæзгултæн.
Худынæй кæниккой ерыс
Бир-бирæ де 'нгæс хъæбултæ.

Сбиин дын дидинтæй дарæс.
Уарзин дæ 'хсæв æмæ бонæй.
Æртæхгæрдæгыл кафынæй
Бафсæд, мæ бонылæй!..

Уазæгуаты-иу фæхонин
Уæрццыты, цæргæсты, сагты…
Сæгуытæн, тæрхъусæн, арсæн
Сфыцин адджын кас сæ агты.

Рувасы, бирæгъы, калмы
Скæнин, дæуыстæн, æрмахуыр.
Загъдгæнæг тъура уа, тути
Никæуыл кæниккой хахуыр.

Фысæн ысхо уаид бирæгъ.
Семæ-иу уаиккам дугъы.
Тугдзых ысуаид кæрдæгхор,
Чи никуы-ма уыд нæ дуджы.

Урсзачъе зымæг йæ кæрцы
Стухид-иу хъармæй нæ цатыр.
Сырдтæн зæлдæгтæ хос-кæрдæг
Калин тæсчъыты дзаг салдыл.

Пухкъæдзил цырддзаст æхсæрæг
Исдзæн дæ армæй тæрсытæ.
Никуы кæндзыстæм æрхæндæг:
Мастсурæн – сагæн йæ сытæ.

Урс кæрцы буцтыхт бæлæстæй
Ферох уыдзысты сæ хъыгтæ.
Нард уыджы цины пæррæстæй
Нал лидздзæн нард мыст йæ хуынкъмæ.

Пакъуымбæрзт бæлæстæй хуртæ
Худдзысты къалиуты бынты.
Митæй куы хъазæм – нæ худтмæ
Стъæлфдзæнис бур арс йæ фынты.

Иу бæласы хих нæ тæлфы.
Хъæпæнты мусонджы цурты
Къутæрты дæлбазыр стъæлфы
Малусæг сыфтæр хъæццулы.

Нал уыдзæн дунейыл сау хуыз,
Нал дæр хæрам митæ риссаг.
Бамбæхсдзæн арт дæр йæ артхуыз:
Урс дзæнæт, урс дуне – диссаг!

Хиуа кæркæбазыр митыл
Иероглифтæ фысдзæнис.
Æрдзы алæмæты митыл
Райдзæн мæ хуыскъаг фыссæн сис.

Хъарм пецы фарсмæ æхсæртæ,
Хохаг дыргъ-хустæ хæриккам.
Уалæ Хуыцауы бæлбазыр
Урс зæдты цардæй цæриккам.

– Фезмæл!
Цы бандзыг дæ сагъдæй?! –
Æфсин йæ къæхтæ ныххоста. –
Хæс уал ыссардзынæ искуы.
Балхæн кæрдзын æмæ хостæ.

Уды æнæсæтгæ бæллиц…
Дуг нæ фыры сыйы здухы.
Бауадз мæ цатыры, бауадз,
Сабыр мæ зæрдæйы ‘рдузы.

*2005, Майрæмкуадзæны мæйы 15-æм бон*

## XVIII. УДЫ ХАЙ

Рацæй цæуы тасгæ-уасгæ
Саурæсугъд чызгай.
Афтæ адджынæн фæхуды –
Кæс æмæ дзы рай!

Ехх, кæй зæрдæйæ ысуадздзæн
Дидинæгау тау!
Батухин æй арвы роны.
У мын рухс зæдау.

Удсайæн – йæ сау цæстытæ.
Цонгдарæн – зæрин.
Ацы зæды ‘рттивгæ фæдтыл
Дидинтæ зæрын!

Æз йæ уарзон уды цинæй
Мæргътимæ тæхын.
Иунæг-иу у а дунейыл! –
Фидарæй зæгъын.

Рацæй цæуы тасгæ-уасгæ
Саурæсугъд чызгай.
Мачи йæм бæттæд йæ гæрзтæ –
У мæ уды хай!

*2007, рухæны мæйы 13-æм бон*

## XIX. ХÆХТЫ

Хох æвдсæрон –
Авд цырагъау
Арвы кæрон –
Авд цыргъ фатау.

Ауыгъд фæндаг –
Хуры тынау.
Саг ыл фенддаг –
Хурæрдынау.

Саппы кæрдæг
У йæ хизæн.
Арвы кæрдæн –
Саджы симæн.

Суадоны цæст –
Зæххы фæрдыг.
Хъæд бынтыл хæст –
Сойджын хæндыг.

Уахъæз сусу-
бусугæнаг.
Дон ныр хъус у,
Буцтæгæнаг.

Тигъæй нæзы
Цонгтыгъд – арвмæ.
Фосдзуг фæзæй –
Хъæды тарфмæ.

Алы бæлас,
Алы цонгыл –
Цъиу хæрдмæуас,
Хъæдхой – зæнгыл.

Арф йæ дзыппы
Стæлфы ‘хсæрæг,
Алы хыппæй
Схъиуы хæйрæг.

Лæг æвдæлон
Нæй нæ хохы,
Цард æгæнон –
Йемæ тохы.

Тар хъæд бамыр,
Скъуыйы нæрдæй.
Зарæг – авдмыр
Хъуысы дардæй.

‘Рхъуызынц донмæ
Сычъи стыртæ.
Басыгътой мæ
Сау цæстытæ.

Урсбарц мигътыл
Кæн къуыкъуыррицц.
Кафы тигътыл
Урс мæ бæллиц.

*2011, тъæнджы мæйы*
*27–28-æм бонтæ*

## XX. МÆ ЦИН

Тыхæй дæ удæй цасфæнды цæхæртæ кал,
Кæронмæ н‘ ахæццæ уыдзæн дæ цин.
Мæ риссаг уæлфадыл ныллæууы уайтагъд гал –
Дæ фæдыл лас, уынæргъгæйæ, дæ син.
Уæддæр – хырхгæ.
Ызнагæн дæр йæ сæрыл царв
Кæнын.
Мæ рыст удмæ нæ уадзын хин,
Æмæ та ног ныййирд вæййы мæ сæрмæ арв.
Мæ зæрдæйæ ныггуыпп ласы мæ цин.

*2011, тъæнджы мæйы 1-æм бон*

## XXI. РАГЗÆРОНД

Нæу цард хæлæгæй,
Уæддæр мæм ме ‘мгæрттæ хæлæг кодтой:
Мæ хуым – хæрæгæй;
Æгæр тагъд лæг кодтон.

Нæу цард хæлæгæй –
Мæ къæбæр бадт адæмимæ хордтон;
Мæ хуым – хæрæгæй:
Æгæр тагъд лæг кодтон.

Нæу цард хæлæгæй –
Ныр, гъа, бынылзадæй кæй-ма хъæуыс
Быны быгъдæгæй?..
Фæлæ кæмæн кæуыс?

Нæу цард хæлæгæй –
Цы байтыдтон, уый иунæгæй кæрдын.
О, о, хæдæгай,
Куыдзы зæронд кæнын.

*2007, тъæнджы мæйы 27-æм бон*

## АЗÆЙ-АЗМÆ

Дидин калы уалдзæг цъæх –
Иу бон аз дары-иу хъуыстон.
Алчи – фарны куысты.
Зæгъ,
Ды цы ‘лгъыст фæдæ, Ирыстон?!.

Зæххыл атылд рухс хур сæрд –
Лæг æвæры фæтк йæ куыстæн.
Алчи аразы йæ цард…
Ды цы ‘лгъыст фæдæ, Ирыстон?!.

Ис йæ тыхы нард фæззæг,
Зæххы бæркæдтæ – ивылд дон.
Нал цæуы дæуæй фæздæг…
Ды цы ‘лгъыст фæдæ, Ирыстон?!.

Зарджытæ уафæн – зымæг.
Махæн Ирбæстæ – нæ рыстдон.
Ницы уал дын хаты лæг –
Слæуу дæ асы ‘мбæрц, Ирыстон!

*2003–2005*

## ДИССАГ

Сæфты хъылма дымынæй
Чи суры йæ рынтæ,
Уымæ никуы бахудынц
Стæхгæ ‘рфгуытæ-рдынтæ.

Мах Чермены цæссыгæй
Чи суры йæ рынтæ,
Уый ныввæййы ‘взонгбонтæй,
Фатхъæдау, зылынтæ.

Йе ‘хца доны калынæй
Чи суры йæ рынтæ,
Уый фæнæмы афæдзгай
Алы уысм йæ былтæ.

Ех, мæнæй уый, ма æуууæнд
Хъылма, карз нозт, сылтыл –
Уыдонæй лæг бафтдзæни
Цардцухæй йæ сынтыл!

*2007, æртхъирæны мæйы*
*17-æм бон – 04.55 сах.*

## ÆРРА БÆЛЛИЦ

Митæмбæрзт хохы асинтæ
Арвы урс фæлмы сæфынц.
Цас сагъæс сæ ис, цас цинтæ!
Уалæ Уæллагмæ 'ххæссынц.

Ех-х, сæ аргъæй мæ базгуытæн
Уыцы бæрзæндтæм сæххæсс!
Дунейы хуыздæр басгуыхтæ –
Уæлладжы хорзæх рахæсс!

О, стæй уырдыгæй, гъе-мардзæ,
Фесхой судзгæйæ афтæ –
Де 'рттывд тар мигъты амардзæн,
Нæй дын хох-тигътыл рафтæн.

Мит-бындзгуытæй æрхаудзынæн
Гауыз – урсцыллæ 'ндæхтæм!
Адæмы цæст рæвдаудзынæн
Урс, сæууон хуры 'ртæхтæй.

*2007, тъæнджы мæйы*
*1–2-æм бонтæ*

## ПОЭТТÆ

– Поэттæ вæййынц æрратæ! –
Мигътыл фæхафут уæ сæртæ.
Ойы, мæ хуртæ, æрра дæн,
Фæндаг цыллæ уын – мæ зæрдæ.

– Поэттæ вæййынц æрратæ! –
Нæлхæ давæн уын – донхæссæн.
Ойы, мæ хуртæ, æрра дæн –
Хаудбын тæсчъы уын дон хæссын.

– Поэттæ вæййынц æрратæ! –
Хорз зонд уын бантыст сфæлдисын.
Ойы, мæ хуртæ, æрра дæн –
Нард хай уæ фæуа, стæг исын.

– Поэттæ вæййынц æрратæ! –
Фехсут мæ фæдыл цы дуртæ!
Ойы, мæ хуртæ, æрра дæн –
Уарут уæхиуыл мæ муртæ.

Поэттæ вæййынц æрратæ –
Сай-май базармæ нæ рæхсæм.
Ойы, мæ хуртæ, æрра дæн,
Гъемæ уын нывонд – ме 'рра сæр.

*2007, тъæнджы мæйы 4-æм бон – 03.50 сах.*

## ФÆЗЗÆГ

Фæззæджы нæ уыдтæ Иры,
Уæд нæ уыдтæ никуы!
Ахæм дзæнæтмæ чи не 'фты –
Бады æмæ ниуы.

Хохæн урс уæрыччы цармæй
Урс тинтычъи худ и.
Зымæг урс-урсид дæндæгтæй
Хохрындзæй ныххудти.

Æхсæрдзæн йæ чындздзон дарæс
Фехста хохы къæйтыл.
Мадардæй æхсыры цадæй
Райхъуысы йæ кæл-кæл.

Сæрджын сагтæ бурдзаст рæгътыл
Уадзынц дугътæ фадæй.
Зæрныджытæ рагфæдисы
Ацъыкк кодтой фатæй.

Хосмæкъуылтæ – насты æнгæс,
Се 'фцæгты – сæ сæртæ.
Хъæуы кæрон æфтауцдонмæ
Ахсайдта сæ зæрдæ.

Хохаг ласы хос.
Цæхгæрмæ
Афæлдæхта хуымтæ.
Стæй зымæгон-зымæгдæргъы
Скъæр рæсугъд рæгъытæ.

Фосрæгъæуттæ зад сæрвæттæй
Нал куымдтой æхсæвæй,
Ныр сæхимæ кауы сæрты
Бауасынц æфсæрмæй.

Бур арс нæрдæй нал фæразы.
Хурæргом – йæ фæндтæ:
Рахса й' ахсæн;
тар лæгæтмæ
Фесафа йæ фæдтæ.

Дары бур-сырх-цъæх кæлмæрзæн
Хъæд.
Дыргъ-дзаг – йæ рæттæ.
Фæззæг мын йæ ахорæнтæй
Скодта сау кæлæнтæ.

Тæгæр,
нарст цымы сыфтæртæ
Басыгъдысты артæй.
Бондарæн æввонг кастæй сæм
Нал фæразын дардæй.

Уыцы диссæгтæ уынгæйæ,
Сафдзыстæм нæ сæртæ.
Хохрагъæй кæлæнгонд артмæ
Фехстон ме 'рра зæрдæ!

*2010, æртхъирæны мæйы 2–4 бонтæ*

## ХУЫЗДÆР БОН НÆ УЫДИС

*Джыккайты Шамилæн*

Æрцæудзæн, мæ кæстæр, рæстæг,
Тæрсдзысты дæ ‘рвад уа, хæстæг…
Хуыздæр бон нæ уыдис мæныл дæр.
Рæстдзинад чи агуры ‘дзух,
Фæисынц нæм ууыл сæ къух…
Хуыздæр бон нæ уыдис мæныл дæр.
Зын вæййы мæлын дæр.

Ныззилдзæн дæ хæнт сæрмæ арв,
Зæхх хаудзæн дæ къæхты бын арф…
Хуыздæр бон нæ уыдис мæныл дæр.
Дæ цæфтыл дыууæ къухæй хæц,
Дæ ристыл уыргхæлдæй дæр хъæц…
Хуыздæр бон нæ уыдис мæныл дæр.
Зын вæййы мæлын дæр.

Дæ къæсы дæм нал хаудзæн бар:
«Истори сындзæхгæдæй дар!..»
Хуыздæр бон нæ уыдис мæныл дæр.
Дæ хъæстæ дын мардзæн дæ уд,
Дæхиуыл, дам, мидбылты худ…
Хуыздæр бон нæ уыдис мæныл дæр.
Зын вæййы мæлын дæр.

Ныббогъ кæны йе ‘взагыл стур,
Ды, дам ыл ныффæлдах цъæх дур…
Хуыздæр бон нæ уыдис мæныл дæр.
Æвзиддзæн дæм уæлбылæй тъуз:
«Дæхи къухæй де стæг нырдуз!..»
Хуыздæр бон нæ уыдис мæныл дæр.
Зын вæййы мæлын дæр.

Нæ уадзай кæд цъыфмæ дæ сæр,
Æвзиддзæн дæм ахсты къæсæр…
Хуыздæр бон нæ уыдис мæныл дæр.
Хæрдзæнис дæ нацийы сыст,

Уæддæр та-иу, фениксау, сыст…
Хуыздæр бон нæ уыдис мæныл дæр.
Зын вæййы мæлын дæр.

Кæд разынай ахæм æцæг,
Нæ дæм хаудзæн цардæй ыстæг…
Хуыздæр бон нæ уыдис мæныл дæр.
Уæддæр-иу æхцонæй нырриз,
Дæхи дæр дæ сыкъатыл сис,
Кæн ахуыр мæныл –
Лæг зоны мæлын!

## ÆФСÆНТТÆ

Худгæ, чызджытæ фæдзурынц,
Цард скæнын куыд нæ зонынц:
– Цырыхъджынтæ мæн нæ курынц…
‘Рчъиджынтæн кæй нæ комынц.

Усгур нал агуры хур-чындз.
Ссардта ‘фсон уæргъуын худджын:
– Къаблукъджынтæ мæныл худынц,
Месджынтыл æз фæхудын.

Уадздзысты нын дон нæ цæххыл –
Арвæй зæйц куыд æрхауа?!
Оу, мæ боныл, Иры зæххыл
Ма таут хæрæгсындз, ма!

*2010, цыппурсы мæйы 4-æм бон*

## ÆРКÆС

Нæ мыггаг ысцыбыр, –
Русты царм тонæм.
У зæххæй нæ дзабыр,
Хур нын – хæдонæн.

Ирон туг-ыстæгмæ
Рагæй цы рыст и,
Гъе, уый нын фæстагмæ
Дзуры Чырысти –

Нæ туг-ыстæг уарзæм;
Не 'взаг фæрысти…
Лæджы куывдмæ, мардзæ,
'Ркæс нæм Чырысти!

*2007*

## АРСЫ ДИС

Уалдзыгон хуры цæсты фæирд
Ракодта лæппулæджы зиу митыл!
Бафтыд суадоны донил йæ хид,
Худгæ сбæндæн, дзидзидайау, митыл.

Уалдзыгон æрдæгфисткалд нæл арс
Уалдзыгон æрдæгфисткалд къæдзæхы
Амад тигъыл аныхта йæ фарс,
Байрад хуры хъарм тынтæм уæлзæхы.

Стæй фæкаст æм Чъехы ком цы дис:
А хъæууаты калак-хъæу – ис-бисыл!
Ацы фыдгуырд ирмæ дæр дзы ис!
Зымæджы сæм сис æфтыдис сисыл.

Нал хъуысы æцæгæлон цъæл-хъæр.
Азæлы адджын ирон дзырд дардмæ.
Никуы рахатдзæн æрмæст сæлхæр,
Цины змæлд куыд кæны арв сæ зардмæ.

Гъемæ – табу, нал хъуысы фыддзырд.
Чи дзы цардис – фесæфтысты тары.
Хъаны цардæй лæг кæны фырдзырд.
Чи цы агуры, уый ары!

*2011, тъæнджы мæйы 26–27-æм бонтæ*

## ЛÆГДЫХÆЙ

Дзурынц мын: райгæ куыд æххæссын цардыл;
Сау мæр мæ игæрæй бонгай куыд хафын;
Уыйбæрц куыд авналын басткъухæй дардыл;
Уонгмард куыд никуы мæ фæкæны сау фын?

Дзурынц мын: сау мигъ куы ʻрхауы мæ сæнттыл,
Ардыд бынаты лæггондты куыд быхсын;
Алы фыдмитæй куыннæ сын басæттын;
Царды хъулæттæй цæмæннæ ыстыхсын;

Иры галуантæй цæмæн дæн сырд кæртмæ;
Царды фыдмитæн куыд фæразын дудгæ?
Ирмæ фылдæр дардтой не знæгтæ кæрдтæ,
Фæлæ йæ чи федта искуы фæцудгæ?!

Никуы-ма уыдис æз ма лæууон куыстыл.
Мʻ алы ысулæфт дæр – Ирбæсты тыххæй.
Уымæй дæн ацы ʻфхæрд зæххыл сæрыстыр –
Райгуырдтæн æмæ цæрын ыл лæгдыхæй.

*2010, цыппурсы мæйы 25–26-æм бонтæ*

## ЦАС УАРЗЫН!

О, мæ Фыдызæхх, Ирыстон,
Нæй мæнæн дæуæй хуыздæр.
Дæ æфхæрд, ыссæст, нæ рыстдон,
Фæлæ дын нæ зыны ʻмсæр.
Тулы хъинцъгæнгæ дæ уæрдон –
Иу уысм ын æрлæууæн нæй.
Ракал дидинæг – мæ фæндон;
Уый нæ цæуы ʻрмæст мæнæй.
Уый мæ фыды сидтæй истон,
Къух ауигъæн мы ныл нæй,
О, мæ Фыдызæхх, Ирыстон,
Дæ мæ хур æмæ мæ мæй!

Франц, Америкæ, Апони
Дурæй ратондзысты хай,
Стæй куыд кæнынц ал‘ афонты
Ассон-ассон цард къахæй!
Никæй æндавы дæ сагъæс –
Арв æрхауæд тъыфылтæй;
Зæххы ‘муæз дæ катай рахæсс –
Ничи схуыфдзæн дæу тыххæй.
Ссардзысты цынæ ирд æфсон!
Афæлдахдзысты дыл къæй.
О, мæ Фыдызæхх, Ирыстон,
Искæй ныфсæй цæрæн нæй!

Инди уой, Китай, гъе, Уырыс –
Нæй сæ адæмæн кæрон.
Алырдæм цæвы сæ хъомыс –
Балвас, лæмæгъдæр, дæ рон!
Донæймæтгæнæг дыл – бирæ,
У сын дих дæ хом фыд дæр:
Стонг сæныччы фыдмæ бирæгъ
Бирæгъæй кæны фыддæр.
Цард у фердæхтæй-иу хъуыстон.
У тыхдæттæг дын дæ кар,
О, мæ Фыдызæхх, Ирыстон,
Ма ‘руадз зæххы ‘мбæрц дæ кард!

Бонкалдыл хъарæг дæр хауы,
О, мæ чысыл Ир, дæумæ,
Афтæмæй, уа сахар, хъæууы
Сты нæ куыстæгтæ хъуырмæ.
Аппар искæй мæрдтыл сагъæс!
Сис лæджы бæрзæнд дæ сæр!
Гуыр дæ риуы æмбæрц рахæсс –
Нæй мæнæн дæуæй хуыздæр!
Бафæраздзыстæм нæ рыстæн –
Искæй амонд у æндæр.
Æз дæу цас уарзын, Ирыстон,
Уымæн нæй зæххыл æмбал!

*2005, Майрæмкуадзæны мæйы 10–11-æм бонтæ*

## ДЗУАРЫ ЛÆГ

Нæу царды уаргъ
лæгæн æнцонхæссæн…

Фæхуыдтой мæ сæхимæ тыхджынтæ,
æмæ сæ лидзинаг фæдæн…
Фæхуыдтой мæ сæхимæ ныхджынтæ,
æмæ сæ лидзинаг фæдæн…
Фæхуыдтой мæ сæхимæ уæллæгтæ,
æмæ сæ лидзинаг фæдæн…
Фæхуыдтой мæ сæхимæ уæздæттæ,
æмæ сæ лидзинаг фæдæн…
Сæ риутæ хойынц иууыл тыхджынтæ –
æдых сын царды æмбал нæу…
Сæ мулкмæ кæсынц иууыл ныхджынтæ –
мæгуыр сын царды æмбал нæу…
Лæггæдтæ домынц иууыл уæллæгтæ –
сæрджын сын царды æмбал нæу…
Сты хурмæзилаг иууыл уæздæттæ –
рæстаг сын царды æмбал нæу…

Нæ бæззы
дзуарылæг куыройгæсæн.

*2004, кæфты мæйы 6-æм бон*

## ÆНÆМÆНГДÆР

Уæллæй, диссаг мæм кæсы.
Æнæмæнгдæр.
Тынг.

Адæмæн сæ цард
бацыдис сæ сæрты –

тилынц сæ къæхтæ, сæ къухтæ;
тилынц сæ хъустæ, се ‘взæгтæ…
æмæ тæхынц.

Тæхынц æнæбазыртæй.
Уæлæрвты.

Æмæ цъиутæ, цæргæстæ,
суанг бындзытæ, дзынгатæн
базыратилæн нал ис.

Хур мæм нæ кастис нырмæ дæр –
мæ сæрыстырæй нæ уагътон мæхи бынмæ,
ныр сæрибарæй гæппытæ кæн,
зæхх афтæ сафтид!..

Фæлæ мыл
æнæбазырджынты аххосæй
уары
базырджынты туг.

*2005, Майрæмкуадзæны мæйы 13-æм бон*

## ЗАРЫ ХЪÆДЫ

Уыд бон, фæлæ фыдбон
Лыгъд удты ‘мбæхст цин давта –
Æнцой куырдтой, куыдтой…
Каст хур, фæлæ нæ тавта.

Зары хъæды сары хæрды
Арфсагъд – тугсырх цыргъ ныхтæ.
Мад, хъæбулты – худгæ хурты
Цагътой хуыдзых куыйдзыхтæ.

Уыд лигъдонæн тæрф тарф –
Лæгхор æй милмæ systa.
Фæтар ис арвы арф.
Æркалдта хъæд йæ систæ.

Сыгъд уæлдæфæй сырд лыгъд, –
Лæгмары туг ыскуынæг, –
Нымыгъд мæрдтæн нæй хыгъд.
Тæвд нæмгуытæн ком суынгæг.

Зары хъæды сары хæрды
Арвы арфы – цыртытæ.
Чъехы сæрмæ лæгмар хъæумæ
Уасынц рагзон сынтытæ!

*2007, кæхцгæнæны мæйы 11–12-æм бонтæ.*

## УАРЗЫН

Уарзын æвзæр-æвзæр,
Ку‘ айсæфы раджы мæ рæуфын.
Уа зын мæ куысты сæр
Хъазгæ-худгæйæ куы ‘рлæууын.

Уарзын æдæрсгæйæ
Фæсивæд фарнæй куы цæрынц.
Алкæй комы дæр сæ
Уаз ирон дзырдтæ куы зæлынц.

Уарзын, чындзæхсæвмæ
Цæуæгау, фæндырыл хъазын;
Стыр æмбисæхсæвмæ
Кады рæгъытæ куы уадзын.

Дунейы дыргъдоны
Иууыл зæрдæбынæй уарзын
Иры чъылыхдоны
Тулдзуидаг талатæ садзын!

*2010*

# ХÆХТЫ СÆРМÆ – ХУР

## 1. СИС ТЫРЫСА БÆРЗОНД

Дæ мады марды тыххæй зæгъ,
Йæ мад кæмæн амард.
Раст уый дæ бамбардзæн дзæбæх,
Хæстæг дæм уа,
гъе, дард.

У абхазимæ иу нæ худт,
Нæ кафт,
нæ зард рæдау.
Нæ иу куыд фæдары йæ худ,
У дыккагæн æгъдау.

Нæ радтæг зæххы ныфс у Хур –
Нæ бæллицтимæ сиу.
Кæцыфæнды æрдæм æй дзур,
Нæ хъисрагъ знаг дæр – иу!

Стæм номы ныфсытæй ныфсхаст, –
Сæ æртхъирæн –
сты бæр, –
Æмæ та куысыфтæг ныссаст:
Нæ тымбыл къух –
нæ бар!

Кæй ыстæм абхазимæ ‘рвад,
У уый
æцæг хъысмæт.
Зыны,
цыма Æрфæныфæд –
Рын-сонæй хызт нын уæд!

Фыдлæджы ныхмæ ис фыдхос.
Нæ ызнаг –
сау рынæн,
Кæйдæр сины састау фæхос
Æфсымæр ссарынæн!

Ныр хæхты сæрмæ сзынд нæ хур.
Фæуæнт фыдадæм
сæфт!
Нæ ызнаджы гуыбыны – дур.
Дæ уæзæгæй, дам, сæфт!

Уынгæгбон хъысмæтæй æрвад,
Мæ иузæрдыг абхаз,
Нæ цæф нæ ызнæгтыл æруад –
Уыдзыстæм уал æдас!

Нæ цинтæн нал уыдзæн кæрон.
Нæ цардбарæн –
нæ зонд.
Нæ бæллицтæ –
сыгъдæг, æрвон.
Сис тырыса бæрзонд!

*2006*

2. АБХАЗАГ ФЫНГ

Мæ Ирыстон
фыдæй-фыртмæ у уазæгуарз.
Ирон лæджы дуар –
парахат тыгъд уаз лæгæн.
Мæлыс ыстонгæй сæрсæфæн аз –
бафæраз;
Фæстаг комдзаг –
æфсины ‘вæрæн уазæгæн.

Ирон лæг дæ
лæггадцухæй нæ ауадздзæн.
Ирон фынгыл
нæй фехъусæн уæгъд дзырды туаг.
Ирон фынгыл
нæй нуазæн-хорзæх рауадзæн…
Абхазаг фынг у…
Бадтæ йыл сæрысуанг?

Ирон лæг сæм
Хуыцауы ‘рвыст нæртон –
ауаз.
Дæ бынат – уаз,
дæ лæггадгæнджытæ –
хуыздæр.
Бæркады уæзæй
тасгæ фынгыл
бахæр, нуаз,
Куыд хъуыды кæнай:
ахсæнæй уæлдæр у сæр.

Æз дæр сæм бадтæн сæндæтты,
цæлы фынгтыл.
Фæцалх дæн семæ
зарыныл, сæ хъæзтытыл.
Æфтыдта мæ
сæ табу дзырд æхцон фынтыл –
Мæ Ирыстон
æрзад цыма мæ цæстытыл.

3. ДАУР ЗАНТАРИЯЙÆН

Даур, Даур,
мæ саг абхаз-æрхорд,
Ды, нарты фыртау, худгæ ивтай
хуыздæртæй дæс сæдæйы.
Дæ ыстъалы, бецау,
куыд тагъд æрхауд –
Фæдисы сау хъæр ацыдис
дыз-дызгæнгæ мæ зæрдæйы.

Дæ æргом,
парахат мидбыл фæхудт,
Дæ чингуытау, лæджы зæрдæйы
‘взæрын кодта царды цин.
Нæ фыддуджы
фыдхæсты хост дæ уд
Нæ ысфæрæзта
арвы судзгæ кæлæнтæ ‘мæ зæххы хин.

Тыхстæ
    лæгмартыл дæр дæ сæртæгæй.
Куыд дæ фæндыд, куы бафæзмид
    нæ хуыздæрты лæбурæг-взæр!
Цыдис дæм
    царды цин дæ зæрдæйæ,
Дæ удхæссæг дæм уырдыгæй
    кæд уымæн ысдардта йæ сæр.

*2004*

4. х х х

Хур,
фæлмæцыл сырх къамбецау,
пырхкалгæ,
денджызы арфы ныххуыссыд.

Уырмæ рахауæг кæсагау,
куы нал дæр хуыссынæн дæн,
нал дæр ыстынæн.

Дæ сатæг æхсæр риуты,
дæ хуры тынтæй быд дзыккуты,
дæ бакæнæн былты фæхудтæй
изæры сатæг æрхастай.

Хуры тын денджызæй
артуадзгæ таутæ ысуагъта –
мæ тæпп уды хуызы
дæ цæстыты судзынц,
цырæгътау.

*1988, кæфты мæйы 13-æм бон. Пицунда*

5. ХЪУЫНА ДУР

Дойнаг хъуына дур…
(Куырæфцæг галтæй йæ
фондз цæды нæ аласдзæн.)
Денджызы былыл къуырмайæ
хъуынайы тыхтæй хуыссы.
Цы уылæн æй раппæрста ардæм?

Уылæнтæ рацæуынц,
налхъуыт фæрдыг фестынц йæ уæлæ,
рæвдаугæ йæ ‘рсæрфынц сæ тæлфаг æнгуылдзтæй,
æмæ фæстæмæ хæкъуырццгæнгæ здæхынц
денджызы арфмæ.

Бецау,
хъуына дур сæ иунæг уылæны
нæ ацахсы йæ дзыккутæй,
нæ йæ бабуц кæны йæ батæй,
æрмæст лæууы,
лæууы æмæ сæ фæстæ
лæмары йæ судзгæ цæссыгтæ.

*1970, кæфты мæйы 6-æм бон*

6. х х х

Ам дын,
кæм никуы-ма уыдтæ дæ фыны дæр,
адæмы бардзы куыд ацахсын де ‘нгас!..
Ам дын,
мæ размæ дæ ном дæр кæм нæма уыд загъд,
уæлдæфы суссы куыд ахсын дæ хъæлæс!..

Ам мын,
кæдæм мæм не ‘рцæудзынæ никуы,
æнæсæр кæрчытæ куыд хæрынц мæ зæрдæ…
Уагæры уым,
кæдæм-иу тындзыдтай,
фæкæл-фæкæлгæнгæ, мæ размæ…
Уагæры уым,
нæ комы хъарм тæф-ма
зæрдæсайæн хуызы кæм æнкъарыс удæй…

Уагæры уым
цы бонтæ æрвитыс æнæ мæн?

*1988, кæфты мæйы 17-æм бон*

7. РИЦА

Хъæды нæ, дзæнæты рухс хъæбысы,
Адæймаг йæ фыццаг ба кæм мысы,
Зæххы цæст уа æви арвы айдæн –
Нæ уый цард куы нал фæкæны адæн,

Уæд цы алæмæтон у, цы диссаг,
Чи нæ уадзы ‘нæ зæрдæхъарм иу саг?!
Уый ис Абхазы зæрдæйы иу цад –
Аргъæутты æхсыры суадон Рица!

*2006, кæхцгæнæны мæйы 27-æм бон*

ДЗÆНÆТЫ

Сты дзæнæт-нæууыл
уаз Аза-бæлæстæ дидин-дыргътимæ.
Цад – сыгъдæг æхсыр,
зарæг дзы зæлы кæлæнгонд мыртимæ.

Уым дзæм-дзæмы дон –
суадон уæлийæис, сахады сахæй.
Фесты адæймаг
сагау уæнгтæрог йæ иунæг æртахæй.

Нæуу – цъæх-цъæхидæй,
уд æм фæхъазыны мондагæй схуыфы.
Къах дзы ницы бон,
барæй дæр никуы атулдзынæ цъыфы.

Уым зæххон удтæ
се ‘взонджы бонты бакастæй фæцæрынц.
Уым дзæнæттæгтæ
алцы æввонгæй фæнуазынц, фæхæрынц…

Уæнт, кæй хъæуынц, уый –
ахæм æввонг цардмæ никуы бæлдзынæн!
Æз Ирыстоны
сæфтæгæй цæфхады æхсæн цæрдзынæн!

*2010, цыппурсы мæйы 20-æм бон*

## ЦЫМÆ. . .

Цымæ нæ хид куы фæкæлы,
уæд нæ удæй ницы кайæм?

Цымæ æцæг куы фæуарзæм,
уæд сыгъдæгзæрдæ нæ кæнæм?

Цымæ кæйдæр куы ныгæнæм,
уæд нæ цардæй ницы ‘ппарæм?

Цымæ дуар куы скæнæм сындзæрх,
уæд зæрдæскъуыд чи фæкæны?

Цымæ цæмæн, цæмæн цæуынц
ахæм фарстытæ мæ сæрмæ?

*2001, Майрæмкуадзæны мæйы 1-аг бон*

## ГЪЕ, ФÆЛÆ...

Зонын,
æнæмæнг æрцæуы
Алы мæлинагæн искуы йæ мæлæт.
Уæдæ, мæ зæрдæ цы цæвы,
Чи дзы ныссагъта цæгатмæ цыргъ фæрæт?
Зонын,
хъаруджынтæ Иры
Бирæ уыд, ноджы дæр рæздзæн сæ мыггаг.
Тохы сæ адзал куы ‘рзилы,
Гъеуæд дæр никуы ныууадзынц сæ хъуыддаг.

Зонын,
куырыхонтæ бирæ
Гуырынц нæм – схæцы сыл арæх нæ дæндаг.
Нарты Уырызмæгау Ирæн
Фидæнмæ уыдон нывæндынц йæ фæндаг.

Зонын,
бæркадармдæр махæй
Искæмæн мачи раппæлæд йæхицæй.
Уазæджы не ‘взарæм саргъæй –
Паддзæхты бæхгæстæй н‘акæнæм хицæн…

О, фæлæ м‘адæм, мæ Иры
Чи уарздзæн искуы мæ хуызæн? – мæты дæн.
Амонд мæгуырмæ дæр зилы –
Иры цæрайæ цæрдзынæн мæрдты дæр.

*1985, æртхъирæны мæйы 16-æм бон*

## ГАМЗАТОВЫ МОТИВЫЛ

– Хорз рацæрат, рæсугъдтæ –
Лæгты цур уæ цардбонтæ
сты уæлдæр уæ хъустæй!
– Хорз лæг нæ кæй фæвæййы,
Уый цæрдзæн, куыннæ цæра,
царв-мыд хæргæ, ‘нустæм!

– Куыд цъус цæрут, хъал лæгтæ –
‘Вæццæгæн, нæ фæразут
фæрв фæхтыты хостæй?
– Сæрмæхъу сыл чи дары,
Уый дæр йæ уд ахæры
тамако ‘мæ нозтæй!

*2011, кæхцгæнæны мæйы 15-æм бон*

## САУ ЛÆГТÆ

Кæнын мæ къахдзæфтæм æмхасæнтæ –
Нæ мын уромы ‘хцакусæг гацца:
Ирыстонæн кæуылты саглæг дæн! –
Куыд мæ айсдзæни стæй æхца?!.

Уæзгæ мыздæн бæргæ ныр саккаг дæн –
Нылвæстой мын уæддæр мæ хус гуцъа:
Ирыстонæн кæуылты саглæг дæн! –
Куыд мæ айсой гæртам æхца?!.

Хæдзармæ рады уонггай скалцæг дæн,
Æлгъивынц мæ уынгæг къултæ ‘мæ цар:
Ирыстонæн кæуылты саглæг дæн! –
Куыд мæ айсой гæртам æхца?!.

Ыскæнут сау ‘нæрай уæ саглæгтæй!
Мыггагмæ уе знæгты цъыфтæ нæмут,
Мæ цардæй хъулау хъазæг, сау лæгтæ! –
Æрдуйыл мын æрцауыгътат мæ уд!

*2011, хуымгæнæны мæйы 8-æм бон – 00.15 сах.*

## БИРÆГЪ

Ныууарыд мит –
мæ кой ысси мæ сæр.
Дæ рафæлдисæджы æлгъит –
нæ дæм кæсдзæн хуыздæр.

Æрвыл къæсы
ифтындзынц топп изæр.
Цы сæрысæфт мæм сæ кæсы?!
Кæндзæнис сар мæ сæр…

Æз бирæгъ дæн:
мæ бирæгъдзарм – мæ ис,
Сты адæм ноджы бирæгъдæр –
нæ зонынц бирæгъдзармæй дæр …
æфсис!

*2011, тæргæйтты мæйы 24-æм бон*

## УАЛДЗÆГ

Райсомы рухс хæдзæрттыл,
Кæрдæг, хъæды хихтыл…
Хи æруагъта уа дæрдтыл –
Митау хæхты тигътыл.

Рухс уары?!.
Нæ кæны уæз!
Дары урс мæ зачъе.
Зæрдæ домы хъазты фæз –
Ме ‘фсарм ыл ныййичъи.

Ратонид мæ фæйнæг риу,
Мæнæ йæ ис уадзæг!
Гъæй, фыдгуырд зæронд-галиу,
Уалдзæг æрцыд, уалдзæг!

*2011, хуымгæнæны мæйы 3-æм бон*

## МÆ ФЫД

Нæ фыды
мæ фыды
куы мысын –
къуымы сын
цæй цæрæн?..
Цæй сæрæн
сарат гуырд –
саг лæг уыд!

*2001, хуымгæнæны*
*мæйы 15-æм бон*

## ХУЫЦАУЫ ГАКК

Фыдæлты уыгардæн
нæ баззад, цы, ‘гъдауæн:
иу – ардæн,
дыууæ – мардæн,
æртæ – Хуыцауæн.
Ды – иунæг-иу:
мæ уд æфхæрдæн
æнусмæ дæ ‘рдхæрæн.

Дыууæйæ стæм
иу кæрддзæмы дыууæ карды –
æнæныгæд
дыууæ марды.

Кæмæн ратты нæ царды хицау
æртæ змуры –
æртæ хуры,
уымæ йæхæдæг Хуыцау
нал фæары фау!

*2011, тæргæйтты мæйы 14-æм бон*

## ÆЦÆГ ФЫРТ

Иунæг фыртæй
кæд уыд фырт.
Дыууæ фырты –
æрдæг фырт.
Æртæ фырты –
æцæг фырт.
У сæ мадаг
æнæкуырд.

*2010, Джиуæргуыбайы*
*мæйы 10-æм бон*

## САХ КЪÆВДА

Арвы арфы хæрæ мигътыл
Æз улæфын афтæ,
Цæмæй сæм нæ хæхты тигътыл
Фарны хуызы бафта.

Ма сæ ауадзут ыздæхын,
Марадз, марадз, марадз!
Сах къæвда мæ Иры зæххыл
Иу къуыри фæуара!

Сойджын мæр ыстъæлфа нæрдæй
Сонт æртæхты худтмæ.
Стыр фæскъæвда сатæг надæй
Ир ныххудид хурмæ!

*2011, æртхъирæны мæйы 25-æм бон*

## ХЪАН-ТÆРХЪУС

Нæ тæрхъус-бардз кæд ыстыхджын?
Фæныкдымæн – сæ куынц.
Кæйдæр дзæмбыйæ – хотыхджын,
Хæбæцц-хæбæцц кæнынц.

Хæппæй чи кæнынц уадзгуытæ,
Хыппæй чи кæнынц сур –
Кæмæн исынц йæ уæзгуытæ?!
Кæмæн исынц йæ хур?!

Æрбаппарæггаг къæбæртыл
Ныззылд сæ сау бындур.
Куы ‘рбадиккой нæ къæбыртыл!..
Уæдмæ сæ хъуыры – дур!

*2011, æртхъирæны мæйы 25-æм бон*

## ДАМТÆ

Бафæлладтæн алæбоны
Дам-дум æмæ загъдæй.
Хин дзырд сай-май расты ‘взоны –
Баззайы лæг сагъдæй.

Нал цæсгом ис, нал дæр – намыс.
Фарн ыссис ныр хафын.
Ацу, рагзамантæ ма мыс –
Стыр мæлæт уыд давын.

Рамбулæд æрмæст къæлæтджын –
Фырт æргæвды фыды.
‘Рзад нæ фæтæнты хæрæгсындз –
Сау фыд ивы фыды.

Не ссардзынæ ‘мбал фыддæрæн
Ацы ‘нæсы сæгътæн.
Не ‘нæрцæф, æхсон фыдæлтæн
Бабын кодтам се ‘гъдау.

Ничи уал æмбæхсы йе ‘гъдтæ,
Бикъ фæрдыгджын, акæс.
Нал æфтауы иу дæр йе ‘хтонг –
«Дæу у», «мæн у» ма фæрс.

Бафæлладтæн алæбоны
Дам-дум æмæ загъдæй.
Оу, мæхæдæг дæр, мæ боныл,
Нал æфсæдын дамтæй.

*2005, хурхæтæны мæйы 16-æм бон*

## ИУНÆГÆЙ

Баззад ме 'взæр сæр иунæгæй.
Бонтæ тонын къуырмайæ.
Нæй мæ бафæрсæг иу лæгæй –
Сафын къæбæр хъуынайæ.

Ацæудзынæн тагъд пенсимæ,
Стæй мæрдты дуар кæндзынæн.
Уым Хадже 'мæ Алешимæ
Сау сæн сау нозт кæндзынæн.

Нал уындзынæн лæг-дзæдæлты.
Цард мын удхар у се 'хсæн.
Ацы зындон-уæлдзæнæты
Схуыскъаг иунæгæй м' ахсæн.

*2001, Майрæмкуадзæны мæйы 18-æм бон*

## ХОРЗ ЛÆГ

Хорз лæг куы фенын,
уæд мæ фæфæнды,
ирон куы уаид.

Чи мæ фены,
уыдон фæхъазынц,
уыдонæй куы уаин.

Æз та
ахæм сусæг цин кæнын,
ирон кæй дæн, ууыл.

*2003, цыппурсы мæйы 12-æм бон*

## РЫХЫН

Хуыссæг мæм арæнты сæрты, – уым чъызæг
нæ фыдбоны сыхæгтау, –
æрбакъахдзæф кæнын нал уæнды…

Уадз, зæгъæнт мæ:
«Поэт хæцæнгарзимæ нæ цæуы!»
Мæ хæдæхсы гæрахы
мæ Фыдыбæстæйы рыхын ахсын.

*2005, кæхцгæнæны мæйы 25-æм бон*

## ЗÆХХÆНКЪУЫСТ

Зæхх хъæрзгæ, уынæргъгæ,
нæ дæлфæдты,
денджызы уылæнау,
алыгъд тарстæй.

Знæт хъæддаг бæхау,
йæ барцджын стыр сæр ныттылдта –
йæ æрдæгкалд фист æрызгъæлд.

Цы кæныс, зæхх?
Нæхæдæг нæхицæй
фыддæр ыстыхстыстæм.

*2004, Майрæмкуадзæны мæйы 11-æм бон*

## МЫСТЫТÆ

Зæххæнкъуыст раздæр
мыстытæ базонынц.

Дæлдонгæнæг науæй
раздæр мыстытæ агæпп кæнынц…

Чъребайæн фесæфынæй тас нал у –
нæ мыстытæ
фæстæмæ æрдугъ кодтой…

…æмæ нæ фæхæрынц.

# РÆСТАГ ЛÆГÆН ФÆЦÆРÆН НÆЙ

## 1. РÆСТАГ ЛÆГ

Нæ фæзынынц, мæ Ир, дæ хъуыртты
Дæ цæрддзугæнджытæ. Мæлынц сыдæй
Дæ дзаг къуымты. Сæ къах тилæн сын нæй.
Æхца, къæлæтджынил сæ фыртты
Кæм фæкæнынц сæ фыдызнæгтæн уæй,
Нæй уым рæстаг лæгæн фæцæрæн, нæй!

*1995, æртхъирæны мæйы 5-æм бон*

## 2. СÆФТÆДЖЫ АРГЪÆЙ

Амондджын галуан фæзыны сæдæ ‘нгасæй:
Уæлкъæсæр – Уастырджийы фарн, цæфхад хуыд;
Алы фæндагыл куыд сын кæной кад.
«Дардæй уæ бæлццон æрыздæхт сæрæгасæй!» –
Тыргъæй ныууасыди æфсургъ цæфхадхъуыд.
Сæфтæджы цъæлæй йæ къахы туг калд.

*1994, цыппурсы мæйы 19-æм бон*

## 3. ЭКСПРОМТ

Æрдæгафтид автобус хæхтырдæм уад.
Хуыссæнхъæлдзæг Хурзæрин арвмæ скъуыдта йæ уд.
Тыхбæлццæтты – хъæлхаст улæфджыты зыд,
Цы ахæрон цæстæнгас, уалдзыгон къуыбырау, худт:
«Æрхæццæ, æрхæццæ физонæджы рæстæг!» – дзырдта.
Мæгуыры бон, урс уæрыкк фæндаджы фæудыл куыдта.

*1979, рухæны мæйы 1-аг бон*

4. УÆЛÆМХАСÆН – КАД

Ирыстонæй-иу хордтай ард
Æмæ, куы йыл сирвæзт цъæх арт,
Уæд ын йæ дыргътæ хихгай тоныс.

Ыссардтай галуантæ, бынтæ.
Кæсыс нæм цъæхсæртæй бынмæ…
Уæддæр нæ, кад дын кæнæм, домыс.

5. ÆРТХЪИРÆН

Хæрыс мæ ‘вæгæсæгæй куыд!
Уыдзæн рæстæг, дзыхъхъæй-къуыппæй
Куы иу кæной, мæ боныл. Уæд
Мæрдты дæ ‘рфæрсдзæни мæ фыд:
«Адджын-иу уыд, дзыкъы-мыкъы,
Уæлон бæсты мæ фырты фыд?»

*1998, хуымгæнæны мæйы 30-æм бон*

6. МЫДУЛ ЗОНДАМОНÆГ

Кæмдæр кæйдæр бынты, –
адджын гуылтæм кæсгæйæ, –
ныммыдул; пакъуыдзагъд йæ «уаз» уд.
Ныр дзуры дæлбынты
мыдул зондамонæг хъæрзгæйæ:
«Мæнау нæ Ирыстоны уарзут!»

*2002, цыппурсы мæйы 2-æм бон*

7. УÆД ЦÆМÆН У ЦАРД

У æнусбонтæм дадагонд,
Ма слас де знагмæ кард,
Ма дæ басудзæд тамако,
Алидз карз ноззæй дард,
Сайын чызджытæн ма баком,
Уæд цæмæн у мæ цард?

8. ИРЫСТОН УЫДЗÆН УЫЙ

Йæ байзæттаг кæмæн нæ кæнынц аргъ,
Тæфæбонтæн чи фестадис æлхуый,
Фыдызнæгтимæ чи хæцы æдзух,
Æххуысмæ йæм куы фæдарай дæ къух,
Дæндагæй дын уæд дардзынæн цырагъ –
Мæ фыдызæхх Ирыстон уыдзæн уый.

*2010, цыппурсы мæйы 23-æм бон*

9. 8-æм МАРТ

8-æм март-малусæг,
тасгæ, мæ хæнцъулы
бартимæ райгæ æрцардис мæ уды,
цыма йæ уарзоны
урс-урсид хъæццулы
счъилæй ыскастис, æхсызгонæй худы.

*1992, тæргæйтты мæйы 8-æм бон*

10. ЧЪРЕБАЙАГ ÆХСÆВТЫ

Чъребайаг талынг æхсæвты,
ивылд талынг фурдмæ кæсгæйæ,
мæ талынг нымд зæрдæйы былыл,
нымд кæсагахсæгау æнæсымæй бадын
дыдзы рухс æрцахсыны ныфсæй,
ноджы мæ зарыныл домут.

*2002, Майрæмкуадзæны мæйы 24-æм бон*

11. ФÆСАРÆЙНАГ ЦЪЫФ

Цынæ хъусæм – спикер, проекттæ,
Сырд президент, мэртæ, префекттæ,
Эвего-Айвенготæ, сектæ,

Притон, зæгъай, киллертæ, секстæ…
Фæсарæйнаг цъыфы бын фестæм,
Де стæн.

*1997, Майрæмкуадзæны мæйы 2-æм бон*

12. КУВГÆ-КУВЫН

Æз дæр
никуы федтон Хуыцауы;
нæдæр – йе скæнгæ зæдты.

Фæлæ,
цалынмæ уыдонмæ кувын,
уæдмæ мæ зæрдæйы æууæнк æрцæры.

*2011, æртхъирæны мæйы 9-æм бон*

## ГИЕНÆТЫ НИУЫНМÆ

Нæ фыдбоны сыхæгты
Дунескæнæг фæкодта сæргой –
æнусты нæ тугкалæн хæстæн
нал æмæ нал ис кæрон…

Алы хæстæн дæр
иу къахдзæф акæнæм размæ:
раздæр ссардтам лæдзджытæ,
стæй гекотæй æхстам…
Тугæнхъæл шакалтæ ниудтой…

Еныр ысифтындзæм минææхс,
даргъ лулæ сармадзан,
танк, зæгъай, ракетæ…

Суанг нæм тугхор гиенæтæ, –
сæ туг-стæджы дзыхмæ,
тæрхъус куыд бахизы калмы хъæлæсмæ,
æд хæхтæ, æд быдыртæ худгæ
цæмæннæ уал цæуæм, –
фæсокеантæй дæр ниуынц…

*2004, Майрæмкуадзæны мæйы 12-æм бон*

## РЕКЛАМÆЙЫ ЧЫЗГ

Зонгæ,
æнæзонгæ чызджы
уарзон цæстæнгас,
уарзæгой бахудт…

Æмæ бæллыс, –
нæ зонын, цæмæн, –
бæллыс
де 'взонджы бонты
урс-урсид дæндæгтæм…

…иу рекламæйæ
иннæмæ.

*2004, хуымгæнæны*
*мæйы 18-æм бон*

## ХЫЛЫ ФÆСТÆ

Нæ мын загътай:
«Æрлæу!» –
Æмæ дæ ацыдтæн.
Нæ дын загътон:
«Æрлæу!» –
Ды дæр мæ ацыдтæ.

Æз ацыдтæн мæ зæрдæйæ,
Æз ацыдтæн.
Ды ацыдтæ дæ зæрдæйæ,
Ды ацыдтæ.
Нæ дзыхты бæсты хъусын хъуыд
Нæ зæрдæтæм.
Цы сау ингæны æвæрд уыд
Мæ урс сæр та?!

*2005, тæргæйтты мæйы 9-æм бон*

## БАЛЫ ТАЛА

Балы тала дысон
нырма уыдис чъырыхсны,
ныр æм цъæхцæст бæлæстæ
цыбæл цæстытæй кæсынц –
йæ уæлæ карстау ыл
чындздзон дарæс.

*2005, хуымгæнæны мæйы 14-æм бон*

## НÆ ДИС КÆНЫН

Чысылæй-иу
стъалыйы лæппынтæ ахстон,
æмæ мардтæн дисæй:
«Æрмæст тæхгæ-тæхын
цæмæн æрттивынц?»

Ды мæ куы æрцахстай,
уæдæй нырмæ цæмæн æмпылын,
ууыл нæ дис кæнын.

*2005, кæхцгæнæны мæйы 12-æм бон*

## МÆ ЗÆРДÆ

Мæ зæрдæ
дзыназы,
хъæрзы:
цал чиныджы
сыфтæ скъуыдтон,
уыдоныл;

цал фæндыры
тæнтæ стыдтон,
уыдоныл;
цал фæдисмæ
рæджы кодтон,
уыдоныл…

Ӕрлæудзæнис,
куы йæм ныхъхъусон,
уæд.

*2005, кæхцгæнæны*
*мæйы 12-æм бон*

## МАДЫ МОНОЛОГ

Ысфæлдисæгæй
алцæмæй кæд чи уыд разы,
Фæлæ Хуыцау, –
кæнын йæ сыгъдæг удæн табу, –
Цæмæн сæвæрдта
ахæм ыстыр хæс мæ разы –
Ӕппынæдзух
зынг тебæйыл
фыца мæ тæпп уд.

Ныййарæг мад дæн,
у нывонд мæ уд мæ хуртæн.
Мæ зæрдæйы къæртт
рисгæ фестъæлфы сæ риуты.
Сæ гуырдзæй сæ рæвдыдтон,
цингæнгæ сæм худтæн,
Уæддæр æруайы
Мадыл
сау хъысмæты риуыгъд.

Кæйдæр цæст хауы,
искæй уæзгуытæ уой,
мулкмæ –
Фæагуры сæ
не ‘дзард хъамбулты сырх тугæй.
Ӕнæфсис хуыргуыбын,
лæджы хом фыд æмпулгæ,
Нæ Хуыцауы сконд зæххыл
раскъæры цы туг-зæй!

Уас асæттæд
лæджытугнуазæгæн йæ хъамбул!
Ыссарæд
йе знаджы карды цæфæй сæрысæфт!
Кæмæн нæ фæцæфи,
нæ амарди йæ хъæбул,
Лæгмар нæмгуытæй
уыцы Мад дæр
у зæрдæдзæф.

Йæ Фыдызæхх,
йæ адæмы сæрыл æмбойны
Æрхауынц цал уды –
фæмæлы семæ мад дæр.
Кæмæн у туг,
æдзард хъæбулты тугæй дойны,
Мæн амарæд
нæ хъæбулты бæсты –
æз Мад дæн!

*2005*

x x x

Зæххæн
сæ кæрæдзийы ‘нцой лæууæг хæхтæ
мур уæз нæ кæнынц;
зæхх
фастдзыкку бæлæсты дамтæ ‘мæ думтæм
йæ хъус нæ дары;
зæхх
арвæй æрхауæг
судзгæ æхсидæвты рыстæн фæразы…
Зæхх цуды,
оу, куыд цуды
йæ риуæй райгуыргæ
фыдлæджы фыдфæндты фыдуæзæй!

*2006, кæхцгæнæны мæйы 27-æм бон*

## ИДÆДЗЫ САГЪÆС

Ныр æй бамбæрстон –
сайгæ мæ кодтай:
«Æнæдæу мæ бон нæу!»

Уæдæ мæ уырдæм цæмæннæ кæныс –
хæлæггаг мын у де ‘нусон дуне
æви мæ дæ цæст нæ уарзы?

*2005, сусæны мæйы 22-æм бон*

## НОГАЗОН ЛÆВÆРТТÆ

Цард куы уаид фæндонæй
Митын Дада фестин абон, мæ бонлæй!

Хатид-ма чи ‘хсæв бонæй –
Цас уын ласин, цас лæвæрттæ уæрдонæй!

Дун-дунейы къаффеттæн
Саби-дуне ‘фтауид дидин сæ фендæй!

Амондгуртæн дзæкъултæ
Уарзтедзагæй раттин уайтагъд сæ къухтæм!

Хорз æмкъæйттæн – хъæбултæ,
Бир-бирæ куыд кæной алаз нæ хуртæ!

Дун-дунейæн Сæрибар
Бахай кæнин. Раттин еуæд мæхи бар

Иры сиуæн мæ сæр дæр!
Слæвар кæнин Минтæйæн та мæ зæрдæ!..

*2006, цыппурсы мæйы 29–30-æм бонтæ*

## ДОНХЪАЗ

Урсбазыр донхъaзтæ –
Тасгæгуыр, цырыхъ та – сырх.
Райын сæ сонт хъазтмæ –
Акалынц уарзтæй сæ пырх.

Урсбазыр донхъaзтæн
Рафтыдта дидинæг зæхх.
Денджыз доны хъазтæй
Зæрдæйыл – цины æртæх.

Урсфынкбарц уылæнтыл
Ленчытæм сцыбæли лæг.
Цас кæнынц уыдæттæм
Уарзты урс зæдтæ хæлæг!

Уалынджы анæрыд…
Йе ‘хсæг фæкæнæд дæдæй!
Цъæх уæлдæф ацарыд
Удисæг хъазы хъæрзтæй.

Йе ‘мкъай фæдисæхстæй
Стахтис. Фæцыдис йæ хуыз.
Йе ‘мкъайы цъæхахстæй
Арвы цъæх кодта дыз-дыз.

Сиды йæ уарзонмæ –
Уæлдæфы хъазой фæрнæй.
Хоны йæ уарзтзондмæ…
О, фæлæ дзуаппдæттæг нæй.

Донхъазы сагъæсмæ
Арвыл – цыллæ саутæ тыгъд.
Рахста хи сау зæхмæ,
Базыртæ – йе ‘мбуар тыхт.

Урсбазыр донхъазмæ
Нал уыд фæцæрыны тых.
Ратахтис донхасмæ –
Дурты дурсæртыл ныппырх.

Ацы æрратæ зонд
Иунæг мæнæн у мæтæн:
Амард уый ме 'взонгад,
Бацыд мæ уарзтмонц уд,
бацыд мæ уарзтмонц уд,
бацыд мæ уарзтмонц уд
йемæ мæрдтæм.

*2007, тъæнджы мæй*

## АЛКÆМÆН...

Дзæнхъа кæйдæрты къухы рухс нæ кæны,
Æмæ йæ хаты 'рттиваг дуртæ зонæг.
Кæмæндæр калмы фыд дæр тайы, калмы;
Кæмæн у марг уæрыччы бур физонæг.

Нæ вæййы алчи иу зондыл хæст алкæд.
Кæй удæнцой – къахбай, кæмæн – зæххон зæд.
«Мæ куыдз дæ мад æмæ дæ фыдæн аргæвд!» –
Дæрдбæстагæн мæ сирвæзт. Уый та: «Бузныг».

Мæхи нæ кæнын кадмæбæлгæ дихтæ.
Æхсæнфынгыл мæ фыдгул хъавæд нæрдтæм.
Нæ хъæуы садзын искæй хуымы михтæ.
Нæ алкæмæн йæ лауызтæ – йæ мæрдтæн.

*2007, тъæнджы мæйы 6-æм бон*

## ГАСТРОЛТЫ ФÆСТÆ

Фæззæг ралæууыд æмæ
Хус сыфтæртæ змæлынц…
Рог дымгæйæ, бастъæла,
Сабыргай ызгъæлынц.

Урс бæлæттау, тахтысты
Иу мæйы бæрц бонтæ –
Сæфта нын Ирон театр
Уарзгæйæ нæ сонтæ.*

* Ныхас цæуы Цæгат Ирыстоны драмон театры æрвылазон, фæззыгон гастролтыл Ирыстоны хуссар хаймæ.

Сценæ басгуыхт Нарты зылд,
Цард дзы дидин калдта –
Оу, мæ бонтæ, иу мæй ныл
Цас хæрзтæ ныккалдта!

Сценæйыл-иу не знæгты
Карды фындзыл систам –
Ыссæдзæм æнусæн-иу
Цардхъайтартæ систæм.

Уарзгæ?
Уæд – сыгъдæг уарзтæй,
Дон куыд кæнæм дуртæ.
Чъизи æвзаг, дам-дум нæм
Ма дарой бар мур дæр…

Гъе, фæлæ нымад бонтæн
Разындис сæ кæрон:
Тыргъæй къуым адджындæр у,
Æмæ ма куыд кæнон?

Ахастат мæ хауд зæрдæ
Скъуыдтæ ‘мæ бырæгътæй.
Мигъыл тыгъд – мæ урс сæнттæ
Рафæлгæсынц рæгътæй.

Иу аз мыл уæ мысгæйæ
Тар кæндзысты бонтæ…
Чи ‘рымысыд, бастъæла,
Чи, цыбыр гастролтæ?!

*1985*

## РÆСУГЪДДÆР

Стæлфы зæхх мæ къæхты бын.
Зæрдæ риуы нал цæуы.
Рухс бæллицтыл бафты фын –
Тигътыл хъазой цал цæуы!

Ирдцъæх хъуытаз сæцæгтæ,
Хуры тынтæ – йе ‘взæгтæ:
Арв цæгъды дзæнгæрджытæ –
Уалдзæджы сæнт къæрццытæ!..

Дидинкалд – мæ хъуыдытæ.
Дауджытæй дæн растуддæр.
Згъорын дæм мæ хъуыртыгъдæй –
Уалдзæгæй дæ рæсугъддæр!

*2007*

## ЗÆРДÆСКЪУЫД

Мæгуыры аласа куы сиры –
Цæуы, зæгъынц, цаппуалæй.
Нæ дзыкка не ‘мбулы кæй сиры?!
Фæлæ йæ зонæм цалæй?!

Лæг иу хæрдæй нæ кæны ‘фсæстхуыз.
Гæвзыкк нæу хъалæн йе ‘мсæр.
Дзыназы ‘нæсæттонмæ ‘фсæн хыз,
Нæмынц ын дурæй йе ‘фсæр.

Кæмæй лидзæм, хæцы нал фидар;
Кæмæ лидзæм – нæу не ‘мвад.
Фыдæй-фыртмæ нæ фыдты фыддæр:
Æрвады сафæг – йе ‘рвад.

Гуыбындзæл гæркъæрджыты бодзтæй
Æвæрæм.
Свæййы не знаг.
Æмæ та баззайæм сæрхостæй –
Фæвæййы сайд нæ туг-стæг.

Бæхау ысгаргæ сты дæндагæй –
Бæрæг уаид уæд саглæг!
Бæргæ зариккам уæд «дæдадæй»,
Ныр хъарæгау – нæ зарæг.

Мæ Ир йæхи нæ сисы хурмæ, –
Тыхстæй мæ зæрдæ скуыддæр, –
Куы уынон Иры знæгты худгæ,
Уæд фендзыстут æй скъуыдтæй!

*2007, хурхæтæны мæйы 9-æм бон*

## УЫНГÆДЖЫ

Æвзæртæ уæнт фæлдыст
Лæджы сфæлдисæгæн –
Кæм цы змæлд ис, цы куыст –
Сты, суадон исæгау.

Сæрф, æхс, стæй иту 'вæр;
Ысфыхтæ цырд артмæ.
Уæддæр дæ куыст – дывæр,
Кæй æвдæлы мæрдтæм?!

Цы цинæй цæуа, цæй,
Æнæркаст ус хуынды?
Фæлтау фæнæт, фæсæй –
Лæг дæ, 'мæ кæн хъуыды.

Хæдзардарæг ысдæ,
Дæ кад бæрзæндты хæсс:
Кæн сылгоймаджы стæн;
Опп-стоп лæууын – дæ хæс.

Цæмæй зына дæ фæд –
Ыссив, кæн мулк тæлæт!
Нæ дæ æфсургъджын кæд,
Уæд – худинаг, мæлæт!

Цы ныфсæй курыс ус?
Лæу дард! Иваз дæ ком.
Ныллыг хъæуы дæ хъус –
Уа 'гуыдзæг хурæргом!

Мæхи фæхордтон цас!
Мæ цуры циу хæрæг?!
Дæдæй фæкæнæд уас
Мæн растæй афхæрæг.

Нæ сæ кæнын тæхын.
Бындзæй нæ кæнын пыл.
Цæмæй хизай дæхи –
Æрхаудзæн арвæй дыл…

Кæд ацыдис, уæдæ,
Мæнон кæдæй-уæдæй
Æнæ кърахмал æмæ
Æнæ итувæрдæй.

Фæхудтис ыл йæ куыст:
«Лæг дарыс æви дур?»
Мæ сæфтхъæр куыд айхъуыст!
Ныр-ма цыфæнды дзур…

*2007, хурхæтæны мæйы*
*27–28-æм бонтæ*

## МÆРДТИМÆ

Цал сахары, цал хъæуы
хизы фæндаг уæлмæрдтыл?!
Цал хатты нæ бахъæуы
сагъæс мæгуырты мæтыл?!

Дидинкалд нæ удты цин
авæрæм сæ тыгъд æрмтты.
Сагъуыйы нæхиуыл зин:
сагъæс – сау мæт ныл æфты.

Мæрдтæ – хайджын мах цардæй.
Н‘ алы рабадты – æмфынг.
Сæлвасынц нæ фæсонтæй
не ‘взæгтæ – хуыссы нæ зынг.

Ай цæуæм цы сау хинмæ –
‘ууилæм дуртæ ‘мæ мæртæ:
Мæрдтæ цæрынц махимæ,
гъе, стæм мах мæрдтæ?!

*2008, хуымгæнæны мæйы*
*7–8-æм бонтæ*

## ÆВВОНГ ЦАРД

Хæдзарæй уæлмæрдмæ
Фæндаг фæцæуы фæрнæй.
Æй-йæй-йæй, уæ мæрдтæ,
Уымæй фæндаг дæр дзы нæй!

Рын-сонтæ – уæллæгты.
Алы æппæтæй дæ хызт
Хæлд царды фæлгæтты –
Хур судза æви уа хъызт.

Уымы тъæпæн хъæуы
Алы хæрд, нозтытæ – хæрх.
Баназ.
Нæ дæ хъæуы,
Ничи дын бакæндзæн тых.

Дардыл – дæ уæгъдибар,
Хъаны цард ахæмæн циу!
Диссаг – дæ сæрибар,
Тухдзынæ ‘ввонг цардæй фиу.

Дуджы уæдæлæгтæ,
Уырдæм уæ лидзын æз дæр –
Ирбæсты уæллæгтæ
Мардæй нæ дзурынц æвзæр.

*2004, рухæны мæйы 17-æм бон*

## ХЪУЫЗИЛ «ВЕТЕРАН»

Хæст ныннæрыд.
Адæм фесты фæдисмæ.
Уый йæ сынтæг
Баввахс кодта къæбицмæ.

Сау гæххæттытæ
Нæ Ирмæ – халæттау;
Саударджытæн
Уый сæ фæд-фæд – с' ауyæттау.

Хæст ныххуыссыд.
Хъуызил зары рагъзæнгæй.
Хæстдзагъд лæгтæн
Ралæууыд сæ раздзогæй.

Тохсыгъдтыты
Исчи схуыдта хорз, зæгъгæ,
Уый дæр уæд
Фæкæсы 'нхъæлмæ хорзæхмæ.

*2007, кæхцгæнæны мæйы 5-æм бон*

x x x

Гуырдзы ныл фæтых уыдзысты æви нæ,
уый зæгъын нæу мæ бон,
фæлæ нæ кæрæдзи
сухты цагъд кæй кæнæм,
уымæн æвдисæн – мæхæдæг.

*2001, Майрæмкуадзæны мæйы 1-æм бон*

## ЭКСПРОМТ

Ирыстоны бæрæг рæтты
Алыхуызон бæрæгбæтты
Нæ иуæй-иу бæрæг лæгтæ
Сæ иуæй-иу бæр лæггæдтæ
Æрымысынц сыкъатæй,
Стæй ахауынц æгадæй.

*2001, хурхæтæны мæйы 6-æм бон*

x x x

Зæххы уæлцъарыл
царды дамгъæтæй – истори.

Стъалыджын арвыл
къахтæй Æрфæны фæд баззад.

Арф фыст мæ ныхыл –
не 'намонд уарзтæн йæ мыхуыр.

Иу-ма мæ зæрдæ
судзы фыццагау сæ зынгæй.

*2001, сусæны мæйы 29-æм бон*

ЗÆГЪÆД-МА ИСЧИ

Зæгъæд-ма исчи:
дыууæ æвзонг уды куы кæнынц чындзæхсæв,
уæд-ма сæ куыд ыссары цæссыг?

Зæгъæд-ма исчи:
фыдхæдзардарджытæ куы фæкæнынц хицæн,
уæд цы вæййы сæ сабиты риуты?

Зæгъæд-ма исчи:
нæ тохнад уæзгуытæ уæзæгуат куы кæнынц,
уæд нæ фыдæлты стджытæ куыд тæлфынц?

Зæгъæд-ма исчи:
куы фæсудзы куырис,
уæд цæмæн ныхъхъус вæййы йæ бæттæн?

Зæгъæд-ма исчи:
ацы фарстытæ мæ сæры куы тæлфынц,
уæд куыд кæны мæ зæрдæ?

*2001, Майрæмкуадзæны мæйы 2-æм бон*

## МАДЫ ЗÆРДÆ

Ох, Гыцци, куыд мын федтай мæ мард,
Уый та дын цы сагъæс у, цы сагъæс?!
Æз бæлццон дæн, у мæ нысан дард.
Гыцци, уый дæ риумæ мастæн ма хæсс.

Æз дæрдбалцы куы араст вæййын, уæд
Хъæугæрон цы баззайыс лæугæйæ?
Дунейы хъæнтыл фæтайыс кæд?
Кæд тæрсыс, куы 'рыздæхон кæугæйæ?

Æртæхыл куы ссур вæййы мæ фæд,
Азымы цæмæн фæдарыс хуры?
Уый мæхи, мæхи аххос у кæд?
Урс уæрыкк цæмæн хоныс дæ хуры?

'Рдæгæхсæв мæ фыссæнимæ кæд
Феныс мæн, – ды та дæхи цы хæрыс, –
Хъарм цъындайаг 'лвисынæввонг уæд
Æлхуыйыл æркув-æркув цы кæныс?

Ох, Гыцци, куыд мын федтай мæ мард,
Кæд дæ уд фæдисæввонг цы лæууы.
Æви афтæ, афтæ конд у цард:
Мады зæрдæ 'нæ хъæбул нæ лæууы!

## МАСТ ÆМÆ УАРЗТ

– Гыцци, кæд бабæллон дæ уарзтмæ?
– Мæ хур йæ цард-нысан куы зоны.
– Дæ цæстытæй кæд кæны уаргæ?
– Мæ хур хæрæджы 'фсургъ куы хоны.

– Гыцци, дæ зæрдæ дур кæд фесты?
– Мæ хуры худинаг куы хæссын.
– Дæ хур-цæстытæ мигъæхгæд кæд не сты?
– Мæ хуры худынмæ куы кæсын.

О, цал хаты фарстон гыцциты,
Фæлæ сæ хъуыдытæ нæ ивтой.
Æз та сын се ‘рхæндæг дзæццыты
Уыдтон кæугæ-худгæйæ иу кой –

Уыдис сæ цин дæр æмæ маст дæр –
Дзырдтой мын: «Цин нæ вæййы ‘нæ маст»;
Куыдтой, фæлæ сæ ‘рттывта уарзт дæр –
Дзырдтой мын: «Маст нæ вæййы ‘нæ уарзт».

*2010*

x x x

Диссагæн дзуринаг – адæймаджы зæрдæ:
тугкалæн цаутæ дæр
мидбылхудгæйæ фæмысы.

Дарийы ‘нæнымæц æфсæдтæ
скъифты, тæфкалгæ физонæгау,
иугай хæринаг уыдысты;

скъифты хæстæввонг æфсад та,
раст ц‘ма уæлыгæс цыдысты,
худгæ цъæх тæрхъусы лæппыны ахстой.

Тугхор Тимуры æрдонгтæ
зæххæй нæ фæдтæ нын къахтой,
мады гуыбынмæ нæ хъæстæ нын мардтой;

тугкалæн тохмæ уæддæр-иу
кафгæ, æнæхост мыр-мыргæнаг бæхтыл
семæ ызгъордтам фыдхæстмæ!

Сталин сызгъæрины аргъæй
саурагъ дзырдхæсджытæ ‘ххуырста,
стæй-иу сын дард Сыбыр ардыгæй аззад!..

Абон Ирыстоны ‘хсины лæг сафдзæнис –
ссæуынц æрмæст нæм хæрынмæ,
ноджы цæссыг калгæ, худæм…

Диссагæн дзуринаг адæймаджы зæрдæ –
тугкалæн цаутæ дæр
мидбылхудгæйæ фæмысæм.

*2010, цыппурсы мæйы 19-æм бон*

## ХÆСТОН АЛО-ЛАЙ

Ало-лотæ, цы-цытæ.
Тинтычъийæ – дæ гуцци.
Чи дын загъта, гыццыл дæ,
Дæ нывонд уæд дæ гыцци.

Афынæй кæн, мæ къона.
Афынæй кæн, мæ сучъи.
Де знаг хъуамæ ныр зона,
Сыздухдзынæ йæ уачъи.

Фыны дæм кæд цъæх арвæй
Дидинджытæ згъæликкой;
Кæд дæ хъусты цъæхснагæй
Ало-лайтæ зæликкой!

Дæ баба тагъд фæлладæй
Хæсты тарфæй сыздæхдзæн.
Ма йын фæтæрс æгадæй,
Кадимæ нæм ыстæхдзæн.

Байрох уаид нæ ыстонг
(Хуыздæр бон нæй мæныл дæр),
Цы бавзæрстам ныры онг –
Хæрдæй фынтæм бæллындæр.

Ало-лотæ, цы-цытæ.
Маст ма фенай гыццыл дæр.
Айрæзæт тагъд чысылтæ,
Хæст ма фенæнт гыццылтæ.

*2002, Майрæмкуадзæны*
*мæйы 2-æм бон*

## ИУ НОМ

Цас ис зæххы цъарыл хорз нæмттæ –
Худгæ Дзерассæтæ, Аннæтæ,
Стеллæтæ, Иннæтæ, Уннæтæ,
Уарзын сæ ‘рмæстдæр æз, Ханнæ, дæу.

Стъалыты фæкаст – дæ цæстæнгас.
Суадоны зарæг – дæ мидбылхудт.
Уалæ дæ уæларвон зæдæнгæс.
Царвау æртайы мæ рæзгæ уд.

Хуры рухс тынил – дæ цæуæнтæ.
Кафы йæхимид дæ даргъ дзыкку.
Рагæй йæ зонын æцæг мæн дæ –
Н‘алы фезмæлд дæр бæстон сынк у.

Урс пылы стæгæй – дæ урс зæнгтæ.
Уаз зæдтæ сфæзмынц дæ уаз къахайст.
Цастæ фæбæллын дæ хъусцæгмæ,
Чи дæм фæкæны рæвдаугæ каст!

Цас ис зæххы цъарыл хорз нæмттæ –
Худгæ Дзерассæтæ, Аннæтæ,
Стеллæтæ, Иннæтæ, Уннæтæ,
Уарзын сæ ‘рмæстæр æз, Ханнæ, дæу!

*2008, кæфты мæйы 22-æм бон.*
*Уазæгуат «Кавказ»*

х х х

Букъ,
Цæстмæ митæй вæййæм æрдаг.
Æппæлынæй цы бон ис махыл!
Нæ Иры уарзæм, уый нæу фаг –
Хъæуы йæ слæууын кæнын къахыл,
Гукк!

*2000, Джиуæргуыбайы мæйы 18-æм бон*

х х х

Хицауы бынатмæ
алкæй дæр фæнды,
кусын
бын-нтондæр кæй никæй фæфæнды,
уый разыны
сæ куыстæйсырд бынатылæгты цæсгæмттыл.

*2001, Майрæмкуадзæны мæйы 1-æм бон*

РАГБОНТÆ МЫСГÆЙÆ

Зæронд лæджы чи уарзы?
Зæрондимæ чи хъазы?

Бады хурмæ.
Нæ кусы.
Йæ зæрдæмæ фæхъусы.

Гъемæ, ‘рхъуызыс рæуфынты
Мæ зæрдæйы рæбынты.

Четæн къаба дæ уæнгтыл
Хæцы хæрдмæ ныв зæнгтыл.

Ризгæ ‘мбæхсынц дæ риутæ, –
Хъуыры ауон, – зæринтæ.

Куыйтæ ниуынц дæ лæудыл.
Хъæуы систой сæ рæйдыл.

Дæ дзырд чъызгæ у иууыл.
Дзыкку здыхсы дæ риуыл.

Ризынц цырагъ урс зæнгтæ.
Худынц не ‘мкар æвзæнгтæ.

Сцагътай сау цæсты хаутæ,
Скуыдтай æмæ ыстахтæ…

Цæй рыгъд уыдтæн, цæй къуытты –
Зилыс цымæ кæй къуымты?

– Афынæй дæ, мæ дада?! –
Хур мыл йæхи ныццавта.

*2006, кæфты мæйы 26-æм бон*

## ХУДИНАДЖЫ БÆСТЫ

Расыг адæм фынгыл,
Оу, кæнынц цынæ!
Раст цыма дæн фыны –
Нуазæм сæн цымгæ.

Сидтамон тых нæтгæ
Кувы уарзæттæн.
Ма ссар, цæй, сæ нæмттæ
Уыцы уаз зæдтæн!

Афтæмæй цы бадт сæн
Хъуыры онг у цæм.
Раст зæгъын, сымах стæн,
Къубæлтты онг стæм.

Ма баназын а-рæгъ –
Худинаг лæгæн.
Банызтай, уæд адæргъ
Лæг, æмæ фæдæн.

Ноджы сын сæ сылтæн
Уаз уарзтимæ кув!
Ракъуырдтон сæ былтæ
Æппæлойтæн.
Уфф!..

Иу сыкъа дзы ‘рцавтон
С‘ едтæн...
Растудæй
Иннæмæй ыскуывтон
Уаз мæ рæсугъдæн.

Разылдис мыл бæстæ –
Чи кæны мæ мæт:
Худинаджы бæсты
Равзæрстон мæлæт.

*2003, цыппурсы*
*мæйы 14-æм бон*

## ФÆНДОН

Фæнды мæ алидзын хъæмæйæ.
Уыдзæни та æххæл-мæххæл мæ фæндаг.
Нæ йæ фæхатдзынæн, æмæ йæ
Уысммæ æркъуырдзынæн нæхи фæндиаг.

Кæй-ма æндавдзæнис, фæллад дæн –
Ærмæст мæм худ, мæ зæрдæйы рæбинаг.
Дæуæй мын карз уайдзæф дæр – адæн.
Мæ сæнттæ ‘взистбарц – аргъæутты биинаг.

Цыма æмкъæйттæ стæм – кæндзыстæм
Аргъуыд къухдарæнтæ сыгъдæг сыгъзæрин.
Цъæх арвæй химбæрзæн кæрддзыстæм –
Нæ цин уыдзæн æрдзæ ‘нусты сыгъдæг цин.

Дæ къæхтæй-къухтæм дын тæвд батæй
Куыд басуддзынæн, куы, мæ бон, дæ урс буар!
Уыдзæн нын скъæфæггаг уысм адæн –
Ныууардзæнис ныл арвæй стъалы-хуртуан!

Нæ хъугæмтты рæсугъд дидинтæ
Дæ зæу-зæугæнаг дзыккуты бидзынæн.
Кæндзынæн дын, гъай-гъай, фыдмитæ –
Нæ урс хæдæттæ æртæхæй æхсдзынæн.

Кæмдæрты нын – æмкъай, хæдзæрттæ –
Къæдзæвзаг дам-думгæнджытæ хынцдзысты.
Рæхджы ныккæлæнт сыл сæ цæрттæ,
Цы мæймæрæйаг стонггуыбын куыйтæ сты!..

Куы хъæуы, нал вæййæм æмбаргæ.
Нæ уарзт ныл калд æхсæрдзæнау сæх-сæхæй,
Уæддæр æй нозтам тадзгæ-баргæ…
Ныр нал кайыс, мæ хур, мæ дон, мæ цæххæй.

Цы цард кæниккам иумæ райгæ!
Мæ уд, зынг хурмæ тыгъд дыргъау, нæ ‘руаид.
Фæлтау, куы тоникой мæ ‘ррайæ –
Зæххыл дæуимæ н‘ амондæн нæ уаид.

*2005*

## МЫСИНÆГТÆ

Иу æфсондзы ифтыгъд галтæн
У сæ фæллад сулæфт иу.
Æз дæ бахудтыл фæкалдтæн –
Уæлæ цары фиу!

Ацу, ма рай æмæ ма худ –
Зæххы риу фæрнæй нæмæм!
Д‘ алы фезмæлд, д‘ алы бахудт
Дзуры бирæтæ мæнæн:

Даргъæнгуылдз арм русыл тыгъдæй –
Стæм цыма хъæбыс-хъæбыс;
Даргъ цæстыхауты андæгъдæй –
Цъиргæ ба мын акæныс…

Никуы кастæ дзаг дзæкъултæм –
Афтæ кæны ‘рра фысым.
Сау цæстыты урс дзагъултæм
Цас цинтæ æрымысын!

«Уазал мын у», – урс уæрыккау,
Абырыс мæ хъæбысы.
Къухылтухгæ ‘мкъайы сынкау,
Сты нывгонд, цы дæ мысын.

*2007, Майрæмкуадзæны*
*мæйы 4-æм бон*

## ФÆСМОНГОНД УАРЗТ

Арвы риуыл бандзыг мæй –
Дзуры диссæгтæ мæнæй:
Не ‘фсæстæн дæу уарзынæй,
Худын æмæ кафынæй!

Стыр Хуыцауæй уарзт куырдтон –
Худтæн, зарыдтæн, куыдтон.
Батæ цас дæргъвæтин уой,
Уыйбæрц дардыл у сæ кой.

Сусæгæй куы уа дæ уарзт,
Уæд нæ базондзынæ маст.
Дамтæм чи уадзы йæ кой,
Уый фæуыдзæни сæргой.

Кодтай тагъд-тагъд, тагъд ды та –
Арвыл тарстæй мæй куыдта.
Ныр æвдæлон у дæ каст,
Дæн æз та мæ фадæй баст.

Басудза нæ амонд уас –
Цас удтæ фæдомы уарзт!
Кæс дæ арммæ уæрццмæ, кæс,
Арвыл ц‘ агурыс цæргæс.

*2007, рухæны мæйы 7-æм бон*

## СТЫР УАРЗТ

Арвы риуыл худгæ судзынц стъалытæ.
Ды мæ уды райгæ заргæ стъалы дæ.
Зон, дæ цуры мæйтæ, хуртæ ницы сты.
Тагъд уæ кæрты ме ‘рвыст лæгтæ ‘рхиздзысты.

Æз дæ сусæг мидбылхудтæй байрæзтæн.
Чи саргъ кæндзæн судзгæ-дудгæ сагъæстæн!
Иу дæ фендыл сонтау суртæ байдайын.
Мæн фæнды, мыдау, дæ удыл батайын.

Стыр уарзт уалæ Стыр Хуыцауы радтгæ у.
О, фæлæ йыл уадзыг кæны райгæ уд.
Чи баназа иунæг иу хатт уарзты арт,
Федта уый нæ дунейыл дзæнæты цард.

Уарзты зынгæй судзын æмæ басудзон.
Ис мæнæн Хуыцауы радтгæ зæд уарзон.
Уарзтвæндагыл стыр уарзтæн нæй амонæн.
Ницы ис зæххы цъарыл мæ амондæн!

*2008, Джиуæргуыбайы 9-æм бон*

## ЦЫФÆНДЫ УÆД

Чи базондзæн а царды
Цал сайды уыд, цал арды –
Цалæй сæ каст хур?!
Цал тæпп уды бауарзы,
Уал йæхи цард ауазы,
Цасфæнды йæм дзур!

Алæбон дæм уарзынмæ
Уадтæн. Де 'хцон кæрзынмæ
Лæг нæ хатыд фыд.
Ма йæ ахæсс азыммæ,
Æз бæллынтæн саузыммæ –
Ма зына мæ фæд.

Уыд нæ уарзты рахæцæн
Рухс дæ бахудт, ахицæн
Ме уæнгтæй мæ уд.
Худтис цард дæ цæстытæй,
Сæрра дæн дæ кæстытæй –
Цасфæнды мыл худ.

Алæбон дæм уарзынмæ
Уадтæн. Де 'хцон кæрзынмæ
Лæг нæ хатыд фыд.
Ма йæ ахæсс азыммæ,
Æз бæллыдтæн саузыммæ –
Ма зына мæ фæд.

Афтæмæй нæ уалынджы
Раргом кодтой цал уынджы –
Сурыл зынд мæ фæд.
Нæй ирвæзæн сау дамтæй –
Фидæн худт дæ нарст тæнтæй…
Ныр цыфæнды уæд!

*2009*

## УАЛДЗÆДЖЫ ЦИН

Иу нард фынг ныллæууыд сындзыл –
Нæ фыр карста, нæ фыркъа.
Уалынмæ мæллæг цъæх бындзыл
Цинæй байрад иу æрра.

Диссагæн фæхаудта арвмæ,
Фесæфта цыма йæ зонд.
Батахт лæппу фынджы арфмæ,
Зарæг самыдта бæрзонд:

«Уарзты гуыдыр ма ныхгæнут –
Дуне кала дидинæг!
Быздзы номыл рарæгъ кæнут –
Уалдзæгæй у фидиуæг!»

Цъæх бындзы зард фурдау рацыд,
Райхæлд æм æрдæгмард цард.
Фынгыл нал уыдис æндæр дзырд –
«Нал нæм у цъæх уалдзæг дард!»

Цин кæм вæййы, цард уым агур.
Баййафынц сæ рынтæ тард.
Нал фæцæуынц дардмæ цардгур –
Фынгæй зард нæрыдис дард:

«Уарзты гуыдыр ма ныхгæнут –
Дуне кала дидинæг!
Быздзы номыл рарæгъ кæнут –
Уалдзæгæй у фидиуæг!»

*2010, кæфты мæйы 10-æм бон*

## СÆНТТÆ

Чызгай, нæ мæм дæ удхæстæг,
Æз зонын уый бæлвырд.
Уæддæр нæ дæн дæ удхæссæг,
Æмæ у ‘ргом мæ дзырд.

Дæ рæсугъдæй бæрзонд сæнтты
Æрцыдтæ арвæй сырд,
Æмæ цæрыс мæ зæрдæйы –
Нæма йæ зоныс ды.

Уæларв бæстæй мæнмæ худтæ –
Æрæппæрстай мыл хыз.
Уæларв бæстæм мæ рыст удæн
Æвдадз уыдис дæ хуыз.

Æнæмæнгæй мæ ныхыдзуар
Цъæх æврæгътыл уыдтæ.
Мæн та зæххыл зæххондзуарæй
Хъæуыс æмæ хъуыдтæ.

Уæ хъæугæрон – дзæм-дзæмы суар,
Кæд дзы хæсдзынæ дон,
Фæкæндзæн уæд мæ ныхыдзуар
Мæ сау хæдзар гæндон.

Ыскъæфдзынæн дæуæй мæ уд.
Тæвд батæй судздзынæ.
Бæрзондæй цасфæнды мыл худ,
Æхсин мын суыдзынæ!..

Сæнттæ, сæнттæ – æрмæст мæм хъус.
Мæ хъысмæт, цæй, нæм мæ:
Мæ гомрагъ сабитæ, мæ ус
Кæсынц хъæмæ… мæнмæ.

*2010, цыппурсы мæйы 21-æм бон*

## УЫЙ ДЫН УАРЗТ

Зæдтæ æмæ дауджытæ,
‘Гадмæ ма ‘руадзут мæ урс сæр –
Сисы уарзты зарджытæ…
Нал байхъусдзынæн мæ хъустæм!

Нал хæдзар зоны, нал дуар;
Нал мæ улæфы йæ хъуыды, –
Дзуры, –
сдæн ын урс дзуар…
Афтæмæй нырма – хъуыдыды.

Æз куынæ йын уон æнцой –
Агæпп ласдзæнис кæм былæй!
Нæу ын,
нæу ын,
нæу æнцон –
Уарзт цæвы зæрдæйы бынтæй…

Охх, æрцыдис мыл цы мард –
Счындис мын æнæмæнг хинтæ:
Уарзы,
уарзы мæ, цыма,
Бауырныдта уый мæхи дæр.

*2005, Майрæмкуадзæны мæйы 6-æм бон*

## ЦÆСТЫДЗАГ

Къоста æнæ ‘рбахойгæйæ æрбахызт.
Ныггуыбыр.
Ме ‘рдæгфыст зарæг кæсы.
Йæ хуыз фæтар.
Йæ маст æвиппайд рахсыст.
Мæ къуым ныхъхъус.
Сымæр уазал хæссы.

Поэт æваст ныккæрзыдта, цæф сагау, –
Фыссæн фынгыл мæ рыгъд хъуыды фæхиу.
– Кæй тыххæй бахордтон мæ уд ызнагау! –
Уымæл царыл ныггуыпп ластон мæхи –

Махон тыхджын зæхбын астæрд ныххоста:
– Ныр ын йæ джидзæггаг фыстытæ хынц! –
Мæ къухфыст мын мæ урс сæрыл ныххуырста.
Йæ сыфтæ къуымты, тарст цъиутау, тæхынц.

Бæргæ, гормон, куы суаин искуы гени –
Мæ фыдæбон мын стыр паддзах хынца.
Нæ алкæмæн рæдау цæстыдзаг фенин:
Мæнæн – йæ кад, мæ бинонтæн – æхца.

*2011, æртхъирæны мæйы 13-æм бон*

# ЧИНЫГ – ЧИНЫДЖЫ

## АЙЗÆЛД

### Разныхасы бæсты

*Алы адæймагау, алы чиныгæн дæр йæхи хъысмæт ис. Сæ хъæбулты цардыл бафтауын куыд бирæ ныййарджытæн нæ бантысы, афтæ сæ чингуыты рухсмæ рацæугæ тынг бирæ фысджытæ нæ фенынц. Куырыхон Секъа мыхуырмæ цы фондз чиныджы бацæттæ кодта, уыдонæй фыссæджы удæгасæй рухс федта æрмæстдæр фыццаг – «Ирон фыййау».*

*Ахæм цæвиттонтæ ирон литературæйæ дæр, æндæр адæмты литературæтæй дæр дзæвгар ис æрхæссæн. Æмæ бынтон стæм хаттæй дарддæр иууылдæр баст вæййынц финансон фæрæзтыл. Уый свæййы рухсмæ сæ фæндагыл сæйраг ныхдур – фæрæзтæ нæй, уæд рухс дæр, фæндаг дæр нæй.*

*Уыцы азарæй, мæ бирæ чингуытау, къорд азты сыгъд ме ‘мдзæвгæты æмбырдгонд «Айзæлд» дæр. Сарæзтон-иу æй. Цæттæ-иу уыд мыхуырмæ. Газеттæ æмæ-иу дзы журнал-ты фæрстыл хицæн уацмыстæ фæзындысты. Типографы цалдæр хатты нымайгæ дæр бакодтой, цас хæрдзтæ йын бахъæудзæнис, æмæ та-иу ууыл ныллæууыд хъуыддаг.*

*Ныр, цыма дзы баззад, уый хæссын мæ чиныг «Цатыр»-мæ. Хуыцау æй чиныгкæсджытæм ацы хатт уæддæр фæкæнæд рæствæндаг.*

**Автор**

## АЙЗÆЛД

Царды цинтæ ‘мæ тухитæ,
Царды æгъатыр музыкæ
Арф мæ зæрдæйы зæлынц.
Комы нæрæгау анæрынц,
Уды рæбынтæ базмæлынц,
Урс цæссыгтæй ызгъæлынц.

*1996*

## МÆ РЕСПУБЛИКÆ

Хуыцаумæ иры лæгъстæ хъуысын райдыдта,
Фæивта нæм йæ цæстæнгас цæхгæр:
Мæ Республикæ, марг комæй дæ ратыдтам,
Ыскалдтай хурты хуримæ цæхæр!

Нæ лæгъстæтæ, нæ даргъ куывтытæм не ‘нтыстæ,
Мылазонæй фæцæйцыдис нæ бон,
Стæй Майрæмы хъæбысæй* худгæ рахызтæ,
Æмæ дыл никæмæн цæуы йæ бон.

Ныууынæргъы дæ тæмæнкалдмæ дурзæрдæ:
Дæ фæзындæй хъæддаг ызнæгтæ – пыхс;
Ыскъæрынц дыл æзхуыздæронæй дурзæйтæ;
Æхсондурау, Танталы зынтæн быхс.

Цыфæнды дæм лæбурой тугдзых куыйдзыхтæ,
Сæ хæмхудтæ – æфсæн уæрдæхтæй – баста.
Кавказы хæхтæй рухскалгæ куы ысзындтæ,
Уæд Ирбæстæм Хуыцауы фарн æркаст.

Дæ фæндагыл дыл фарны ‘мбæлæг амбæла –
Æрдзæ æнусты дидинкалгæ цæр!
Цæйнæфæлтау мæ Республикæ амæла,
Уæйнæфæлтау йæ сæрвæлтау – мæ сæр!

*2000, рухæны мæй*

---

* Алы аз дæр рухæны мæйы 21-æм бон нысан кæнæм Мадымайрæмы бон, Республикæ та расидтыстæм 20-æм бон.

## ÆНÆ МÆН ДÆР

Чи буц вæййы йæ куырыхонтæ зондæй,
Кæмæн æрвадæй хуыздæр нæй,
Чи байрайы йæ саулохаджы кондæй,
Æз та дæн буц, мæ Ирыстон, дæуæй.

Нæй мады уарзтæн ницы хæрзтæй ивæн.
Мæнæн ды дæ мæ мад.
Фыды зондæй фæзонæм ивгъуыд, фидæн.
Мæ фыды зонды банкъардтон дæ ад.

Нæй мадызæнæджы ныфсæн ыссарæн.
Ирыстон, ды – мæ ныфс.
Нæ вæййы, Ир, æмкъæйтты æхсæн арæн;
Дæуимæ не скæндзынæн арæн æз.

Хъæбул нæ абоны цин у, нæ фидæн.
Мæнæн дæумæ – мæ каст;
Æмæ дæу тыххæй туджы хъалон фидæм,
Нæ фыдызнæгтæн макуы ‘рцæуæд барст.

Бырсынц æрдонг æрдонгæй ивгæ гуырдзы,
Сæ тæрхон нын – бындзагъд!
Цæстхауд кæнынц дæ фидыцæй.
Мæгуыр дзы –
Сæхи сæртæ.
Æндæра та, Ир, тагъд

Æртхутæгæй ыстæхдзынæ, цъæх маргъау,
Ыскалдзынæ цæхæр.
Нæ абоны фыддуг ысуыдзæн аргъау,
Историйы цалх разилдзæн цæхгæр,
Æнæмæн дæр уæд рай, Ирыстон, цæр!

*1991–1993*

## АЛАН

Хæхтæ – зæххы риуыл карздæр нуæс
Баззад незамантæй нырмæ:
Стыр Хуыцауы стыр карды ныдздзæхст
Райста алан-зæхх йæ риумæ.

Насау афаст, й' астæуыл фæдих –
Носæн баззадысты хæхтæ.
Хур кæсы нæм; уары, зæгъ уа, их,
Фæлæ нал иу кæнынц уæнгтæ…

Алан – арвы цæфæй фаст бæлас,
Иу цырагъау судзы арвмæ.
Алан – царды растбарæн тæраз,
Сарыд карз дугты цъæх артмæ…

Алан – къухтæ арвæрдæм хæдтыгъд;
Кард æд уарт – цæттæ фыдхæстмæ.
Алан – мады риутæ дзаг, хъæддых –
Рухс аланты цот фæхаста.

Алан – хурдзин, иу цæст дзы фæдих,
Иннæ хи æрхæсдзæн дурмæ.
Алан – саджил, судзгæ фат дытигъ,
Тæх, цæхæртæ калгæ, Хурмæ!

*2003, сусæны мæйы 29-æм бон*

## ИРОНИ

Мæргътæн хъармбæсты
(Хуыцау бахизæд)
сæ раздзогтæ куы амæликкой,
уæд-ма фæстæмæ ссариккой фæндаг?

Кæсæгтæн денджызы
(Хуыцау бахизæд)
сæ раздзогтæ куы амæликкой,
уæд-ма сæ дауæнтæм ссариккой фæндаг?

Пылтæ, киттæн
(Хуыцау бахизæд)
сæ раздзогтæ куы амæликкой,
уæд-ма сæ мыггæгты уæлмæрдтæм
ссариккой фæндаг?..

Мæргътæн хъармбæсты
(Хуыцау бахизæд)
сæ раздзогтæ куы амæлой,
уæддæр фæстæмæ ссардзысты фæндаг.

Кæсæгтæн денджызы
(Хуыцау бахизæд)
сæ раздзогтæ куы амæлой,
уæддæр сæ дауæнтæм ссардзысты фæндаг.

Пылтæ, киттæн
(Хуыцау бахизæд)
сæ раздзогтæ куы амæлой,
уæддæр сæ дауæнтæм ссардзысты фæндаг.

Махæн
æхсыд ыстæг кæм аппарынц,
уырдыгæй нæ
нал фæхæссы нæ къах Фыдыбæстæмæ.

*2003, тъæнджы мæйы 17-æм бон*

## ÆРЫМЫСÆГГАГ

Зæхх Хуыцау æрымысыд,
цæмæй йыл…
мах, адæм, фæрнджынæй цæрæм.

Дымгæ Хуыцау æрымысыд,
йæ цæстыты йын…
фæздæг ма калæм.

Адæмы Хуыцау æрымысыд…
уый тыххæй нæ,
куыд æвзæрæй йæ æлгъитæм.

*2003, хурхæтæны мæйы 5-æм бон*

## ИРЫСТОНЫ ХУДИНАГГÆНÆГ ДУÆРТТÆ

### I

Фырдиссаг нæ хæхты æрдз, сатæг суæрттæ,
Нæ адæмы парахат зæрдæйы конд.
Хæддзутæн уæрæх тыгъд – нæ тулдзæй дуæрттæ,
Уæддæр та ныззилы нæ сæрхъæнты зонд.

Нæ дзæдæлты ардыдæй Иры зæххы
Ныддих кодтам не знæгтæн, сой фæхсынау.
Нæ рæстаг удты рыст нæ ничи зæгъы,
Нæ мидарт фæхуыссы, хуылыдз ызныхау.

Таможнæтæ, арæн, ПАИ-тæ, зæгъай,
Сæ дзыппытæ ‘нæмæн ыскъуыдтæ ысты –
Нæ сæм хъуысы мах тухæн.
Галæй, сæгъæй
Цы амонд нынныв чынд сæ ныхыфысты!

Фæцис нæ бынырох нæ ивгъуыд хъысмæт:
Нæ ныфсы мæсгуытæ сæ дуртæй кæлынц.
Йæ хъул сах ыстулы фæливæг хуыснæг –
Нæ хæлæртты къухæй нæ сау цагъд кæнынц.

Нæ чъылдымты арф сагъд ызнæгты кæрдтæ;
Къуымых хырхæй лыгтæ нæ риссаг нуæрттæ:
Ирыстоны иугæнæг Нары кæмтты –
Ирыстоны худинаггæнæг дуæрттæ.

*2000, Майрæмкуадзæны мæйы 16-æм бон*

II

Сæ бон калой уæлхицæуттæ,
Цæмæн мысынц фыддæр арæн?
Куыд ныл рахатт нæ Хуыцау та?
Кæны нын кæд фыддæрадæн?

Къоста нæм сидт, – нæргæ фæдис, –
Ысиу кæнæм Ирыстоны.
Кæй ардыдæй нæ æмцæдис
Нæ хох-рындзæй Иры стоны?

Къоста дзырдта, лæджы номæй
Æрбаиу уæм, æфсымæртæ.
Ирбæсты та Нары комыл
Ныддих кодтой æфсæн дуæрттæ.

Нæ къæсæртыл æд хотыхтæ
Æрбадтис чи кæй фæрсгæйæ?
Æрбахиз-ма, кæд хорз лæг дæ,
Дæ хæдзармæ æдæрсгæйæ.

Нæ адæмы æфсæн нуæрттæ –
Тъымы-тъыматæм дзуринаг.
Ирдихгæнæг æфсæн дуæрттæ
Нæ сæфты бон – нæ худинаг.

*2000, рухæны мæйы 4-æм бон*

## НÆЙ ГÆНÆН

Уæлæрвтæм адæймаг
ракетæйæ куыд æвзиды,
уыимæ абарæн ис
нартхоры æфсиры змæлдæн.

Пыл йæ хъусты фæрцы
йæхи уддзæфмæ куыд дары,
уыимæ абарæн ис
насы сыфтæрты змæлдæн.

Хур йæ хъæбулты
йæхи къухæй куыд ауындзы,
уыимæ абарæн нæй
джитрийы ауыгъд æвзартæн.

Дзæргъ йæ хъыбылты
куыд хæры… хæры йæхæдæг…
уыимæ исты абарыныл
ахъуыдыгæнæн дæр нæй.

*2003, тæргæйтты мæйы 2-æм бон*

## ЗÆРОНД САЙД

«– Цы уыдис, уый ферох кæнæм, –
Мидбылты худынц нæ фыдбоны сыхæгтæ, –
Æмæ дзул тулдзыстæм мыды.»

Сæ «гуырдзиаг» номау нæ рох сты
аллон зæхмæ се 'рконд;
сæ ирон паддзæхтæн сæ нæмттæ дæр;
«Алгъуызы кадæг» æмæ
«Фæранчы цармдарæджы» автор –
Дауыт-Сосланы фæсайд,
Ос-Бæгъатыры мæлæт,
300 арагвиаджы,
13 коммунары,
Ереды 12 сындзтелæйбаст, артысыгъд,
Зары 33 сухтыцагъд ироны…
1920-æм,
1991–1992-æм азты
стæй, чи зоны, цас геноцидтæ…
фæлæ урс дзул мыдимæ
нæ цæсты зулæй дæр
никуы-ма федтам.

Амайæм митæй мæсгуытæ
æмæ хъæбæр кæрдзын
æууилæм цъæх хъыцъыдонимæ…

Уыдон уадзынц
танктæ æмæ бомбæтæ
æмæ цъирынц
уырыссаг сæкæрæй арæзт сæн
«Бушы къæхтимæ».

«– Цы уыдис, уый ферох кæнæм, –
Мидбылты худынц нæ фыдбоны сыхæгтæ, –
Æмæ дзул тулдзыстæм мыды.»
Махæн та уыйбæрц сæйдтытæ – æгъгъæд…
Æгъгъæдæй уæлдай.

*2004, тъæнджы мæйы 16-æм бон*

## МÆ УД

Ды размæ æппæрстай дæхи.
«Рацу», – дзырдтай мын.
Мæн мæ хъарм артдзæстæй нæ хæссы мæ къах.

Æмæ, цыма кометæ – фæхицæн дæ мæнæй;
æмæ, цыма аппæрстай де рагъæй де ‘ргъом;
æмæ, цыма тæргай æмкъай, фæцæуыс…

Æз баззадтæн, иунæг мæра бæласау, афтидæй;
æз баззадтæн, сурмæ рахауæг кæсагау, салд цæстæй;
æз баззадтæн, табæты æвæрдау, æдзæмæй…

Афтæ пыл цъыфы сагъдæй фæнымайы йæ бонтæ;
афтæ кит йæ мыггаджы уæлмæрды фæкæсы адзалмæ;
афтæ зæронд нау донбылмæ бастæй æмбийы…

Мæ у-у-уд!..
Кæдæм тындзыс?!.
Фæлæу мæм.

*2002, сусæны мæйы 4-æм бон*

## ИРЫСТОНЫ ХÆХТÆ

Ирыстоны урсцъити хæхтæ –
урсхил куырыхон зæрæдтæ,
уаих æрбауат,
бакæнут-ма мын уæ зæрдæ!

Уæ худтæ цы ‘рфæлдæхтат размæ,
цы ‘руагътат уæ сæртæ,
цы ныхъхъуыстат зæхмæ?!
Уæ цæссыг уæ цъити-зачъетыл
цы ныллæууыд къада?..

Æниу…
Рагæй фæстæмæ стут дурзæрдæ,
сау зæрдæ,
æндæра фаркгай куыннæ згъæлут,
тигъгай куыннæ кæлут?..

О, гормон,
иу фыды цоты
дыууæ дихы цæмæн кæнут?

*1968*

## ХУДИНАГ, ИРБÆСТÆ...

Фестæм æнæдзуар, æнæхуыцау –
Нал тæфсынц Ирбæсты дурфæрстæ:
Калак куы баззайы ‘нæхицау,
Свæййынц æгъдаудæттæг рувæстæ.

Чи никуы рацыдис иу хæстмæ,
Уый ныл цы хинлæсæн рауагъта –
Рагæй æхсарылхæст Ирбæстæ
Никуы уыд мидцарды разагъта.

Ирмæ куы ‘рбабырстой не знæгтæ,
Хицæуттæ ‘мбæхстысты хуыдæтты.
Худинаг, кадылмард Ирбæстæ,
Кæстæрты холыйæн чи дæтты!

Иутæ нæ сар кодтой ир-хæсты,
Иннæтæ – цармыстъыгъд ирæтты.
Худинаг, кадылмард Ирбæстæ,
Рекетæн ахæм бар чи дæтты!

Никуы ыссардзыстут иу бæстæ,
Цъæхтыл ысбодз кæной чидæрты.
Худинаг, кадылмард Ирбæстæ,
Мулкыл йæ сæрибар чи дæтты!

Чи никуы ныллæууыд иу хæстмæ,
‘Ргæвдынц сæ абон, уæд чи хæтыд.
Хуыздæрты, – худинаг, Ирбæстæ, –
Къæрныхтæн холыйæн чи дæтты.

*2003*

## НÆ ИРБÆСТÆ

Нæ Ирбæстæ бахаудта сары –
Фыдусы æлгъыст ныл æрцыд:
Дыдзæсгом лæг хурварсæй зары,
Нæ кæнæм цыты лæгæн цыт.

Нæ Ирбæстæ бахаудта сары –
Фыдусы æлгъыст ныл æрцыд:
Къуыдыркалм фæзындис йæ сæры
Бæрнон лæгæн – сайæн йæ дзырд.

Нæ Ирбæстæ бахаудта сары –
Фыдусы æлгъыст ныл æрцыд:
Рæстылдзу лæг удæнцой н‘ ары,
Бынхорты хур арвыл æрзылд.

Нæ Ирбæстæ бахаудта сары –
Фыдусы æлгъыст ныл æрцыд:
Фыдызнаг нæ сау хинтæй мары,
Лæууы нæм гæппæввонгæй сырд.

Нæ Ирбæстæ бахаудта сары –
Фыдусы æлгъыст ныл æрцыд:
Нæ хъæбултæ рæстæджы тары
Сæ кæрæдзи мулкыл æхсынц.

Нæ Ирбæстæ бахаудта сары –
Бынсæфт-ма цы вæййы æндæр!
Ир хиты сæрсæфæн мæйдары –
Худ чи дары, фехъус мæ хъæр!

*2003*

ХЪАЛТИМÆ БАЛЦЫ

Нæ хъал лæгтæ, Сырдонау,
Нæ фæдæн æз уæ сайды.
Уæ царды гакк – сырддонау:
Тыхы дуг мæ ыссæнды.

Нæу хъал æмæ мæгуырæн
Сæ фæндаг иу.
Нæ бодзтау
Сæрæйхъаджджын мæгуыртæн
Сæрæйбæхджын у дондзау.

Нæ фæнды мæн уæ балцы –
Мæ уд дæр мын ысласут.
Мæгуыры бон нæу алцы –
Тыхы ластæй мæ ласут.

Сымах цæут уæлбæхтæй,
Æз та тæрын фистæгæй;
Кæм æз цæуын фистæгæй,
Сымах тæрут уæлбæхтæй.

Ноджы уæ хид уæ худтæй
«Сæрфут», хæрут халвайаг.
Ныххудут мыл сæнтхуттæй,
У худæджы хал уайаг.

Худ чи дары йæ сæрыл,
Ысбардзæнис уый алцы –
Банымайут мæ 'взæрыл,
Æз нал комын уæ балцы.

*2002, Майрæмкуадзæны*
*мæйы 28-æм бон*

## БАЗАРЫ КÆЛÆНТÆЙ

Райсомæй
ирæттæ базармæ фæцæуынц
бур цыхт æмæ
бур царвимæ,
нæ сыхæгтæ –
'мбыд дыргъътæ 'мæ
цывзытимæ.

Изæрæй
нæ сыхæгтæ базарæй здæхынц
бур цыхт æмæ
бур царвимæ,
мах ирæттæ –
'мбыд дыргъътæ 'мæ
цывзытимæ.

*2003, тъæнджы мæйы 12-æм бон*

## ИРОН, РАЙ

Лæггæнæг нæу, лæгæн куы кæнай тых.
Кæй фæхастам нæ цæхх æмæ нæ кæрдзынæй,
Сæ сармадзантæй нын цæвынц нæ ных,
Цæмæй кæла нæ цъæх фæздæг нæ «къæдзилæй».

Уæддæр нæ уæраг нал цуды, нырраст.
Истори нæ фæлвары ‘нусты, цъингуыртау,
Фæлæ-иу не знаг ингæнмæ ныллæст –
Ныздухæм сæ фыры сыйы мах, дзинкъуыртау.

Нæ ныл калы Ыстыр Хуыцау нæ цар,
Æмæ йыл, ирон, рай, ды, рай!
Цæмæй адзалæй акæнай мадзал,
Гъе, уый тыххæй иронæй хъуамæ райгуырай!

*1994*

## АМЕРИКÆ, МА ЕРРЫ КÆ

«Гуырдзыстоны территоримæ АИШ æмæ НАТО-йы æфсæддон контингент баконд кæй цæуынц, уымæ гæсгæ фæстаг рæстæджы Гуырдзыстоны дзыллон информацийы фæрæзты официалон адæймæгтæй арæхдæр райхъуысы Хуссар Ирыстоны адресыл æртхъирæнтæ.»

*Хурзæрин, 2002 кæхцгæнæны мæйы 9-æм бон*

«Грузинские власти уже не однократно заявили о возможном решении конфликта военным путем.»

*Труд, 2002 майрæмкуадзæны мæйы 9-æм бон*

### I

Нæ фыдбоны сыхæгтæ нæм
«фæлæбурæм», «фæхъуыззæм» фæкодтой –
сæ ныфс нæм æрбахæссой,
уый нæ зонын;
Америкæйы нæ къæсæрыл слæууын кодтой.

II

Марг калмæй цæуы,
къæвда мигътæй уары,
цæссыгтæ зæрдæйæ згъæлынц…
Дунейы фыдбылызтæ кæмæй цæуынц,
уый зонын афон нын у.

III

Æрдæгæхсæв дымгæйы ниудмæ
Фестъæлфыд мæ зæрдæ –
бырсынц нæм чи:
нæ фыдбоны сыхæгтæ æви дард, тугхор Америкæ?
Ам, ери-гъа!..

IV

Америкæйы ‘рцыд нæ къæсæрмæ –
тасы хос.
Фыдгауыр хъызт зымæг
хъæддаг сырдты дæр
сæ кæрæдзийæн уарзын кæны.

V

Ир, кæддæрау,
нæ фыдæлты мæсгуытæ амайæм –
дардмæ
не знæгты рахауинаг цæстыты
ныхсынц ракетæтау.

VI

Нæ фыдбоны сыхæгтæ нæм
сæ цыфыддæр хотыхтимæ ‘фсæрынц;
ноджы сын тугдзых Америкæ бамбал.
Америкæ,
ам еныр икъа?!.

VII

О сабитæ,
хæсты бæсты гæлæбытæй хъазут –
Америкæ æрлæууыд нæ къæсæрыл,
æмæ хæст
æнæфенгæ нæ фæуыдзыстæм.

VIII

Америкæ Японы сабиты тæригъæд фæхаста;
Америкæ Вьетнамы сабиты тæригъæд фæхаста;
Америкæ Ирачъы сабиты тæригъæд фæхаста...
Ныр нæ фыдбоны сыхæгтимæ
Иры сабиты тæригъæд хæссынæй цæмæн фæтæрсой.

IX

Нæ фыдбоны сыхæгты хотыхджын æфсад
æнæхотых ирæтты ахстой,
нæ туг нын сырх сæнимæ ноztой;
ныр Америкæ дæр
ирон тугæй сдойны.

X

Мæ къухтæ, муртаттаг лæгау,
лæгъстæгæнгæ арвмæ ныттыгътон –
Америкæйы хъæстæ нæм уæддæр ма ‘рбауадз.
Мæ къухтæ
хивæндæй хотыхмæ тонынц.

XI

Хуры азарæй
зæхх чъырын арты судзы.
Нæ Хуыцау,
Америкæйы куывдмæ ма байхъус –
Батрадзау, не ‘нæсæрст тъангæй нæ ма амар.

XII

Америкæ нæ фыдбоны сыхæгты æфсады
хæстæввонг кæны –
хъуамæ ныббырсой Ирыстонмæ.
Куыдзы гуыбынæй ныл
рæйынц йæ хъæвдынтæ.

XIII

Сæрдыгон дон
куыд дæлæмæ кæны гыццылæй-гыццылдæр.
Ныгъуылы хуыры.
Дæлейæ Гырдзы æмæ Америкæ кæнынц
сæ сау фæндтæ,
æмæ йæ нæ фæнды сау лæгты фенын.

XIV

Бæлæсты хихтæ арвы риу тонынц –
Америкæ Ирыстонмæ
ныббырсынмæ хъавы?
Америкæйаджы дæр хизы нæмыг;
америкæйаджы дæр кæрды кард.

XV

Сау хъæды
сау-сауид халæттæ
сæ сау бырынчъытæ нал кæнынц холымæ –
америкæйæгты федтой
æмæ ногæргæвст лæджы фыд агуры сæ зæрдæ.

XVI

Сау-сауид халæттæм
урс халæттæ уыдис.
Нæ фыдбоны сыхæгтæ ‘мæ
сæ фæсденджызаг хъузæттæм
æхсадкъух адæймæгтæ – гъада-гъа!..

XVII

Иу къухæй
иннæйы аргæвд, амар,
стæй сæ бастъигъ…
Сты дæ хъуыддæгтæ, Америкæ,
æрра митæ.

XVIII

Америкæ Вьетнаммæ галæй бацыд
æмæ хъугæй раздæхт;
Америкæ Иракмæ галæй бацыд
æмæ хъугæй здæхы…
Америкæ, ма ерры кæ!

XIX

Америкæ
Кавказы хуыдымау змæнты,
фæфос кæнынмæ дзы хъавы.
Америкæ,
ам хрен икъа акæрда.

XX

Махæй нæ сыхæгтæм
суадон, зæгъай;
суары дон кæлы;
уыдонæй махмæ –
сæ хъæстæ.

XXI

Ныгуылæнæй
нæ фыдбоны сыхæгтæм
доллартæ тæхынц,
уыдонæй махмæ –
ракетæтæ.

### XXII

Нæ фыдбоны сыхæгтæ Америкæйы с…æй
æртхъиpæн кæнынц:
«Фæбырсæм уæм!»
Оу, куыннæ ‘фсæдынц ироны фыдæй!
Оу, куыннæ æфсæдынц ироны тугæй!

### XXIII

Америкæ кæуы,
дзыназы йæ хъæздыг мæрдтыл.
Ирыстон ын йе-йе кæны.
Ирон мæгуыр мæрдтыл
æддагон кæуæг нæй.

### XXIV

Монгол нæм лæбурдтой;
немыц нæм лæбурдтой;
нæ фыдбоны сыхæгтæ нæм алы хатт дæр лæбурынц…
Амондджын уыдзысты афтæ чи дзурой:
«Америкæ нæм лæбурдтой…»

### XXV

Чидæр арс æрцахста
æмæ йын йæ ауадзын нал зыдта;
чидæр йе ‘рбадæнтæй лыгъд…
Америкæйы дуар бакодтам
æмæ йын йе ‘хгæнын нал зонæм.

*2002*

## ХÆСТОН УАВÆРЫ

*(Фолькер фон Тернейы мотивыл)*

I

Сæ гæды митæм
ракастыстæм
нæ цæстытæй.

Сæ танкты нæрдæй
рахаудысты
нæ хъусты къæрмджытæ.

Ныр сæ уынæм,
хъусæм сæ, æмæ зонæм,
сыхаг цахæм ма хъуамæ уа.

II

Сæ сармадзанты нæрдæй
байгом нын кодтой
нæ хъустæ.

Нæ судзгæ хæдзæрттæм
скæсын нæ кодтой
нæ цæстытæй.

Сæ марджы лæсæнты
раргом нын кодтой
сæ зæрдæ.

Еныр сæ федтам,
еныр сæ хъусæм,
еныр сæ зонæм…
Нал нын ис еныр фæсайæн!

*2003, хурхæтæны*
*мæйы 13-æм бон*

## ТУЛДЗБÆЛАС

Хъæуы нæй, фæлæ – хъæугæрон,
дардылзылд æмæ хъус.
Хъæды нæй, фæлæ – хъæдгæрон,
сфæлдæхынæввонг, хус.

Хъæумæакæсæн – тулдзбæлас,
хъæуы аууондар, сусс.
Хъæды райдайæн – тулдзбæлас,
тымыгъты цæвæн, хус.

Иунæг – дурнæмæн, сыстыр ‘мæ
‘вдадз-хос хъæуыл тыдта,
‘Хсæв йæ сыфтæрты сыр-сырмæ
хъæу хæрзфынтæ уыдта.

Алаз уый ауон – хоры куывд,
дардыл – зад кæрдæг, цъæх.
Хъуыст-иу цины зард, фарны куывд,
фынгтыл – урс дзул æд цæхх.

Алы зымæг-иу уаддымæн
хъæумæ саста йæ тых.
Цæргæстæ-иу æрбадынæн
уымæ скодтой сæ ных.

Нæй йæ хус зæнгыл гагатæ…
Арв йæ сæрмæ – цъæх ирд,
Æмæ й‘ алыварс талатæ
арвмæ ‘вазынц сæхи.

Чи зæгъдзæнис: «У тулдзы ‘нгæс», –
искуы исчи мæнæй?
Мæн дæ цард хъæуы, Тулдзбæлас!
– Кус!
Фæндонæй цард нæй.

## ИНФЛЯЦИ

«И пришла инфляция».

*Меджа Мванги*

Знаджы ардыдæй
адæмы нал æмæ нал равдæлд куыстмæ,
сæ кæрæдзийы кæрдтыл æфтынц;
алы хæдзармæ ныххойы,
дзыназы инфляци:

зæххæн нал ис зæхкусæг,
хор ысыстæм,
кæрдзыны аргъ сгæпп кодта арвмæ;
кæрдзын сыстæм,
дзидзайы аргъ сгæпп кодта арвмæ;
дзидза сыстæм,
арахъы аргъ сгæпп кодта арвмæ;
арахъ сыстæм,
бензины аргъ сгæпп кодта арвмæ;
бензин сыстæм,
фæндаджы аргъ сгæпп кодта арвмæ;
фæндаггаг сыстæм…

Нæ уаз кувæндæттæм ысбалц кодтон къахæй.
Зæддоныбадинаг дуæгтæ мын загътой:

Куыдзыхты рæстæджы
тыхджынтæ æдыхты хæрой хъуамæ,
стæй-ма кæрæдзийы ысджытыл
сысдзысты се ссыртæ ноджы…
æмæ та ‘рцæудзæнис
ног РЕВОЛЮЦИ!

*1992, цыппурсы мæйы 5-æм бон*

## ТАС

– Æхсæв,
цæмæй фæтæрсыс?
– Фæтæрсын
уасæджы уастæй.

– Талынг,
цæмæй фæтæрсыс?
– Фæтæрсын
хуры æркастæй.

– Цинад,
цæмæй фæтæрсыс?
– Фæтæрсын
судзгæ цæссыгтæй.

– 'Взонгад,
цæмæй фæтæрсыс?
– Фæтæрсын
хæлæджы цæстытæй.

*2003, тæргæйтты*
*мæй, 2-аг бон*

## КÆМÆДÆРТЫ

Цард чи зоны, уый зæрдæйы
Ныр нæ тæфсы цин.
Иу зондцухыл скъуыхт сæдæйы
Худгæ ивы зин.

Мæн цæмæн хъуыд зонды къуыбар –
Стæнау мигътæм рæй.
Уайнæфæлтау мацы æмбар,
Гъемæ, цардæй рай.

Рай дæ къæлæтджыны бадтыл,
Урс дзултæ æмпъух.
Уæллæгтæм дæ къæдзил батил,
Дæллæгтæм – дæ къух.

Фæлæ дуæрттæ чи æхгæна
Хурыл, – бодз, фыссæг, –
Хи туг-ыстæг чи уæй кæна,
Уый куыд быхса лæг?!.

Уе ‘мгад не сдæн, гъе, æмæ мыл
Ма калут уæ хъал.
Цардивæны удмæлæны
Не стут мын æмбал.

Бафсæдут фыдцарды хуртæй.
Мæн хæрдзæн ызмур,
Цалынмæ фыддуджы хурхæй
Не сласон æз хур!

*1998–2002*

## ЗÆРОНД БИРÆГЪ

Зæронд бирæгъ фахсмæ
фосы рæгъаумæ каст
æмæ йæ ихсыд мылытыл
йæ комы дæттæ цыдысты…

(Бецау, æдых зæрондæн
куыд фæзын вæййы цæрын.)

Зæронд бирæгъ рындзыл,
рæмпæгхæрд цармау – хауд,
æмæ йæ ныфсмардæй йе стонг
йæ цæсты фиутæй саста…

(Бецау, æдых зæрондæн
куыд фæзын вæййы цæрын.)

Зæронд бирæгъ фосмæ
фистбадт гуыбыныл хылд
æмæ йæ калд уæнгтæ тæсæй,
гæдыбæласау, рызтысты…

(Бецау, æдых зæрондæн
куыд фæзын вæййы цæрын.)

Зæронд бирæгъы ссыр
фыры хъуыры ныссагъд
æмæ тыхст фыры фæндонæй
тарст фысы фæдыл ызгъорста…

(Бецау, æдых зæрондæн
куыд фæзын вæййы цæрын.)

Зæронд бирæгъ куыйтæн
фæцис бындзыггай пырд,
фыййæуттæ йын цым лæдзджытæй
ысбæзджын кодтой йæ цъæх царм…

(Бецау, къæрных зæрондæн
куыд фæзын вæййы мæлын.)

*1977, кæхцгæнæны мæйы 3-аг бон*

* * *

Мæ лекцитæм студентты
кæронмæ куынæ фæнды хъусын,
уæд æфсæрмы кæнын дæуæй, Ирыстон.

Мæ чингуыты адæмы
кæронмæ куынæ фæнды кæсын,
уæд æфсæрмы кæнын дæуæй, Ирыстон.

Сæ цæсгомы царм уа цæмæй,
нæ адæмы туг чи фæцъирынц?..
Ныккæнд сын мад-фыды удæст, Ирыстон

*24.09.06.*

х х х

Ирыстоны стыр хицæуттæ сæ кæрæдзийы
дзыхæй æппæлынæн исынц,
гуырдзы æмæ хъулгъайы фæстæмæ нæ
зæххытæм кæй здахынц, уый.

*Автор*

Не знæгтæ фæкæуæнт –
Цин кæнæм цæуыл:
Здæхы нæм æд цæуæт
Не сафæг сæлдыл.

Байтыгътам нæ дуæрттæ –
Рацу, ‘хсæв уа, бон.
Ис сыл нып фысдзæрмттæ.
Уас нæ уæд нæ бон.

Не ‘ууæндын мæ хъустыл, –
Цасфæнды йæ бар, –
Кæд ысхæцынц буцтыл:
«Ме ра шваши вар?!.»*

Ма ‘фхæрæм нæ дуджы.
Ног мæстаг нын и.
Тагъд та, тагъд… йæ туджы…
Не знаг найæд хи.

*1999, тæргæйтты мæйы 20-æм бон*

## ЗМИСЫЛФЫСТ

Нæ хъуыды у
денджызгæрон
змисылфыстау –
уылæн рацæуы,
ивгъуыд сисы,
æмæ йыл ныффыссы
йæхи къухæй.

Ферох нæ вæййы,
не знæгтæй нæм цы кæсы.

Уыдонæн та цæсгом нæй –
бахæрынц,
кæй сæ фæцæгъдæм,
уыдоны дæр.

*2003, хурхæтæны мæйы 13-æм бон*

* Æз цы азымджын дæн? (*гуырдз.*)

# РАГФЫДÆЛТЫ ЗÆХХЫЛ

## 1. ПРИДНЕСТРОВЬЕЙЫ РЕСПУБЛИКÆ

Рагон нæ фыдæлты зæхмæ, –
Рыст уды рыст митæ, –
‘Рцыдтæн:
Цъæх фениксау, стæх-ма,
Мæхиау сæрибар
Приднестровьейы Республикæ!

Цасфæнды хойæнт сæ сæртæ
Знæгтæ, – лыскъуд митæ! –
Нал сын равдисдзæн йæ зæрдæ
Мæхиау сæрибар
Приднестровьейы Республикæ!

Не знæгтæ, ‘рцæут уæхимæ –
Зоны уæ публикæ!
Мæн, ехх, нылвæста йæхимæ
Мæхиау сæрибар
Приднестровьейы Республикæ!

*2002, 2004*

## 2. КÆНÆ… КÆНÆ…

Куыйдзыхтæ
кæмфæндыдæр –
халдихтæ:
Молдавæйы уа,
Гуырдзыстоны…
Хъавынц
хæрынмæ нæ
æд-хъæдхъиутæ –
Уалынмæ
ниуæнт
куыдзыстоны!
Сты
рæстылдзу адæм та
æфсымæртæ:

Приднестровье,
Абхаз,
Иры, уæд!..
Дзурынц æй
нæ бæсты
нæ хотыхтæ:
Кæнæ –
сæрибар,
кæнæ –
мæлæт!

*1998, рухæны мæйы 2-æм бон*

3. БИРÆГЪТÆ

Бирæгътæ
иууыл –
къуыбырхъустæ.
Се ссыртæ
сæлвæстой, акæс.
Дуне æппæтхъом,
цы ныхъхъус дæ –
Рахæсс,
дæ тæрхон сын
рахæсс!

Гуырдзы,
хæбæцц-хæбæцц,
Иры зæхх,
Абхазы
сай-май ныхъуыры;
Молдавæн
уа хуыздæр мацы зæгъ –
Саг Приднестровьемæ быры.

Хохаг Хъарабах
йæ сау тугæй
Балхæдта
‘нустæм сæрибар!

Чи нæм нæ бырсы
хъæддаг дугæй –
Сайы сæ
не ‘рттывд,
зæринтау.

Бирæгъы бахъавд –
тыхы сæрыл.
Бушæй хотыхджын –
лæгæн дæс!
Садзы
цъæл базыртæ æвзæртыл,
Фæлæ
сæ гал нæ –
æгæвдæс.

Бирæгътæ
иууыл –
къуыбырхъустæ.
Се ссыртæ
сæлвæстой, акæс.
Дуне æппæтхъом,
цы ныхъхъус дæ –
Рахæсс,
дæ тæрхон сын
рахæсс!

*2004, Майрæмкуадзæны*
*мæйы 28-æм бон*

### 4. НЫФС

Мæ Ирыстон,
дæ хъæдгæмттæн нырма
Кæлы
сæ фæздæг арвмæ:
Нæ фыдызнæгтæн
сусæгæй марын –
Сæ ныхыфысты
арф фæд.

Мæ зæрдæ
хæстæйхауд та мæ
хæссы,
Приднестровье,
дæ зæхмæ.
Мæ Ирау уый дæр
тугкалæн хæсты
Цъыбырттысыгъд кодтой
сæгътæ.

Балканы куыд уыд,
Шипкæйы хæсты –
Æххуыс нын кодтой
мæрдтæ.*
Æрфарстам сæ
сæ æнæфыст хæстæй –
Фæкуыдтой сыл
сæ мæрдтæ.

Ныккалд
нæ барты сæрвæлтау
нæ туг.
Ызнаг
йæ хызы бахауд.
Æмæ нæм
равдыста йæ цæсгом дуг –
Чысыл нæм
мидбыл бахудт.

Сæ бартæ райстой
тугкалæн хæсты,
Приднестры зæхх,
дæ адæм!
Сæ кад стахтис
дунейы цæсты.
Сæ цард –
мæ цард
у адæн.

* Сæ нымæцæй стыр адæмтæ 1991–1992-æм азты гыццыл адæмтæн геноцид куы расидтысты, уæд фыдбоны «уæллæгтæ» дзырдтой, цалынмæ, дам, мæрдтæ минтæ нæ ахизой, уæдмæ, нæ трагеди хъусæрдарыны аккаг нæу. Шипкæйы та уырысы æфсад, нæмыг сæ кæмæ нал уыд, уыдон се знæгтыл калдтой мæрдты.

Сæ уаг,
сæ конд,
сæ цинты цин сын фысс –
Кæсын
сæ рухс цæстытæм.
Мæ ныфсыл мын
æфтауынц ноджы ныфс –
Цæттæ дæн
ног хæстытæм!

*2004, Майрæмкуадзæны*
*мæйы 30-æм бон*

## 5. ПРИДНЕСТРОВЬЕ ÆМÆ ИРЫСТОН

Приднестровьейы хæдзæртты къулты
нæмгуыты цæфтæй,
Днестры уылæнты сагъæсæй,
ʻнафоны уæлмæрдты æдзардты хъæрзынæй,
саударæг
цæссыджы батайæг мæдты æдзæм лæудæй
нæмыгсыгъд уæлдæфы
дзыназы хæстарыд Ирыстоны
мæстæлгъæд мидбылхудт мæ зæрдæйы.

*2004*

## 6. БÆХТЫЛ ХЪАЗТ

«Зоныс ахъазын бæхыл?» –
Сатæг хъæлæс хъусын.
Приднестровьейы зæххыл
Не ʻууæндын мæ хъустыл.

Уайы чызг мæ разæй тагъд –
Стъалытимæ худы.
«Раййаф мæ тагъд!» – систа загъд,
Бацард зæд йæ уды.

Кафы, нал хæцы зæххыл:
Пурти раст, хæрдмæхау.
Баййаф тагъддæр æй бæхыл,
Раздух æй, уæрдæхау.

Ех-х, чъынды фысымтæ, ех-х!..
Уазæгмæ цы радтат?! –
Бæхыл атыхсы мæ ехс –
Ма атындза ‘наккаг.

Уырдыг дæр мын фестад хæрд –
Номы дугъон бастад.
Уыйон дæр ныффæллад кæд? –
Баййæфтон æй уайтагъд;

Нал æвæрдта бæх йæ къах…
Нал æз – уйтæ-айтæ…
Дисаг ефсæн та йæ бæх
Кодта батæ.

*2001, рухæны мæйы 2-аг бон,*
*Тирасполь*

7. КОНЬЯК

Гуырдзиаг коньяк –
кæм ис коньяк?
Дагъыстайнаг коньяк –
ома, коньяк.
Сомихаг коньяк –
афтæ коньяк…
Приднестровьейаг коньяк…
Уый дын коньяк!

*2004, Майрæмкуадзæны мæйы*
*29-æм бон*

8. ТИРАСПОЛАГ ХУЫСНÆДЖЫТÆ

Не ‘вгъау кæнынц сæ ахорæн
Тирасполаг хуыснæджытæ –
Сахаргæнæг Суворовæн
Сæрдынц йæ бæхы æйчытæ…

Уагæры сæм цы маст хæссынц?
Уымæй уæлдæр æм не ‘ххæссынц!

*2009*

9. АМ…

Ам –
Приднестровьейы удмæ хæстæг зæххыл
агурын халгай
мæ фыдæл скифтæн сæ фæдтæ…

Арвæй ныкъулынц,
ныкъулынц сæ сæгъирд цæстытæ…
Днестр –
сæ æрттигъ фат
афаста ‘гасæй мæ гом риу…
Се ‘нæдомд æфсургъты
зилгæ сæфтæджытæй,
удхор сау сынтау,
стæхынц мæ зæрдæйы арфæй
чъылбызтæ.

*2001, Майрæмкуадзæны*
*мæйы 31-æм бон*

ИРОН МАД

Арвы талынг гуыбын
нæмгуытæ ‘гæрдынц æрттивгæ –
ирон мад та
скодта саутæ.

Арв ныл, цæхæркалгæ,
бомбæты худынмæ згъæлы –
ирон мад та
скодта саутæ.

Иры сахъгуырдтæ æд
хæдæхстæ худгæйæ ‘рхауынц…
Ирон мад
куыннæ дара саутæ?..

*1994, Майрæмкуадзæны*
*мæйы 9-æм бон*

## МАДЫ ЗÆРДÆЙЫ ХЪÆДГÆМТТÆ

Арвæй, сусутæ-бусутæгæнгæ,
гамхуд парашютты
‘нгуылдзæййас хъазтæ тæхынц ‘мæ тæхынц;
зæххы хъæдгæмттæ – бомбæты фæдтæ,
хæдзæртты саусыгъд пырхæнтæ,
ногкъахт ингæнты обæуттæ,
къуыппытæ, дзыхъхъытæ,
бæмбæджытæ адæгæй хафæгау, хафынц…

Райсомæй урс-урсид дзæнæты
сабитæ урс-урсид карст дурæй
аргъæутты галуантæ суаддзысты;
райсомæй урс-урсид дзæнæты
сабитæ, хъазгæ ‘мæ худгæйæ,
кафдзысты, зардзысты,
адæмыл урс цины базыртæ садздзысты…

Райсомæй никæй æндавдзæн,
зæххы – ингæны сау хуылфы
бомбæ-ракетæтæ мæстæй сæ хиды кæй мæцынц,
тугдзых куыйдзыхтæ сæ фынты кæй ыстъæлфынц…

Арвæй, сусутæ-бусутæгæнгæ,
гамхуд парашютты
‘нгуылдзæййас хъазтæ тæхынц ‘мæ тæхынц,
зæххы хъæдгæмттæ æмбæрзынц...

Иунæг сын мады зæрдæйы хъæдгæмттæ
нæ комынц æмбæрзын.

*2002, æртхъирæны мæйы 2-аг бон*

## БОНЦЪÆХТЫЛ

Боны цъæх æхсæвы тары
ахъардта донау,
æмæ стæлфыд мæ рыст уд –
дысоны минæуарæнтæн
разындзæн рухсмæ сæ фæд.

Боны цъæх æхсæвы тары
ахъардта донау,
æмæ стæлфыд мæ зæрдæ –
дысоны минæуарæнтæн
мæрдтæй уыдзæнис ныр аргъ.

Боны цъæх æхсæвы тары
ахъардта донау,
æмæ стæлфыд мæ хъуыды –
не стыр фыдбылызы ‘хсæвтæй
ахъуыдты иу.

*1992, хуымгæнæны мæйы 9-æм бон*

## БАДАРУТ УÆ ЗÆРДЫЛ

Кæсут сæм æмæ бадарут уæ зæрдыл:
фырхæрд æмæ фырныуæзтæй –
ивæзтахсæн, рæсыдсæртæ,
уæддæр, кæфхъуындартау, бырынц,
нæ маамæлайы къæбæрмæ хъавынц.

Кæсут сæм æмæ бадарут уæ зæрдыл:
сæ рухс галуантæ – дуарæхгæд,
сæхæдæг хуыккæмтты цæрынц,
уæддæр, цъæх хæрджытау, бырсынц –
нæ афтид, фæлæ райдзаст къæстæм хъавынц.

Кæсут сæм æмæ бадарут уæ зæрдыл:
сæ цъæх быдыртыл не ‘ххæссы сæ цæст,
мæлæты тæсæй уæлдæф сафынц
æнуд тæфæй, уæддæр-ма нын
нæ ингæнты зæхх исынмæ дæр хъавынц.

Цæвут сæ æмæ бадарут уæ зæрдыл:
нæ бæстæйæ уæлмæрд саразæн нæй,
сæхи быдырты сæ хъæуы ныгæнын!

## ЦХИНВАЙЛАГ ЦАРД

Лæг фæцæры боны цинæй,
Гъемæ, цинтæ ‘взарæм.
Дон нæм рацыд, доны цинæй
Худтæ арвмæ ‘ппарæм.

Искуы иу хатт рухс ыссудзæд –
Скæсынц ныл уæд хуртæ.
Зæрдæ цины малы судæст,
Самал кодтай сугтæ.

Иу мæрты дзаг дзуллаг ма ‘рысс, –
Цардаразæг – фадат, –
Кæд ыскъуыдбыл сау дзул арыс,
Уæд дæ хъул сах абадт.

Уынгæй къуыммæ, хи хæлд къуыммæ
‘Гас хæдзар куы сарай,
Рай цæрынæй уæд хæрынмæ,
Де ‘гæртæ ныккалай.

Не знæгтæ нын топпæргъæвдæй
Кæд æхсынц нæ зæрдæ,
Дзаг фынгтыл сын номырæгътæй
Уæд сæттæм сæ сæртæ.

Ничи нæ хъæуы æмбалæн, –
Ма хæцæм æфсæнттыл, –
Кафгæ-худгæйæ æмбæлæм
Удхæссæг уа, зæдтыл.

Мах фаг тухи чи кæм ары,
Не знаг хи фæтона.
Афтæтæ цæрæм Цхинвалы,
Афтæтæ, мæ къона.

*1997*

## ЗЫНДОН

Нæ хъуыдыйы фатау,
ызгæфындз цыргъ фатау,
нæ удты фыдæнæн нынныхст:
æнæхъæн Дун-дунейы
уалдзæджы къæсæрыл
иунæг ысулæфы Зæхх.

Фæлæ нæ дунейы тыгъдады искуы
ахæмтæ ‘нæмæнгæй ис:
стъалыдзуан чи кæны арвыл,
кусæрттаджы хурхмæ
хъама ныддарын кæй зæрдæ нæ тæры;
дидины хæрздæфæй чи стæлфы, сонтау;
уæрджытыл лæугæйæ чи кувы Уарзтæн…

Гъе, фæлæ мады гуыбыны дæр хатгай
адæмы фыдызнаг зины æлгъыстæй
хъулæттæ-мулæттæй фаззæттæ рæзынц,
Авелтæм Каинтæ карды фындз дарынц
æмæ, кæуыл хæты искуы йæ Хуыцау,
уыдон зындонмæ нæ зæхмæ æртæры:

Мадзура, рохстæй Хуыцауы къахæргæвдæг
чи вæййы – Англисмæ уыдон;
худгæ, рæвдаугæ лæджы цæстыты ‘хсæнæй
фындз чи фелвасдзæнис, уыдон – Францмæ;
хи удæй уæлдай дуаг дæр кæмæн нæй –
тугдзых Америкмæ,

Германмæ уыдон;
алы кæлæнтæй цæстфæлдахджыты –
сомихмæ, дзуттæм;
ноэтхæрдты – Уырысмæ;
алы хъæддаг митæ, давын,
тона-æвзонайæ чи цæры,
ахæмты – Хъулгъамæ;
адæймаджы тугæй бафсис чи нæ зоны,
искæй æввонг бынтæм,
хурмæвæрд сойау,
йæ цæстыты фиутæ кæмæн тайынц,
Гуырдзымæ – уыдон…

Райгуырæн уæзæг хæддзутимæ чи уары,
хи сыгъзæринтæ кæйдæр сау æвзалыйыл
уазалзæрдæйæ чи фæивы алхатт,
'нæбын къæртайы йæ ис, йæ бон чи 'фснайы,
искæй æмдзæгъдмæ йæ къах-къухтыл чи кафы,
чи цæры 'нус-æнус сайæн ныфсытæй,
уыдон та уадзæм нæ тæригъæд Иры.

*1987, рухæны мæйы 22–23-æм бонты*

х х х

Фæхæссы дуг йæ уæззау æфсондз цардмæ –
Ысвæййы адæмы знаг президент;
Прьемер уа, спикер – алас сæ хи дардмæ;
Æрмæст сын нард гæртæмттæ бирæ дæтт,

Куыд никæмæн сæ схæлбурцъ кæна й' ахсæн;
Фæнды уæд дуне гаффутæй цæнкуыл.
Мæ бадт хъуыдыйы, арвы цæфау, ахсын:
Бынаты лæгæн йе стыр цин – йæ гуыл.

Æмæ æз се 'хсæн н' агурын хуыцæуттæ,
Ис хæрзты 'хсæн дæр равзарæн æвзæр.
Мæнæйуый, кæд ды уыдонæй хуыздæр дæ,
Сæ астæу уæд цы нытътъыстай дæ сæр?

*1998, хуымгæнæны мæйы 22-æм бон*

## ХÆСТОН ЗЫМÆГ

Зымæг уыцы бæстонæй йæ митын хъæццулы
Зæхх, нæ фæлмаст зæххы тугæрхæм хъæдгæмттæ
нуæрды.

Зæххы гом комæй,
Минæтæ æхсæгау,
Саузылдæй пелтгай
Салд мæр ыстæхы.

Иры сагсур хъæбултыл саударæг мæдты
Цæссыг ихын къуыбæрттæй сæ ингæнтæм хауы.

Иу къухы – хæдæхс,
Иннæйы бел ис.
Дудгæ фыд-зымæг
Æрмттыл нындæгъдис.

Ингæны, сау ингæны-ма ‘рулæфы сахъ лæг.
Сау мæр æфсæрмæй миты æмбæхсы йæ цæсгом.

*1992, æртхъирæны мæйы 18-æм бон*

## РИССЫ СЛОВЕНИ

к æ н æ

## АМЕРИКÆЙАГ БОМБÆТÆ

Сау лæгтæ…
сау къухтæ…
бомбæтæ…
Саумæр зæхх,
хæдзæртты сыгъдæттæ…
Сабиты,
устыты ног мæрдтæ…
Лигъдæттæ…
лигъдæттæ…
лигъдæттæ…

Хуссар Словени,
цæф фæранкау,
стæлфы…
Хуссар Ирыстон
мæ зæрдæйы
стъæлфы.

*1999, тæргæйтты*
*мæйы 29-æм бон*

САБИТЫ ХЪАЗТ

– Су-у-уитт! –
сабитæ, даргъ æхситт ауадзгæ,
срæмудзынц худгæ цыдæртæ…

Хæдзæртты, ныккæндты, уынгты
ацæргæ зæрæдтæ, тарст сагау,
арвыл ныццæвынц сæхи…

Афтæ ныл Чъребайы арвæй
æхсæв æмæ бонæй, æхситтгæнгæ,
нæ сыхæгты бомбæтæ згъæлдысты…

Уый уыдис æрæджы.

*2002, сусæны мæйы 12-æм бон*

МАХ ÆМÆ НЕ ЗНÆГТÆ

Хойраг зайын кæнæм тыхæй,
Дыргътæ зайын кæнæм тыхæй,
Халсар зайын кæнæм тыхæй …

Кæнæм сыл хъацæнтæ,
Донхæр сæ кæнæм нæ хидæй,
Уæддæр нæ фæсайынц…

Хæмпæлгæрдæджы цæгъдæм,
Арты йæ судзæм,
Кæнæм æй мыггагыскъуыд…

Уæддæр та нæм дурты бынæй, –
Цыма Ирмæ нæ цыфыддæр знаг, –
Ысдары йæ сæр.

*2003, Джиуæргуыбайы мæйы 30-æм бон*

## АЛЛОН-БÆСТÆ

Уæуу, мæ Райгуырæн, цы зæхх дæ,
Былмæ хи чи ыссоны?!
Хауы тъæпп дæ мæтæй зæрдæ –
Хорз, æвзæр чи нæ зоны.

Уый дæ разагъта хъæбулты
Туджы къæвдатæ ласынц;
Чи цъирынц дæ сой дæ дуртæй,
Уыдон та сырх сæн нуазынц…

Уæуу, аллон-бæстæ, цы зæхх дæ,
Былмæ хи чи ыссоны?!
Хауы тъæпп дæ мæтæй зæрдæ,
Хорз, æвзæр чи нæ зоны.

*1995*

## ИРÆЙ РАХАУГÆ

Никуы ‘мбæхстон мæ Ирæй мæ муртæ,
Гъе-мæ, ‘йиæфтон иронæй, цы фыд ис.
– Дур дæ? –
кодтой мын фидис.

Калдтой, хохыл æхсæгау, мыл дуртæ.
Мæн Ирыстоныл сагъæстæ хордтой.
– Дур дæ? –
фидис мын кодтой.

## *Цатыр*

Мæн нæ хъуыдысты мæйтæ‘мæ хуртæ.
Иры цинæй хуыздæр мæ нæ хъуыдис.
– Дур дæ? –
кодтой мын фидис.

Рагæй Ирбæсты хъуахъдзых ызмуртæ
Афтæ Иры хуыздæрты фæхордтой.
– Дур дæ? –
фидис сын кодтой.

Мæн цæстмæмитæ не ‘ндавынц мур дæр –
Фенон Ирбæсты цинтæ ысхъаугæ!
Дур дæн!
Ирæй рахаугæ!

*2002, цыппурсы мæйы 5–6 бонтæ*

# АРАББАГ ХЪАРÆГ

## 1. ХУЫСАР

Арабтыл
бомбæтæ згъалынц –
Систæм
æгъатыр фыд зонæг.
Тыхджынтæ
æдыхты ссæндынц:
Уæхстыл
кæнынц сæ
физонæг.

Стонггуыбын,
гомрагъ сабитæн
Бавдæрзта
се ‘взæртæ сонт лæг.
Чи ‘ркæсдзæн
тугхорты митæм?
Разындзæн
исчи зонды лæг?

Чынтæн
цы ракодтой сухтæ?
Фестад
Америкæ хуысар.
Чи тава
с‘ артмæ йæ къухтæ,
Раздæр дзы
басудздзæн уый сæр!

*2003, хуымгæнæны*
*мæйы 7-æм бон*

## 2. ЛÆБУРÆГ

Мæлæтхæссæг
бомбæты схъистæй
Йæ хъысмæтæй лидзæг
сабийы лыг къухтæ ‘мæ къæхтæ,
Сæ тугкалгæ,
згъорынц цы схъиудæй!
Æгасæй йæ хом буар
у, холыйы скъуыдтау,
бырæгътæ.

Цы федта,
мæгуырæг, цы, хурæй?
Лæбурой
кæдæм-ма,
кæмæ-ма
йæ къухтæ,
йæ къæхтæ?
Æрцахсиккой
искуы кæд хурхæй
Фыдтугмондаг,
бомбææппарæг паддзæхты
æд хъæстæ.

*2003, хуымгæнæны*
*мæйы 7-æм бон*

## 3. ИРАЧЪЫ РИС

Дард Ирачъы
бомбæты,
танчъы цæлхыты,
тугæйдзаг къæхты бын
риссы,
хъæрзы
Иры зæхх дæр...

*2003, хуыгæнæны*
*мæйы 11-æм бон*

### 4. НÆЙ НЫББАРÆН

Ызгъæлынц арвæй
бомбæтæ –
Америкæ ‘мæ Англис
худынц фырцинæй.
Кæнынц
Ирачъы бонæддæ.
Иракаг мад
дзыназы
уыдон фыдхинæй.

Чысыл саби уа,
гъе, ыстыр…
Хæстон лæг уа,
сылгоймаг –
акъуыр ын йæ сæр.
Нæ æдых нын
фæуæд хатыр –
Кæй уын не systæм
уе стыр тохы
уарты ‘мсæр.

Кæй уæм кæнæм
цæф аццы каст –
Æртæфсдзæнис ныл
иу хур боны асæрды.
Кæд ферох кæнæм
ацы маст,
Æуый нын еуæд
ма ныббарут
а царды.

*2003, хуымгæнæны*
*мæйы 9-æм бон*

х х х

Дæ хатæнмæ чъызгæ ысхызтæ –
Ирон æгъдау æмæ дзы намыс.
Фыдгулы нæмгуыты ысхъистæ
Рæбынæй авгæй равджы дарыс.

Фыдазы арв æхгæдтой мигъау, –
Цы-ма уа ‘нæрцæугæ æрра ми?! –
Нæ Ирыл уарыдысты, ихау,
Нæ фарстой, мад сæ мардис, саби.

Ныхсынц дæ цæсты, саг фæкæла,
Уæддæр сæ равдисыс сæдæтæн,
Цæмæй сæ макуы уал ныккæла
Сæ сау туг Ирбæсты сæрæнтæн.

*1994, Майрæмкуыадзæны*
*мæйы 30-æм бон*

## ДЗУЦЦАТЫ ХАДЗЫ-МУРАТÆН

*«Хатт-иу мæхæдæг дæр адæргæй*
*рахъавыдтæн мæхимæ*
*Нæмыгæй, бæндæнæй...»*

*...................................*

*«Æрвылбон дæр махмæ –*
*хæст, хæстытæ,*
*Æрвылбон дæр – дзæхстытæ, æхстытæ...»*

Дзуццаты Хадзы-Мурат

Йæ хорз цардæй
нæ бæллы лæг мæлæтмæ.
Мæртты бæсты ныл
нал фæкæсынц хуртæ.
Хадзы,
цæмæн,
цæмæн дæ сайдтой мæрдтæ?
Ныффæлдæхтай
дæ хауд риуыл цъæх дуртæ.
Ныр нал хъусдзынæ
никуы
хæст, хæстытæ.
Ныр нал уындзынæ
дзæхст, дзæхстытæ...
Фыццагау мах –
æфхæрд æмæ æрвхæудтæ...

Фыццагау исынц
не знæгтæ нæ хæлттæ…
Сæ гакк фыдæлтæй –
халын æмæ марын;
Сæ дæлæрмтты –
æмбæхст лæгмарæн дуртæ…
Нæ лæппутæн
сæ аккаг дзырдтæ н' арын –
Хъуынджын ызнаг
кæны сæ тæсæй
суртæ!
Фæлæ уа цæвæг
цас æндон, æхсондæр,
Ихсийы уыйбæрц
цыргъгæнæг ыссон дæр,
Æмæ нæ цард –
фыдцард,
фыдсар,
фыдмитæ,
Нæ хæлофæй ныл
нал æххæссы мит дæр.
Ды фервæзтæ
æддаг-мидæг хæстытæй.
Мæгуыр – нæхæдæг,
чи баззад цæргæйæ –
Кæмæн нæй сулæфт
куыйдзыхты хæстытæй!
Нæу дард –
рæхджы дæм тулдзыстæм.
Кæугæйæ
Ныууадздзыстæм
нæ хæхтæ 'мæ нæ фæзтæ.
Зæрдæхъæнтæ,
зæрдæскъуыдтæ – нæ хъæстæ.
Нæ тох –
фæсурæм
хъисджынрагъ дзæдæлты,
Ды та
улæф
дæ равзаргæ дзæнæты.

*2005*

## ГАФЕЗЫ ЦЫРТ

Йæ нывæрзæн ын сагътам
зæрдæскъæф дидинтæ:

зырзырæгтæ, тюльпантæ,
розæтæ ‘мæ нарцистæ…

Фæлæ дзы сзад йæхи хуызæн
аппджын, мæстæг тулдз…

Сæтгæ акæндзæн,
назау ын нæй фæтасæн.

*2004, æртхъирæны*
*мæйы 1-аг бон*

## НЫРЫККОН ИРОНЫ МОНОЛОГ

Хорз лæджы хорз аргæ
Никуы-ма федтон.
Хорздзинад аразгæ,
Сау сындз фæтыдтон.

Алхатт нæ хæнт дуармæ
Уастырджи ‘нхъæлдтон.
Дарддæр нæ салд буармæ
Кæрцæй уыд хæдон.

Нæрдтæ нæ хайæ-иу
Авæрдтам куыйтæн.
Хафт ыстæг хайæн-иу
Хордтам нæхуыдтæг.

Афтæмæй хæрджытæ
Фисткалд нæма сты,
Фæлæ сты марджытæ,
Минтæй нæм растынц.

Ниуынц, лæбурынц нæм
Тугдзых, æрхуымтæй.
Марынц нæ, сурынц нæ
Райгуырæн къуымтæй.

Æмæ ныл, зæгъгæ, фæ-
тых ысты, мардзæ,
Алчи сæ цæфхæдтæй
Гуырдзы дæр мардзæн.

Сты цыма халæттæ,
Хæдмæлхор цъахтæ…
Уый уын нæ хабæрттæ,
Афтæтæ цардтæн.

х х х

Фæнды дæ,
чъырын арты иннæрдæм ахизон?

Фæнды дæ,
зæххæнкъуысты хæхты ныууромон?

Фæнды дæ,
мæ ингæны къæйæ тау суадзон?

Уыдоныл иууылдæр бауæнд.
Ирыстоны фырт дæн!

*2002, Майрæмкуадзæны*
*мæйы 25-æм бон*

х х х

Мæ уд лæууы гæппæввонгæй фæдисы –
Зæды ‘мсæр кад фыдæй нын баззад мардæн,
Фæлæ нæм исчи мардæн лæг фæлдисы,
Уæд-иу йæ бæсты авд-авд хатты мардтæн.

Æмæ-иу рыст, мæ зæрдæ-иу куыд рысти!
Хатины æртхутæгыл-иу дзынæзта.
Мæ тохмонц буар-иу адæргæй ныррызти,
Мæ уд сæ маст, сæ судзгæ ристæ нуæзта.

Блокадон Ленинграды стонгæй мардтæн.
Йæ дудгæбон мæ туджы цæфæй ахстон.
Дунейы революциты æрратæн
Мæ риуы скодта се знæт хъуыды ахстон.

Кæмфæнды дæр ыскуыдта, зæгъгæ, саби,
Йæ дзыназынмæ аскъуыйы мæ зæрдæ.
Æмæ нæ тугхор сау ызнæгты сау ми
Мæныл æндавы, еу кæнæнт сæ сæртæ.

Æвзыста мæм мæ фынты дæр сæ рын-сон,
Уыдис мæ зæрдæ хъизæмæрттæй едзаг:
Нæ зыдтон уæд – мæ туджы стæлфы ме знон,
Мæ зæрдыл мын æй ‘рлæууын кодта не знаг.

## ÆНЦОН ÆМÆ ЗЫН

Зонын,
схъæр дыл кæндзынæн;
мин азæлдæй мæм
здæхдзæн фæстæмæ мæ хъæр –
уый æнцон у.

Зонын,
æркъæрцц дæ кæндзынæн;
мин ахæмæй мын
сау мастмæ хъавдзынæ, сау –
уый æнцон у.

Зонын,
бахуддзынæн дæм –
мин аз тыхсдзынæ:
бахудтæн бафидæн нæй –
уый æнцон нæу.

*2003, сусæны мæйы 15-æм бон*

## ЗÆРДÆЙЫ ХЪУСТÆ

Ацы цъæх арвы бын
зæххыл цыдæриддæр цæуы,
уыдон уынын цæстæй,
уæддæр мæ зæрдæйы хъустæм
уæз хауы фылдæр.

Ацы цъæх арвы бын
зæххы цъарыл цы цæуы,
цы нæ цæуы,
уыдон мæ зæрдæйы хъустæ
уынынц хуыздæр.

*2003, хурхæтæны мæйы 5-æм бон*

х х х

Алы бон сау дзул
уыргхæлæн мастимæ хæрынæй
дуды мæ игæр.

Алы бон уонгмард,
хъысмæтсайд адæммæ кæсынæй
риссы мæ зæрдæ.

Алы бон – сайраг,
цы фæрæз-ма ‘рхъуыды кæнынæй
зилы мæ сæр.

Иугæр адæмы мæстæй зилы дæ сæр;
иугæр адæмы мæстæй риссы дæ зæрдæ;
иугæр адæмы мæстæй дуды дæ игæр,
зон æй уæд –
Адæймаг дæ!
*1993, сусæны мæйы 11-æм бон*

## ТЫХДЖЫНТÆ

Тыхджынтæ кæрæдзиимæ тох кæнынц –
чи сæ цы байса:

нæ сæ æвдæлы зæххы куыстмæ,
нæ сæ æвдæлы хæдзæрттæ аразынмæ,
нæ сæ æвдæлы сабитæ хъомыл кæнынмæ,
нæ сæ æвдæлы арвæй мигътæ сурынмæ,
нæ сæ æвдæлы чингуытæ фыссынмæ…

Æз…
тыхджын нæ дæн.

*2003, тъæнджы мæйы 24-æм бон*

х х х

Абон Ирыстоны туг æмæ рондзкалды
не ‘рдæгпырх уæзгуытыл
н‘ аххосджын агурæг
дардыл нæ фæндаг цы зилæм?
Алчи лæгдæрæй æркæсæд йæхимæ нæ,
сисæд цæвиттон йæхицæй.

Не знаг нæм сай-майты уа цауал азы
йæ дæларм куы хъарм кодта дур,
еуæд нæ чи нозта йемæ сырх сæн?
Не ‘рвад æй чи хуыдта рæзгæ фæлтæрæн?

Сусæг-æргом нæм куы даудта йæ кард,
хойын куы хъуыдис фæдисы дзæнгæрджытæ,
еуæд ын чи ивта судзаг цывзы æмæ
аразгæ ‘мбыд сæныл
нæхост дыгæрдгуыты фиуытыхт сучъитæ,
бур-бурид гага-царв,
урсдæндаг цыхт?

Сармадзантæ нæм куы ‘рбатылдтой гауыртæ,
сагсур фæсивæды артуадзæг цæстыты
«Ма фæрæдиут!»-æй тæвд фæнык чи калдта,
Цæдисы æфсады хъомысæн чи куывта,
чи сайдта Иры йæхиимæ уæд?

Абон куы тасынц нæ быны нæ уæрджытæ,
сау хъæмпын арты нæ ауыгъдæй куы судзынц,
еуæд сын Ирбæсты дурæйконд дур дуæрттæ
сусæгæй чи тындзы,
нæ тугæй удæст уæзгуытæ сын
нæ, æзхуыздæронæй
чи кæны уæй?

Чи сты,
кæй æвзæрст уæйгæнджытæ,
не стонг сабиты дзыхæй ыскъæфт къæбæртæй
дарынц нæ цыфыддæр ызнæгты чи?

Мæнæ мæхæдæг дæр,
куыйдзыхтимæ хæсты
Иры фæсивæд куы калы йæ рондз,
еуæд æнæазым уæрыкк нæ дæн –
абоны тугкалд мæ зæрдæйы цæстытæй
хъалы ‘мæ фыны куы уыдтон æргом,
уадз уæд рæстæгыл ыссыгъдаин уый зынгæй,
фæлæ цæмæннæ, цæмæннæ ысфæйлыдта
Иры мæсгуытæй мæ фæдисы арт?

Иры хæсгæ æмæ судзаггаг мæрдты раз
ме ‘взонгæй сурсуæвæг зачъеты даргъ хилтæ
стыр аххосджыны сыгъд уымæн кæнынц.

## БÆЛАСЫ ЦÆССЫГТÆ

Гуыффæ-æфсæйнаджы мадард бæгънæгæй
алы кар бæлæстæ, – салд мæрдтæ
æнæ къух, æнæ къахæй амад, –
Прокрусты сынтæгыл,
сугын цæстытæй
сæ тæрхоны артмæ æнхъæлмæ кæсынц…

Цас нæм худтысты цъæх-цъæхид цæстытæй…
Цас нæ æфсæстой сæ сатæг уæлдæфæй…
Цас сын нуæзтам сæ алæмæт сойæ…
Мæ мæгуыр зæрдæйы æхсныфгай ызгъæлынц…
Сæ цæнгтæ рæбыныл цагъд, мардзæ, æмпылынц…
Сæ сайд бындзæфхæдтæ лæмарынц сæ цæссыг…

*2002, сусæны мæйы 17-æм бон*

## МÆ ЦАРД

Цæрын –
кусын, нуазын æмæ хæрын.

Куы мын нозт вæййы,
хæрд нæ вæййы…

Куы мын хæрд вæййы,
нозт нæ вæййы…

Куы мын
сæ дыууæ дæр нæ вæййынц…

Æбузын куыст
кæддæриддæр ис.

*2002, Майрæмкуадзæны*
*мæйы 28-æм бон*

## РАГУАЛДЗÆГ

Бафынæй дæн
ингæнау мæйдар æмæ даргъ æхсæвы
уазалы мадард бæлæсты зыр-зырмæ,
тарцæсгом æврæгъты салд цæсты сыгтæм,
урс ыстæджыты зæрдæрыст къæс-къæсмæ –

нал мæ фæндыдис хъуыды кæнын,
нал мæ фæндыдис цæуын æмæ дзурын,

фæлæ кæд федтон
арвæйрахаугæ боны цыллæ рухс;
фæлæ æрцахстон
хуры хæрдгæ тыны кæл-кæл;
фæлæ мыл сæмбæлд
фыццаг малусæджы æхцон ад –

æрлæууыдтæ уайтагъд,
мæ уалдзæггæнæг хур,
уайтагъд мæ зæрдыл,
æмæ фехъал дæн.

*2002, сусæны мæйы 17-æм бон*

## УАЛДЗÆГ

Ды æрцыдтæ ‘мæ
бæлæсты салд хихтæ
рафтыдтой дидинæг;

асфальты хъæбæрæй
кæрдæг йæ цъæх сæр сдардта;

бæласы хус цонгыл
халон ахстон бийы…

Диссаг,
цы цæсгомæй æрцæуы
удхæссæг уалдзæджы
удтæ хæссынмæ?!

## СÆРД

Сæрды æрцыд мæгуыр лæгæн
Асуры фаг йæ сагъæс.
Уарзон дæ цæст, бæгуы лæгау,
Иры сау зæххыл ахæсс.

Айнæгцæсгом, дастсæр хæхтæ,
Фыдау, зæрдæ æлвасынц.
Уаз зызынтæ цъæхбарц рæгътæй
Цъæх зачъеты æрфасынц.

Дыргътæ фырнард сæ бæттæнтæ
Рарæдувынц, уæнгуытау.
Зæххы риуыл ‘нæ бæттæнтæй
Нытътъупп ласынц, уæйгуытау.

Хъал рæгъæуттæ бындзы хæппæй
Фастсæр къохты æмбæхсынц.
Саулагъз дæтты схъиугæ гæппæй
Урс гокотæ æмбæрзынц.

Дуртыл хурсыгъд мæкъулæгтæ
Зивæггæнгæ фæлæсынц.
Бæлæстæ сæм мæкъуылгæйттæй
Цæстытæй цъæх фæлгæсынц.

Æхсæр къутæр йæ бæркæдты
Бур зæлдæгты нымбæхста.
Комæйкургæ бæрæгбæтты
Батт нозт хидæй – нымæхстау.

Чи хæцдзæнис æрдзыхъæдмæ –
Згъарæг хуыммæ ныццахуыр.
Зæхх йæ иу цæст æрцъындгæнгæ,
Мигъ-бындзыгмæ ныдздзагъыр.

Адæймагæн, кæсагæн, зæгъ,
Их-дон, цардау, ысадджын.
Сæрды нывтæ…
Кæсынæй сæм
Ир мæ цæсты ыскадджын.

*2001, хурхæтæны мæйы 6-æм бон*

## ФÆЗЗÆГ

Фæззæг, фæззæг,
куы зонис, мæ зæрдæйы фарсыл хуыд кæй дæ,
дæ тæнджын офгæнаг къутутæ,
де ‘нхъизгæ,
саурасыг сæны быркуытæ,
быдырты æхснырсæг фосы дзугтимæ,
сулæфгæ дæлвæзты бæхты дугътимæ…
Куы зонис, куыд адджын мын фæдæ!
Фæлæ мæ
хъарм бæстæм тæхæг зæрныджыты кæуын,
балы фæлурс цæнгтæй сыфтæрты згъæлын,
ыскъуыдриу, хæлмагæрфыг мустæ…
сагъæсы ‘ппарынц.

Тæрсын,
тæрсын, зæрдæхуд дæ куы фæуон –
бæрзонд хохыл
æнафоны акалыс халас,
фæззæг.

*1972, Джиуаргуыбайы мæйы 27-æм бон*

## ТУРКАГ ИРОН

Цард – цæугæ дон, донцæвæн – хæхтæ…
Ме ‘мтуг, ме ‘мыстæг, терк-туркаг ирон,
Ирæй ардæм куы тылдтай дæ уæрдон,
Уæд цы сыгъдис дæ гагуыты ‘вæндон?
– Хæхтæ, Иры урссæр къæдзæхтæ!

Цард – цæугæ дон, донцæвæн – хæхтæ…
Ме ‘мтуг, ме ‘мыстæг, терк-туркаг ирон,
Де онг – хидудæст, быдыр – æгæрон,
Дард фæлм-мигъæн цы суыныс йæ кæрон?
– Хæхтæ, Иры урссæр къæдзæхтæ!

Цард – цæугæ дон, донцæвæн – хæхтæ…
Ме ‘мтуг, ме ‘мыстæг, терк-туркаг ирон,
Фын бæллиц у, дæ бæллиц – æгæрон,
Циу дæ уаздæр фын, удæн – æмбæлон?
– Хæхтæ, Иры урссæр къæдзæхтæ!

Цард – цæугæ дон… Ир-уд – фыдхъæздыг…
Ме ‘мтуг, ме ‘мыстæг, терк-туркаг ирон,
Зонын, Турчы зæхх дын у ныр хион,
Рухс дзæнæтæн цы сисис æвиллон?
– Ау, куыд мын кæныс ууыл дызæрдыг?

*1980*

## ÆНАФОНЫ БÆЛЦЦОН

Мæйдар æхсæвы хохрындзмæ тындзы.
Тындзы, фæлæ ныддонзоныг.
Фæллад…
Фæстаг ныфсы ‘ртах зæрдæйæ тæдзы…
Уæнгтæмардæй йæ уæрджытыл æрхауд.

Йæ ризгæ цæнгтæ арвæрдæм ивазы.
Йæ зæрдæ-ма фæстаг риуыгъд кæны:
«Кæд дæн, Хуыцау, тæригъæдджын дæ разы,
Уæддæр…
            æнæбары…» –
                        æгомыгæй кæуы.

Хæрæ мигъты ‘хсæн стъалы арвыл атахт.
«О Стыр Хуыцау!..» –
                        йæ фæстæ бæлццон акаст.
Йæ ризгæ къух йæ къæдз лæдзæгыл андæгъд…
Æрбалвæста йæ хæррæгъ куырæт…
Араст.

Æнафоны фæндæгтæ хъуыд нæмын.
Ныммæйдар ис.
Ныдздзæгъæл дæн.
Хæтын.
Хæххон артау мæм ферттывтай ‘мæ мын
Ныррухс кодтай мæ фæндаг.
Табу дын.

*1969–1970*

х х х

Мæртты бæстæм фыццаг
Нæ лыг кæндзынæн æз фæндаг.
Цæуынц æм – куыйдзых уа, фæтæг.
Нæ удхæссæг – фыдцард.

Мæнæн та, – дард хæстæг,
Æрвад, хъуымызбыл саби, сонт, –
Тыхæй бæттынц уæлæмæ зонд
Дзылы, уæртджын хæфс дæр.

Сæ хин – мæ риуы сагъд,
Цы фыдтухитыл дæн ам хæст,
Гъе, ууыл мæрдтæ дæр сæ цæст
Æрæвæрдзысты тагъд.

*1994, Майрæмкуадзæны*
*мæйы 9-æм бон*

## ЗАДЫНЫХÆЛД

Дæ мады мард,
йæ мад кæмæн амардис,
уымæн радзур;

дæ лæджы лыгъд,
йæ лæг кæмæн алыгъдис,
уымæн радзур;

дæ усы сæфт,
йæ ус кæмæн фесæфтис,
уымæн радзур…

Дæхæдæг та…

Дæхæдæг та задыныхæлд куы кæнай,
кæмæн дзурыс,
кæмæн хъаст кæныс уый та?

*1989, тæргæйтты мæйы 8-æм бон. Внуково*

х х х

Дæ зæрдæмæ
мæ куырæт кæд фæцыд,
уæд дæу фæуæд.

Дæ зæрдæмæ
мæ гал фæцыд, мæ куыдз,
дæу мын фæуæд.

Дзæбæх мæм хъус:
мæ парахатарм зæххыл
дæу фот, фæззæг цы ‘ркæрдын.

Æрмæст,
мæ ус,
мæ ерæдзыпп,
мæ бæхыл
мæхицæн дæр тыхæй æууæндын.

*1989, тъæнджы мæйы 25-æм бон*

х х х

Бомбæ-цыфыддæр
планетæйы сæрмæ,
ратонынæввонг фæткъуыйау,
мæнæ-мæнæ кæны…
Базмæлыд бæлас,
æрхаудзæн…
Æрхаудзæнис!!!

Уастæн,
мæ дзурæнтæ дзыхæй мæр хæрон,
зæхх ын
Ньютоны сæры кæхц кæд нæу.

*1987, сусæны мæй. Гагра*

x x x

Фыдæй-фыртмæ цæмæн фæдзурынц адæм:
«Æртын азмæ куынæ æрцахсай зонд,
цыппор азмæ куынæ скæнай хæдзар,
уæд мауал хæр дæхи,
нал дæр бафтдзысты дæ къухы?»

Ох-хай, мæ хæлар,
æз æмæ дæуæн
уыдон агургæйæ нæу!

*1986*

## ГАКК

Нæ сæ фæндыд,
сæ саби уа сæхи хуызæн –
Ныууагътой
исын æмæ давын.
Сæ æууылд комдзаг
кодтой дих ыстонг куыйтæн –
Фæндыдис сæ
æфхæрдты тавын.

Сæ хъæбул
тона, ‘взонайæ сæрхызт куыд уа,
Цæхджын хойрагæн
кад куыд зона,
Цæмæй нæртон бадтмæ
кæддæриддæр хуынд уа.
Сæртæг митæн ын
мацы ‘фсон уа.

Уыдис ын алæппæт
цæттæйæ бухъ цардæн…
Фæлæ, куы гуырдис –
кодта тухæн…
Æмæ кæд фелвæста
сыгъзæрин къухдарæн
Æвгъæдгæс усы
ризгæ къухæй.

*2002, кæфты мæйы 22-æм бон*

## ЛЕКЦИЙЫЛ

Лекци цыд нывыл.
Дуар хуынкъ куынæ уыдаид,
уæд ницы æрцыдид…

Кæйдæр цæсты фиутæ
ме студент-чызджытæм
сусæгæй тадысты…

Мæ сахаты
хур-тæрхъус ын равдыстон.

Æмæ рæстæг алцы дæр
сбадын кодта йæ гаччы.

*2003, Джиуæргуыбайы мæйы 17-æм бон*

## ХАУД ЗÆРДÆ

Æнцойад нæй: кæн сæпп, бæлон –
Нæ хæлд цардæй куыд сæппæлон?!

Фыдæлтæй у мæгуыры конд
Мæнæн, мæ хур, мæ гуыры конд.

Мæ базгуытæ – хъæдмæцъистæн,
Ноджы уæддæр хъæдмæ цъист дæн.

Рæстагон лæг куыд фæкæла,
Нæ ызнаджы туг фæкæла.

Нæ судзаггаджы маркафа,
Куыд ис гæнæн, уæд ма ‘ркафа?!

*1993*

## ÆНÆХИЦАУ ГÆДЫТÆ, ХÆДЗАРОН САБИТÆ ÆМÆ НЫККÆНДЫ МЫСТЫТÆ

Улæфæн хæдзары кæрты
гæлæбуахсæн хызтæй
æнæхицау гæдыты ахстой…
Хæдзарон сабитæ сыл
калдтой ставд цæссыг…

Ныккæнды мыстытæ
къæбицы даргъ фынгыл
кодтой мыггаджы куывд.

*1988, кæфты мæйы 13-æм бон.*
*Пицундæ*

## ЦАРДЫ ФÆТК

Мæ райгуырды размæ
касти хур,
бон ивта æхсæвы,
уалдзæг – зымæджы…

Мæхæдæг – æвдисæн:
скæсы хур,
бон ивы æхсæвы,
уалдзæг – зымæджы…

Мæ мæлæты фæстæ
кæсдзæн хур,
бон ивдзæн æхсæвы,
уалдзæг – зымæджы…

Æндæр ницы.

*1995*

# ДУДЖЫ ÆЛХЫНЦЪЫТÆ

(æмдзæвгæбыд)

## КÆРОНЫ РАЙДАЙÆН

Уæууай, хæрæм цы ‘мбæхст маст!
Нæ дуг нæ банай кодта сайдæй.
Фыййау куынæ уа цырддзаст,
Йæ дзуджы фездахы уæд дардæй.

*1996, Майрæмкуыуадзæны*
*мæйы 25-æм бон*

### 1. ТЫХХЪАЗТ

Нæ цард хæссы мылазон.
Гауыр нæм фиу ыстухы.
Рæстаджы
зины фаззон
фыры сыйы ыздухы.

Мæстæг куы вæййын, тулдзау,
Куынæ фæкомын тасын,
Тæлм бæласау…
Мæ удæн
ыскæнынц еуæд цас зын?!.

Уæддæр фыдæнæн хъазын:
Мæ зын мæ удæн – фиддон,
Мæ ныфс – нæ фидæн;
Уа сын,
кæмæй исой цæвиттон.

*2001, цыппурсы мæйы 16-æм бон*

### 2. ФЫДДУДЖЫ

*Хаджеты Таймуразæн*

Мæ хæлæрттæ, Уастырджы – уе ‘мбал!
Мæнмæ кæсын уаид æрра ми…
Фыддуджы азарæй хæснагыл
Мæ дзыппыты нал арын суари,

‘Мæ уадзут мæ хауд зæрдæ дурæй.
Мæнæн та æрцæуы мæ арфæ –
Рæхджы мын Ыстыр Хуыцау исты
Æнæмæнг æрæппардзæн арвæй.

Ыссардзынæн уе ‘мбæхсæн еуæд, –
Кæсдзыстут мæм зæдтæй уæздандæр, –
Уыдзысты мæ едзаг дзыппытæ
Æнæ сымах
мæ зæрдæйы дурæй уæззаудæр!

*1995 тæргæйтты мæйы 27-æм бон*

### 3. КООПДУКАНТЫ

Сабийы цæстытæ коопдуканты
æрттиваг бибитыл ивæзынц,
ыскæсынц сæ фырцинæй хуртæ…
Мады зæрдæйы йæ тугамæхст цæссыг –
тæ еудодойгæнгæ ныттæдзынц –
агуры ‘хсæвæрæн дур дæр.

– Гыцци, – ыстыхстис, – кæд мын балхæндзынæ
къафеттæ? – аныгъуылд цæссыджы малы
æмæ йæ кæуындзæг феуæгъд.
Мады цъæх былтæ ысрызтысты. Фатау,
йæ даргъ æнгуылдз дукантæм дары:
– Адон куынæ уал уой, еуæд!

*1994, Майрæмкуадзæны мæйы 12-æм бон*

### 4. ПРОКРУСТЫ СЫНТÆГЫЛ

*«Чысыл ирон адæм цагъарад сæ*
*сæрмæ кæй нæ хæссынц, уый тыххæй*
*сын гуырдзы расидтысты геноцид».*

(Газетæй)

*«Богом созданный народ*
*кавказкого происходения».*

(Газетæй)

Нæ сыхæгтæн фыд Прокрусты* сынтæгыл
Нæ комæм барын.
Нымайынц нæ сæ цыфыддæр ызнæгтыл,
Хъæуы йæ ‘мбарын.

Нæ лæггад – сæфт, нæ сæм хъуысы æнусты.
Сæ удтæ хъарынц,
Цæмæй къæрмджытæ батъыссой сæ хъусты –
Тыхæй нæм хъавынц!

Сæ лæгмарты, æххуырст æфсад ыскъæрынц
Чыртæй нæ ныхмæ.
Сæ танчытæ, фыййау куыйтау, ысрæйынц,
Бырсынц нæ сыхмæ.

Уæддæр цæуы сæ нæмгуыты тарст тъизын
Тыхстæй нæ кæрты –
Уæларвоны зæххон нæмыг нæ хизы,
Мах кард нæ кæрды!

*1994, тæргæйтты мæй*

### 5. БÆТÆЙЫ ФЫРТТЫ ХЪЫНЦЪЫМ

Б у д з и:
– Ай куыдзы цард,
удмарæн цъыссым у!

* Прокруст – фыдгæнæг, ахсы фæндаггонты æмæ сæ бары йæ сынтæгыл: цыбырты сынтæджы æмбæрц айвазы, дæргъты сæ къæхтæ алыг кæны.

Фистæг лæг кæдмæ,
кæдмæ уыдзæн бæхджыны ‘ргъомдзау?

А с л æ н б е г:

– Ех, Будзи,
мæнгардæн цард фысым у:
Зондæй фистæг лæгæн
зондæйбæхджын – дондзау!

*1980, сусæны мæйы 9-æм бон*

6. ФÆДИС, ЛÆППУТÆ!

Нæ зыны хох хæстæгмæ –
Нæ æрра туг æхсыстам;
Ызнаджы дзырдхæссæнтæм
Нæ æввонг цард æлгъыстам.

Нæ астæуы цæджындзтæ
Фæфæлдæхтам мæцъистæй.
Нæ куыстæфхæрд æнгуылдзтæ
Уыдысты цалхмæ цъистæй.

Цы нæм уыд хорз – фæфаудтам,
Фæлдæхтам дур ивгъуыдыл.
Нæ ис, нæ бис фæдавтам.
Фæбарстам хи нæ хуытыл.

Нæхи хуыдтам мæгуыртæ –
Нæ хордтам дзул мыдимæ.
Фæсарæйнаг тæнгуыртæ
Ныл худтысты, хъуыди ‘мæ.

Æрттивы ныр… нæ фæстаг,
Ысдуды ехсы цæфæй.
Кæндзыстæм тагъд æвæстаг.
Фæдис, лæппутæ!
Сæфæм!

*1993, цыппурсы мæйы 1-аг бон*

7. ДИС

Искуы федтат:
сæгъæй уæрыкк райгуыра,
фысæй – сæныкк?

Искуы федтат:
хуы арвы астæумæ хурмæ кæса?

Искуы федтат
урс дзыгуын галтæ
царыл хизой?

Æз дæр сæ
никуы федтон.

Куы сæ фенин,
уæддæр сыл нæ бадис кæнин.

Дис,
советон адæм
дзæнæт зындонæй куыд баивтам,
хорзæн аргъ кæнын куынæ уал зонæм,
ууыл кæнын.

*2002, Майрæмкуадзæны мæйы 28-æм бон*

## РАЙДАЙÆНЫ КÆРОН

Царвы къусимæ 'хсынцъытæ
Ризæджы низæй – ризагдæр.
Сты мын адуджы 'лхынцъытæ
'Рра куыдзы хæстæй риссагдæр.

*1996, Майрæмкуадзæны мæйы 25-æм бон*

## ДЗЫЛЫ

Дзылы,
æдых дзылы
дзедзийы хъæбысмæ
хаста,
хъæмпы хæлттæ хаста…

Æмæ йæ
дзедзи куыд тыдта –
йæ пакъуы йын
судзинфындз æрцытæй
фаста…

Мæргътæ
дисæй лыстæгæвзаг кодтой:
мæргътæ
дзылыйы дам-думæй хордтой:
«У
сындз-дззæрдæ,
сындз-дзæвзаг,
сындз-дзбазыр…
Чи у,
чи кæны
дзедзийы цатыр?»

Дзылы,
æдых дзылы
цъиуты пæррæстытæм
йе 'рхæндæг цæстытæй
касти…
Дзылы,
æдых дзылы
йе 'нахъом лæппынтæн
мæргъты фыдзæрдæтæй
тарсти.

## РÆСТТÆРХОНÆЙ АЛИДЗÆН НÆЙ

Нæ лæгмар, фыдбоны сыхæгтæ,
мæ фæдзæхст мын дарут уæ зæрдыл:
уæ бæрæй,
уæ æххуырст æфсады стыр ныфсæй
уæззау артыл иугай кæй фыцут;
кæй тындзут нæмгуытæй сæ хæдзæртты систæм;
къуымых кæрдтæй уонггай кæй кæнут;
кæй фыд хæрут æмæ
кæй сырх туг нуазут,
сыстдзысты уыдон

иу талынг æхсæв
æнæкъах,
æнæцонг,
æнæхъус,
æнæцæст,
æнæфындзтæй,
тугæйдзаг,
саусыгъдæй;
сыстдзысты уыдон уæ ныхмæ;
цæудзæнис сæ дæндæгты хъыррыст;
дзыгъал-мыгъулгæнаг ыстджытæй
алчи уæ агурдзæн, алчи,
йæ банайгонд, басыгъдгонд,
бахсыдгонд уæнгтæ
æмæ куыд лидздзыстут,
тъизгæ,
дзыназгæ сæ дардмæ куыд лидздзыстут,
фæлæ мæрдты бæсты
нал дæр – æвварс кæнын,
нал дæр – хатыртæ:
уымы рæсттæрхонæй алидзæн нæй.

*1994*

## РÆДИГÆ-РÆДИЙЫН

Рæдыды комы – æхсырфæмбал,
Гъемæ, рæдийы тæлфагцæст уæйгæнæг –
Цасфæнды тæразты растбармæ хъавы,
Уый бæрц нæ бонвыддæр давы ‘мæ давы,
Уымæн ыздухы физонæг.

Рæдыды комы – æхсырфæмбал,
Фидарæй зонынц хуыснæг уа, фыдзонд лæг –
Закъæттæ цасфæнды сурæй дæр дасæнт,
Фæткæвæрæгимæ давæггаг асæтт,
Уымæн ыздухынц физонæг.

Рæдыды комы – æхсырфæмбал,
Уыдон дæр – калд ус уа æви æвзонг лæг,
Хион, æддагон уа, нæй сæ æвзарæг,
Уæд сæ æрмæстдæр хæдтулгæджын барæг,
Гъемæ, ыздухынц физонæг.

Рæдыды комы – æхсырфæмбал,
Гъемæ, пъагонджын ысвæййы æвзонæг:
Растыл куыдзмарæн лæдзæгæй æрхауы;
Азымджыны хардзæй схъæл рихи дауы,
Уымæн ыздухы физонæг.

Рæдыды комы – æхсырфæмбал,
Уымæн рæдийы æхсины лæг хуыйнæг:
Алы хæддзуйы зæвæттæ ыстъæры,
Хи туг-ыстæджы нымудзы, ныгæны,
Уымæн ыздухы физонæг.

Рæдыды комы – æхсырфæмбал,
Хицæуттæ сабийæ-таубимæ – зонæг:
Алчи, кæрдойау, йæ дæлдæры уигъы,
Алы бæрæгбон дзы авд цармы стъигъы,
Уымæн ыздухы физонæг.

Рæдыды комы – æхсырфæмбал,
Уымæн лæбурынц фæйнæрдæм æрдонгæй,
Иунæг æз зилын рæдыд фæд хуыздæрмæ,
О, фæлæ амонд кæм кæсы æвзæрмæ,
Гъемæ,
Ныммæлдзынæн искуы ыстонгæй!

*1986*

х х х

Нæмыг – топпы,
дзырд ме 'взаджы алгъыл хъазы…
Нæмыг атахт,
асхъиудта æвзагæй дзырд –
мауал æй сур,
бакæнынц уыдон сæ хъуыддаг…
Ноджы, æйтт-мардзæ,
дзырды уæнгбæстытæ халын,
кæд ныггуыппæввонг нæмыджы
топпы хæтæлæй кæсагау ысласид.

*1986, тъæнджы мæйы 27-æм бон*

## ПОЭТ КОЗАТЫ ИСИДОРЫ МЫСГӔЙӔ

Ныр дæхи зынгæй æхсид, арв!
Ракалдтæ, æмæ кæуыл?
Судзгæ раппæрстай æхсидав…
Ох-хай,
Иссæ, сæмбæлдис дæуыл.

Сæмбæлдис дыл сæрды тарфы,
Арвыл мигъ куынæ уал зындис, уæд.
Дудгæ ацыд риуы арфы:
Арвы цæф бæрзонд хох исы кæд?

Сæмбæлдис дыл уис хæсгæйæ
Буррихи быдыры зад.
Не ‘рхаудтай уæддæр хъæрзгæйæ –
У лæгæй амæлын кад.

Сæмбæлдис дыл карды бын лæугæйæ,
Тæсæй сау низ дæр куыдта.
Тар мæрдырохмæ цæугæйæ,
«Цæр, мæ Ир!» – дзырдтай ды та.

Ныр дæхи зынгæй æхсид, арв!
Ракалдтæ, æмæ кæуыл?
Судзгæ раппæрстай æхсидав…
Охх,
Ирыстон, сæмбæлд та дæуыл!

*1986*

## ӔНӔДОН КУЫРОЙ

Ацы ыскъуыдтæрус быдыры
донмондаг уæзæгыл
амайын, аразын
къадакуырой.

Зонын æй, худджытæ,
бикъæфтыд фестут,
фæлæ мæм, мардзæ,

уæ худын куыд хъуыса
мæ куыройы суинаг зыррыттæй…
Афтæ цы бонмæ,
цы бонмæ быхсдзыстут
ацы сыгъд зæххыл æнæдонæй?

*1978*

х х х

«Æз ацы нуазæн мæ къухмæ куы райстон…»

*Дзуццаты Х.-М.*

Уæдæ, куыд вæййы, ‘фтауæн фынгыл бадын…
Рæгъ рæгъы суры, куывд куывды фæдыл уадзын.
Дзæбидыры сы едзагæй мæ къухы –
Йæ бадт бæркадæй уадиссаг нæ цуды…

Кæмдæр мæгуыр лæг уынг сæрфы йæ худæй –
Рæстдзинад ын ныххус кодтой йæ туджы;
Рæстаг дзырд бодзтæ сæлвæстой йæ удæй…
Кæйдæр зæрдæ цыргъ карды цæфæй дуды…

Кæмдæр та райынц сычъиты хъæзтытæй…
Кæмдæр хæцынц дзæбидыртæ тæвд сытæй…
Хæлцагур цæргæс уæлдæфы нындзыгис…
Кæцæйдæр, комæй, сæгъы мехъ фæцыдис…

Кæдæмдæр калм йæ гуыбыныл фæхилы…
Ыстонг гал хуымы хус сындзытæ ‘ууилы…
Гæми рувас кæйдæр кæркдоны бады…
Æрдз нал комы нымд булийы тæвд баты…

Уæдæ, куыд вæййы, ‘фтауæн фынгыл бадын…
Рæгъ рæгъы суры, куывд куывды фæдыл уадзын.
Мæ судзгæ цæссыг дзаггарзмæ æппарын
Æмæ йæ маст, фыдохимæ нуазын.

*1969, Джиуæргуыбайы мæйы 15-æм бон*

х х х

Иу хъæуы нал уыд
Аргъыл дæр куыдз.

Гæдытæн рæйдæй
Скъуыдис сæ куынц.
Еныр, мæ боныл,
Рæстæг – æндæр:
Зинты ардыдæй
Цард у æмтъер.

Куыдзæй нæм байдзаг, –
Не сæфт куыд нæу, –
Гæдытæ ноджы
Ниуынц куыйтау.

*2001, цыппурсы*
*мæйы 21-æм бон*

х х х

Мыстытæм се ‘мбырды
карз тæрхон уыд:

гæдыйы хъуырыл
фæдисы дзæнгæрæг
æрцауындзын хъуыд.

Гæды йæ тар фынты,
стайау, тæлфыд –

абон бæллиц чи сси,
уымæн йæ фидæнæй
нæ тæрсгæ ц‘ уыд.

*1988, кæфты мæйы*
*14-æм бон*

х х х

Ме стджытæ стонгæй
тасынц мæ быны,
гъе-мæ, нæ хæцын мæ сæрыл –
кæнын æфсæрмы,

мæ сой мын æхсырфæй чи нуазынц,
уыдонæй.
Мæ буар сау дары
хурæй хæдонæй,
гъе-мæ, фæсвæдты ‘мбæхсын –
кæнын æфсæрмы,
мæ цармæй хæдон чи кæнынц,
уыдонæй.

Мæ фадæй хæфс уасы
зæххæй дзабырæй,
гъе-мæ, рухсмæ нæ кæсын –
кæнын æфсæрмы,
мæ дæлфадæй уафс дзабыр чи хæссынц,
уыдонæй.

Уадз æмæ стонгæй
ме стджытæ тасой мæ быны;
уадз æмæ хурæй хæдонæй
дара мæ урс буар сау;
уадз æмæ зæххæй дзабырæй
уаса мæ дæлфадæй хæфс –
удгоймагæн мын хæлæггагæй не сты,
фæлæ дзæргъæн дæр
цæсгомы хуыз вæййы…
тæригъæдæй дуртæ скъуыдтæ фæкæнынц…

Диссæгты диссаг:
мæ уд мын чи хæрынц,
уыдон цы туг-ыстæг уыдзысты, уагæр?

*1992*

x x x

Нал дæн, нал, чызгай, зноныккон;
Демæ мыл нæ амбæлд рувас –
Цасфæнды мæхи æвзонон,

Иу къуыдиппы зæрдæ хурварс
Абадын кæндзынæ, зонын.
Чи-ма дæ иртасдзæн хъуазтæй –
Хур дæм худдзæни йæ худтæй,
Мæй дæм хъаздзæни йæ хъазтæй,
Цард цы фæтоны нæ удтæй,
Уый – нæ зæрдæты æвастæй…

Гъе ‘мæ дæм уыдзæн мæ кой дæр –
Искуы хъарм цæстæй дæ фæстæ
Райгæ нал кæсдзæн дæ мой дæр…
Фиддзынæ мæ уарзты хæстæ
Сусæг куыды уæд, мæ бонылæй.

*1988, сусæны мæйы 21-æм бон*

## БÆЛÆСТЫ БЫН

Бæлæсты бын дзаг фынгыл
Къубалмæ – бæркад,
Фæлæ ‘взонг дыууæ цæстæн
Нал кæны фынг ад…

Расыг зарын бæлæстыл
Нал ныууагъта маргъ.
Цъиргæ ба, тæвд хъæбыстæн
Чи ыскæндзæн аргъ?!

Хо, æмкъай, æфсымæрæй
Нозты найынц хи…
Акалдис Зæлинæйы
Дæндæгтæн сæ хид.

Нартхоры зæнг – тасгæ гуыр
Узы сæр ныллæг.
Тилы къух Зæлинæмæ…
Нæу æндонæй лæг:

Хуымы астæу ирдцæст гуырд
Уарзтæй уадзы арт –

Фендзæн та Зæлинæйы,
Иу фемдзаст – сæ ард.
У æвзонг уд уарзтбæллон,
Уарзт – æфсæнттылхæст.
Саулагъз чызджы сау дзыкку
Нартхоры нымбæхст.

Уадздзæн ныр йæ уарзтдойны.
Нал æй уындзæн цæст.
Цъиргæ ба, тæвд хъæбыстæй
Бафсæдæнт æрмæст.

Кофтæ дæр ныцъцъæхтæ уæд...
Чи йæ хаты, чи?
Расыг лæджы цæстытæ
Нал фæахсынц уый.

Стæйдæр сæ цы хъуыддаг и?
Нозтæй кæнынц хуым –
Нал сæ ‘вдæлы уарзынмæ,
Гъе-мæ, ‘нцъухæнт уым!

x x x

Æфсæн хызы
æлвæст фæранк,
цыма Дзудзуйы бæлон у,
къæлæсытæгæнгæ,
æркув-æркув кæны.

Йæ ыссыртæ – ‘мбæхст,
йæ цыргъ ныхтæ – ‘мбæхст,
йæ тынг норттæ – ‘мбæхст,
йæ хъуыдытæ – ‘мбæхст...

Æрлæгъз æй кæндзынæн –
мæ галиу арм рахизæй тоны,
уæддæр-ма уромын мæхи...

Мæ амонд, ме ‘намонд:

дæуимæ мын иу сайд – æгъгъæд.

*2002, сусæны мæйы 18-æм бон*

## ХОНГÆ

Цæргæс авгын арвы
Тæхы æмæ нæ тæхы…

Донхъаз ссады цады
Цæуы æмæ нæ цæуы…

Хур йæ тынтæ – ‘рдынтæ
Бийы æмæ нæ бийы…

Зæрдæ арты арфы
Судзы æмæ нæ судзы…

Хонгæ дуды уды,
Зæды маргъау ыстæхы.

*1994, Майрæмкуадзæны*
*мæйы 9-æм бон*

## ЗАГЪДГÆНАГ ÆМКЪÆЙТТÆН

Асурай дæ усы,
‘Рзайдзæн хъоло мусы.

Асурай дæ лæджы,
Дуркалæн – ныллæджы.

‘Фсургъ куы бæзза уаргъæн –
Нæй æмбал йæ аргъæн.

Бафу кæнут у‘ артыл –
Хур та стулдзæн арвыл.

*1986, сусæны мæйы 17-æм бон*

## ДЗАМ

Хæхтæ ‘нусон
стъæлфынц,
стæлфынц.
Джих сæм –
наз хъæд,
нæзы фæзы.
Хæхты ‘фсæнтæ
скæрдынц,
‘гæрдынц –
Иры ‘нусон бæллиц
рæзы.

ДЗАМ нын
зæрдæйæ зæрдæмæ
Тугдадзинфæндаг
ыскодта.
Ир,
мæ Ир кæдæй фæстæмæ
Уымæн
сагнывæндтæ кодта!

Уый урс цинæй
уагъта сиутæ,
Фæлтæртæн
уыдис «хæцгæ низ».
Хох ныр
байтыгъта йæ риутæ –
Тагъд дзы
хæдтулгæ цæудзæнис!

Ирæй Ирмæ
скъæфдзæн уацтæ,
‘Фсымæр ‘фсымæрыл
тыхсдзæнис;
Уарзон
уарзоны тыхст уацмæ
Тъæнджы мæйы дæр
тындздзæнис.

Ирыл
цинтæ,
хинтæ –

минтæ.
Ир сæ цард
æмæ цæрдзæнис.
Фæндаг Ирæй Ирмæ цин
мæ Иры
‘нусон цин
уыдзæнис!

*1979, рухæны мæйы 15-æм бон*

х х х

Къахет, Къахет-иу кодтой,
Уым, дам, цæугæ дæттæ дæр сæн ысты.
Æз – сæнуарзаг лæг, хордтон
Ард, куыд уыдон цæстсайæнтæ ысты.

Ау, уæдæ мын цы схин чынд? –
«Къахеттаг» сæн мæ разы схъарми.
Уый цы мæлинаг чызг уыд?
Уый цы мидбылты худт уыд?
Цы ‘рбаци?

Уый цы уарзтгуылф фæкаст уыд?
Усджын лæгæн цард нал кæны ад дæр.
Уый куыд бадт уыд, куыд карз уыд,
Къахеттаг сæнæй – расыггæнагдæр.

*1978*

## СЫБАР-СЫБУРÆЙ

### 1. УÆРЦЫ ХАЙ

Уæрцы нын бар вæййы
рæсугъдты ‘взарынæй –
семæ мæ зæрдæ нæ дзуры.

Никуы мæ бахъуыдис
цуанонып схъæр кæнын,
къухылтухгæ ус, дæ цуры.

## 2. ÆРВЫЛ РАЙСОМ

Æрвылрайсом бон-дзирдзурæй
фæкæсын æнхъæлмæ,
кæд æрбакæсдзæн хур мæ уатмæ,
кæд фæхайджын уыдзынæн
дæ сатæг мидбылты худтæй:
нæ уарзты дидинæг –
нæ чысыл хуры мæм
кæд æрбахæсдзынæ,
йæ базыртæ дардыл ныттындзгæ…

Æрвыл райсом дæм
фæкæсын æнхъæлмæ.

## 3. ЗÆРДÆСАЙÆН

Зæринцъар,
хуры æрттивгæ гуыдынæнгæс
ивæзгæ цыхтæй-иу
хæбизджын нæ хордтон:
мæ зæрдæ уыд цъæх –
йæ бæркад кæддæрид
ирон фынгыл ис.

Ныр сæ хъæмæ
нал фæзонын æфсис –
сæ царвы æмбæхст цъарыл
кæддæрид
мæ æлхæд къухдарæны –
хуры тæлыйы фæд ис.

## 4. ЦАРДЫ

Æфсургъæн уайгæ-уайын
куынæ кæниккой йæ сæфтæджытæ æмдзæгъд,
уæд цас бафæразид уайын?

Цæргæсæн тæхгæ-тæхын
куынæ кæниккой йæ базыртæ æмæхситт,
уæд цас бафæразид тæхын?
Нæ судзгæ-дудгæ царды
куынæ кæниккам нæ уарзтæй базырджын,
уæд цас бауаид нæ бон цæрын?

5. ХЪАНЫ ЦАРД

Хуыцау,
æмкъæйттæн иу ныхыфыст ма дæтт –
сæ иу уæддæр
æнæмæг фестдзæнис сындз къутæр,
сындз къутæр та æрра фæтоны.

Мæртты-иу махон
рухс дзæнæты бадæд –
нæ мæ фæнды,
кæрæдзи тонæм уым дæр,
фæлтау кæндзынæн хъаны цард зындоны.

6. УАРЗТ

Мæ зæрдæ йæхи дæумæ кæй тоны,
уымæн ысвæййынц нæ зымæгтæ уалдзæгтæ;
уымæн дыл фæкæнын суртæ ‘мæ уадзгуытæ,
мæ зæрдæ йæхи дæумæ кæй тоны.

Дæ зæрдæ йæхи мæнмæ кæй тоны,
уымæн нæм фæмæлæнынц хæлæгæй стъалытæ;
царды мæйдары ме ‘рттивгæ стъалы дæ,
дæ зæрдæ йæхи мæнмæ кæй тоны.

Нæ зæрдæтæ сæхи нæ кæрæдзимæ кæй тонынц,
уымæн сæ батайы, уымæн, цæххойæн дур;
уымæн нæм фæхуды арвæй сыгъзæрин хур,
нæ зæрдæтæ сæхи кæрæдзимæ кæй тонынц.

Зæрдæтæ уарзтæй æфсис кæм нæ фæзонынц,
уым-бæсты мастæн йæ ном дæр нæ зонынц.

### 7. МИДБЫЛХУДГÆЙÆ

Фæуары алкæуыл йæ уарзт
Сæрдыгон хъарм къæвдайæ.
Мæнмæ цы саудудгæбон каст –
Цъæхдæндаг дæн æмкъайæ.

Æрвылбон цавæр загъд фæччы –
Кæййæнгты хъуамæ стæхæм?!
Фыцгæ фурдæй, гормон, лæджы
Æнæдонæй ыздахай!

Фыдмийы хæрам дард хæссы,
Æмæ-ма уый дæр зонай:
Мæ тæригъæдæй дур къæсы
Дзыназдзынæ...
Зындонæй.

Уæддæр нæ хатын цинæй мур.
Нæ улæфын дæ мæтæй:
Æнæ дæ буцтæтæ, мæ хур,
Цы кæнын, цы, дзæнæтæй?!

### 8. ЗОНÆНТÆ

Фыдуаг зымæг фæцис –
цъæх уалдзæджы цъæх ралæуд
дæ фендæй базыдтон.

Мæ сабидуг фæцис –
мæ æвзонгады ралæуд
дæ уарзтæй базыдтон.

Мæ æвзонгад фæцис –
мæ лæджы кары ралæуд

дæ буцтæй базыдтон

Мæ лæджы кар фæцис –
мæ зæрыбоны ралæуд
дæ хылтæй байдыдтон.

9. ХУДЫН

Мæ хæдзары къæсæрæй бакастæн æмæ
хæдзар йæ мидбылты худтис;
чиныг мæм бахудтис тæрхæй,
фынгæй – хæмпусуадул дзул…

Къæсæргæронмæ
рахызтæ худгæ мæ размæ.

*1986–2003*

## ХЪАЗГÆМХАСÆНТЫ

Дзæгъæл фæцыдтæ ‘мæ дæ фæстæ
Ныууагътай цатыр гомæй.
Ныццæм мæ зæрдæйы дæ хъæстæ,
Мæхи хæрын фæсмонæй.

Кæм дæ?
Æрыздæх тагъд фæстæмæ,
Дæ фæдтыл сындз ысзади?
Æрыздæх уарстæйсыгъд зæрдæмæ,
Æхсон дур дзы ыстади.
Æрцу!
Фæнды дæ къæхтыл ма лæуу.
Дæ зардæй сызмæнт сыхы.
Дæ мызд бахæрыныл-иу ма ‘рлæу,
Дæ тамако – дæ дзыхы.

Æрцу!
Æз хъусдзынæн дæ зардмæ,
Нæмгæ дæр-иу мæ ракæн.
Сыхаг нæ бахойдзæн мæ «цагъдмæ»,
Къуымæл уæд уарзон н‘ агæн.

Ӕрцу!
Дæ къай йæ къæлæт зондзæн:
Дзырд нал хъусдзынæ хомæй.
Ӕрцу!
Йæ паддзах-иу дæ хондзæн,
Йæ цатыр баззад гомæй.
Ӕрцу!
Нæ цæудзынæн дæ хъыджы,
Цæттæ мын у ныр гамхуд:
Нæм мæ, æрмæст та-иу мæм уынджы
Нæ сыхы цæстмæ бахуд!

## УАРЗТЫ ТЫХ

Гæлæбу йæ иубоны цардæн тæригъæд нæ кæны.
Йæ иунæджы удмарæн уысмы
зæрдæдзурæнтæй йыл ныддаргъ вæййы бон.
Хъанбыдæнгæс фæтæн ын фесты цъæх дур.
Кæлдымы дыдзы рухс зæрдæйы цæстытæй фæуыны.
Ӕртæ хохы фæстæ куы фæхаты арт,
уæддæр æм фæдисæй йæ сонт уд æппары,
йæ гуылфæны сисы цæй тыххæй йæ уд.

Гъе, гъей, мæнæ зæронд,
кæдæм тæхыс уыцы зæды æнгæс чызджы
æвæджиаг уарзты цъæх арты гуылфæнмæ?
Гæлæбуйау судзыс…

*1993, хурхæтæны мæйы 19-æм бон*

## ФЫЦЦАДЖЫ-ФЫЦЦАГ

Куы уаин денджызы дзæгъæл нау,
уæд фыццаджы-фыццаг
цæуин дæ рухсмæ.

Куы уаин царддæттæг зæрин хур,
уæд фыццаджы-фыццаг

тавин дæ зæрдæ.

Куы уаин æппæтхъом Чырысти,
уæд байтындзин мæхи
дзуарау дæ уæлæ.

*2003, Майрæмкуадзæны мæйы 22-æм бон*

## СЫНДЗЫ ХЪÆБЫСЫ

Сисы сæрты ссæррæтт лас,
Асинык ысуай.
Рухсы хасæй сындзы раз
Баныхæс, ыстæй –

Æфсин саулагъз, саурæсугъд
Раленк кодта ʻваст.
Уый куыд кæны сусæг сыгъд!..
Фесты стъалы раст.

Сты æвдисæн сыфтæртæ:
Сындзы хъæбысы
Ис ыссарæн стыр зæрдæ…
Иу сым нал хъуысы.

*2003, тъæнджы мæйы 22-æм бон*

## ФЫДГУЫРД

Нæ дæ фæнды
мемæ дзурын.
Нʻ алæудзынæ
уысм мæ цуры,
афтæмæй дзырды куырд дæн.

Нæ мæ уадзыс
демæ хъазын.
Нæ мын уадзыс
дæхи уарзын.
О, фæлæ фыдуаг гуырд дæн.

*2002, цыппурсы мæйы 2-аг бон*

## РÆСУГЪД ЧЫЗГ

Мæ хурыскаст, рæсугъд чызг,
Цы мæ фауыс – куынæ дæн
Дидинкъусчы рæсугъд сыг:
Бадомдтай мæ дæ «нæ»-тæй.
Мæ цард æмæ мæ бон дæ.
Дæ кой мæ рын фæсуры.
Тонын мастæй мæ бонтæ.
Дидин калин дæ цуры.

Хурыскастмæ фæмæлын –
Дæ фенын мæ фæфæнды.
‘Хсæвы ‘рцыдмæ фæбæллын –
Схудис мæм кæд мæ фынты.

Рахиз искуы мæ фынтæй.
Цом нæхимæ æхсинæй.
Бафсæдин уæд дæ уындæй,
Раивиккам маст цинæй.

Мæ хурыскаст, рæсугъд чызг,
Цы мæ домыс – куынæ дæн
Дидинкъусчы рæсугъд сыг:
Байсæфтай мæ дæ «нæ»-тæй.

*2003, тæргæйтты мæйы 2-аг бон*

## НОГ ИРОНЫ ХЪЫНЦЪЫМ

Æппæлæн бон фæкъули.
Æхсæвæр сойбыл – хæрх.
Мæ сынтæгмæ фæтулын –
Ысиу мæ дæргъ, мæ уæрх.

Мæ фыдфынтæ мын бонмæ

Дæргъзæнг чызг сурдзæн ам…
Ыскъæрдзæнис сæ бонмæ
Сæргай дæрзæнгконд арм.

Сæумæцъыккæй мын худгæ
Мæ сынтæгмæ – тæвд цай.
Цæмæннæ кæсой хуртæ
Мæ æфсæст уды, цæй?!
Мæ фæрныг бонтæм балцы
Цæуын æфсургъ-бæхыл,
Уæддæр фæмысын алцы –
Дæ тæргæйттæ, дæ хыл.

Цы зынтæн лæг фæразы!
У хъоргъ мæ урс мæсыг –
Мæ цинтæ мын фæласы
Дæ иухатты цæссыг.

*1993, рухæны мæйы 6-æм бон*

x x x

Чызг йæ къабайæ
кæрдæджы хæлттæ тыдта
æмæ худгæ куыдта:
«Мæ фæдыл зилынæй
нал рацæудзæни дæ хид –
дæ хион, æгайтма, фæкодтай дæхи…»

Лæппу худт æмæ ницы дзырдта –
сæрыстыр.
Тамако дымдта.

*1993, цыппурсы мæйы 14-æм бон*

x x x

Ды – дæхицæн,
æз – мæхицæн?

Еуæд чи стæм?

Æз – дæхицæн,
ды – мæхицæн…
Де стæн.

*1998, тъæнджы*
*мæйы 19-æм бон*

## УРС ДИССАГ

Наз бæлас йæ хихты бын
Нæзыимæ бафынæй.
Федтой иумæ хины фын –
Ерыс кодтой кафынæй.

Арвæй сыл æнæхъæн бон
Зымæг систа калынтæ
Урс къуымбилтæ, урс, мæ бон.
Цæст сæм кодта тарытæ.

Пух кæлмæрзæн дыууæйыл
Бамбæрзта цыллæйæ конд.
Цæст нæ хæцы дымгæйыл,
Аскъæфдзæн æй уæдæгонд.

Урс гобаны – цины сагъд,
Дидинкалд – сæ уаз сæнттæ.
Диссаг, диссаг, урс диссаг:
Зымæг радта уарзæттæ!

*1993, æртхъирæны*
*мæйы 1–2-аг бонтæ*

## ЦÆМÆН?

Мæстад мын ыскодта мæ къæбæр –
цæмæн?

Мæ хæдзары уазал комулæфт
налл быхсы зæрдæ –
цæмæннæ?

Мæ куыст...
Йæ кой-ма цы кæнын –
кæд федтай,
афтид голлаг хъилæй лæууа?
Мæ бон-ма цы нæ у æмбарын:
мæ уд,
мæ уæнгты нуæрттæй быд ахстон,
мæ фидæн – мæ куыстæй мын
дæ иунæг мидбылхудт цæмæн у адджындæр?

*1985, тъæнджы мæйы 13-æм бон*

## БÆЛЛИЦ – 1

*(Бернсы мотивыл)*

1

Царды æнæнымæц хæрзтæй
Не ссивын бирæ мæхимæ.
Фервæзон курæггаг хæстæй,
Сау дзул мын фаг у цæххимæ.

Ауæд мæ сынтæг мæхи 'мбæрц,
Хинтæй мæ бахизæд гамхуд,
Тавæд мæ хъызты мæхи кæрц...
Гъемæ, дæ мидбылты бахудт.

2

Цы-ма ис бæллиццаг Хуыцаумæ,
Æз уыдон куыдхуыздæрæй арын.
Хурæй лыстæг хуыд – мæ дзаума,
Зæххæй сæрак дзабыр дарын.

Нæ сахуыр дæн бадын фæсарцы,

# Цатыр

Мæ чингуытæй цатыры хъал дæн.
Ме 'мдзæвгæ уарт у мæ балцы,
Фæндагыл та мын – æмбалæн.

Мæ гуырцæй нæ фæдæн фыдзонд лæг,
Цы бæллон цъæхсæртæ, æхцамæ.
Хъолойы фых мын – физонæг…
Кувон цæмæ-ма Хуыцаумæ?

*1989*

## СТЪÆЛФÆНТÆ

1

Лæг æрхаудта.
Устытæ ныккуыдтой.
Марой.
Дудгæбæттæ.
Хъарæг.
Цъиутæ хъазгæ
бæлæстыл сæ кæрæдзи æрсырдтой.
Дард кæцæйдæр
хъуысы зарæг.

2

Тæвд къæйыл, мæгуыр,
тæвд цæкуы кафы –
хъавы
ныхыфыстæй лидзынмæ,
æмæ йыл худынц
арты æвзæгтæ кæл-кæлæй.

3

Иугæр куыдзыл
куыдзбæттæн ис,
уæд бæттæнæн
хицау ис.

Цагъар кæм ис кæм ис,
паддзах уым ис.

4

Арв нырттывта.
Арв ныннæрыд.
Мигъ
хæкъуырцц куыдæй ныккуыдта.

Их цæссыгтæ,
зды нæмгуытау,
дидиныл нызгъæлста…

Сау мигъ атад.
Урс хур ракаст.
Фæлæ дидин
онгсæстытæй баззад.

5

«Хъуамæ
хайджын уон сæдæ мадæй!» –
Фысдзармы бабырыд,
ныхъхъуси,
Йæ гуыбын
рагъстæгыл ныххуси;
Баззади йæ мад
æнæ дадæй.

6

Йæ дæлдæртыл
куыдзы къахæй цыдис.
Уæрыччытау,
уæддæр
«Дæдæй!» – нæ кодтой.
Кæддæр йæхи хъул
афтæмæй тылдис.

7

О чызджытæ!
Мæ царм скæнат, мæ царм…
Зæрдæдзæф галы тореодортæ
сырх кæлмæрзæнтæй
фатты бынмæ сайынц:
Тор-р-ро!..

8

Арвыл – базырджынтæ,
зæххыл – къахджынтæ.

Базырджынтæ – къæхтимæ,
мах – æнæ базыр.

9

Дæ фæлурс,
дæ зæлдаг дзыккутæ
мæ дæллагхъуыр дидин æфтауынц!..

Къæбæда, зæрин хур!
Йæ тынтæ мæм алрайсом
сынтæгмæ рудзынгæй хауынц…

10

Ирыстон – мæ рыстдон,
дæ цин,
дæ маст,
дæ сагъæс
билцъ уадзынц мæ риуы.

Кæд ма сын фендзыстæм,
Ирыстон,
сæ дыргъ?!.

*1968–1991*

## ЧЫЗДЖЫ САГЪÆС

Уырны мæ:
арвæй дæм едзаг мæй худы,
æз дæн – æнхъæлыс.

Уырны мæ:
дидин чындзвæлыст дæм дзуры,
æз дæн – æнхъæлыс.

Уырны мæ:
хур дæм æрцæуы дæ фынты,
æз дæн – æнхъæлыс…

Уырнынц мæ,
куыд мæ уырнынц уыдон дæ сомытæй!
Фæлæ дæхи дæр уырнынц?

*1981, кæфты мæйы 24-æм бон*

## ÆНÆСÆРФАТ ФАРСТ

Æнæсæрфат митæ кæй кæнæм зæххыл,
уымæй – не сæфт.

Зæгъæм,
къада зоны,
цъалайы донæн
йæ хъуын дæр нæ фæзилдзæн,
уæддæр æм,
загъд-заманагæнгæ, згъоры.

Зоны цъалайы дон,
фурдæн йæ хъуыртты нæ фæзындзæн,
уæддæр æм
лæбуры тыгъдриуæй…

Нæу мæнæн дæр æмбæхст,
уыцы дыууæ,
къæйных,
тæлфаг цæстæй
мæ адджын цард хæлдзæн,
фæлæ мыл худут?

*1979, сусæны мæйы 23-æм бон*

## ÆРÆДЖЫЙАУ

Мæ уд-ма æууындзын,
дæ буары ‘хцон хъарм
мæ æрмтты æртымбыл кæныныл…
Мæ уд-ма æууындзын,
дæ дзыхы æхцон зæл
мæ хъусты æртымбыл кæныныл…

Мæ уд-ма æуууындзын,
дæ къæлæсытæ ‘нгæс
мæ цæстыты ‘ртымбыл кæныныл…

Цæуыл хъуыды кодтон, мæ боныл,
мæлинаг дунейæн
æнустæмы ‘нхъæл куыд уыдтæн?

*2009, Майрæмкуадзæны мæйы 1-аг бон*

x x x

Æнæныфс уыдтæ,
мæ аууон
дын – бандон,
ме ‘нцой бадтæ.

Рæвдыдцух уыдтæ,
куыд зыдтон –
рæвдыдтой,
æмæ радтæ.

Æгъæдзар уыдтæ,
мæ хæдзар –
дæ хæдзар,
æмæ цардтæ.

Æппæтхъом ысдæ,
мæ сæрыл –
æвзæрыл
ысхылдтæ цармæ.

‘Мæ нал дæ махæй –
мæ удыл,
мæ худыл
лæгæрдыс къахæй.

*1991, Майрæмкуадзæны*
*мæйы 31-æм бон*

## ТОППЫ ХÆТÆЛТÆ

Æз дæ хъуызгæ мидбылты фæхудтæй
сæрджын саг басгуыхтæн дæ цуры –

мæ авдсион сытыл
дæ къабузджын бæллицтæ сауындз;

мæ алы æрду-уадындзы зæлтæм
дидинæг рафтау;

ме схъæл, æвæллайгæ бæрзæйæ
афæлдах сау мæр…

Дæ дыууæ æнæбын сау цæсты
топпы хæтæлтæ уыдысты,
кæцæй зыдтон уый та?

*1989, хуымгæнæны мæйы 23-æм бон*

х х х

Арвæй хуртæ чи скъæфы,
Фæлæ йæм æз хъавын –
Æз дæ номыл кад хонын
Игæрæй зæхх хафын.

Афтæмæй мæ алы хатт
Дасыс, мæ бон, сурæй.
О, фæлæ мæ енырау
Кæд дæхицæй сурай,

Уæд цæуын Уæрæсемæ.
Баст дæн, цы, дæ къахмæ.
Иу хуыскъ ус ыссардзынæн,
Гъе ‘мæ акæс махмæ!

*1998, тъæнджы мæйы 23-æм бон*

## НЫМÆЦТÆ

Ай цы цард,
цы ‘нус у,
æрмæст дæр нымæцтæ,
нымæцтæ цы тæлфынц мæ сæры?

9-мæйдзыдæй куы райгуырин,
9-аздзыдæй ыслæг дæн,
22 азмæ ахуыр фæдæн,
23 азмæ ракуырдтон ус,
24 азмæ басгуыхтæн фыд,
28 азмæ скодтон хæдзар,
39 азмæ галау хырхтон…
40-æм азы банкъардтон уарзт…

О, фæлæ, мардзæ,
кæд-ма æрцахсдзынæн мæ зонд та?

*1989, æртхъирæны мæйы 10-æм бон*

## КÆНÆ…

Дæ хæдзар цинкæмбæрзт – цæттæ,
дæ сынтæг – конд;
цы-ма фæрафт-бафт кæныс къуымты?

Æрттиваг авгæй царды цин нуаз,
дæ галуаны чызг-æхсинимæ хъаз;
цы-ма фæрафт-бафт кæныс къуымты?

Дыууæ тæрхъусæн иумæ ахсæн нæй:
кæнæ – зæххон мыдæвдылд,
кæнæ – уæларвон хуры æрттывд.

*1989, æртхъирæны мæйы 10-æм бон*

## ÆРМÆСТ ДÆ БОН У

Фæрсынц мæ:
– Цы дзæгъæлгаст фæдæ,
исты агурыс?
Æз та сын:
– Мæ мады фæдзæлласæн фесæфт.

Фæрсынц мæ:
– Цы ‘дзæм мæрдтæ кæныс,
исты фыд æрцыд?
Æз та сын:
– Фыдхиуа мæ галиу фæскъæбутæй уасы.

Фæрсынц мæ:
– Цы сау мæрмæ хъусыс,
афтæ зæронд дæ?
Æз та сын:
– Азтæ сæхион фæдомынц.

Сæ бирæ фарстытæн,
мæ зæрыбоны уарзт,
раст дзуапп раттын
у ‘рмæст дæр дæ бон.

*1989, хурхæтæны мæйы 16-æм бон*

## ÆНКЪАРД МЫСИНАГ

Наз йæ къæбыла-таутæ
йæ гом æрмтты, судзгæ цырæгътау,
æхгæд арвмæ дардта.
Мах æд къæбæлдзыг даутæ
нæ хъысмæт, сæртæгсæрст цыргъæгтау,
мæстæг архмæ тардта…

Æз, цъæх къæбыла таутау –
дæ худгæ цæстыты, цырагъау,
цæссыгтæй лæдæрстæн.
Ды сæрыстырæй тай-тай
мæ фыдæнæн кодтай.
Цыд аргъау фæринкыл лæгтæрсæн…

Назы къæбыла-таутæн
цъæх арвы хъæццулы нуæрстæй
сæ сус-бусутæ хъуысынц.
Æз ам басыгътæн дамтæй…
Кæйдæр тулдз къæсæрыл æппæрстæй
дæ ивгъуыд бон мысыс.

*1989, зæрдæвæрæны мæйы 15-æм бон.*
*Уæллаг Отъреу*

## УАРЗТЫ ÆХСÆВ

Мæйрухс,
æвзистбарц къæвдайау,
мæ цæстытæй
асфальты хъæбæрыл
кафы ахсæв…

Згъæлынц
арвы тæбæгъæй мæ развæдмæ
мæ цæссыгтæ-стъалытæ
ахсæв…

Хоны мæ,
сайы йæ фæстæ
мæ бæллиц –
фæндаджы ‘рттиваг
ахсæв…

Басхъау дæ цырагъ,
байтындз дæ рудзынг –
мæ зæрдæйы рухсмæ дæ
хъуамæ ссарон
ахсæв.

*1988, Майрæмкуадзæны*
*мæйы 11-æм бон*

## УАЛДЗÆДЖЫ

Цы хин тауыс дæ галкъæлæт цæстытæй,
Цы хойыс уалдзæджы къæсæр?
Æнæуый дæр дæ къулбадæг кæстытæй,
Куыройау, разылдис мæ сæр.

У уалдзæг æмæ худгæ къуыбыр хæлы.
Уд удæн – цинцырагъыл хæст.
Дæ зæрдæ дын цы сусæг маст æфхæры?
Кæд хуры фыртмæ у дæ каст?

Хæддзу уазæг æййафы, мæ хур, тарды, –
Мæхицæй йæ зонын æз дæр, –
Мæ удæй фылдæр никæй хъæуыс царды,
Мæ удыл бакъул кæн дæ сæр.

*1989, тæргæйтты мæйы 19-æм бон*

х х х

Дæ хиуон-хæстæджыты ‘лгъыстæй
саугуырм кæндзынæн –
мин-мин цæстæй дæм мæ бæсты
дзыназдзæн хъуынджынцæстæй хъæд…

Дæ хиуон-хæстæджыты ‘лгъыстæй
хъусцух кæндзынæн –
мин-мин хъусæй дæм мæ бæсты
куыд хъусдзæнис хус быдыр уæд!..

Дæ хиуон-хæстæджыты ‘лгъыстæй
къахсаст кæндзынæн –
мин-мин фæндаг дæм мæ бæсты
рыгкалгæ ызгъориккой кæд…

О, фæлæ тархъæды батæй тыхсдзынæ.
О, фæлæ быдыры рæвдыд быхсдзынæ?
Фæндаг – мæ иунæг ныфс уæд.

*1988, Майрæмкуадзæны мæйы 7-æм бон*

## ИУ ЧЫЗГÆН

Райсомы бæдулæй
Абоны айк – хуыздæр.
Райгæ дæ уадулæн
Уымæн ба кæнын æз дæр.
Дзурыс мын, райсом мын
Байгом кæндзынæ дæ риу.
Охай, хæс райсæн ын
Раздæр куы уаид, уæд-иу

Абоны ныфсытæй
Фестид нæ райсом дзæнæт,
Фæлæ мæ ныффыстæй
Уыдæттыл макуы кæн мæт.

Райсомы бæдулæй
Абоны айк – хуыздæр,
Райгæ дæ уадулæн
Уымæн ба кæнын æз дæр.

*1994, цыппурсы мæйы 3-аг бон*

## РЫСТ

Дысон тыргъы гом дуар рызт.
Хъуыст йæ хъынцъым, хъуыст.
Кодта маст æмæ хъыррыст:
«Чызг цæмæн фæтыхст?

Æз Хуыцауæй дæн æлгъыст.
У мæ ныхыфыст
Ме 'намондгæнæг; мæ куыст –
Хъæр, хъыс-хъыс, хъыррыст.

Фæлæ, уадз, фæуон æгуыст,
Бахæрæнт мæ сыст,
Ме 'вдузæнтæй иу хъыррыст
Нал фехъусдзæн мыст.

Ма разын, чызгай, фæлдыст,
Бамбар мын мæ рыст.
Макæн, ма бакæн мæрдхуыст.
Рацу, æнæнтыст!» –
Афтæ боны цъæхтæм хъуыст
Дуары загъд, хъыррыст.
Худт, йæ цæджындзыл ын тыхст
Лæппу, рызт.

*1994, тæргæйтты мæйы 8-æм бон*

## НЫРМА

Нырма тындзыс дæ зæрдæйы цæуæнтыл.
Нымайыс мæ дæ рухс бæллицты нæйыл.
Уæддæр тыхсын дæ урс цырагъ-цæуæнтыл.
Фæлдахдзынæн дæ гауызвæлыст нæууыл.

Дæ тæнæг кофтæ аскъуындзынæн сонтæй.
Дæ риутæм мæ ныххуыйдзынæ зæгæлтæй.
Ды басгуыхтæ Евæйы цоты цотæй,
Адамы туг тæлфы мæ уæнгты знæтæй.

Мæ быны дæ æркæндзынæн æхцон над.
Мæ цъиргæ баты судзагæй кæрздзынæ.
Куы банкъарай мæ къабæзты æхцонад,
Ыстъæлфгæ буары ‘рбайсæфтæй тæрсдзынæ.

Куы фæуой æхст нæ гилдзытæ кæронмæ,
Куы ссæуа арт нæ былтæ ‘мæ нæ рустæй,
Хъæбыс-хъæбыс фынæй кæндзыстæм бонмæ,
Хъуызгæ нæм худдзæн арвастæуæй рухс мæй.

*1990, цыппурсы мæйы 4-æм бон*

## АУДЫД

Мæ бынатæй мæ ракодтай,
Ныр куыстæй нал тыхсын…

Мæ хæлæрттæй мæ ракодтай,
Ныр нозтæй нал тыхсын…

Мæ бинонтæй мæ раскъуыдтай,
Ныр мастæй нал тыхсын…

Мæ иунæг Хуыцауы хайæ мыл
Ды саудадтай тынгдæр.

*1988, кæфты мæйы 10-æм бон*

## ФЫЦЦАГ УАРЗТ

– Фыццаг фендæй йæ бауарзтай?
– Бауарзтон.
– Йæ мидбылты дæм бахудтис?
– Бахудтис.
– Дæ зæрдæйы йæ ахастай?
– Ахастон.
– Йæ рæвдауын дæ бахъуыдис?
– Бахъуыдис.
– Хуымæллæгау дыл не стыхстис?
– Уайтагъддæр.
– Фæстагмæ дыл кæд не стых ис?
– Ау, мард дæн?
– Цы-ма у уæд дæ рын, дæ сон?
– Нæ дæ уырны, уæд байхъус:
Нæу уарзт бавæрын алкæй бон –
Сыгъзæрин суадонæй йыл дон
Нæ кодтон æмæ бахус.

*2003, кæфты мæйы 6-æм бон*

x x x

«Шейк!» –
къуымæй райхъуыстис кæйдæр хъæр.
«Шейк!» –
джаз, йæ хиды мæцгæ зары.
Ме 'мбæлттæ чызгæй-лæппуйæ
шейк срæуæг сты залы…

'Рмæст –ма æз…
Ныр дæр та 'гуыдзæг
(Уас
дæлдæр фæуæд мæ раттæг),
къуымы уонгæппæрстæй бадын,
тамакойы фæздæг уадзын…

Ды?..
Ды нымд уарзæттæ нæ уарзыс,
шейк мидбылхудгæ кафыс
иу кæимæдæр мæ цæстмæ…

Сыстадтæн.
Фæцæуын.
Ды фæсмоны цæссыг калыс…

Афтæ уыдис.
Афтæ-ма мæ цæстытыл фæуайыс.

*1968, Джиуæргуыбайы мæйы 2-æм бон*

х х х

О чызджытæ-чызналджытæ,
Хуртæ стут, фæрдгуытæ.
Байрæзут уæ ныййарджытæн,
Ахæрон уæ рынтæ.

Згæ сындз телтæ лæгты ‘ргъиуты
Ласут, ноджы зарут.
Хурмæдонгонд хуыскъаг риуты
Цавæр арт æндзарут?

Зынг æртайын кæны здыйы,
Зæды сихтæ фестат.
Топпыхосæвæрæн сыйы
Артгæнгæ кæд федтат?

Иу уæ хин-минтæй ысбударм,
Скодта мæ хæтæг маргъ, –
Теуайæн æрмæст йæ хус царм
Баскъуыхы хæрæгуаргъ, –

Афтæмæй кæны дызæрдыг,
Рыг куы нал ыскалон.
Уый-ма зонай, сахъ тырæнгуырд
У Хæмыцы ‘мфаззон.

Сфæлвары мæ алы тары –
Ссарин-ма фæндæгтæ?
Чи уæ федта зæронд галы
Ауæдзы фæкæлгæ?

Диссаг у чызджы сæры зонд –
Рацу, ‘рбад мæ цонгыл.
Чи ивы цæргæсы зæронд
Халоны æвзонгыл?

Сау калм мын мæ риу æхсыны –
Æй-джиди, ды кæй дæ!
Зæронд бирæгъ тар пыхсбыны
Ахæссид дыгæйттæ.

х х х

Дард, хъæдгæрон-ма,
арф, хъæды дзыхы
фæстаг мит йæ удыл ныххæцыд дæндагæй –
цалынмæ уалдзæджы фидиуæг,
малусæг дидинæг фена,
абон-асом кæны…

Куы райдайы мит дæр тæфсын,
уæд æй
дидинæг уынын фæфæнды.

## СИДТ

Къæсæр у хох,
фæлæ ис хохæн айгæрдæн,
æхсон феста, гъе, дойнаг дур.
Ирыстоны къæсæр-хохыл
ыстыр дунемæ алæгæрдæм
зондагур.

*1988, кæфты мæйы 12-æм бон*

х х х

Уыцы тæлмастæу сусхъæдæн
асæрды хъарм хур
цы цъæх-цъæхид дарæс,
цы ‘нæнымæц
узгæ хъусцæджытæ кодта лæвар!

Ацы къæвдаджын фæззæг ын сæ
фескъуыдта къабазгай, иугай
æмæ сыл мадард бæгънæгæй
уазал цæссыгтæй кæуы.

x x x

Фыдæнæн мыл цынæ,
цынæ дудгæбон уадзыс:
тæргай мæ алыгътæ;
бакодтай дæ телефоныл цъутта;
дæ тæригъæдтæ мын фæхъарыс,
уæддæр мæ иууыл,
иууыл,
иууыл фылдæр ды уарзыс.

*1993, Майрæмкуадзæны*
*мæйы 27-æм бон*

x x x

Ды дæ кæлæнгæнæг –
дæ къæлæс æрфгуытæ,
дæ зæдфæзмæн мидбылхудт,
дæ хурытынæнгæс дзыккутæй быд хызы
ыстыхстис мæ зæрдæ.

Æз ма дын баззадтæн…
Æз дæр
де 'хсгæ цæстæнгасыл
райдыдтон фæкæл-фæкæл кæнын.

*1979, цыппурсы мæйы 2-æм бон*

x x x

Мæ хъуыдыты
уыйбæрц хызбийæн кæныс,
мæ сæнттæ мын уыйбæрц
дæ алыварс тухыс,

цæмæй мæм уа
иунæг дæ кой
æмæ дæ фæхауа
мæ зæрдæ...
Уæдæ.

*1988, Майрæмкуадзæны*
*мæйы 11-æм бон*

## ДÆ ГУЫРÆНБОН

Абон – дæ гуырæнбон,
хурсыгъд лимонау,
мæ ризгæ армы дзыхъмæ
зæрдæйы судзгæ маст –
мæ зæрыбоны уарзт
туджы æртæхтæй
лæмарын æмæ йæ,
донгонд ыздыйау,
дæ сонт уды цæрайæ
нуазын.

*1988, рухæны мæйы 11-æм бон*

## ДÆ ХУЫЗЫ

Уалдзыгон малусæг
тасгæ
ме 'рхæндæг зæрдæйы арфæй ысхъуызы.

Мæнæ, –
мæ бонæй уон, –
калы мæ хъуыдыйы дидин дæ хуызы.

*1990, цыппурсы мæйы 4-æм бон*

х х х

Фыны 'гъдауæй
фыны кæлæнтæ зонын:

сæрыстырæй
мæ урс зачъе куы дауын,
хуыздæрæнхъæл уæд аздухын мæ рихи;

куы фенын фыны
кадылмард артисты –
мæгуырдзинад мæ уæлкъæсæр ыслæууы;

куы фæтæхын
мæ зæрдæйы дзæбæхæн,
уæд хидкалæн куыст баййафы мæ къона…

Æнгуз хæрын цæссыг сайы;
цыллæ хуыссæнгарз – фембæлд;
чызджыты къорд – мæнгард фæсайд;
паддзах фенын – стыр цау…

Фæлæ мæм ды æрвылæхсæв
зæды хуызæн къæмдзæстыгæй
куы æртæхыс мæ фынты,
цы мын дзуры,
цы нысан кæны уый та?

*1988, кæфты мæйы 19-æм бон*

## САУ ÆХСÆВ

Сау æхсæв –
сау гæды
уыцы хъуызгæ цыдæй
ме 'намонд зæрдæйы
схуыссыд тымбылтæй.

Нал дæр хæйрæджджын нозт,
нал дæр кæнгæ худтæн,
нал дæр къахбай сылтæн
сурын нæ комы.
Омæ куыд тыхджын дæ –
иунæг дæ бахудты,
уалдзыгон хуры чъызгæ тынау,
уагæр цы тых ис?

*1988, кæфты мæйы 15-æм бон*

x x x

Цæмæннæ ис, мæ боныл,
здæхæн ивгъуыдмæ?

Уым –
дæ сабыр цъыбар-цъыбур…

Уым –
дæ фæлмæн былты хъарм…

Уым –
дæ буары ‘хцон ад…

Цæмæннæ ис, мæ боныл,
здæхæн ивгъуыдмæ?

Уым –
æвæсмон ызнæт кар…

Уым –
мæ сыфтæрæфтыд уд…

Уым –
бæллицты тæрккъæвда…

Фидæны размæ
тыгъдриуæй цы тындзын?

Уым –
дæ ихсыд æрфгуытæ –
дыууæ саухъус калмы,
хуыздæроны ‘нхъæлцау,
хæрдзысты кæрæдзи…

Уым –
мæ хауд зæрдæйы
мæ ингæн.

*1988, кæфты мæйы 12-æм бон*

## БУЗНЫГ

Бузныг, мæ сайæгой, уарзон хæлар чызг,
Де ‘нæнцой зæрдæ кæй не ‘нкъары уарзт-зынг;
Зокъойау, иунæг-иубонон кæй дæ;
Д‘ алы бæллиц кæй у ардгæй дæумæ,

Бузныг!
Нæ царды нæ, галтау, æфсондзы
‘Гайтма нæ хъæуы иумæ æфсоны цыд.
Бузныг, мæ зæрдæйы артыл сырх дон
Аскъæрдтай афоныл, кæннæд сыгътæн.

Бузныг, дæ зæрдæйы сусæг фæндæгтыл
Нал раздæхдзынæ мæ къæсмæ мæ фæдыл.
Бузныг, мæ сайæгой уарзон хæлар.
Бузныджы номыл дын ме стих – хæлар.

*1988, кæфты мæйы 15-æм бон*

## ДÆУМÆ ФÆНДАГЫЛ

«Дардыл æрзил æмæ хæдзар сарай».

*(Æмбисонд)*

Алкæй фæндаг нæ
куыд зилдзæнис дардыл.

Алчи нæ быхсы
зæронд кас хæрын æмæ
алы лæггадгæнæг сылты
уазал цæстæнгас нуазын.

Дæ сатæг зæрдæйы
ихсыдтæ къæсæрмæ
куыд дардыл ныззылдис мæ фæндаг?

*1988, кæфты мæйы 14-æм бон*

## БÆЛЛИЦ – II

Хатт мæхимæ дæр феххæлын –
Цас хъал уыдзынæн фынтæй?!
Æз дæу тыххæй цы маст хæрын,
Уымæн радзурæнтæ нæй.

Уыцы къæлæсы æрфгуытыл
Райгæ бацæуин мæрдтæм.
Махоны дудгæ æлгъыстыл
Мур нæ æркæнин мæт дæр.

Уыцы рæсыдгонд ныв былтæй
Сагау баныуазин дон.
Уыцы дзыккуты хъуымбылтæй
Хъазгæ арвитин мæ бон.

Уыцы хъазхъуыр дæллагхъуырæн
Батæй бафсæдон æрмæст,
Стæй мæ адзал уæд саугуырмæй,
Фæлæ гуырцæй дæн æргъæфст.

Уыцы митхъæпæн урс риутыл
Баззайæд мæ былты фæд,
Сисæнт мæ стæй сæ цыргъ сытыл –
Тали-тулитæ кæнæнт!

Ацахсон дæ дæ урс къахæй,
Афтæ фехъал дæн – æвзæр,
Æмæ скодта мæ салд къухтæй
Хины маргъ, мæ бон, пæр-пæр.

Ныр фæуыдзынæн фидиссаг –
Махон мардзæн мæ фыдæй.
Диссаг у, ‘вæдза, тынг диссаг –
Чи ахсы бæллиц фынтæй?!

*1994, æртхъирæны мæйы 18-æм бон*

## СУСÆГ ХÆДЗАР

1

Фæнды дæ
мæ зæрдæйы сусæг хæдзары
сындзæхгæд дуарæй
бакæсын рухсмæ?

… къуымæй æфсæрмы,
фæкæл-фæкæлгæнгæ,
дæ былтæ æхсынгæ,
рахызтæ, зæдау –
бынаты бардуагау,
мæ размæ –
æз баззадтæн
хъенсагъдæй, дурау…

… хæдзары астæу
æфтауыс мæ цæсты раз дидин:
«Рауай,
бацу мæ цармы!»
Æз та, сæтæлæгау,
бырын мæ хъузджы…

… дæ фæсус хъæлæс мыл
дæ фæлмæн хъæбысмæ
сæрдыгон хъарм къæвдайæ уары,
арв нын – дзæнхъавæлыст царæн.
Уæддæр
дзæнæты хъæбысы
ныууагътон мæ хъузг –
лидзын мадард бæгънæгæй
мæхæдæг мæхицæй…

Ныр нал сты дурбаст мæ уæнгтæ,
ныр ыстъæлфгæ мæ хъузджы нæ бырын,
нал дæр-ма фыртарстæй лидзын мæ хъузгæй,
ныр фæсмоны мысинæгтæй
мæ зæрдæйы сусæгдæр къуымы
скодтон мæ хæдзар.

2

Уалдзæджы фæуды
мæ сусæг хæдзары
мæ фæлурс-цъæх былтæ
мæ сусæг чызг-уазæджы
даргъ цæстыхаутыл рызтысты…

Уазæгуарзон мæ ысхуыдта,
гъе,
уазæгхор фысым?

Уалдзæджы фæудæй
афтæ дард стæм æмæ
уымæй йæ ‘рфæрсын дæр
не ‘фты мæ къухы.

х х х

Гыцци, гыцци, мæ ныййарæг мад,
Ма кæн, ма мын дзур:
«Ма нуаз».
Баззад, баззад мæ сабибон дард –
Азтæм аз æфты алаз.

Гыцци, гыцци, мæ ныййарæг мад,
Мауал мæ æнхъæл саби.
Уæд нæма нозтон (Саби – цæлмард?!.),
Ныр дæ саби ыслæги.
Ды:
«Ыстыр лæг ысуыдзæн», – дзырдтай.
«Хорз лæг рацу!» – дæ фæдзæхст.
Тагъд портфелджын цы ысуон, куывтай,
Фырт портвелыл нæ фæхæст.

Нуазы, нуазы шампайнаг сырх сæн.
Хатт фæвæййы хæссинаг.
«Ма нуаз, ма, мæ хур, – бадзурыс мæм, –
О, куыд фæдæн кæуинаг».

Гыцци, гыцци, цæмæй зоныс ды,
Æз фыдрасыгæй сæны
Арф, кæсæнау, цы ысуынын, цы;
Кафгæ-худгæ цы зæды!

Иухатт раджы…
Йæ сатæг кæл-кæл
Зæрдæ мысы ‘мæ мысы.
Дамтæ…
Мулкджын лæг – уды уæнгæл.
Ох, мæ зæрдæ ныддымсы.

Маст…
Цæссыгтæ…
Æгæрон фæсмон,
Калмау, зæрдæйы ‘рхуыссы.
Хыл…
Тæргæйттæ…
Чындзæхсæв, мæ бон…
Сау лæджы хъуыры ‘ртыхсы.

Гыцци, ех-х, гыцци…
Уарзон, Æна,
Ма кæн, ма мын дзур:
«Ма нуаз».
Агуывзæмæ фæкæнын æз ба,
Мæн кæй уарзт хæры уал аз.

*1970, зæрдæвæрæны мæйы 14-æм бон*

х х х

Æгæрон хус быдыр – мæ зæрдæ.
Кæцæйдæр, уаддымау, фæзындтæ
‘Мæ хинтæ райдыдтай, кæлæнтæ,
Йæ уæлæ хъазты фæзау ‘рзылдтæ.

«Фæйлаугæ арт уыдис мæ сагъæс», –
Дæ къабæзтæ ивазыс цармæ.
Дæ æрмттæ ацагътай, стæй акæс –
Цъæх арт ныффæйлыдта уæларвмæ.

«Ыстырдæр арт, ыстырдæр арт!..» – фæзæгъыс.
Æндæр ран хус суг сугыл авæр.
Мæ зæрдæйæ сæм зынг ыскъæфыс…
О, нæй, нæ дæ самоны уавæр.

Кæм фыр тагъдæй дæ къух ысризы,
Кæм сугтæ – ‘мбыд, хуылыдзтæ.
Дæ цæссыг уадултыл æрмизы.
Фæстæмæ та мæ артмæ ‘рцыдтæ.

У ныр зымæг…
Бецау, ныргъæфсыс,
Дæ цæссыг фемæхсы хуыскъ кæмттæм.
Гæв-гæв кæныс, фæлæ кæм тæфсыс
Мæ зæрдæйы нымæг арты сыгъдæттæм.

*1970*

## ÆХСИНÆГ

Раджы кæддæр, фыдазы,
Тъæнджы мæй, тых зымæджы
Бамбæхстон мæ дæллагхъуыр
Удисæг æхсинæджы.

Уыд йæ ахстон хихтæй быд,
Уды хъарм дзы нал уыди;
Æхсинæг ныргъæфст, мæгуыр,
Судзгæ туг ыл уарыди.

Бампылди йæ тасгæ гуыр,
Хурх æй кодтой сагъæстæ.
Батæфсти мæ дæллагхъуыр,
Гъемæ, хъармы бангæстæ.

Уыд мæ базыр дардыл тыгъд,
Нал æй хостой тымыгътæ.
Хæлд, къуыбырау, митуарды –
Æз урæдтон тыхдымгæ.

Нал хатыдтæн мигъбадты –
‘Хсинæг уыди, зæд уыди:
Сусæгæй мын сай-майты,
Булæмæргъау зарыди.

Бæстысæфты дидинтæ
Калд мæ сæрыл знæт арвæй.
Цавта арт, гуыр-гуыргæнгæ,
Растæн дæр мæ зæрдарфæй.

Нал зымæг, нал тъæнджы мæй,
Нал дæр хæхтæ, уæзгуытæ
Нал уыдтон.
Куыд бахызтон
Ме ‘хсинæджы базгуытæ!

Хуртæ, мæйтæ, стъалытæ
Систы мын йæ уаз мыртæ,
Фыны дæр йæ цæрайæ
Кодтон суртæ, уадзгуытæ.

Зымæг ацыд.
Уалдзæджы
Талынг вæййы дæлбазыр.
Хъазыд, кафыд сатæджы,
Нал æмбæхст мæ дæллагхъуыр.

Кодта-иу сæрзилæнты
Армæ ме ‘мбæрц стæхынæй…
О, куыд тæрсын, лæппутæ,
Цауты дарддæр зæгъынæй.

Хуры тынтæм уæлдæфы,
Артау сыгъд йæ лæгъз пакъуы,
Растдæр цыма дзæнхъаты,
Дзиндзиты уыд, зæлдаджы.

М‘ ауyонæй йæм кастысты
Алы мыггаг цъиусæртæ –
Бæлыуæттæ, сынтытæ,
Хæфсытæ ‘мæ цъиусуртæ…

Ныр йæ хæлд ахстоны ‘фсон
Сайтæ-майты айсæфы,
Нал зоны, кæм æрбада,
Мадау, къуыртты а-сæрды.

Уас ныммæлон уый мæстæй, –
Иу зын мын нæу, аст зыны, –
О, фæлæ йæ, лæппутæ,
Цас фæдарон азымы?

Зæды æнвиц уазтæ чызг
Никуы вæййы иунæджы,
Иумæ йыл фæцæй тайынц
Иууылкъаддæр мин лæджы.

*1991, сусæны мæйы 17-æм бон*

х х х

Ног мæй йæ сомбоны ныхыфыстæй,
йæ фидæныл судзгæ,
чындздзон идæдзау, ныкъкъæдз,
фæлæ йыл къæртайы хъæд
нæ æмæ нæ лæууы –
цы къæвдаджын мæй та уыдзæнис…*

Уæддæр ыл
мæ ныфсы дзаг дзæкъул ауындзын.

## МÆРДДЗÆСТ ЛÆДЖЫ ‘МКЪАЙЫ МОНОЛОГ

Амонд атахтис,
дуры сæр абадт.
Æз – сылгоймаг,
мæ амонд – мæ иу фын,
Фæлæ амард мæ чызгон цин,
амард…
Оу,
уæддæр дыл мæ зæрдæ нæ ивын.

* Адæмон уырнынадмæ гæсгæ ног мæйы хъусыл къæрта æрцауындзæн куынæ уа, уæд къæвдаджын мæй вæййы.

Ды дæ куыстаг нæма фæуыс,
афтæ
Мæн мæ цæстæнгас
тигъмæ нылвасы,
Æз дæ размæ фæцæй цæуын кафгæ,
‘Рмæст…
дæ тæрк фæкаст иу цъыккæй дасы.

Ме схъæл зæнгтæ
кæуæг хæрис фестынц,
Нал дæр иу къахдзæф…
Мауал дæр худгæ…
Уалдзæг атахт…
Зæронд хæррæгъ фест, чындз!..
Уас дæ сау мæрдæй фæбадон дудгæ!

‘Взонг чызг-усау мæ хæлæртты цæстмæ
«Форд» æрвхуызы нæ баддзынæн никуы…
Саби – фидæн,
ды ‘хцайыл дæ хæст ‘мæ
Гуырæн хæдзæртты
сомы цин ниуы.

Хорз,
цацатæн сæ кой дæр нæ кæнын:
Джинс куыд даргæ у,
Ферох мæ уый дæр…
Нал сарæхсин
сæрак къаба скæнын…
Ехх,
мæ дзырдтæ нæ уырнынц мæхи дæр.
Раг чызгон бонтæ
тъизынц мæ уды,
Уыдон дæр мын
мæ зæрдæйы марыс.
Ничи уал зæгъдзæн:
«Хъал у ‘мæ худы», –
Зонынц,
капекмæ туггарз куыд дарыс.

Мæн нæ уырны нырма дæр –
фыдлæг дæ,
Фæлæ д' амонд дæхицæй цы 'мбæхсыс –
Ох-хай,
уаих уай, уаих,
цы лæг дæ,
Кæд дæ батæн дæр
хардзæй нæ тæрсыс.

*1980, зæрдæвæрæны мæйы 5-æм бон. Бакуриан*

## ЗÆРЫБОНЫ ФЕМБÆЛД

Цæмæн хъуыдис,
цы мæрдтагæн уынджы фембæлд,
Куы нал зындис
дæ цæстыты нæ уарзты фæд.

Мæгуыр кодта
дæ мард уæнгтæй мæ хауд зæрдæ.
Æркъул кодтам
хъысмæты раз нæ урс сæртæ.

Куыд дыл зындис
дæрзæг царды фыд армы фæд!
Цæмæн хъуыдис,
цы мæрдтагæн нæ а-фембæлд?

Æнхъæлдтаин –
дæ амондæн æмбал дæр нæй;
Æнхъæлдтаис –
цæрын æз дæр, дæуау, фæрнæй.

*1992, цыппурсы мæйы 21–22-æм бонтæ*

## НОДЖЫ ДÆ...

Ох-х,
куыд дын кæнын зæрдæскъуыд, –
Усджын лæг дæн,
саг фæкæлæд, –
Бауарз дæу,
дæ гом уæрджытыл

Ма ‘рцæуæд
лæгæн йæ мæлæт!
Зæхх мын –
дидинкалд дæ цуры:
‘Вдисæн –
арт мæ риуы арфæй.
‘Нæ дæу зæхх
фæлæбыры мæ быны,
Галмдзармæйййас
нал февзарын арвæй.

Ох-х,
куыд дын кæнын зæрдæскъуыд, –
Арв,
дæ цæхæр мыл ныккæлæд, –
Бауарз афтæ,
бауарз афтæ,
Ноджы дæ
зæронд хæрæг æнхъæлæд.

*1977, хурхæтæны мæйы 3-аг бон*

х х х

Уалдзæг уыд, зымæг уыди,
Мит уарыд, бæмбæджытæ,
Зæхх нæ быны тасыди,
Тадысты нæ уæрджытæ.

Кодтам ленк, зыр-зыргæнгæ,
Мит гобаныл денджызы.
Суадæттæ, сыр-сыргæнгæ,
Афæд кодтой не стджыты.

Дуне – дидин тыныл хуыд,
Урс дзæнæт нын – хъæрм хатæн.
Царды уыди, фыны уыд –
Æз нæма нæ райхъал дæн.

*1994, тъæнджы мæйы 9-æм бон*

## ДÆУМÆ КÆСГÆЙÆ

Уыцы схъæл зæнгтæй
уыцы схъæл цыдæй мæ ныхмæ
цыдтæ зæдау –
дæ къахы аныдзæвдæй уыртæ
калдтой цы дидин!..

Дæ дзабырты
даргъ зæгæл-зæвæттæй –
ностæ
мæ хауд зæрдæ тугамæхст
раттдзæн цы дыргъ?

*1996, цыппурсы мæйы 7-æм бон*

## ПОЭТЫ ЗÆРЫБОН

Схыл,
ыспырхы бар мын ис.
Нуазын,
цас мæ фæнды,
сæн –
Сæндуцæг
мæхæдæг дæн.
У мæ бис æмæ
мæ ис.

Нуаз,
куыд ма куса дæ сæр.
Ис дын бар –
ныззар изæр.
Нæй дын
уарзтыл ивæн
сæр –
Ма дæ фæсайæд
дæ сæн!

Кад,
сæнуарзаг поэт сдæн!
О, фæлæ…
Хайам нæ дæн.

*2002, рухæны мæйы 7-æм бон*

x x x

Нæй уарзтæн ласæн, нæй, дзыларæй,
æмæ нæ хъæуы.
Ныууагътай мæ фыдбоны тарæй,
уæддæр нæ кæуын.

Къæрных сау лæг зæрин бибитæй
йæ бон ныккала.
Нæ урсфарс мæсыг разынд митæй,
куыннæ ныккæла!

Дæ уарзт ысызгæ 'мæ аркъауæй
нæ комы 'фтауын
Мæ зæрдæйæ.
Йæ хъыррыст дардæй
мæрдтыл мæ 'фтауы.

Куыд арф ныххызт мæ риуы арфы,
цæмæннæ комы?!
Куыд æй ныддыгътай тулдзы архы –
мæ зæрдæ тоны.

*1993*

ÆНÆМСÆР

Хурыл дæ сбарин,
фæлæ дæ цуры
нал уынын хуры...

Мæйыл дæ сбарин –
сыфтæры мæйы
амонд кæй хъæуы...

Стъалы дæ тары,
фæлæ ыстъалы
уды нæ тавы...

Нал уынын хурты,
нал уынын мæйты
уарзты гуылфæнты.

*1991*

x x x

Нæ дæм æнхъæлмæ кæсын, мæ хур, къуырисæры.
Нæ дæм æнхъæлмæ кæсын, мæ хур, дыццæджы.
Нæ дæм æнхъæлмæ кæсын, мæ хур, æртыццæджы.
Нæ дæм æнхъæлмæ кæсын, мæ хур, цыппæрæмы.
Нæ дæм æнхъæлмæ кæсын, мæ хур, майрæмбоны.
Нæ дæм æнхъæлмæ кæсын, мæ хур, сабаты.
Нæ дæм æнхъæлмæ кæсын, мæ хур, хуыцаубоны…

Гъе, фæлæ дыууæизæрастæу кæд искуы фæзынай –
мæ тулдз æхгæд дуар, мæ боныл,
æркæлдзæн фæныкæй дæ разы.

*1991, Майрæмкуадзæны мæйы 12-æм бон*

## ДАВÆГГАГ УЫСМТÆ

Макуы бон нын фæуæнт,
макуы бон нын фæуæнт
ацы давæггаг уысмтæ…

Мæйы урс цин дыл лæдæрсы,
судзыс мæ къухы цырагъау,
хи рухсæй судзыс цырагъау…

Нæзы бæлас дæм
ивазы йæ судзин цъæх ныхтæ
аскъæфынæввонгæй…

Уынгты дзæгъæл куыйтæн
тайынц сæ цæстыты фиутæ
де ‘назым худтмæ…

Уымæн дыл кæнын нæ фыдцарды,
уымæн дыл кæнын æрдæгæхсæв
уынджы æрратæ!

*1993, тæргæйтты мæйы 1-аг бон*

x x x

Зæгъыс мын: «Ацу!»
Ацæуын æмæ
дæрдтыл мæ фæндаг
базилы дæумæ.

Хæцыс: «Цæмæ-ма
фæзындтæ, цæмæ?»
Уæддæр мæ фæндаг
базилы хъæмæ.

Æмæ?.. дæумæ?..
цæмæ?.. хъæмæ?..
Зæххы къори
тымбылзылд у æмæ…

*1993, Майрæмкуадзæны*
*мæйы 31-æм бон*

x x x

Лæг фыны митыл уа дис дæр цы кæна:
уайын,
            уайын,
                        уайын…
Нæй!
Мæ мидбынатæй не змæлын
(Æмæ цы –
фынæй кæнын).

Лæг фыны митыл уа дис дæр цы кæна:
нуазын,
            нуазын,
                        нуазы…
Нæй!
Уæддæр мæ дойны не суадзын
(Æмæ цы –
фынæй кæнын).
        Ау, хъалы та?!.

Уарзын,
уарзын,
уарзын...
Нæй!
Уæддæр йæ уарзтæй не 'фсæдын
(Æрмæст æй
ме 'фсинæн нæ хъæр кæнын).

*1972*

х х х

Идонджын – уаргъæвæрд, æз та
Цыдтæн стъалыдзуан мæ фынты.
Дзырдта, мæ зæрдæ мын дзырдта:
Цыфæнды фыд æмæ æвыды
Лæджы тас-иу ныфс фæсырдта.

Кæстæр фæндагсæртæй куы суа,
Уæд ыл тæхгæ фæкæнынц азтæ.
Уæлдайдæр,
чызг къæйных куы уа –
Мæ урсхил зачъемæ-иу кастæ,
Æмæ мæ намонд сæр куыдта.

Æфсургъкафæн цъæх хуым куы суа,
Кæм-ма уыдзæн æфсургъæй хъæлдæр!
Фæлæ къæбæлæй къуырд куы уа,
Уæд ын цъæх сой кæрдæджы хал дæр
Æвдадзы хос кæд уыд нырмæ.

Зæххон цæстджын æви куырм уа,
Кæсы æмæфсондзæн йæ дугъмæ.
Уыдзынæ сау мастæй хъуырмæ,
Фæллад æфсургъ куы райсай къухмæ.
Быхс уал, мæ бон, фæлтау нырма.

Лæу фидар!
Карчы къахау, ма 'ргъæфс,
Дæ сæрмæ дугъон курын ма 'рхæсс!

*1988–1989*

x x x

Дæ уæнгты тасгæ змæлд мæ удыл
Цыллæ бæндæнæй баст уыдис.
Дæ цъыбар-цъыбур дзырд, дæ худтыл
Мæ намонд сæр мæрдтæм цыдис

Æмæ цы хæйрæджы ‘лгъыст нозт уыд –
Дæ ном дзы амæлдзæн – хыгъзтон;
Уæууай, поэт лæгмæ цæй зонд уыд (?!) –
Æмæ дзы дурынæй хырхтон.

Уарзт ноздæй н‘ амардис мæ уды.
Æллах, ныххуыссыд дзы мæ зонд.
Уыд не ‘хсæн фарны хид ‘мæ худы
Йæ ныссастыл нæ удты конд.
Ныр не ‘хсæн лакъон дон ысхойы
Æмæ нæ дамты тымыгъ хойы.

*1979, рухæны мæйы 4-æм бон*

## САЙÆН ÆМДЗÆВГÆ

Абон та йын ‘нæфæзынгæ нæй –
Зилы та йæхи лæгыл мæнгардæй.
Сомытæ кæндзæн, мæгуыр, мæнæй –
Ракæндзæн йæ лæджы хурх цыргъ кардæй.

Абон та йын ‘нæфæзынгæ нæй.
Сусæгæй мæм бахуддзæни дардæй…
О, йæ кард – йæ кæрддзæмы мæнæй!
Нал цæуын махоныл æз мæнгардæй.

Ныр цымæ кæй сайын?

*1980, хуымгæнæны мæйы 5-æм бон*

x x x

Зæгъынц,
уарзондзинад куырм у.

Æцæг,
куыд не схæцыд йæ цæст
мæ ныхы ауæдзтыл,
мæ фарсмæ ме 'мæфсондз,
мæ иузæрдыг æмкъайыл,
мæ сабитæ,
мæ каистæ,
мæ хиуæтты 'лгъывд халыл?!.

Зæгъынц,
уарзондзинад куырм у.
Куыд бакуырм дæн æз та?
Гормон,
ды сæ нæма уыныс ныр дæр.

*1980, тæргæйтты мæйы 12-æм бон*

x x x

Ма мæ 'нхъæл коккайы мад:
Цасфæнды мæ мауал хат,
Хъуамæ ма дын иунæг хатт
Банкъарон дæ былты ад.

Фестадтæ кæд лидзæг калм,
Уæд кæмфæнды ма ахæт,
Хъуамæ ма дын иунæг хатт
Банкъарон дæ уæнгты хъарм.

Фендзынæ ма къорд лæгтæ.
Бафснай-иу сæ хорз тыллæг.
Æз бæлццон дæн – дойны лæг,
Суагътон дæ мæ мондæгтæ.

*1988, кæфты мæйы 11-æм бон*

## ÆНÆМСÆРТÆ

Зонын æй фæрæты хъæдæй
не стæм барст.
Гъемæ, уæд дæ фæндаг, уæд дæ
фæндаг раст.
Курæггаг галау мæхицæй
кусдзынæн.
Хъусдзынæн мæ зæрдæмæ та,
хъусдзынæн.

Уадз, мæ развæд макуы уынон
фæздæджы.
Фæззæджы хъуыдис мæ дидин,
фæззæджы?!
Сагъæсхуызæй мын тæригъæд
ма кæн, ма.
Уадз, дæ маст мæ, уадз дæ маст мæ
бахæра.

Фæлæ стыхсдзæн та æндæр мæ
астæуыл.
Оу, мæ бон, хæйрæг чи бардзæн
уаз зæдыл!

*1994, зæрдæвæрæны мæйы 10-æм бон*

## АВД ХОЙЫ

Арвы риуыл авд хойы
кафынц.
Зæрдæ бахойы
уаз чызджыты уаз хуызтæй,
уыцы зæдты хъазынтæм.
Куыд хистæрæй –
Аззæ,
Уззæ,
Уырыззæ,
Цицц,
Уæрдæхъ,
Дæдæкк,

Уæдæкк,
сæ кæстæр у – Къæбæда…
Ды дæр сæ хо –
Цыкура!
Мæнæуый дæ… ракура!

*1999, тъæнджы мæйы 27-æм бон*

## МÆ ФÆСМОНГОНД УАЛДЗÆГ

Уалдзæг у:
дæ калд дзыккутæ – дидинтæ,
дæ сау цæстытæ – дидинтæ,
дæ худгæ былтæ – дидинтæ.

Уалдзæг у:
дæ дæллагхъуыртæ – дидинтæ,
дæ дзæнхъа риутæ – дидинтæ,
æнæхъæнæй дæр дидин дæ.

Уалдзæг у,
фæлæ мын уый бар чи дæтты,
кæйдæр дыргъдоны дидинæй,
уæууай, мæ бон, æз байрайон?

Уалдзæг у.
Мæ бон ныккалд, цæмæ ‘рцыди?

*1976, кæфты мæйы 25-æм бон*

## х х х

Дæ цуры мæ иууыл
сыфтæр æфтауын фæндыдис,
æндæр ницы.

Дæу мысгæйæ иууыл
мæ улæфт мæ хъуыры цæм уыдис,
æндæр ницы.

Мæ иуварсты еныр
æд зæнæг,
æд æмкъай сæркъулæй куы цæуыс,
уæд сыфтæрæфтыдæй æмпылын…

Æмæ уый у ницы?

х х х

Нал уарзын мæ цæстыты –
уыдон куыннæ,
куыннæ дын ысисты цъæх денджыз?

Нал уарзын мæ былты –
уыдон куыннæ,
куыннæ бандæгъдысты дæ хъуырыл?

Нал уарзын мæ къухты –
уыдон куыннæ,
куыннæ дын ысисты æргъæу рон?

Нал уарзын мæ къæхты –
уыдон куыннæ,
куыннæ мæ ныууагътой дæ цуры?

Нал уарзын мæхи дæр –
дысон цæмæннæ,
цæмæннæ батадтæн дæ риуыл?

*1992, кæфты мæйы 28-æм бон*

## СÆУУОН ÆРТÆХТÆ

1

Æз кады ‘мдзæвгæтæ нæ фыссын.
Æхсæвы тары тулын мæ сис –
урс сæнттæ бийæн кæнын,
кæд фæуаид йæ ахорæн
æмæ ныл урс-урсид бонтæ ныккæнид.

2

Саби, цины æвдылгæ,
йæ къухы æнгуылдзтæ ныма йы,
фæлæ сын сæ нымæц нæ зоны.

3

Йæхимæ йæ фыстæг
йæ къухы фырцинæй ризы:
цы диссæгтæ дзы уыдзæнис?

4

Тыргъы дуары сæртæг къæрцц фæцыд…
Мæ зæрдæ,
дæхи та кæм дымгæйы ныхмæ æппарыс?

5

«…Ныр дын фæдзæхсын цал азы:
фыссын чи зоны, ахæм лæг
мæ уагдоны цы аразы?!.»

6

«Хæцаг галæн сæтты йæ сыкъа», –
æмæ зæвæтæй дард фæхаста, –
йæ уæраджы хъул дзы ныссаста.

7

Йæ зарæг
йæ куырыхон зондæн – уæрæх,
йæ дзырдтæн – къуындæг,
ноджы фæрчытæ нæ хауы.

8

Къаппа-къуппайау – дæ гуыр,
Къаппа-къуппайау – дæ сæр…
Нал улæфын,
бамыр дæн æз дæр.

9

Сæрджын саг
сырддоны ‘фсæн кау-зыхъырæй
ныррыхы фæдисæй.
Сахары удмарæн мæнæ-мæнæйы
цы хъæлæс æрцахсынмæ хъавы?

10

Дæ нывгонд хъусты
хæрз тæнæг цъуппытæ
æвзист сыфтæр рафтыдтой
æмæ сыл уддзæфмæ
ризы мæ уд.

11

Йæ фæззыгон хуынæй
фæллад фæткъуыбæлас
бафынæй астæумæ митуарды…
Йæ фынты
мыдыбындзытимæ хъазы.

12

Цæмæн фæзындтæ митхъæпæны уа раджы,
æрзылдаид уал хур,
ыстæфстаид уал зæхх? –
тæнæгтæбазыр малусæджы фарстон
æмæ мыл фырхудæгæй мард.

13

Ногуард урс-урсид митыл –
рогбазыр маргъы фæд.
Йæ фæдыл цæуын
æмæ дæ мысын…
Цы ‘рбаци?

*1991*

# ВАРИАЦИТÆ

*(Къостайы уацмыстæн)*

## 1. НЫСТУАН

Ныббар мын, æргом дæ кæй фæзмын,
Мæ хъалæй куынæ у, мыййаг.
Нæ цард нын æнæ дæу куыд фæзын!
Нæ цæуы нæхи фæндиаг.

Дæ дзырды 'мсæр дзырдтæ куы ссарин,
Уæд бафидин м' адæмы хæс.
Мæ сисæй йын йе знæгты марин,
Ныннæрид мæ нымæг хъæлæс.

*1991, рухæны мæйы 20-æм бон*

## 2. x x x

Нарон Къостайау æз зарын куы зонин,
Арвмæ куы хъуысид мæ фæндыры хъазт,
Дунейы се 'ппæт нæ Ирмæ æрхонин,
Фениккой н' адæмы 'фхæрд æмæ маст.

*1991, рухæны мæйы 20-æм бон*

## 3. ИРОНЫ ЗАРÆГ

Адæмæн сæ бодз-къуындзихтæ
С' адæмы фынтæн тæрсынц,
Махмæ сонт дысæр куыйдзыхтæ
'Рдзæ сæдæгæйттæй бырсынц...

Адæмæн сæ рухсдзаст мæдтæ
Адджын гуккутæ кæнынц,
Махæн та нæ сывæллæттæ
Уазал пикетты лæууынц...

Адæмæн сæ чындзхонты хъазт
Хæхтæ, къæдзæхтæ хæссы,
Махæн та нæ хæдæхсты уаст,
Мардыл кæуæгау, хъуысы…

Адæмæн цъæх æрвгæрæтты
Сахъ сæ фæсивæд хъазынц,
Махæн та нæ судзгæ мæрдты
Нал нæ уæлмæрдтæм уадзынц…

Адæмæн паддзах, æхххуырстæй
Урс дзул царвимæ хæрынц,
Махæн сайæггаг æхххуысæй
Не ‘нæнизтæ буар халынц…

Адæм сагсур паддзахадæй
Рухс фидæны кой кæнынц,
Мах нæ бодзтæ гадзрахатæй
Сæрсæфæн былмæ тæрынц…

*1991, рухæны мæйы 23-æм бон*

### 4. ИУÆН – ДЫУУÆ

#### 1. ДЫУУÆ СÆРДАРЫ

Сæрдар сæрдармæ тæхы,
Сæрдар сæрдарæн зæгъы:
– Сæрдар! Цæй, ныр та кæй хæрæм?
Ног гæртам амал кæм кæнæм?

Дзуры йæм фæстæмæ сæрдар:
– Абон та цæттæ нæ гæртам –
Исынц йеныр та сæ халтæ
Не ‘ннæ хæстæджыты балтæ…

#### 2. ДЫУУÆ ХАЛОНЫ

Халон гуырдзымæ тæхы,
Халон Звиадæн зæгъы:
– Халон! Цæй-ма, ныр цы хæрæм?
Сихорæн амал цы кæнæм?

Дзуры йæм Звиад-халон:
– Сихор нын цæттæ у абон –
Леуахийы былыл пилон
Калы бурачъифых ирон.

*1991, рухæны мæйы 22-æм бон*

### 5. КÆМÆН ЦЫ...

Хицæуттæн – лæггад,
Уæйгæнджытæн – кад.

Фæрныджы хъул – сах,
Стонджы хъуыры – къах.

Давджытæ – æфсæст,
Хоры хæрдæн – сæфт.

Фæткхалæг нæм – раст,
Растæй зылын – баст.

Адæмы хæрд – тад,
Растхынцæгæн – над!..

*1991*

### 6. МИЛИЦÆ ÆМÆ ГÆРТАМХОР

М и л и ц æ

Гъе, ныр ахст дæ, бодз, фæлæу,
Нал аирвæздзынæ;
Нал ауадздзыстæм ныр дæу –
Уæрмы нæм цæрдзынæ!

Г æ р т а м х о р

Циу, ай циу? Цы кодтон, ау?! –
Цас тыхджын рæдыдтæн?
Ауадзут ма мæ фæлтау,
Райхалут мæ бæттæн!

М и л и ц æ

Нæй, нæй! Йеныр махмæ ды
Хъаны цард кæндзынæ;
Фаг фæтылдтай дзул мыды,
Ныр нæ цай цымдзынæ.

Г æ р т а м х о р

Хъаны цард мын уанцон нæу!
Æз уæ цай нæ уарзын.
Цъæх æрдузты уарзонæй
Бур физонæг ахсын!..

М и л и ц æ

Бур физонæг, карз арахъ
Мах дæр, мæ хур, уарзæм –
Йедзаг у нæ сагъадахъ,
Гæртамхорты ахсæм.

Г æ р т а м х о р

Нæй, мæ хуртæ, нæй гæнæн!
Гъа, фæлтау, гæртам уын…
Зонут, тынг зын у мæнæн
Ахæстоны бадын…

М и л и ц æ

Ох-хай-гъе! Уæдæ, дæ маст
Махæн у хъуыдыйаг –
Гæртам гæртамыл у баст!
Цæр дæхи фæндиаг!..

*1991*

### 7. ОБКОМЫ ЛÆППУ

– Кæй фырт дæ?
– Домкомы.
– Кæм уыдтæ?
– Обкомы,
Алæбон дæр дзы вæййын.

Фæхæссын
Ха-хуыр-тæ,
Нæ сафын
М‘ ахуыртæ,
Бодз ысуæвынмæ бæллын.

*1991, кæфты мæйы 29-æм бон*

8. БЫНАТЫ ЛÆГ

О, хистæр,
Царды сæр!
О, стыр мулк,
Царды нук –
Уырдыг уын лæууын.
О, растдзур,
Ма мæм дзур!
О, æвзæр,
Ма мæ ‘фхæр! –
Бынатыл кæуын!..

*1991*

9. ХАЛОН ÆМÆ РУВАС

Æвзæр фыййауæн йæ фосы рæгъау куыннæ у сæфаг. Уый нæ, фæлæ йæ хызын дæр ныууадзы рагъыл. Æмæ уæд:

«. . . халон –
Цыма дзы хъалон
Нæ фыййау дардта –
Цыхты къæртт ссардта.

Бæласы цонгыл
Цæргæсау сбадти,
Йæ сæфты стонгыл
Ныр дисæй марди».

Марди, марди дисæй. Æмæ ахæрынæй анхъæлмæ кæсын хуыздæр кæм нæу, фæлæ…

«Цæй ныр æвналон», –
Фæзæгъы халон».

Минасы кой, мæ хур акæн, ныры рæстæджы дардыл хъуыст нæу, цы! Æмæ

«. . . дын æм рувас
Кæцæйдæр рауад…
Уайтагъддæр минас
Йæ былтыл ауад, –

Цæст андæгъд цыхтыл…
Йæ къахы æлгътыл
Дæрдтыл æрзилы,
Йæ къуди тилы…»

Æмæ чи, чи, фæлæ «нæ рагон фыдсыл» рувас нал зоны кæм æмæ кæмæн цы хъæуы?

«Мæ хуры чысыл,
Куыд рæсугъд дæ, куы!»

Кæм уæздандæр, кæм æппæлæндæр дзырд ис, къæбицы дуæрттæ сын байтыгъта:

«Уындæй дæ цуры,
Дæ фæхъхъау фæуон,
Кæмæй раппæлон?!

Дæ даргъ дæллагхъуыр,
Дæ сау базыртæ,
Дæ диссаджы гуыр,
Дæ худгæ былтæ!..»

Фæлæ æнæлаз чи вæййы? Хурыл дæр сау стъæлфытæ куы ис, зæгъынц. Халон та халон у. Уæддæр, нæ гæды рувас цæстмæхъус ныхасгæнаг кæм нæу. Æмæ йын:

«Æххæст-ма зарын
Куы зонис, уæд дæ
Паддзахæн дарын
Фæразид зæрдæ.

Æфсæрмы ма кæн,
Мæ уды гага –
Дæ зарæг ракæн!..»

Нæ зæххы хин æмæ арвы кæлæн уыдæттæ халонмæ дзуры, фæлæ… Оу, мæнæ!.. Халон дæр уæдыккон разынд – йæ цыхты къæртт йæ базыры бын акодта æмæ ныдздзырдта рувасмæ:

Æдылы нал дæн –
Уаг зонын цардæн:
Ыссæдзæм æнус –
Искæмæ ма хъус!

Æмæ кæд – хæргæ, уæд – хæргæ. Уымæй дæр рувасы цæстмæ.

Дæ фыдгул-фыдзæрдæ фыдæнхъæл фæуа. Рувасы зæрдæ адæнгæл фырмæстæй. Фæрæдувы. Æмæ ныххуырста халоныл:

– Дæ усæн та дын дæ хистæр цæмæн фæбатæ кæны, цæ?

«– А-а-а! – фæкодта халон
Йæ хъæлæсы дзаг».

Æмæ йæ фыд-фидисы 'руаджы:

«Кæйдæр цыхт хордта
Нæ гæды рувас».

ХАТДЗÆГ: æввонг цард уарзыс, дæ хистæр дын дæ усæн батæ кæны, уæд дæ дзыхыл хæцын фæраз.

*1973, кæфты мæйы 26-æм бон*

# КАДДЖЫТÆ

## МÆГУЫРГУРЫ ФЫН

Агъуыстмæ бхызти сабыр, хъуызæгау,
Уазалæй йе уæнгтæ ризынц.
Акаст фæйнæрдæм, тæрсгæйæ, хуыснæгау.
Ирдгæмæ цæссыгтæ мизынц.

Сæрыл дæрдджын хæцъил –
чъизи, ыскъуыдтæ.
Цъупп фындз ныссырхи, ныссалди.
Даргъ къаба – ‘мпъузæнтæй,
‘нæхсад, æнцъылдтæ.
Къалосты мит-цъыф ныккалди.

Ох-хай,
цы кæддæры зæнгтæ йæ быны,
‘Хсырудæст хæнкъæлтау, цудынц.
Нал хаты фæлмаст уд –
хъалы ис, фыны,
Йе ‘взонджы бонтæ йæм сидынц.

Къæхтæ пылыстæг –
æхсæрдзæн цыхцырджытæ
Сау зæххыл схъæлæй цыдысты.
Уыдоныл тыхсыны бæллицæй стырдæр
Усгуры сæрæй цыд ысты.

Лæппутæ тыгътой сæ удтæ йæ быны,
‘Вæрд сыл уыдис цыма сахсæн.
Аныдзæвæд сыл йæ дзабыры бырынкъ –
Нал ис сæ цинæн æрцахсæн!

Хаста йæ гуыры цы фидыц уæлейау
Уалдзæджы худгæ къæсæрыл!
Стъалы куыд ратæхы,
чи зоны, уыйау,
‘Рхауа йæ бахудт дæ сæрыл.

Чи йын ныттыхса йæ урс-урсид зæнгтыл,
Уымæ ныххудтис цы амонд!
Лæгты нымадтой сæ устытæ знæгтыл –
Бакæс æм абон.

Хызын мæллæг цонгыл ауыгъд афтидæй.
Салд æрмттæ дæлæрмтты дудынц.
Цъындатæ зæнгтыл ныссуйтæ сты скъуыдтæй.
Къæхтæ чъырын арты судзынц.

Хаста цы дзыккутæ риутыл зæу-зæуæй!
Йе ‘хцон мыд хъæлæс – æхсæрдзæн!
Алчи дæр тасыд йæ бахудты уæзæй –
Чи йæм цы азым æрхæсдзæн?!

Йемæ адджын уæвын,
йемæ ысныхас
Зæрæдтæм хыгъд уыдис кадыл.
Радта кæмæн-иу йæ бахудт ныхæййас,
Уый дæр-иу нал уыд йæ адыл.

Бандонмæ барасти хъавгæ,
къæдз-къæдзы.
Слæууыд йæ разы.
Ныкъкъæлæт.
«Ех-х!..
Ныр ам райсоммæ, –
февзæрд йæ сæры, –
Баулæф.
Ссар дзы дæ мæлæт».

Ох-хай,
ныггуыбыр рынчын астæу тасгæ –
Адæймаджы цæст цы уыны!
Уый-иу куы рацæй цыд тасгæ ‘мæ уасгæ,
Зæхх дæр ныгъуылдис йæ быны.

Банкъардта чи йын йæ баты ад,
Уымæй хуыздæр-ма цы кура?!
Уый урс,
хъæбæр риутыл,
митау, чи батад –
Раскъæфта калмæй цыкура!

Басыгъдис царды æнтъæрæнты хурмæ.
Нал ис зæнгтæ, зæгъай, риутæ.
Донæй кæсаджы куыд расхойай сурмæ –
Хъусы йæ туджы риуыгъдмæ.

Хызын æркодта йæ сæры бын базæн,
Бандонмæ йе уæнгтæ ‘рхаста.
Уазал фæйнæг ын –
йæ фæлмæцыдуадзæн.
Хуыссæг æй уайтагъд æрбаста.

– Мæгуыргур зæронд ус…
У йын ыстонджы, –
Саби чызг сдзырдта йæ тæрккæй. –
Раттæм ын карчы скуы.
Баба, ыстон дзы! –
Чызгмæ йæ баба фæтæргай:

– Карчы ыскуы йын куыддæриддæр раттæм,
Афтæ дын байсдзæн дæ къафетт!
Не ‘нцон цард уайтагъд æрхаудзæнис рардтæм.
Уый фæлтау уадз æмæ кафæд!

– Хæрдæй куы бафсадæм баба-ягайы, –
Бахудтис чызгæн йæ гыцци, –
Акæндзæнис нын йæхицæн бабайы. –
Тæсæй ныссабыр ис гыццыл.

Агъуысты бæлццæттæ –
иугай, тыгуыртæй…
Тæфласы ацыдмæ – се скаст.
Мæгуыргур афынæй, бецау, тымбылтæй.
Фыны йæ бæллицтæм араст.
Йе ‘нцъылдтæ уадултыл мидбылхудт хъазы.

Мænæ, гъе, фестад хæрз æвзонг.
Дидины къусгæй сæууон æртæх нуазы…
Райгуырæн сабыр хъæу…
Мусонг…

Райы хур.
Бацыд уд хæрисы тауы.
Кæрдæг ныххудтис йæ быны.
Уалдзæг ныггуыпп кодта –
дидинтæ тауы.
Малусæг – хуссаррæбыны.

Бамбæрзта нæууытыл чидæр цъæх дари.
Хуры рухс тынтыл ныззилынц
Саби рæзинæгтæ.
Цины цад смали –
Саби-кæсæгтæ дзы хизынц.

Зилы сæ алыварс къалиу сыгъзæрин –
Худы нывылты кæрæттæй.
Райдайы йе 'мгæрттыл мидбылхудт зæрын –
Стыхта сæ уарзты кæлæнтæй.

Хъазы сæ,
чъинабаст дидинты цалхау.
Будау сын басгуыхт йæ кæл-кæл.
Хъуысы, къæс-къæсгæнгæ,
чызгæн йæ цæлхъзард.
Авæры сабиты кæй кæм…

Лæппутæ, –
схъырной йын, –
хъарынц сæ удтæ.
Чызг саби нал у хæлæгæй.
Никæй сæ уадзы æмгæрон йæ удмæ.
Зары, лæппуйау, хæдæгай:

*«Тæркк уды сагъæс куы 'взона,*
*Цыргъагмæ лидзы сæмпæрчъи.*
*Тæхуды уымæн йæ къона,*
*Сыхагæй амонд кæй фæци.*

*Сырх агæй уаз дон бануæзтон,*
*Æмæ дзы уыдон нал нуазынц.*
*Сыхагæй уарзон сарæзтон,*
*Æмæ мын уый дæр нал уадзынц.*

*Ызмæсты хос у хи æппæлд.*
*Уæтæры стонг фос хи хæрынц.*
*Сæ цæсты раз – нæ уысм фембæлд,*
*Уæддæр, дам, чъизи ми кæнынц.*

*Æррайау дзур дæ фæндæгтыл –*
*Нæ дæн фыдгæнæг, урс уыдтæн.*
*Æруайа дур сæ дæндæгтыл*
*Нæ дам-думгæнаг устытæн.*

*Уæрдæхау, здыхсы уадзыгæй*
*Мæ кады уарзон фырмæстæй,*
*Уæддæр æй, мæ бон, уарздзынæн*
*Нæ калм устыты фыдæнæн!»*

Цæстытæ – стъалытæ худынц,
куыд худынц!..
Уддзæф ын фасы йæ дзыкку.
Уадул, сырх уадултæ судзынц,
куыд судзынц!..
(Кæлмæрзæн хъуырыл æфтыд у.)

Дымгæ йын февналы тарстæй йæ хъуырмæ.
Аззайынц сатæгæй риутæ.
Ратæхы.
Ратæхы!..
Рахæццæ былмæ –
Арвыл ныггуымс кодтой мигътæ.

Мæнæ цæнгтæтыгъдæй иу лæппу февзæрд.
Мулкуарзаг сахар…
Тæвд батæ…
Хуры тын цадæггай мигъты ‘хсæн фесæфт…
Дзуары ныв самыдтой къамтæ.

Чайкæ уæнгтæсастæй фурдыл ныддæлгом…
Денджыз цæссыгфылдæр баци.
Хъазынц дзы, пуртийау,
уылæнтæ ‘гæнон…
Царды кæуинаггаг цас и!

– Гъей, дзæгъæл!..
Сау сæфт сыл, сыст-ма уæлæмæ!
Ацы ран та дæ цы хъæуы? –
Фехъалис мæгуыргур радгæсы хъæрмæ.
Схойгæ, нæмгæ йæ фæкæны…

‘Лгъгæнгæйæ бæлццæттæ худынц йæ фæстæ.
Иу тæригъæдгæнæг – ничи.
Радгæсæн ахæм хъуыддæгтæ – йæ хæстæ,
Искæй мæт чи кæны?
Ничи.

Гъе, бецау,
ацы лæгуæздæттæ ‘взонгæй…
Уымæ йæ ‘ркодтат уæхæдæг.
Уый ныр – æлгъаг сыл,
сымах та…
Уæ бонæй…
Худут ыл, худут æд зæнæг!

## МÆ ЧЫЗДЖЫ ФАРСТЫТÆ

*(Лирикон кадæг)*

Æнусты цапуал уады
афæдзтæ –
бæхы дæлсæфтæгæй ысхъиуæг
нæ радтæг,
нæ уромæг зæххы чъылбызтæ.

Фæлæ
æрбалæууы иу бон –
адæмы хъуыдыйы,
дызгъуынтæ,
рæдывтытæ цуркау,
баззайы сагъдæй
сæдæ-сæдæ ‘нусты,
æрдзæсæдæ ‘нусты.

Кæм цы гауыр ыстæг,
кæм цы къахбайдæр туг
хинтæй,
кæлæнтæй,
лæбурын, фыдмийæ
къуырма фосæн
раздзог ысвæййы.

Гуымыдза бардз
никуы фæуыны
хуруарæнты дæр йæ развæд.
Уæрыччы хъус
сæрсæфæн арф коммæ фесхой –
æнæхъæн дзуг,
тигъыл ауыгъд цæндау,
акæлдзæн
былæй йæ фæдыл.

Уыцы тугкалды,
уыцы лæгæвзарæн,
бирæгъты дуджы
æрцæуæн кæмæн нæй,
аллон-биллоны туг
хъоды кæуыл кодта,
уыцы фыдфынтæ
зæххон царды хуызы æрцæуынц –

ыстыр кад,
ыстыр мулчы ‘нхъæлцау
æфсымæр æфсымæры рондзкалдмæ
туггарз фæдары;

рауæлдай кæнынц
мадæлтæ
се ‘нæзонд,
сомы кæмæй кодтой,
хомбуар хъæбулты;

хъæбултæ сисынц
сæ радтæг,
сæ дарæг, сæ уромæг,
ссарæн кæмæн нæ ис,
уыцы ныййарджытыл
туджыамæхстæй сæ къухтæ;
æнувыд зæрдæуаг –
æрдхорддзинад барæн,
сау суарийау нæм чи саслам,
свæййы къахбай ми;

æнамонд сæры къуыдыр
бонгай фæфиды
æвзагæн хъалон –
ма мæ нæмын кæн;

æнæсæр бынатылæг –
алы хæддзуты
далум-балум ныфсæй
родтæмцæуæг хистæр
æуууæнчы уæхск
йе сæфтæн фенхъæлы ‘рмæстдæр
йæхи сау туг-ыстæг;

«Мæ фæстаджы
бодзы бынаты, –
фæзæгъы, –
куыдфылдæр,
куыддзадджын æвæрæнтæ скæнон», –
алы мыггагон хæстыты
алы æппарæггаг суарийы сæрыл
æнæвгъауæй,
чи нæма æрцыд,
ахæм тугзæйтæ фæуадзы...

Æрхауы лæджы кад;
йæ ‘нæхсад æрбадæнтæм
смудынæй чи рафтыд,
искæй тугвæллоймæ бæлгæ,
йæ мылытæ чи дæйы,
ахæм цъыфхортæн
ысвæййы уæййаг.

Æмæ æнустæ уой,
афæдзтæ,
бонтæ –
разынынц
рæстæджы талынг мæрайæ
салд туджыртæхтæй.

1

Уары
Чъребайы уынгты
калакаг арвæй
сырхзынг их...

– Баба,
бындзагъд кæнынмæ нæ
цæмæн хъавынц куыйдзыхтæ? –
йæ цæссыгтæ згъалы мæ чызг.
– Иугæр нæ
хуыты цъымарайы
фенынмæ хъавынц,
гъе-уæд,

нæ удты сыгъдæг нын нæ барынц;
иугæр нæ стъигъынц,
иугæр нæ давынц,
иугæр нæ судзынц,
гъе-уæд нæм, мæ чызг,
сæ хæлоф цæсты фиутæ
тайынц цæмæдæр;

иугæр нæ,
‘рмæстдæр ирæттæ кæй ыстæм,
уый тыххæй марынц,
гъе-уæд,
тæрсынц нæ цæмæйдæр...

Цъыфы лæсæн уадзын,
стъигъын,
лæджы фыд хæрын æмæ
сау туг нуазынæй
ничи ма фæцис уæлахиз!

2

Ракетæ,
тугхорты цардмарæг ракетæ
уæлдæфы фехæлд.
Бахаудта дисы мæ чызг:
– Мæ боныл,
æвиппайдæй зæххыл, –
мæхæдæг сæ федтон, –
куыйдзыхты удмарæн ниудмæ
мæргъты ауыæттæ...
æрбатарытæ сты.

3

Кæй дзуапмæ нæ уай цæттæ,
кæс уыцы фарстмæ дæр æнхъæлмæ.

– Лæджыфыдхор
далæ нæ цыфыддæр,
саумарг ызнæгтæ, –
атъæпп уой, уастæн,
сæ куысыфтæг сæртæ! –

ноджы цы фыддæр,
цы стырдæр,
æнæуромгæ фыд ракæныны тыххæй
цæмæн хъавынц
Иры хъæбулты
куыд хуыздæртæ æмæ
куыд хъæбатырдæрæй цæгъдынмæ? –
йæ сау-сауид цæстытæ,
оххай, мæ боныл,
цæссыджы удæст,
цæссыджы удæст – мæ чызгæн.

– Гауыртæ рагæй
не ‘ххæссынц не скæнæг,
уалæ Хуыцæутты Хуыцаумæ.
Афтæмæй уымæ,
уымæ фæхъавынц!

Æмæ,
цæмæй йын
ыскъахой сæ фыдгæндæй
дæлимонты фæлдыст,
хингонд иудæтæ
уалæ уæлæрвтæм йæ зæрдæ,
йæ иунæг хъæбулы –
Чырыстийы уымæн байтыгътой
йе скæнгæ дзуарыл.

4

Диссаг,
мæгуырыл фæтулы,
дур мæгуырыл
уæлæмæ фæтулы.

Далæ ныл
хуыты цъымарайæ
тугхор хъуынджын лæгтæ
туджы лæсæнтæ,
уадзынц
нæ туджы лæсæнтæ уæлæмæ.

Бонæй-бон ызнæтдæр,
бонæй-бон фыддæрмæ
не знæгты туг-стæг фæцæуæнт!

Туглæсæн не ‘фсæды,
ног тугæй не ‘фсæды –
адæймæгты удтæ
иугай,
дæсгæйттæй ныхъуыры...

Зæрæдтыл,
се ‘взонджы ‘хсармæ бæлгæйæ,
лæбыры сæ буар;

æвзæнгтæн,
хъæбæрахст сæ тугтæ сæрфгæйæ,
æхсиды сæ маст;

сылгоймаг –
хъæбултæ хæссынæн гуырд чи у,
йæ хъæбултæн уарты ‘мбæрц сси;
саби –
нæ цард нын кæй номæй,
кæй номæй у цардхуыз:
тугхор,
æнæфсис куыйдзыхтæ
хæрынц ын йæ сабион бонтæ;

тугхор,
хуыргуыбын куыйдзыхтæ
хæрынц ын йæ сабион уд;

тугхор,
хæдмæлхор куыйдзыхтæ
нуазынц йæ сабион уарзт!

– Ме ‘мбал, –
дзуры мæ чызг, –
далæ нæ фыдбоны знæгты
судзгæ нæмыгæй цæф у.

Нал ын
уынгмæ рацæуæн ис,
нал дæр ызмæлæн –
цæф къах ныддурис,
ныссау.

Ноджы,
йæ былтæ æхсынгæйæ,
рабады сынтæгыл.

Ракетæ, танктæ,
хæдæхс, нæмыгызгъал,
минæтæ, БТР...
Алы хæцæнгæрзты,
алы æхсæнгæрзты кæйттæ фæкæны;
‘нæмæнгæй, зæгъы,
тугцъир –
нæ кадылмард,
иубонон кадылмард,
сабихор, цыфыддæр ызнæгты
саумыггагыскъуыд фæкæнон!
Цæмæн? –
Йæ зæрдæйы цæссыгтæ,
сабион хур бонты сæфтыл
ызгъалы мæ чызг.

Æмæ йын нæу,
æмæ йын нæу,
æмæ йын нæу,
дзуапп раттын мæ бон

5

Ызмæлыд зæхх,
ныггæр-гæр кодтой рудзгуытæ,
ызгъæлста арв нæмыг-цæссыг...

Фæхъус,
чысыл фæлæууыдис
йæ гуыпп-мыхъхъытæй Леуахи;
нал уæлдæфы,
нал кæрдæгæйбыд ахстæтты
н’ арынц хъарм бынæттæ мæргътæ;

йæ хуынккомæй,
зæрдæхалæн цъыс-цъысгæнгæ,
ныффæдис мыст...

– Цы ‘рцыд,
кæм та сæфæм, Баба? –
цæссыгдзастæй мæ чызг
нæ нымад бонты аргъæй
йæхи ныдздзавта арвыл.

Ныр цал азы (!)
нæ фыдбоны сыхæгтæ
кæнынц ныл минæтæй,
ракетæтæй цæхæруарæн,
уæддæр сæм зæрдæтæ,
гæрахæй тарст бæлонтау,
сæхи ныххойынц къултыл.

– Æрфæндыд уый, –
уæддæр зæгъын мæ чызгæн, –
нæ сæфт тæппуд сыхæгты
ысфæлварын нæ иры,
сæхийау, уæрæйдæтæ стæм
æви хъæбатыр гуырдтæ, –
æмæ сæрфын мæ хотых

6

Талынг ныккæндты
талынг асинтыл хизынæн
нал хъæуы рухс –
алы саудзыдзыда сæпп-сæпп,
алы ингæнталынг фæзилæн,
асинты алы къæпхæн нын
хъавгæ къахдзæфтæй нымад у.

Ныккæнды дуарæй
фыццаг фæзилæнмæ
гаккæйцыд къаздзæфтæй – авд;
уырдыгæй асинмæ
къахдзæфæй баргæйæ – дæс;
асины къæпхæнтыл
нæмыгсæмбæлæнмæ...

Не знæгтæ тугдзых
сæ тугхор хуыздæртæй-иу
алы къаты бон дæр,
алы бæрæгбон дæр,
фараст-фарастгай,
æрдзæтæ нымайгæйæ,
фаджысты рæгътыл ныгæнæнт!

– Ацы фыдазы
куынæ ‘мæ куынæ ‘рлæууа хæст, –
цымыдисгæнгæйæ,
æрфарста мæ иу бон мæ чызг, –
еуæд, уыгау,
цъындæй цæуын сахуыр уыдзыстæм?

– Историйы цалхмæ æнтъыгъдæй, –
дзурын мæ чызгæн, –
сæдæ-сæдæ,
ноджы æрдзæсæдæ азты
алхатт нæ рæууæнк зондæй
хилæм куырмæджы:
ирон лæг йæ зæрдæйы цæстыты
амынд фæндагæй
йæ зæрдæйы хъусты фæндагыл
арæхдæр цæуы,
фæлæ нын Уæллаг, –
табу йæ сыгъдæг ыстыр номæн, –
нæ сонтзæрдæ рæдыд
ныййарæджы удæст ныккæны.

7

Уыцы æнкъардхуызæй,
уыцы катай æмæ
уыцы хъуыддагхуызæй
йе ‘вæлтæрд хъуыдыйы
архайы тæразыл сæвæра
алыгкæнинаг
æнæлыггонд стыр фарст мæ чызг:
– Дæлæ, –
сæ Хуыцау сыл,
уастæн, фæкæуæд, –
нæ фыдбоны сыхæгтæ,

иугæр нæ
сугъты цагъд кæнынмæ хъавынц,
еуæд цæмæннæ сæ
искуы бафснайæм нæ сæр?
Рæзгæ уд, мæ боныл,
оххай, нæ фæзоны –
иугæйттæ,
иугæйттæ вæййынц, –
æнæмбал, æнæмсæр,
уæлæ Хуыцауау,
МАД æмæ
МАДÆЛОН ÆВЗАГ,
радтæг ФЫДЫЗÆХХ,
ницæмæй сын ис фæивæн.

– Мадæлон æвзаг, –
дзурын мæ чызгæн, –
Фыдызæхх кæмæн нæй,
уымæн нæй мад дæр;
нæй йын фыд дæр –
æнæуидаг бæласы
комыулæфт дæр фæлдахы.

8

Хурварс,
уазал, ихсыд дурыл бадгæйæ,
сойы хъæстæ, зæгъын,
иуцъус фæкæнон мæ гæрзты.
– Куыйдзыхты æхсынмæ цæуыс? –
уыцы сæрыстырæй,
уыцы хъуыддагзонгæ,
уыцы ивазгæйæ
дзуры мæ чызг.

– А-лæппу сын, мæ чызг,
рагон
нæртон фысым разындзæн –
не 'мирон адæммæ,
не 'мтуг æфсымæрмæ
хотыхтæ исын куыд хъæуы,
бавзардзæн алчи сæ,
алчи сæ куыйдзыхтæй
йе 'намонд куысыфтæг сæрыл!

Дуртæ,
æхсон дуртæ,
хус кæрдæджы хæлттау,
уыцы гуыппсыгъдæй
судздзысты куыйдзыхты къæхты бын!
Мæрдтæ хæрдмæ сыл
кæудзысты æнустæм!
– Куыйдзыхты
иууылдæр хъуамæ фæцæгъдай? –
æхсæнгарз тагъд-тагъд сæрфын,
æмæ райы мæ чызг.

– Иууылдæр! –
дзурын уæндонæй.
Йæ ныфс мын æфтауы
мæ ныфсыл цы ныфс!

– Маргæ сæ ма акæн, –
фенкъард мæ чызг.
Уыцы сыбар-сыбургæнгæйæ дзуры, –
Фехс сын сæ къæхтæ –
искæмæ лæбурын
ма уа сæ бон;
Фехс сын сæ къухтæ –
адæмы фæцæгъдын
ма уа сæ бон.

9

Стыр кардæй ныккæнды,
минæ,
ракетæтæй æмбæхсæн
хæдзары ныккæнды
скодта бæстон къахт
уазал акопптæ,
хи бахъахъхъæнæн
акопптæ мæ чызг.
Сбадын сæ кодта
алы хæстæввонг,
æркъæппæввонг гæрзтимæ

не ‘знæгты ‘рбацæуæн –
дæлæ нæ фыдбоны,
тугмондаг сыхæгты хъæутæм ыздæхтæй
ногчындзы арæзт
хъазæн йæ чындзыты.

Худы йæхæдæг:
– Гъеныр, уыдзæн ма нын
куыйдзыхтæй тас?
– Æнæуый дæр се уонджы
мигъ бадт нæ тæсæй,
еныр сæм, мæ чызг,
уыдзæни митæ, –
дзурын мæ чызгæн.

Гъе, æмæ райы!

10

Ныккæнды фынгыл
хуры æнгæсæн æртæ ссывды.
Хойраджы арахъхъæн, –
тагъддæр мæ ссарут Хуыцауы ном, –
фырмæстæй
дурынæй хъары йæ хид.

Дысоны хæстæй –
нæмгуыты,
минæты
дысоны мæнæ-мæнæмæ;
удхор ракетæты
удис æхситтмæ
цудынц мæ къæхтæ мæ быны.

Адæмы
судзгæ тæригъæдæй бонкалдтæ
æмæ
нæ дзыхæйхъайтартæ
куыйдзыхты фыццаг фæхæппæй
сæ хуылыдз,
къæрцциту хæлæфтæ
кæйдæрты уæзгуытыл хус кæнынц!..

Кæдæм нæ фæлыгъдысты!
Чи сæ тæрсгæ-ризгæ
‘цæгæлон зæххыл
æфснайы нæ рæбынтæй давд мулк;
чи сæ зыр-зыргæнгæ
хуынчъы æвæры йæ уд.

Иры хуыздæртæ
Иры сæрвæлтау сæ сæртæ, –
сион саг-сырдтау, сæрыстыр, –
нывондæн хæссынц...
Лигъдæтты хæс дæр
махмæ æнæбары ‘рхауы.

Æртæ хуры ‘нгæс чъирийæн
æртæ ‘дзаг сыкъайæ
æртæ-æртæ куывды æмбæлы.

Сырх нæмгуыты ‘хситтмæ
фынджы ‘мсæр æртæ лæджы
чи хæйрæг, чи зæд
ыссардзæнис иумæ
Чъреба-акъоппы?!.

– Æræдзаг кæн сыкъатæ, –
дзурын зæрдæхауд,
æрхуымæй мæ чызгмæ.
– Æртæ ‘дзаг сыкъайы...
кæмæты авæрон?!. –
бахаудта дисы мæ чызг.

– Ацы фыдхæсты
Ирыстоны иры уæзæгмæ
йæхицæй,
зæгæлау, чи ныххуыдта,
чи йæ нæ ауагъта
искуыдæм лидзын,
мæ удхайраг царды,
мæ æртæ чъирийæ дæр
уыдон æгомыг зæгъинæгтыл

алы сылкъийы
цæстмæхъус гаджидæуттæй
тынгдæр æууæндын.

11

Йæ цæссыгтæ згъалы мæ чызг:
– Чысыл,
æнахъом сабиты
хотыхджын гуырдзы цæмæн марынц?
– Саби нæ амæлы, –
сайын мæ хуры, –
саугалмæй тæрхъус,
бирæгъæй уæрыкк,
адæймаджы фыдхор
тугдзых лæгмарæй
чысыл сабитæ
дзæнæты цъæх нæумæ фæлидзынц тæргай.

12

Мæ чызг мæм æдзынæгæй
бирæ,
фыдбирæ фæкаст,
стæй рохсдзастæй баззад:

– Нæ фыдбоны сыхæгтæ
нæ фыдæлты уæзгуытæ исынмæ,
иры фæцæгъдынмæ
хотыхифтонгæй куы ‘рбабырстой, баба,
дæ сæр ма уæд сау уыд...

– Ферох дæ, мæ чызг, –
ныр цал хатт æй сайын!
Æцæгæй,
тугдзыхы дæндагæй рафтæг
нæ Иры ногмард хъæбулты
ногобау ингæнты
сау мæрыл урс мит куыд фæхæцы,
уымæ кæсгæйæ ысурс дæн.

13

Хъомылты фæзмгæйæ,
хинмидбылхудгæйæ,
ницы-мацыты æрфарста мæ чызг:
– Хæст нæм куы райдайы,
гъе, уæд нæ бынхор,
нæ бынмиз хистæртæ цы ‘рбавæййынц?

– Уый нын зæронд низ у, –
дзурын мæ чызгæн, –
хицау нæм чи свæййы,
искæйурæд хицау;
чидæрты дæлбазыр
хæлынайыкæфтауæг карчы лæуд чи кæны,
махыл та салд фаджысы рагъæй
лопъоуачъи уасæджы уаст чи кæны,
уыдон нын
не ‘рчъиты
‘мпъызт зæвæттæ дæр ныхсынынц...

Мах сæм æнхъæлцау,
хуыздæр цард нын æрхæссой,
ахæм æнхъæлцау фæкæсæм.
Уыдон
нæ ыстонг сабиты,
нæ рæзгæ сабиты
зыр-зыргæнаг удтæй
тыхмийæ цы ‘нæниздзинад сæ фæдавынц,
сæ ыздыхт къæлæтджынтыл
махæн сæ хицæуттæй сæвæрджытимæ,
сæ къахбай сылтимæ
фæкалынц сæ хъал бон кæмдæрты.

Махмæ æфсонæн
цалдæр хатт иу азмæ, –
уалдзæг уа,
сæрды,
гъе, фæззæджы, –
ма ‘руадзай митмæ дæ дæлфад, –
упп-упп кæнгæйæ æрызгъор.

Иутыл хъæртæ ыскæн,
иннæты фелгъид,
аннæты ранæм –
сæркъуыртæ дæ уыйбæрц куы хъæуид!
Дæ урæд абырæг хицæутты –
дæ туттсæр туг-ыстæг,
дæ цъыфхор хæстæджыты
цъиусæр сæ фырттæ, æфсымæртæй
аив æмæ та,
къуыззиттытæгæнгæ, тъæбæрттæй,
цыма нын дæ фарндзау,
ам цъыкк уа,
уым цъыкк –
Триалеты ‘фцæгæй худгæйæ ахиз.

Нæ фыдбоны судзгæ,
нæ дудгæ дуджы та,
нæ мæгуыры бонты тæригъæдтæ хæргæ,
гуырдзы ‘мæ уырысы мæрдтæн
урскъах æфсургътæй фæцæуынц.

14

Мæ чызгмæ фæкастис фыддиссаг:
нæ фыдбоны сыхаг нæм
хинæй, мæнгардæй,
фæткæвæрыны ‘фсон
цæдисон æфсады дæлбазыр
куы ‘рбахъуызыд Ирмæ,
Чъребайæ мусуат кæнынмæ,
уæдæй ардæм афтæ,
афтæ куыд фæдæн гыццылдæр?

Тугдзых ызнаджы фыдæхæй басудзæг
Ырыстоны зынгхуыст хъæбулты ингæнты раз
нæ Иры лæгтæ дæр,
мыдадзын цырæгътау,
æмбæхст цæстысыгтæй кæд тайынц?

15

Нырхæндæг мæ чызг:
– Раздæр-иу дзул
уыцы урс-урсид,
хæмпустæ,
сырхуадул фых уыд...

Нæ йæ хъуыд æууилын –
дæ комы арынджы
йæхи хъæдæй тад.
Еныр ныссау.
Ныскъуыдтæ йæ был...

– Кæй ном нæ дзырдæуы, –
дзурын мæ чызгæн, –
уыцы фыдсыхаг нæм,
сусæг æрхъулайы амæлæм,
уымæ кæй хъавы,
ууыл ныттарис къæсхуыруадул дзул.

Йæ был та цæй ыскъуыд у?!
Ацы дзулимæ нын
куыйдзыхты танчы нæмгуытæ
хъæдуры гага дæр кæй не сты,
гуыдын сыл уый тыххæй худы.

Иу хатт мæлдзыгæн дæр
йе сæфт æрцæуы –
зæххыл быргæ-бырын,
кусгæ, йæ хиды амæцгæйæ,
никуы-ницы æмæ базырджын свæййы.

Йе ‘нæраны гуырд бæллицимæ
скусы йæ ахсæн:
стæхдзæн, пæр-пæргæнгæ, æврæгъты сæрмæ –
уæлдæфы сыгъдæг улæфдзæн;
ахсдзæн тæхгæ-тæхын
йе стонг ысуадзынæн мæргъты;
равзаргæ мыггаг цæргæстимæ
чи рæвдздæр тæхынæй ерыстæ уадздзæн...

Мæлдзыг йæ бынсæфты сæнттæй
хотыхджын кæны –
искæй бынтæм бæлгæ,
искæй туг баназынмондаг,
искæй фыд бахæрынмондаг
базырджын,
хотыхджын мæлдзгуытæй
байдзаг нæ Ир-зæхх.

Тъанг
лæмæгъдæр кæм вæййы,
хом фыд – фæлмæндæр,
уырдæм – сæ хъавд.

Гъе, æмæ тугдзых мæтыхтæн æнтысы:
ирæттæй чи ‘фты сæ къухы,
комгуывд фынгыл ын
нуазынц йæ туг;
хуыздæрæн цæххимæ
хæрынц ын йæ хом фыд...

Талмгуыр сылгоймæгты,
саби æнахъомты
тохъыл хъуынджын лæгтæ
‘вдæрзынц тыхмийæ;

зæрæдты æнгуылдзтæ
хус буарыл ныдæдзæг
къухдарæн-нысангарз рафтауынæн
хырхæй ныллыг кæн рæбыныл...

Сагсур лæппу-лæгтæн,
хæдæхстæй æвзидгæ,
‘нæхъæн тугкалæн къуыригæйтты –
иуæн сæдæ у куыдзæфсад,
дарынц хæрззылдæй сæ устыты, –
раивой хорз тугæй
куыйдзыхты мыггаг, –
стæй сыл цæрдудæй

сæ бынсæфты номимæ
стыр æфсæн хæтæлты
гом дзыхтæ сфыцынц...

Чи сæ æндадзæн цырагъы,
чи – дзулфыцæн торнейы бурачъи фыхæй,
чи – ихдоны салдæй,
чи та цæхджынгондæй...
уарзы ироны фыд...

Сафинаг Ереды
уырыссаг хæстонтæй ратыдтой
сагсур дыууадæс
æнæхотых лæппу-чысайнаджы –
тугомгæ надæй сæ,
сауызгæ сындзтелæй бæстытæй,
бензины сыгъдтытæй
иумыййаг арфкъахт ингæны
цæрдудæй сæ куыйтæн
нывондæн æрхастой...
Рухсаг ут, рухсаг,
Ирыстоны сæрыл фæхъæуæг,
нæ æдзард хъæбултæ.

Зары хъæдвæндагыл
тугкалдæй фервæзæг
лигъдæттæ-зæрæдты цæгъдынмæ
пыхсбын фæсвæндæгты
хъисрагъ куыйдзыхтæ тындзыдтой.

Сыфтæртæ ногдзыд,
æнгомамад къулау,
сæ ныхмæ хъæддыхæй лæууыдысты,
фæлæ сæ
нæл хуыйы цъыфæйæвдылд хъистæ
ныббырæгътæ кодтой.
Тугмондаг хомхортæ
хæстæйлыгъд,
удисæг зæрдæтæн, –
ма сын аирвæзой, бецау, æрдæгмардæй, –

иуæггай нæмыгызгъалæй
фехстой сæ ауæдзтæ,
ацы куыдзрæстæджы,
хæсты дзывырæй
арф ауæдз ныхтæ;

12-аздзыд саби –
хомбуар Къæбысты Батырадзы,
мад æмæ фыдæн
сæ иунæг лæгбындары
хуыргуыбын удхортæ
бацарæфтыд кодтой...
мæгуыр, къæбутæй.

Рухсаг, нæ хæствæллад хистæртæ.
Рухсаг, нæ æдзард æфсымæртæ.
Рухсаг, ысуинаг Батырадз.

Армыдзаг адæмæй
систы нæ тугтæригъæд мæрдтæ 1000-тæ;
цæфтæ – дæсгай 1000-тæ;
къахыллæугæйæ зæрдæскъуыдты нымæц
раджы фæфале сæдæ 1000-тæй...

Басыгътой –
натлиа, 'фсымæр-æрдхæрттæ
нæ царды кæмæй кодтам;
зæххы,
нæ зæххы хуыздæрты кæй фыццаг ыскодтам,
кæй туг-ыстæг сафын нæ бауагътам,
уыцы æнæхуыцауы хæйттæ
сау сыгъдæй
æвддæс æмæ фондзыссæдз хъæуы –
иуы сæ 'фсонæн
никуы уал ныууагътой
цъиуызмæлæг дæр.

Уæлмæрдты
рухс дзæнæтыбадæг мæрдтæн
адавтой дурæй сæ цыртытæ;

сæхи мæрдджынтæн сæ
æхцайыл ныууæй кодтой
мардхор хъисрагътæ.

Ноджы
сæхи хуызæн тугдзых балтимæ
лæбурынц,
æргæвдынц,
ыссæндынц –
æнæхотыхæй нæ кæй æрцахсынц.

Фурдтæ ныссур вæййынц,
уыдон фыдмитæн нæ зыны,
нæ зыны сæ кæрон.

16

– Не знæгтæн...
бындзагъд фæкæнынмæ нæ чи хъавынц, –
дзуры мæ чызг, –
ацы фыдмитæ
ныххатыр кæндзæни Хуыцау?

– Никуы! –
дзурын мæ чызгæн. –
Нæ уыдис Хуыцауæн,
нæ йын уыдис мад,
нæ йын уыдис фыд,
æмæ нæ зоны фыдгæнæгæн
мад-фыды удæст ныккæнын.

Ӕгæр-æгæргæнæг мæлдзыгæн
ратты йæ сæфты базыртæ
нæ радтæг, нæ уромæг
уæлæ цъæх Хуыцау.

17

Мæ чызг мæ фæрсы:
– Сахары алыварс хотыхджын гуырдзы
тугзæйтæ уадзынц,

маргъ нæм куыд нал тæха,
сæ уды быцъынæг та,
гормæттæ,
ууыл цы хъарынц?

– Иры надвæндæгтыл
алы хæдзармæ
хæрæг сындз куыд æрзайа,
рохгонд нæ кады истори,
Нарты хабæрттæ,
ирон «Симд»...
фæнычы фарсмæ бадгæйæ,
уыдонæн баззайа,
уымæ нын хъавынц.

18

– Сом æхсæв дæр нæ
гуырдзы æхсдзысты? –
фæрсы мæ чъызгæйæ мæ чызг.

– Сомрайсом бонцъæхтыл,
цалынмæ худай дæ фынты, –
дзурын мæ чызгæн, –
æрцæудзысты нарты бæгъатыртæ;
нæмыгæхсæнтæй
æфсæн хызтæ сбидзысты –
тугмондаг сырдты уым
дардзысты кондæй.

Сомрайсом бонцъæхтыл,
цалынмæ хъазай дæ фынты,
худдзæн цъæх-цъæхидæй кæрдæг,
æмæ йыл хъаздзысты тæрхъустæ;
нæмыгсыгъд бæлæстыл
хуры хæрдгæ тынтæй
сбидзысты цæргæстæ ахстæттæ,
æмæ сæ лæппынты пæр-пæрмæ
холыхор халæттæ
арвы талынгты кæндзысты;
скæндзæн сыгъд бæлас цъæх дарæс.

Сомрайсом бонцъæхтыл,
цалынмæ хъазай дæ фынты,
фестдзæн
нæ бомбæпырх хæдзар æргъæу мæсыг,
æмæ дзы зджыты рæсугъдæй
хурæнгæс худдзæн
Бабайы чызг.

19

Мæ чысыл хъæбулмæ –
мæ цардмæ, мæ хурмæ,
мæ сауцæст сæгуыты сæныккмæ,
мæ сæнтты ыстыхсгæ, кæсын
æмæ дисæй мæлын:
цы фесты йæ хъæлдзæг,
йæ сабион хъæлдзæг,
æнæмæт тæлтæг бонтæ?

Цы фæцис, мæ боныл,
йæ нæргæ кæл-кæл худт?
Цæмæн раджы айсæфт
йæ уæнгты рæу ыстъæлфт?..

Зынгхуры тынтимæ
райдайы тайын йæ хуыз:
куыйдзыхтæ, –
ма сыл æрхæца
нæ рухс зæдты цæст дæр, –
талынджы æрцыдæй
хъарм туджы ‘ррагæнæн тæфмæ
райдайынц Иры фæсарæнтæй ниуын...

Мæ чысыл,
æнæхуруынд хъæбулы
ас фæзылдтытæм кæсын –
чи йын раздахдзæн йæ сабион бонтæ?

* * *

Адæймагæн, –
зæххыл уа,
уæлæрвты,
зындоны, –
йæ хъуыддæгтæй фæкæнынц аргъ.

Адæймаг та
у рагæй-æрæгмæ цы кадылмард!..

Бонкалд цæрыныл тагъд кæны,
цагъайраг –
йæ æфсондз ныссæттыныл
æмæ, фыдбонау,
фыдлæгæн æрцæуы йæ кæрон:

кæйдæр туг чи калы,
уымæн ныккæлы йæ туг;
кæйдæр хай чи хæры,
баззайы уымæн йæ хай;
кæйдæр ингæн чи исы,
баззайы афтид йæ ингæн...

Цыфæнды стыр хорз хæсты
иу чысыл фидыд æмбулы.

Ма тæрс, мæ хъæбул,
ма тæрс, мæ фидæн,
фæскъæвда
хурæн æнæркæсгæ нæй –
рæстдзинад нæ фæвæййы мыстыты холы!

*1991–2006*

# УЫДЫСТЫ ДЫУУАДÆС

«… исчи-иу сæ хæсты куы амард (гуырдзыйæ – *Автор*), уæд-иу æй æфстау радтой æмæ-иу æй бахордтой, æмæ-иу загътой: «Къарснелитæ Къодманеулитæй абоны онг хæс дарынц фондз марды». Уыйфæстæ дæр-иу хордтой алыхуызон чъизи цæрæгойтæ».

(Батъонишвили Вахуштъи. «Гуырдзыстоны паддзахады цæрджыты афыст» (гуырдзиагау).

*(Тб., «Сабчъота Сакартвело», 1973. 15-æм фарс)*

«…Харебаты Феликсы Ереды сæ лæгхортæй кæйдæр ингæныл ныффæлдыстой æмæ аргæвстой. Йæ туг ын хисты сæныл схæццæ кодтой, æмæ йæ нозтой афтæмæй».

*(Телеуынынадæй)*

«По информации полиции Шида Картли, полицейские прибыли на место происшествия в тот момент, когда Замбахидзе (Тенгиз, житель села Кереми Горийского района – *Автор*) ел… мозги убитой им жены. Сначала он нанес множество ран скончавшейся жене, затем тупым предметом нанес удар по голове. Наконец, отрубил ей голову топором и… приступил к трапезе».

*(Газет «Асавал-дасавали», №33, 2004, 16-22, август, Тбилис)*

«Мæ дыккагхæдзар Гæбæраты Зауыры (Знауыры район, куатетриаг), рухсаг уæд, куы ‘рцахстой, фыднад æй куы фæкодтой æмæ, батинкæйы цæфæй йæ уадул кæм аскъуыд, уырдыгæй йæ туг куы леуахитæ кодта, уæд ын æй гуырдзиаг ссæрфта йæ амонæн æнгуылдзæй, астъæрдта йæ, æмæ ныццин кодта: «Ра ткъбилиа оси сисхли!» – (Куыд адджын у ирон туг!).

*(Философ Гæбæраты Анатолийы ныхасæй)*

Цæстмæхъус дзырд ма зæгъ.
Ирыстоны схуыст зæхх
Æййæфта цынæ фыд.
Уæддæр ма куыд тæлфыд
Нæ рыст зæхх…

Цы сырд уыд, цы бирæгъ,
Цы хъисрагъ хъуынджын дзæргъ,
Мæ Иры цъæх фæзтæм
Лæбурдтой æрмæстдæр –
Сыгъд таурæгъ.

Дарийы саурагътæ
Зæхх кодтой бырæгътæ.
Нæ фыдæлты ‘рцытæ
Ныссастой сæ сытæ
Цæу-сæгътæн.

Тимуры уырсытæн
Сæ хъавд нæм – бырсынмæ.
Нæ нæм уыд дывæндаг –
Ныссастой сæ дæндаг
Чырсхуытæ.

Уæддæр ныл куыдзардыд –
Нæ сыхаг сæрарыд
Нæ Иры хъæбысы,
Лæг зæдты кæм мысы,
Фыд Еред.

Уыд буцхаст нæ уазæг –
Рыст ма фена, уазал.
Фæхастам сæ ‘фсæрмæй.
Ысхылд ныр нæ сæрмæ.
Ысуасæг.

Сæ кортотæ – сугæй,
Сæ фæлæбурд – дзугæй.
Фæхордтой нæ ис, бис,
Уæддæр сын нæй бафсис
Нæ тугæй.

Нæ фыдбон, нæ рыстмæ
Фæхъил кæнынц хъустæ.
Куы фæкæлæм дудгæ,
Ыскъæфынц нæ тугмæ
Сæ къустæ.

1

Кæуинаг – нæ уалдзæг:
Фыдхæст нын цы калдзæн…
Хур арвыл нæ судзы,
Ыскæсæн – сырх туджы
Ыскалцæг.

Ыссырддзасти Еред –
Цыдæр цинæй байрад:
Ныззилынц кафт фæзты.
Цæуыл райой, фесты
Цы сайраг?!

Æнхъæлцау – сæ бахудт.
Цы ингæн та къахут,
Цæмæн хизут цæрттыл,
Уæ къустæ уæ сæртыл
Цы хойут?!

Цы уынгты цъар хафут,
Цы фоскондмæ хъавут;
Цы сæфтæн уын баззад –
Ыстыр кадæн нуазат
Уæздан туг?!

Фыдсæфт хъæу – мæ арм-дзаг,
Сæ цæфтæ – армаццаг.
Ирон туг ныххæрæнт,
Ыстæй сыл ыскæнæнт
Сæ мæрддзаг.

Мæ Ирзæхх ысуинаг,
Куыд дыл стых фыдпираг?!
Цы туг дыл ныууардзæн,
Уыдзæнис дæ уалдзæг
Кæуинаг!

Зæронд у, гъе, саби,
Кæм агурыс тауби –
Ысцоппай ис фæндаг
Ирон туджы мондаг…
Йарæби!

Ныхъхъил кодтой хъустæ,
Сæ къухты – сæ къустæ,
Мæ куыдзау фæрæйæнт
Еред
Æд устытæ.

2

– О Еред, раст фынтæй!
Æгъгъæд у мæрдфынæй! –
Ныббогъ кодта тугхор. –
Цæлæввонг дын – сихор
Дæ фырттæй!

Хæдæхсты къæр-къæрмæ,
Фыддуджы цæхæрмæ
Фыдталынг ныккæндæй
Фыдлыгтæ, æфхæрдæй
Фыдхъæрмæ,

Рæхыстæй сæ хойгæ,
Хæдæхстæй сæ схойгæ,
Дыууадæс чысайнаг,
Дыууадæс хæдсайраджы
Райгæ,

Сындз телтæй бæстытæй,
Дæндагæй къæмсытæй
Фæласынц хæр-хæрæй
Сæ ызгæ хæл-хæлмæ
Хæстытæй.

Уыдысты дыууадæс –
Ирыстонæн дуаргæс,
Дыууадæс зынгхуысты,
Дыууадæс æлгъысты,
Дыууадæс!

Дыууадæс æмтуджы,
Дыууадæс фæрдыджы, –
Хур мигъты ‘хсæн амбæхст, –
Сæрæй-къæхтæм амæхст –
Сæ туджы.

Ирыстонмæ сæфтæг
Ныххойы йæ сæфтæг.
Уæуу, додой нæ сæртæ,
Нæ æууæндаг зæрдæ –
Нæ сафæг.

Дыууадæс фыдгуырды
Хæддзуты ныхкъуырды
Уыдысты нæ фыццаг –
Зындон-арт сын сæцæг
Фыддуджы.

Сæ сæрмæ арв – туджы.
Тыры сæфт – фыд дуджы.
Сæ цæхæр цæстæнгас, –
Фынæй æрдз æм сæгас, –
Хызт суджы.

Куыд кодта хуынчъытæ!
Дур хауд æм фæрчытæ.
Сыл бардз æм ыстъæлфыд –
Лæг-тыхæй нæ уæндыд
Сæ бынмæ.

Куы сцъæх вæййынц рæгътæ…
Цы бирæ дзæбæхтæ
Ныууадзынц сæ удтыл!
Сæ ивдтуг хъæбултыл –
Сæ нæмттæ.

Нымадæй дыууадæс –
Ирыстонæн дуаргæс.
Дыууадæс зынгхуысты,
Дыууадæс æлгъысты,
Дыууадæс.

Сæ сæрмæ арв – туджы,
Сæ быны зæхх судзы.
Кæй мастыл цæхх зæрынц –
Сæ тугкалгæ зарынц
Куыдз дуджы.

3

Адам ис сæ разæй.
Цы амонд ыл разæй!
О, ма фæуай хистаг –
Дыууадæсы хистæр
У азтæй.

Фыдмийы куыд ралæг
Æнусты куыстцагъд лæг –
Йæ фынты бадт сагыл,
Лæджыхъæды ʻвзаг ыл
Ныр райхæлд.

У се знаг цы фыдгæнд !
Куыд зайдзæн йæ хуымгæнд…
Уæддæр сын æдасæй
Куыд басгуыхт Ныхасæн
Сæ ныккæнд.

– Таймураз… Махарбег…
Ибрагим… Омарбег…
Чермен æмæ Альберт…
Мæ уд уын ныллæбырд…
Ныллæбырд…

Дыгъуысты Иван уа…
Дзаниан Ибрагим…
Мурат æмæ Гиви…
Важа дæр нын ам и…
Цы бауæм?

Нæ сыхаг – фыдызнаг…
Нæ тугæй ивд, не стæг…
Æххæст нæу нæ удæй…
Хæрдзæн нæ цæрдудæй
Йæ куыдз-стæг.

Мах фестдзыстæм дуртæ…
Нæ адзалмæ худгæ
Цæудзыстæм… – чысыл лæг,
Чысыл Адам ссæртæг. –
Мæ хуртæ!

Нымадæй дыууадæс –
Ирыстонæн дуаргæс
Дыууадæс зынгхуысты,
Дыууадæс æлгъысты,
Дыууадæс.

Сæ сæрмæ арв – туджы,
Сæ быны зæхх судзы.
Кæй мастыл цæхх зæрынц –
Сæ тугкæлгæ зарынц
Куыдз дуджы.

4

Омарбег Гобозты
Сымæр къуымæй расты.
Йæ рахиз фæрсчытæ –
Цырыхъхост, сæстытæ –
Æртсасты.

– Ныххæрæнт мæ чынтæ,
Æз ацы мæстытæ
Куынæ ныхсон тугæй! –
Цæгъды арт йæ удæй,
Мæгуыртæг.

О, тагъд дын бантыса!..
Чындзхаст рæвдз – дæ «Нива»...
Кæд федтай, дæ нысан
Тæвд хæдæхсыл ивай,
Мæ риссаг?!

5

Махарбег, о, табу,
Мæ æмномы лæппу,
Цæрдхуынкъæй – дæ цæфтæ,
Кæндзысты дæ сæфтмæ,
Мæ хъæбул.

Таймураз, гъе, Гиви,
Дыууæ шмæрæй иу ми
Куынæ зыдта цаудæй
Уæллаг Чере. Ау, уæд
Кæй хин ми?!.

Нæ лæууыд арс уе ‘хсæн.
Нæ уын ис ныр фехсæн…
Уæнгпырхтæ… уæнгцъæлтæ…
Рæхысхост – уæ сæртæ…
О, уастæн…

6

Дæ худæн дзых, Чермен,
Куыд никуы уал фегом.
Нæ фыдбоны сыхаг
Нæ тугнозтмæ – сгуыхаг,
Ныр фергом.

Зындоны ‘фхæрд сыцæг –
Сæ цæф дыл нæ ныдзæвд.
Фæкæуæд нæ рæстæг –
Ныссаста дæ рагъстæг
Цы сырд-лæг!

– Фæхæцон ыл, – Альберт
Дæ дæларм абырыд,
Йæ фæрсчытæн сау мыхъхъ
Ныккодта цъыф цырыхъ.
У ардыд.

Ибрагим -иу балцы
Ыссардтаид алцы.
Йæ размæ -иу Еред,
Куыдз у цыма арыд,
Ӕрбацыд.

Ӕрцыдис цы стыр фыд –
Хæрамдзинад срæгъæд.
Фæтонынц йæ фæрстæ
Гæбæррагътæм мæстæй.
Ныррыхыд:

– Цы кусыс, æдылы?! –
Хъуынджын лæджы тылыл
Цæф сæмбæлд… Фарс судзы –
Домбай лæппу туджы
Ӕвдылы.

– Цы федтой, цы, цардæй?! –
Мурат ратахт дардæй,
Ныддымдта дзы иу рæгъ…
Æркъуырдта йæ хъисрагъ
Цыргъ кардæй.

Важа фæцис мардау –
Йæ тымбыл къух, кардау,
Кæйдæр тæнты ахызт…
Фæрнæй дар дæ рахиз,
Хъæбатыр!

Иван уа, Ибрагим,
Æрымыс дæ раг ми!..
Ыскодтой сæ ныхтæ
Хæдæхсты хæнт ныхмæ…
Æрдаг ми…

Туг цары онг калди –
Кæм цы хæдæхс, кард и,
Æвзæрстой хуыздæр сыл –
Дзæргъæйгуырд хуысæр сыл
Ныккалди…

Нымадæй дыууадæс –
Ирыстоны дуаргæс,
Дыууадæс зынгхуысты,
Дыууадæс æлгъысты,
Дыууадæс.

Сæ сæрмæ арв – туджы,
Дæлгомзылд зæхх судзы.
Кæй мастыл цæхх зæрынц –
Сæ тугкæлгæ зарынц
Куыдз дуджы.

7

– О Еред, раст фынтæй,
Æгъæд у мæрдфынæй! –
Ныууасыд та тугхор. –
Цæлæввонг дын – сихор
Дæ фырттæй!

Хæдæхсты къæр-къæрмæ,
Фыддуджы цæхæрмæ
Фыдталынг ныккæндæй
Фыдлыгтæ, æфхæрдæй
Фыдхъæрмæ,

Рæхыстæй сæ хойгæ,
Хæдæхстæй сæ схойгæ
Дыууадæс чысайнаг,
Дыууадæс фыдсайраджы
Райгæ…

Дыууадæс æмтуджы,
Дыууадæс фæрдыджы, –
Хур мигъты ‘хсæн амбæхст, –
Сæрæй-къæхтæм амæхст –
Сæ туджы.

Нæу Еред мæрдфынæй…
Иппæрд у йæ фынтæй…
Æрхауд æм ирон гуырд…
Хæрдзæн та ирон фыд…
Æвыдæй.

Æлгъысты хъæу  Еред,
Цы хæйрæг дыл сагъуыд?
Уæ фист сæртыл къустæ
Цы хойут лæг-устæ –
Сæфт Еред?

Лæджы цармы бирæгъ
Ныббæр вæййы бирæ.
Лæбуры мæ скъæфы,
Йæ цæрæн – ыскъæты
Фæсæврагъ.

Стут бирæгътæ иууыл.
Æууæнк уæ нæй иуыл.
Чи цавæр фыд тауынц;
Чи ц‘ аразынц, ‘рцæуынц
Сæхиуыл.

8

– Ныргæвдæм сæ нæууыл!
– Нæ, Биржа егъауыл!*
– Ис хъæугæрон хус ран! –
Уæлахиз у ус-бал
Сæ нæлтыл.

Нæ зыны уый сыхмæ,
Æмбæхст Хъæдыдзыхмæ
Сæхи нæлты сайдæй
Ирон нæлты сайдтой
Къæйныхтæ.

Чъылдымæй-иу – ифтонг:
Ирон тугæй ивтой
Зæхмæдзыд сæ мыггаг –
Уæлейæ сын скъуыддзаг
Уыд ирдæй!

Тæппуд дзæдæл – мæйттæ.
Ныр цалдæргай мæйтæ
Ирон фыд хæрдзысты,
Ыссыгъдæг кæндзысты
Сæ нæмттæ!

Бартевадзе Гоги,
Мыггагсæфт куыдз Гога,
Цотъниаты Зебо,
Зæрдæхафт дæ, лопъо,
Кæн бога.

Мамсыры фырт Зауыр –
Ызгæдæндаг гауыр,
Чалаури Гиа,
Æнаггагдæр чи уа –
Ысджауыр.

* Хъæуы астæу фæндаджы былыл сæ ривæтдон.

Ыстыр маст фыд домы –
Сæ зæрдæ сын тоны…
Ныхъхъæр кодтой хъæуыл –
Ысуадздзысты нæууыл
Сæ дойны.

Сæ тæнтæ уæндонæй
Ныддымсдзысты бонæй
Лæгхор Еред, акæс –
Æнæхъæн дыууадæс
Иронæй!

Уыдысты дыууадæс –
Ирыстонæн дуаргæс.
Дыууадæс зынгхуысты…
Дыууадæс æлгъысты…
Дыууадæс!

Сæ сæрмæ арв – туджы.
Дæлгомзылд зæхх судзы.
Кæй мастыл цæхх зæрынц –
Дыууадæсæй зарынц
Куыдз дуджы.

9

Цъæх цæстытæй кæрдæг
Нæма ракаст. Сæртæг,
Сырх малусæг бандзыг.
Фæсури. Фæуадзыг.
Ныббыгъдæг.

Лæгхорты цыргъ кæрдтæ
Ыскалдтой цæхæртæ.
Дыууадæс гуырд зарынц.
Сæ алыварс кафынц
Лæгхортæ.

Æвдылы арв туджы.
Сæ быны зæхх судзы.
Сырхзынг уæлдæф атæвд –
Арв зæххимæ ан‘ дзæвд
Фыд дуджы.

Ракетæ тахт хортæм,–
Цъæх-цъæхид хуым хортæм.
Æрхаудтой сæ хъустæ.
Фæтулынц сæ къустæ
Лæгхортæн.

– Ысуыдтой нæ Дменис! –
Æрызгъæлдис се змис.
Нысхуыстой сæ æрхмæ…
Фыддæр фыд ми махмæ
Кæм фендис?!

Фæцъæхуæвæг фахсы,
Хур рухс тын кæм рахсы,
Ныр дæр ма сæ зарæг –
Цъæх хъæды цъæх хъарæг
Хъус ахсы.

10

Фæтыхис хин сагыл
Йæ тохы фæндагыл.
Нæ хъæуы ныфс сафын –
Æртыхсдзæн йæ сау фыд
Ызнагыл.

Дыууадæс тыр сайраг…
Нæрдзæнис сæ зарæг
Сæумæйы æртæхтыл.
Ныууадзæм æрдæгыл
Нæ хъарæг.

Уыдысты дыууадæс –
Нæ Ирбæстæн дуаргæс.
Дыууадæс æлгъысты…
Дыууадæс зынгхуысты…
Дыууадæс!

Æрдæгцъæл, æрдæгпырх,
Сæ ыстæг дæр – арццыргъ.
Сæ тугæй æмдымбыл,
Сыгъд Ереды къуылдым –
У тугсырх.

*2003–2008*

## ХУРЫ ФЫРТТÆ

*(æмдзæвгæбыд кадæг)*

### 1. НЫСТУАН

Кæдæм ныццæвдзæнис ивылд дон,
Нæ кæны ууыл бонраздæр тæрхæттæ.
Мæ фæндыр зарæгæн ифтыгъæтон,
Уæддæр дзыназынц, хъарæгау, йæ тæнтæ.

Кæуын:
цæмæн ыстæм рæуæууæнк –
Æмбыд зестыл куыд аивæм нæ болат?
Куыд исыс дзидзидай цъæх рæуæд
Хуымон галмæ?
Цæмæн халыс дæ быууат?

Цы скæнæм,
уый æнусты 'мпъузгæ;
Кæй халæм,
нал дзы ныуудзæм дур дурыл.
Уæддæр нæ цыд – сæрыстыр, узгæ.
Далум-балумæй сах кæй хъул ыстулы?!

Æмæ кæм цы сырд ис,
цы бынхор,
Сæ ызгæ дæндæгтæ нæ Ирмæ сыссынц,
Зæгъгæ, æввонг бынтæ сæ 'рмырхон;
Фæлæ нæ сидтмæ не 'дзард мæрдтæ сыстынц.

Сæдæ знаджы – гæнгæлытæ нæ иуæн
Æргом хæсты.
Сæрысæфтмæ – сæ фæндаг.
Лæджы кæнгæ бахудтыл хур нæй ивæн.
Ныссæттæм тугдзых куыйдзыхæн йæ дæндаг!

*2006*

## 2. ИРЫ СÆРВÆЛТАУ

О, мæ райгуырæн уæзæг,
О, мæ райгуырæн къуым!
Дæн дæ номæй зæрдæскъуыд,
Дæн дæ номæй æрхуым.

Нæй дæ амонд хъæбулæй –
Афтæ у ‘мæ йæ зæгъ.
Алы ‘рцæугæ хæддзутыл
Фестæм дихгонд нæ зæхх.

Д‘ алы тигъ уыд зæдбадæн,
Д‘ алы цъæх нæуу – куывддон,
Ныр нæ хомхор сыхæгтæ
Ирæй скодтой зындон.

Хауд зæрæдты фæцагътой,
Уæрст – нæ бынтæ хæрынц.
Не ‘взæнгтæ та гуыбындзæл
Теркæй-Туркмæ хæтынц.

Хуытæ уæлмæрдтæ къахынц,
Фесты хæрджытæн хуым.
Не ‘нæрцæф фыдты стджытæ
Схъæрзынц мах номæй уым.

Никуы нæ ‘ндавы фидæн,
Уæд куыд цæрæм фæрнæй –
Мад бæрц хъæбул кæм ара,
Уым фæрныг фидæн нæй!

Æтт, мæ мæгуыр Ирыстон,
Лæг цы ныфсæй цæра?!
Сыстæм Иры сæрвæлтау!
Тох!
Уæй, тох, уæ-ри-ра!..

*2002, рухæны мæйы 8-æм бон*

## 3. ЦÆФ САБИ

Саби бандæгъдис мæ риуыл:
– Риссын, Дада, ристæй…
У йæ цъæх буар едзаг иууыл
Куыйдзыхты минæйы схъистæй.

Топпы кæсæнæй дæ ары,
Чи нæ амардзæн йæхи сыст.
Гомрагъ Уырыс дуне дары,
Ноджы, фатдзæгъдæн ыл сисынц.

Худгæ ласынц ын йæ фæллой,
Йе знæгтæн та хотых калынц.
Алы бынмиз, фиу сæ ‘вæрой,
Ууыл се ‘взæр удтæ хъарынц.

Махæн уой цæмæн æмтугон,
Стæй цæмæн цæрæм сæ цардæй –
Рахæцыд ныл нæ æмдугон
Тæппуд гуырдзы – ‘хсынц нæ дардæй…

Саби бандæгъдис мæ риуыл:
– Риссын, Дада, риссын…
Байрæз ды мæ уды фиуыл,
Де ‘хсджытæ дæ рисæй риссæнт!

*2005, кæфты мæйы 5-æм бон*

## 4. ÆРХЪУЛАЙЫ

Фондзæн суæгъди голлаг
Быдыры къахт – арф.
Знаджы ‘ркъуырæд Уæллаг,
Тилæн дын нæй къах.

Урс митыл æхсæв дæр
Милмæ дæ æвæрд.
Удуæлдай æвзæртæн
Нал и дон, зæгъ, хæрд.

Къусы дзаг-ма ссардтон
Удыхосæн цæхх.
Стонг ахсæн-иу адон,
Фæлæ исты зæгъ.

Уый хыгъд зонæм фондзæй,
Цас рацæрдзыстæм –
Райсоммæ ыстонгæй
Нал амæлдзыстæм!

*1991, Джиуæргуыбайы мæйы 30-æм бон*

## 5. СÆУРАЙСОМ

Иры талынг дзыхъмæ
æхсæв-бонмæ,
æхситтгæнгæ, тагъд кодтой нæмгуытæ;
рыхыдысты сармадзантæ;
ракетæтæ тахтысты, кометæтау…

Хингæнæг армæй
змæстой нæ цъæх арв æмæ
нæ раттæг,
нæ уромæг зæххы ‘хсæн дæрддзæг…

Хур сæумæрайсомæй
æхсæвы тар хъæццул
сабыргай куы аласта фæсхохмæ,
уæд разындысты:
цæсткъахт хæдзæрттæ…
алафых бæлæстæ…
фæздæгкалæг дуртæ…
æрдæгсыгъд сæры къуыдыртæ…
сæ хотыхтæсæрфæг хæстонтæ…

сурцæссыг, къуырмайæ
сæ удуæлдай хъæбулты
уæнггай тымбылгæнæг саударджытæ…

Нæ фыдбоны сыхæгтæ нæм
кастысты, райгæ,
цæджджинагмæ кæсæгау.

*2002, тæргæйтты мæйы 5-æм бон*

## 6. УАРТ

Мæ Ир,
дæ хæрзтæм дын
цæмæй фидæм нæ хæстæ?
Ирон туг-стæг
тыхы ныхмæ
уæлдай рæвдздæр у хæстмæ.
Фæцыдис æйтт –
ызнаджы цæфæй
судзы Хуссар,
Хæстонæхсыст
Басмачы цæфтæй
знаг кæндзæнис уд-сар!

«Нæ фыдсыхаг
лæбуры нæм!» –
ныффæдис Абхаз,
Йæ хъæдгæмттæ
Хубулы цæфтæй
стъæрдзæн не знаг цал аз!

Ныббырстой нын
нæ Цæгатмæ
æууæнкхор мæхъхъæл –
Тагъд сисой
Парпаты дæрзæг цæфтæй
сæ сæртæ, ма 'нхъæл!

Нæ лæппутæй
сæ иуæй се 'ннæ
у тыхджындæр,
Куы сæ бахъæуы
не знæгты ныхмæ 'вæрын
тыхы сæр!
Мæ уд – цъæх уарт
нæ домбай лæппуты хæнт сæрмæ.
Тагъд фендзыстæм
нæ сау ызнæгты
сау быныхæссæнтæ!

*2005, Майрæмкуыуадзæны мæйы 12-æм бон*

## 7. ХУРЫ ФЫРТТÆ

Хур ныссалдис мигъты ‘хсæн.
Схауынц знæгты хæпп удтæ.
Сахаргæрон ихы сæр
Скодтой арт нæ лæппутæ.

Сау зачъетæ – митæмбæрзт,
Бадынц дурын «галуанты».
Знаг сæ тæсæй – минтæй ‘мбæхст.
Топпæхстмæ нæм нал уæнды.

Сармадзантæ цалынмæ
Мигътæм срæйой, стонг куыйтау,
Уадз фæхъазой уалынмæ
Махуæттæ, æвзонг куыртау.

Худынц, цыма куывды сты.
Худтæй ризы ханты ком.
Иры номдзыд куывдтыты
Баззайдзæн сæ кады ном.

Фестъæлфыд сæм мигъты ‘хсæн
Хур:
«Мæ фырттæ!» – байрадис,
Арты фарсмæ миты сæр
Ризгæ хæлттæй батадис.

*1992, рухæны мæйы 9-æм бон*

## 8. ЗÆДÆМСÆРТÆ

Карз фæдзæхст,
Елиайы цæфау,
иу уыд:
«Знаджы нæмыгæй
фæцæф дæн, мыййаг,
Гъеуæд,
уæхæдæг мæ,
уе знагау, фехсут,
Куыйтæн куыннæ суон
æфхæрдæй уæййаг!»

«– Лæгхортæн
никуы ис бафсис нæ тугæй.
Иу къухы кард хæссынц,
иннæйы – къус.

Тыхджыны фæсарц сæ
'фхæрæг нæй дугæй.
Раздæр дын
акъæмс кæндзысты дæ хъус,

Уыйфæстæ
ихдоны мадардæй – найгæ.
Цармæ дæ сауыгътой,
цасмы – дæ къах.
Араугæ æндадзæн цырагъæй.
Маргæ
Акæнынц уайтагъд,
кæй хъул стулы сах.»

« – Кардæй
ныллыгтæ кæндзысты дæ фыдтæ.
Дудай –
цæрдудæй кæнынц дæ цæхджын.
Никуы-ма фендæуыд
ахæм фыдфынтæ –
Сбастой сындз телæй дæ,
стыр кард цæгджын

Сæлвæстой.
Сæгом дын кодтой дæ дадзин.
Алчи йæм, худгæйæ,
дары йæ къус…
Туджы цыхцырæгмæ!
Сонтæй йæ нуазынц.
Тугдзыхдæр бирæгъæй –
тугуарз тæрхъус.»

«– Цæххы тулгæйæ,
æвдæрзынц лæджы фыд.
Уымæн баййæфтой
Фæсефратæй сырд.

Ничи-ма федтаид
ахæм лæгхортæ,
Ронбæгъд нæ сыхаг
куыд ысвæййы сырд!»
« – Рауæй-ма кæнынц
нæ тугахст ысджытæ –

Голладжы бастæй
нæ бинттыхт быдыргъ.
Сидынц лæгхæрæггаг
‘фсæддон титултæ.»
« – Гъе, бецау,
хъисджынрагъ, тугмондаг дзæргъ!» –

Бадымдтой лæппутæ
тухгæ тамако.
Алчи сæ слæууыд
химбæрц бæрзонд.
Се ‘взонгдæр,
хæдæхсæй хъазгæйæ, бахудт:
«– Нал уын бахæлæг кæндзынæн
мæ зонд –

Нарты рæстдзæвинтæ!..
Ахæмтæ федтам!
Мах сцæф кæнынæй сæ
сайы сæ фын!
Боны æрбацъæхæй
фендзысты адæм –
Бахъæудзæн хуыты
сæ бынтæ сæрфын!»

Адаудта хистæр
йæ армæй йæ зачъе,
« – Фенут уæ ражоктæ.
Ацæуæм ныр», –
Хæстон бал анығъуылд
æхсæвы тары.
Æхсæв – ныггуыппæввонг:
тар æмæ ‘мыр.

Нæмыджы ныхмæ
фæцæуынц æдасæй,
Равæрдзысты сын уым
раст цыма сир.

Ахæм,
зæдæмсæр хъæбултæ кæй дæттыс,
Уымæн нæм лæбурынц,
уымæн, мæ Ир!

*2006, тъæнджы мæйы 08-æм бон*

## 9. КАМУФЛЯЖОН АДÆМ

Куы рацæй уайынц уынгты
Пырх Чъребайы камуфляжон сахъ адæм,
Нырризынц уæд мæ уæнгтæ –
Цы та уыдис?
Нæ цард кæд уыдзæн адæн.

Фыцæм, мæ Ир, дæ дзыхъхъы
Нæхи сойы.
У артгæнæг – фыд сыхаг.
Йæ калм æвзаг – йæ дзыхы.
Дæлдæр фæуа, фыдырдæм чи у сгуыхаг!

Фæрсаг хъæутæм лæбуры.
Æнæхотыхтыл раскъæры цы туг-зæй!
Хæссынц мыст-фæндон Гуры:
Ирыстоны кæд рабаддзысты тъузтæй?!

Уæдмæ уал къах – сæ роны.
Сæ бæллиц сыл æцæгдзинадау сагъуыд.
Ирон фæчъил нæ зоны –
Нæ Мцхетайæ ацырдæм рагæй мах уыд!..

Куы рацæй цæуынц уынгты
Пырх Чъребайы камуфляжон сахъ адæм,
Тых бацæуы мæ уæнгты –
Ызнаг нæ тæсæй не сисдзæн дон адæн!

*2004, рухæны мæйы 1-аг бон*

## 10. МАРД ЧЫНДЗ

Къæрцциту ‘мæ чындзарæзтæй
Аргъуаны раз худы.
Йе ‘мгæртты ‘хсæн куыд аразæй;
Уыд цы ‘мбæхст йæ уды?!

Урс дарæс ыл.
Урс худ – чындзæн.
Хъазынц сыл мæй, хуртæ.
Нал ис баххуысгæнæн чызгæн –
Ис нæ риуты дуртæ.

Дидинфурд фæйлауы дардыл…
Табæйы ныкъкъæрис –
Худæндзаст уæддæр, йæ мæрдтыл…
Къухдарæн…
Кæм ын ис?

Ахæссынц, –
у афтæ гæнгæ, –
сахъ сиахсæн чындзы.
Иунæгæй кæдæм чындз кæнæм
Комæйкургæ чызджы?!.

Аргъуаны хъуытаз дзыназы,
Дзыллæ мастæй сфæлахс
Чызг чындздзон арæзт – нæ разы,
Уæд цы ‘рбацис сиахс?

Стыр Уæлахизы сæраппонд
Кодта тох – циу рард та?
Иунæг-иу йæ рухс цæрæнбон
Иры сæрыл радта!

*2006, тъæнджы мæйы 17-æм бон*

## 11. ФÆСТАГ ХÆСТ

Фæуæд нын Дунескæнæгæй фæстаг хæст.
Ныццавта нæ йæ гæрзифтонгæй не знаг.
Æввонг тохъылы дымæгыл нæ фæхæст –
Фæтасыди ироны цæфæй йе стæг!

Нæ хæцыд цæст тæппуд гуырдзыйы гæппыл –
Сæ сæфтæджытæн дуртыл калд сæ цæхæр.
Ныббадт цъæх фæздæг джауыртæн сæ фæдтыл.
Кæдæй-уæдæй-ма бахудти нæ сахар.

Уæ мыды къусы тулут ныр фæлмæн дзул,
Нæ Ирæн хъусут йе 'хсæрдзæнты сæр-сæр,
Мæ сахъ хъæбултæ!
Стут домбай, фыры хъул!
Уæ хъуынджын æйчыты фæхъхъау мæ урс сæр!

*2004, Майрæмкуадзæны мæйы 23-æм бон*

12. РÆВДЫД

Кæмæ уыд æхца,
уыдон сæ хæстæй фæхастой,
æмæ сæ æцæгæлон зæххыл рæвдауынц сæхи;

кæмæ уыдис мулк,
уыдон сæ хæстæй фæластой,
æмæ сæ æцæгæлон зæххыл рæвдауынц сæхи;

махæн уыдтæ Ды, нæ Фыдызæхх,
бахызтам дæ мæлæтæй,
æмæ дæ, – гъай-гъай, – рæвдауæм нæхи!

*1996, тъæнджы мæйы 4-æм бон*

## ФАТИМÆ

(Дыууæактон, фарастнывон драмон кадæг пролог æмæ эпилогимæ Къостайы мотивыл)

### АРХАЙДЖЫТÆ

К ъ о с т а – автор.
Н а и б – æлдар.
Ф а т и м æ – æлдары схъомылгонд чызг.
Д з а м б о л а т – æлдары фырт.
Г ы ц ц и – Фатимæйы схæссæг мад.
И б р а г и м – æлдары æххуырст, фæстæдæр – Фатимæйы æмкъай.
И р а с с æ – Фатимæйы æмбал.
Ф æ д и с о н.
Æ л д æ р т т æ:
1-аг æлдар;
2-аг æлдар.
Х о х æ г т æ:
1-аг хохаг;
2-аг хохаг;
3-аг хохаг.
Х ъ æ д д з а у т æ:
1-аг хъæддзау;
2-аг хъæддзау.
А д æ м.

### П Р О Л О Г

*Къоста сагъæсхуызæй фæзыны æмбæрзæны размæ. Иннæрдыгæй фарс та Аннæ фæзыны. Цæуы бæрзонд, бæрзонд. Къоста кæсы йæ фæдыл æмæ дзуры:*

Ах, цины æвдылгæ дын раттин мæ уд,
Нымд бибитæй дард бæстæм уа зын
Нæ уаид мæ æрмттыл дæу хæссын, рæсугъд,
Æрвгæрон дæ ‘рра уарзтæй уарзин…

Цы фæндыры зæлтæй ирхæфсин æз дæу,
Уæ суинæгты суинаг цъæх къалиу,
Мæ риуыл адджын фынтæ уынгæйæ лæуу,
Æз зарæджы де 'хцон ном арин…

Фæуæнтæ нæ уаид мæ зарджытæн уæд
Æрдхæрæны æрдзы хъæбысы
Сæрзилæтджын уарзтыл, нæ фæллойыл уæд,
Тæмæнкалгæ зарæг фæхъуысы
Æнусон сæрибары хуызы…

## ФЫЦЦАГ АКТ

### Фыццаг архайд

*Æрдхæрæны æрдзы хъæбыс. Ис дзы уазал суадон. Тæвдкалгæ фæзынд Дзамболат. Райы фырцинæй.*

Дзамболат

Ныртæккæ йæ хъæудзæнис ардæм.
О Стыр Хуыцау, дæ хорзæх ратт.
Æнæ Фатимæ мын нæу адæн
Мæ цард. Фæхъуыды кæнын хатт:
«Уæдта ныл рахæтыд нæ амонд?!.»
Фæуæд фæлтау бынсæфт мæ мард.
Æрцæуы мæм бынтон æрра зонд –
Ныссадздзынæн мæ риуы кард!

*(Йæ фыртыхстæй нуазы уазал суадонæй. Стæй тарстхуызæй аныгъуылд хъуыдыты.)*

Æниу нын, чи байса нæ амонд,
Нæй иунæг ахæм тых зæххыл!
Дзæгъæлы хъуыдытæ сты адон –
Æмæ йæ фидарæй зæгъын!
Фатимæ… Хуры 'нгæс Фатимæ!..
Нæ мæ хъæуы зæххыл æндæр.
Дзæнæты цард кæндзыстæм иумæ,
Нæ нын разындзæнис æмсæр.

*(Цингæнгæ фæкомкоммæ кæдæмдæр.)*

Ærбацæуы… Ирассæимæ…
Æræндæвта куыд раджы хур…
Кæд уыдзæнис нæ сагъæс иумæ?
Кæд сисдзынæ мæ риуæй дур

*Дзамболат æмбæхсы къутæрты аууон. Фатимæ фæзынд цингæнгæ. Знæт цæстæнгасæй ракæс-бакæс кæны фæйнæрдæм. Зыны йыл – аивæй агуры кæйдæр. Фенкъард.*

Ф а т и м æ

Кæм уа?.. Цæмæннæ ссыдис ардæм?
Ам сæййафын мæ уды зынг –
Цы дидинтæ… Цымæ нæ адæм
Цы зæгъдзысты? Мæ цæсты сыг
Фæтæдзы ‘рдæг æхсæв мæ базыл.
Æвзарын сæфты фæд куырмæй.
Дзамболат та нæ хæссы азым
Йæхимæ – ‘ндæр мæт æй куы нæй.
Цыма йын исчи дæн – дæрдбæстаг…
Æрмæст æй уарз… Æрмæст ын цæр…
Цы уыдзæнис нæ уарзты фæстаг?
Куы ысуæм дам-думтæн сæ сæр…
Нæ фыд нæ базондзæни ‘нæмæнг,
Æмæ ныл сисдзæнис йæ къух.
Фæдзуры – цард, дам, у æгæр мæнг:
Лæгмæ адзал кæсы æдзух.
Фæлæ кæм уа, уæдæ, Дзамболат?..

*(Ирассæ фæзынд фæлладæй, лæф-лæфгæнгæ.)*

И р а с с æ

Фатимæ… Нал дын у мæ бон.
Мæ удхæссæг – чызгæй тых болат.

Ф а т и м æ

Мæнæн та – ‘ндзыг æмæ æбон!

И р а с с æ

Лæг дæ нæ аййафдзæн бæхыл дæр.

Ф а т и м æ

Мæ фыд ‘рмæст нуазы ацы дон.
Нынныхъуырдзынæн дын дæ хыл дæр –
Мæхи къухæй йын дондзау уон.

И р а с с æ

*(хин мидбылхудтимæ)*

Æрмæст дæр уый тыххæй фæзыныс
Æхсæвы цъæхæй ардæм, чызг?

*(Фатимæ фæтыхст.)*

Уæд зæгъ, цæмæн райсыс фæлдыст хуыз?

Ф а т и м æ

Дæ дæндаг дзурынæй ыззынг.
Æруазал æй кæн иу цъус донæй.

И р а с с æ

*(тæргайхуызæй)*

Оу, азым дæм куынæ хæссын…

Ф а т и м æ

Мæ фыдæн дондзау чызг дæн, зон æй!

И р а с с æ

*(мидбылхудгæ)*

О, о, фæлæ тæрсын… тæрсын…

*Фæзындис Ибрагим, заргæ, хæххон дидинджытæ тонгæ. Чызджыты нæ уыны.*

И б р а г и м

Йæ ахстоны мидæг
Æвзонг бæлон 'руайы,
Куы аззайы иунæг –
Хъæрзы æмæ тайы.

Тæхгæ йæм, мæ бæлон,
Тæхгæ йæм, мæ зынаргъ!
Ныддаргъ ыл тæхгæ бон,
Мæ зынгыл, куыд ныддаргъ.

Ф а т и м æ

Æртыдта цас дидин рæсугъдтæ!

И р а с с æ

Ыстæй йæ фердæхт уа, йæ зард!..

*Ибрагим сæ ауыдта æмæ фефсæрм. Йæ дидинджытæ амбæхста йæ фæсчъылдым.*

И б р а г и м

Куы уын фестид нывонд мæ уд дæр –
Уæ къах уæ рахаста куыд дард?

Ф а т и м æ

Мæ фыд Наибмæ ‘рмæстдæр ацы
Дзæнхъаирд суадон у нымад.

И б р а г и м

О, о, мæ сабийæ дзæвгар дзы
Фæхастон бонцъæхтыл…

И р а с с æ

Йæ ад
Лæджы комы ыссудзы будау.

Ф а т и м æ

Стæй дидинджыты ад хæссы!..

*Ибрагим фефсæрм. Дидинджыты баст æм дæтты къæмдзæстыгæй.*

И б р а г и м

Чысылæй… Уарзтай сæ дæ удау.
Тыдтон -иу сæ мæ хъæбысмæ
Дæу тыххæй ам…

Ф а т и м æ

Уынын дæ, фыййау,
Мæнмæ гæсгæйæ, а зæххыл
Фыццаг хатт…

И б р а г и м

Уый уыдис рæуфынау…

*Дзамболат рахызт йе ‘мбæхсæнæй. Зыны йыл – фырмæстæй судзы арты.*

Д з а м б о л а т

Дæ зæрдæ домдта иууыл хыл,
Æмæ дæ раскъæрдтон фыййауæй!

И б р а г и м

Цытæ мысыс? Ныббырстон дæ
Рæстаг хъæбысхæсты æгъдауæй.
Фæзынд дæ фыд дæ нæтынмæ,
Æмæ мæ рафитт кодтат хъæуæй.

Д з а м б о л а т

Нæ ыскъæтæй!

И б р а г и м

Хуыздæр фæут.
Мæ дзырд – мæ бар. Нæу цард быцæуæй.

Д з а м б о л а т

Уæддæр мæ къухы ис дæ уд!
Нæ сымаггæнаг скъæты гуырд дæ!

И б р а г и м

Мæгуыр лæгмæ цы амонд каст!.. –
Нæ мæ бадомдтой знæт агуыртæ…

Д з а м б о л а т

Фæлæ дæм дзы æрхаудзæн маст!

Ф а т и м æ

Дзамболат…

И р а с с æ

Фыййау…

Д з а м б о л а т

Дæ сæрибар
Нæ фыййауы куыстытæй ныр!

Ибрагим

Дæ дзырд – дæ фæнд. Æз дæн – мæхи бар.
Нæ кæнын сау куыстæй зыр-зыр.

*Ибрагим фæцæуы. Дзамболат Фатимæйы къухæй раскъæфта дидинджытæ æмæ йын сæ фехста йæ фæдыл.*

Дзамболат

Дæ сымаггæнаг лæвар ахæсс!

Фатимæ

*(кæуынхъæлæсæй)*

Мæ дидинджытæ!..

*Ирассæ алыгъдис дидинджыты фæдыл. Фатимæ йæхи баппæрста Дзамболатыл.*

Ме 'фсымæр…

Дзамболат

Нæ дæн æз де 'фсымæр! О, ракæс –
Нæ дыууæйæн дæр у хуыздæр,
Нæ дуджы сусæггаг хъæрахсты
Куы зонæм алæппæт дæр раст…

Фатимæ

Дзамболат… Ма мæ æппар масты…

Дзамболат

Ыстæм кæнгæ тыхмитæй баст.
Мæ хо нæ дæ. Æрхæссæггаг дæ.
Ысхъомыл дæ кодта мæ фыд.

Фатимæ

Дзамболат… Куыд?!.

*Фатимæйæн фырдисæй йæ цæстытæ аирвæзтысты. Ирассæ фæзынд цъæлтæ дидинджытимæ æнкъардæй. Баззайы сæм кæсгæйæ.*

*Æмбæрзæн*

## Дыккаг архайд

*Фатимæйы уат. Рагон ирон, хæрзæгъдау чызджы райдзаст хатæн.*

Ф а т и м æ

Гыцци... Æз дæ мæ мадау уарзын...

Г ы ц ц и

Дæ мад дыл аудæд рæстмæ.

Ф а т и м æ

Фæлæ цæмæн дæм кæсы уа зын
Дæ чызгæн раст зæгъын?..

Г ы ц ц и

Рæстæг
Фæхъæуы алцæмæн дæр, хъæбул.

Ф а т и м æ

Æрмæст нæ хъæуы сайынæн...
Мæ тæхæн базыр – саст. Ныззæбул.
Æз та æнхъæлдтон...

Г ы ц ц и

Сарыдтæн
Дыуузæ арты 'хсæн... Раст куы зæгъон...
Цы ахъуыды кæндзæн Наиб?
Дæ кæнгæ фыд. Сты тынг æмдзæхтон
Цытджын кæсæг, зæгъай, Гуниб,
Стæй цæцæн уыцы лæджы кадæй.
Куыд ын ныгæдтаин йæ сæр?..
Ды та, мæ хур... Хъæбулы адæй
Дæ фæрцы смадхуыз дæн æз дæр...

Ф а т и м æ

Æз дзыллæтыл нымад чызг нал дæн,
Куынæ базонон, чи дæн, уæд!

Гыцци

Дæ фыдæн нал уыдзæнис адæн
Йæ цард, мæ хур...

Фатимæ

Цы фæнды уæнт.
Зæгъ мын, Гыцци, кæмæй дæн? Чи дæн?
Кæм ысты ныр мæ мад, мæ фыд?

Гыцци

Нæ дон нын, мæ чызг, змæнты чидæр.
Дæ тæригъæдæй ссарæд фыд!

Фатимæ

Дзамболат уыд!..

Гыцци

Мæ дзыхы – цæхæр!
Рæдийын мæ кæныс, мæ чызг...

Фатимæ

Ныххивæнд дæ, Гыцци, ныццæхгæр.

Гыцци

Уæдæ дын бахуыссæд мæ зынг...
Нæхи Дзамболат дын кæм загъта...
Уым зонай алцы дæр æргом.
Дæ фыд... Йæ удæй-иу арт цагъта...
Уыд зиу, фæдис... Зыдтой йæ ком
Æхсарджын лæг æмæ хæд-зондæй.
Нымад лæгмæ æмхиц у арв –
Æрцавта йæ, мæгуырæг, сонтæй.
Лæджы цардæн нæма ис аргъ:
Кæйдæр тугмæ йæ фехста чидæр.
Æдзардæй сау бынсæфт фæцис.

Фатимæ

Куыд ын æрбайхæлдис мæ игæр...

Г ы ц ц и

Æрмæст нæ кæндзыстæм фæдис.

Ф а т и м æ

Цы азарæй басыгъд мæ мад та?

Г ы ц ц и

Хæдсудзгæ уаз цырагъ у мад.
Йæ сæр йæ судзгæ мастæй хордта.
Нæ йæм уыди йæ адзал дард.

Ф а т и м æ
*(кæуы)*

Мæ мæгуыр мад...

Г ы ц ц и

Уыдтæ ды ноггуырд.
Хæрз иунæг. Калдис дыл дæ цар.
Мыггаджы хистæрты дзырд конд уыд –
Ныгæдтой мадимæ дæу дæр...

Ф а т и м æ

О, нæ... Цæрдудæй мæ ныгæдтой?

Г ы ц ц и

Наибыл рахæтыд Хуыцау...
Æрбамардысты уæд... Ныггæндон...
Йæ чысыл чызг... Йæ æмкъай...

Ф а т и м æ

Ау?!.

Г ы ц ц и

Дзамболатимæ, мæгуыр, баззад.
Йæ арвæй нал æм кастис хур.
Хуыцауы сконд лæг уæд æгæссад...

Ф а т и м æ

Гыцци!.. Æгъгъæд у!.. Мауал дзур.

Г ы ц ц и

Мæ зондджын чызг!.. Уæд фезмæл тагъддæр –
Дæ уæздан фыд кæсы дæумæ.
Фæндыд Дзамболаты дæр ардæм...
Уыд хонджытæ æгас хъæумæ.

Ф а т и м æ

Дзамболат – о... Æндæр ма чи сты?

Г ы ц ц и

Цæцæн, зæгъ, кæсæг, стæй – Гуниб...

Ф а т и м æ

Мæ ‘дзæмсæфт фыды... мады хисты...
Мæ зондыл дæн?.. Кæд дæн къуыдипп?

Г ы ц ц и

Мæ чызг... Цы фыд хауы Хуыцауæй,
Зæххыл ын развæлгъау – бынат.
Ныр комбæсты куывды хицауæй –
Дæ фыд. Чызджы æгъдау ын ратт.

Ф а т и м æ

Мæ уæнгтæ нал ысты мæхи бар.

Г ы ц ц и

Дзамболат...

*(Æддæмæ)*

Ардæм дæ фæнды?

*Фатимæ йæхи адзæбæхтæ кодта. Гыцци ахызт. Фæзынд Дзамболат.*

Д з а м б о л а т

Цæмæн лæууыс, Фатимæ, хибар?
Мæ хурты хур! Мæ уаз фæрдыг!..

Ф а т и м æ
*(æфсæрмдзæстыгæй)*

Ныр ракæсæнт дыл худгæ хуртæ...
Æгайтма дæм лæууын æз дард!

Д з а м б о л а т

Кæн мын æрмæстдæр хъазгæ, худгæ –
Дæ сæрты акæлдзæн дæ цард.

Ф а т и м æ

Мæ цард мæнг уыд, фæлæ уыд адæн:
Уыдтæн уæздан – æлдары чызг.

Д з а м б о л а т

Хæлæгæй дæм мæлдзысты адæм:
Уыдзынæ ‘хсин – æлдары чындз!

Ф а т и м æ

Æнустæм дамты сæр уыдзынæн
Æгас дзыллæйæн мардæй дæр.

Д з а м б о л а т

Дæ хуызæн зæды ‘нгæс уындджынæн
Йæ уд фæтавы дардæй дæр.
Æмæ, æгайтма, рауад афтæ!
Æгайтдæр ма нæ дæ мæ хо!
Нæ амонд нæм æрцыдис кафгæ,
Æмæ йыл райгæ кæн, мæ х...о...

Ф а т и м æ

Кæсыс?.. «Мæ хо...» Зæгъдзысты адæм
Наибæн зинты цæуæт ис.
Цæудзысты ахудынмæ ардæм.
Нæ сæ ‘ндавдзæн нæ ис, нæ бис.

Д з а м б о л а т

Нæ! Ис лæджы дзуар у, лæджы ном.
Уый акæны хæфсæй дæр маргъ.
Фыдæлтæй йæ зонынц æгас ком –
Æфсургъæн у йæ бакаст й‘ аргъ.
Кæсдзынæ адæммæ бæрзондæй.
Хъæздыг бынтыл цæудзæн дæ бар.
Æппæлдзысты дæ кад, дæ зондæй.
Уыдзынæ ныр æцæг æлдар!
Æрмæст...

Фатимæ

Цы ма айрох хъысмæтæй?
Цы ма нæ бавзæрста мæ уд?
Цы мæ домыс – зæгъ æй æххæстæй.

Дзамболат

Дæ уарзт! Цыфæнды мыл фæхуд,
Мæ зæрдæ мын хъæбæрæй дзуры –
Куынæ уай ды, Фатимæ, мæн,
Уæд зон, мæ сау хъама дæ цуры
Мæ зæрдæ ссардзæнис мæнæн!
Хуыцау нын амоны фæндæгтæ –
Кæй нæ разындтæ ме 'цæг хо,
Уый банывыл кæндзæн нæ фæндтæ.
Пехуымпары радтгæ йæ хон.
Йæ ныхмæ та нын нæу цæугæйæ.
Зæгъ мын æргом: æз раст нæ дæн?!

Фатимæ

Мæ зæрдæ баризы кæугæйæ.
Тæрсын, Дзамболат...

Дзамболат

Мах æрдæм
Нæ царды дзаг тæбæгъ фæкъулис:
Зæгъ мын æй – мемæ дæ æмвæнд?

Фатимæ

Дзамболат... дæн.

Дзамболат

Ныр уæз мæныл ис!
Æххæст уыдзæн дæ алы фæнд!
Тæккæ абон зæгъын мæ фыдæн
Нæ сыгъдæг хъуыдытæ æргом.

Фатимæ

Куынæ ысразы уа йæ фыртæн...

Дзамболат

Дæ хъуыддаг зонынц 'нæхъæн ком...

*Фæзынд Ирассæ.*

И р а с с æ

Чызгай... Рæстæгыл хи фæрæвдз кæн.
Дзамболат... Дзуры уæм уæ фыд.

Д з а м б о л а т

Рæвдз ыстæм мах! Æвæццæгæн,
Уыдзыстæм 'нусбонтæм æвыд!

*Æмбæрзæн*

## ÆРТЫККАГ АРХАЙД

*Æлдар Наибы галуан. Къулыл – бæндæн ауыгъд. Иуварс къуыдыры – фæрæт сагъд. Зæлы фæндыры цагъд. Симынц хъæлдзæг фæсивæд. Фæзынд 1-аг, кæстæр æлдар.*

1-аг æ л д а р

Æрбацæуынц уæздан æлдæрттæ!
Ысты нæ хистæртæ уæ буц,
Кæй нæ сафут нæ хорз æгъдæуттæ,
Уæ зæрдæтыл кæй фæлæууынц...

*Фæзындысты Наиб æмæ уæздæттæ хъæлдзæгæй. Сæрыстырæй сæ цæст хæссынц бæрæгбонфæлыст фæсивæдыл.*

Н а и б

Уæ хъазты – фарн!

Ф æ с и в æ д

Куывдтæ фæкæнут!

Н а и б

Куы кафой фæсивæд фæрнæй, –
Уæ дзурæнтæй сæкæр фæхæрут, –
Уæд сын фæмæгуырæй тас нæу.
Йæ хæс чи 'ххæст кæны уæзданæй...

2-аг æ л д а р

Дæ кæстæрты, уæздан Наиб,
Нæ фæхатыдтæн абон дардæй.
Æрцыдысты Назран уа, Тиб...

Н а и б

Дзамболат…

*(Фæзынд Гыцци.)*

Г ы ц ц и

Рацæуы ныртæккæ.

Н а и б

Мæ чызг Фатимæ та кæм ис?

2-аг æ л д а р

Зæрин хуры зæрин æртæхтæ
Æндæр кæй дзыккубыды ис!..

*Фатимæ æмæ Дзамболат фæзынынц бæрæгбон арæзтæй, циндзастæй.*

Д з а м б о л а т

Мæ фыд... Фæзындыстæм дæ сидтмæ.
Нæ бæрæгбоны фарн уæ уæд!

*Фæзынд Ибрагим. Дидинджыты баст аивæй фидар кæны бæласыл. Гыцци йæ ауыдта. Рауад æм. Цæуылдæр ныхас кæнынц сусæгæй. Гыццийæн – тарст хуыз.*

2-аг æ л д а р

Дзамболат æмæ чызг-æхсинмæ
Нæ номæй кафты бар!..

Н а и б

Фæуæд!

*Фæндыр ныццагъта. Дзамболат Фатимæйы фæхуыдта кафтмæ. Адæм сыл æрæвæрдтой сæ цæст. Гыцци Ибрагимæй бацыд Наибмæ. Сабыргай йын дзуры цыдæр. Наибы æрфгуытæ фæтар сты. Нымдзаст Ибрагиммæ. Ныккастысты йæм иууылдæр. Фемдзаст æм сты Фатимæ æмæ Дзамболат дæр. Æрлæууыдысты сæ кафынæй.*

Д з а м б о л а т

Кæвдæсыгуырд! Нæ фыййау нал дæ!
Куы дын æй загътон æз æргом!
Æви æххæст нæма райхъал дæ?!.

Ф а т и м æ

Дзамболат.

Н а и б

*(Дзамболатæн)*

Суагътай куыд дæ ком?

*(Ибрагиммæ)*

Лæппу, æрбацыдтæ нæм иугæр,
Нæ бæрæгбонмæ 'гас æрцу.

*(Фæсивæдмæ)*

Лæггадцух ма баззайæд иу дæр.

И б р а г и м

Мæ балцы сæр, æлдар, цы у...
Дæ фырт мæ нал уадзы фыййауæй.
Дæ фос – дæ бар. Мæ мызд мын ратт.

Н а и б
*(Дзамболатæн)*

Лæппу...

Д з а м б о л а т

Цæй фыййау лæг ис амæй –
Ныттыдта дидинты мыггаг!

*(Ныххудтысты йыл былысчъилтæй.)*

Æлдæрттæ, фарны зонд нæ тулы –
Цагъарыл дарын хъуыд къæлæт!
Ныууæй йæ кæнин дард Стамбулы,
Къæбысау. Ссарид тагъд мæлæт!

И б р а г и м
*(Наибмæ)*

Æлдар, æрбацыдтæн мæ мыздмæ.

Д з а м б о л а т

Йæ хæрд – хъæбæр къæбæртæ, хуырх...

Наиб

Фæлæу...

Ибрагим

Цæмæн исут ысхуыстмæ?..

Дзамболат

*(Фемдзаст фæрæтмæ. Фелвæста йæ æмæ йæ бахста Ибрагимы размæ.)*

Дæ мызд – фæрæт. Хæсгæ, мæ хырх!

Ибрагим

Æрмæст фæрæт?

Дзамболат

*(Къулмæ фемдзаст бæндæнмæ. Фехста йæм æй.)*

Хæц, уый – бæндæн дæр.
Бæлæстæ кал æмæ сæ лас!

Фатимæ

Дзамболат…

*Ибрагим систа фæрæт æмæ бæндæн. Фæцæуы. Иууылдæр нымдзаст сты кæмæдæр.*

1-аг æлдар

У фæдисон. Бæхæн
Йæ уд йæ хурхæй афтæ слас!..

2-аг æлдар

Æрхызтис рахизæрдæм бæхæй.

Наиб

Хуыцау, фыдбылызæй нæ хиз.

1-аг æлдар

Йæ бæх ын айстой.

2-аг æлдар

Чиуы къахæй.

Ибрагим

Æддагбæстаджы хуыз ын ис.

*Йæ цæф къахæй чиугæ фæзынд æддагбæстаг фæдисон.*

Фæдисон

Ут арфæгонд ыстыр Хуыцауæй!

Наиб

Фæцу нæм алæбон æгас.

Фæдисон

Хатыр... Мæ фæдисоны цауæн
Кæй нæй бæрæгбоны æнгæс.
Ныббырстой джауыртæ нæ бæстæм...
Æргæвдынц – саби уа, зæронд...
Нæмынц нæ хæхтæ мæ нæ фæзтæ,
Фæцыдис раст цыма сæ зонд...
Æрбарвыстой мæ ‘нæхъæн Цæцæн –
Лæгæвзæрстæй хъæуы нæ ‘ххуыс.
Кæй тохæй барухс уа нæ хæцæн,
Йæ фосфæконд раттын – нæ хæс!

Наиб

Фæхонут фæдисоны фынгмæ.
Фæрысти, ‘вæццæгæн, йæ къах...

Фæдисон

Мæхи бæргæ æппæрстон зынгмæ...
Ысуад мыл знаджы нæмыг...

*Фæцудыдта.*

Фатимæ

Ахх!..

*Лæппутæ акодтой фæдисоны. Адæм фесты хъуыдытыл.*

Наиб

Куыд кæнæм, хорз адæм?

Дзамболат
*(ләппутәм)*

Мæ бæхыл
Æвæстийатæй – рогдæр саргъ!

Наиб

Ыслæуу уал, лæппу, фидар зæххыл.
Хæстон фæндаг тæссаг у... Даргъ.

Дзамболат

Нæ мыггагæй лæг никуы бамбæхст!
Æвдыста ‘дзух сæрæндзинад.

Наиб

Уым бадт зонд хъæуы...

Фатимæ

Ис æм арæхст.

Наиб

Æмæ хæстон фæлтæрддзинад?

Дзамболат

Хъæбатыр лæг фæцæуы рæгътыл!

Фатимæ

Нæ фыд... ысфæраздзæн йæ уаргъ.

Наиб

Лæг чи у, чи лæууы йæ къæхтыл,
Йæ фыдæлтæн чи кæны аргъ,
Тынг чи уарзы йæ Фыдыбæстæ,
Лæджы худ чи дары, ыстæй,
Арф чи фиды йæ фыды хæстæ,
Нæ бамбæхсдзæн уый карз хæстæй.

*Фæсивæд схъæлдзæг сты хæсты коймæ. Ибрагим дæр раздæхт фæстæмæ. Фатимæ дæр цин кæны. Гыцци аивæй хойы йæ уæрджытæ.*

Ибрагим

Цæуын æз цингæнгæйæ хæстмæ!..

Д з а м б о л а т

Кæм баст ис, хæстон лæг, дæ бæх?

И б р а г и м

Наибы бæндæнæй, мæ хæстæг,
Уырсытæ цас ахстон дзæбæх!..

Д з а м б о л а т

Дæ фæрæт – кард! Тыхæй æххæст дæ –
Нæ разæй гом зæвæтæй тæх.

2-аг æ л д а р

Ныууадзут уе ‘фхæрæн ныхæстæ.

1-аг æ л д а р

Цæмæй райдайæм, æлдар, зæгъ.

Д з а м б о л а т

Фатимæ, ме ‘рцыдмæ кæсдзынæ?

Ф а т и м æ

Кæсдзынæн циу?!. Ыстыр Хуыцау,
Нæ мæ равдæлдзæни кæсынмæ –
Уыдзынæн дын æдзух хуындзау,
Дзамболаты цæрайæ...

Н а и б

Хæстмæ
Чъызгæйæ ничи ‘вæры къах.

2-аг æ л д а р

Нæ батырндзæнис хорз лæг хæсмæ.
Нæдæр æм бабæлдзыстæм мах,
Фæлæ æххуыс хъæуы сыхагæн...

Д з а м б о л а т

Сæрибар сын хæсдзæн мæ кард!

Н а и б

Йæ къах фæкæлын зоны сагæн.
Æгадмæ ма ‘рхæссут нæ кад.

Ф а т и м æ

*(бæласмæ фемдзаст дидинджытæм)*

Мæ удтæ!.. Чи уæ ‘ рхаста ардæм?

Г ы ц ц и

О Лæгты дзуар, дæ фæдзæхст уæнт!..

Н а и б

Ныр та – хæстон фæндаджы фарнæн
Æмбæлынц зарæг æмæ кафт!

*Фæсивæд зарынц æмæ кафынц хъæлдзæгæй. Хистæртæ сæм кæсынц хæлæггæнгæ, фæлæ – сæрыстырæй. Зыны сыл, райгонд сты сæ кæстæртæй, фæлæ уый дæр бæрæг у, кæй сæ фæнды, æвзонг ма куы уаиккой æмæ уыдон дæр куы цæуиккой хæстмæ сæ сыхæгты сæрибары сæрвæлтау.*

*Æмбæрзæн*

## Ц ы п п æ р æ м  а р х а й д

*Фатимæйы уат. Фатимæ фæасхуыз. Лæууы рудзынджы цур æмæ сагъæсхуызæй кæсы дард кæдæмдæр.*

Ф а т и м æ

Тыхст уды фæдис дард нæ хъуысы.
О, ме сфæлдисæг Стыр Хуыцау,
Мæ туг мæ тугдадзинты сысы –
Мæ тæригъæд нæ уыныс, ау?!.
Кæм ис мæ ныфсы ныфс Дзамболат?
Кæм ис мæ сæурайсомы хур?
Йæ фæдисы цыдæй цы рауад –
Мæ зæрдæ алæбырд, ныддур.
Кæд дын фыдгулты цæргæс арцфындз
Фæцис дæ даст сæры хъуын тынд?
Кæд дыл сæ цъыф фæрстæ фæхафынц
Фыдæнæн хъусджынтæ фыдуынд?
Кæд тугдзых куыйдзыхтæ фæнуазынц
Æхсныфы сæстытæй дæ туг;
Дæ буцхаст удæй дын кæд хъазынц
Къæдзкардджын туггоппатæ тутт?
Тыхст уды царды æрхъис нал ис:

Дæ галуан кæд ныр хъоргъ у арф;
Æви дæ марæг тынг ысхъал ис –
Кæй дыл æрфæлдæхта дæ арв;
Кæд дын хæры дæ цæст кæйдæр сынт...
Дæ урс буарæй ыснæрст кæй мæр...
Нæ фидæн нæм рæсугъд цæмæн зынд –
Цæмæн зылд н‘ амондæй нæ сæр?
Цæмæн нæм кастис а цард аргъау,
Æгасæй хъизæмар к‘ у, рыст?
Æгæр бæрзондты симдтам, маргъау…
Æрвон æхсидав ныл ныххуырст.
Ды... Чи зоны, кæм... дæ... кæм тайыс...
Æрмæст... дæ уд сæрæгас уæд.
Хъысмæт, мæ азтæ, бонтау, кайыс.
Æрдуйыл нал хæцы тыхст уд...

*Зары хъарæгæй.*

Йæ ахстоны мидæг
Æвзонг бæлон руайы,
Куы аззайы иунæг –
Хъæрзы æмæ тайы.

Тæхгæ йæм, мæ бæлон,
Тæхгæ йæм, мæ зынаргъ!
Ныддаргъ ыл тæхгæ бон...

*(Фестъæлфыд.)*

Ибрагимы... зарæг куы зарын...

*Тарстхуызæй хъуыдыты аныгъуылд. Æнкъардæй фæзындис Ирассæ. Катайгæнгæ кæсы Фатимæмæ. Фатимæ дæр æм кæсы къулбæрзæйæ.*

И р а с с æ

Дæхи хæрыс, нæ хивæнд чызг.

Ф а т и м æ

Бынтондæр удæнцой нæ арын.

И р а с с æ

Хуыссын кæныс дæ уды зынг.
Фæмæлынц уыимæ та монцтæ.
Кæсыс, куыд баруадис дæ фыд.

Ф а т и м æ

Æнхъæлмæ кæсынæй.

И р а с с æ

Йæ бонтæ
Хъæбулы уарзтæй не сты ‘выд.
Зæры бон рахатт ыл йæ Хуыцау.
Бæргæ йæ н‘ абырсид йæ кар,
Фæлæ йæ зæры бон куыд ныссау!..
Йæхимæ нал ары æхсар.
Уыд афтæмæй бынтон æхсарджын.
Хæрз æрæджы дæр ма цæрдæг.
Уыдис йæ дард хæтæнты – барджын,
Цыма лæппу уыдис сæртæг...

Ф а т и м æ

Æцæг лæппу-лæгау зындаид, –
Йæ винтовкæ йæ хъуыры ‘фтыд, –
Нæ хæхты цъассыты зылдаид,
Æмæ изæрæй ‘рхаста сырд.

И р а с с æ

Йæ туджджынæн-иу фестад й‘ ауон.
Фæсырдтаид æй хи хъæумæ…
Æмæ -иу рацæй æмæ рабон –
Йæ гæрзтимæ йын здæхт хъæмæ...

Ф а т и м æ

Йæ тых ныр асастис æгасæй.
Фыры сыйы йæ здухы дуг.

И р а с с æ

Йæ уæнгтæ бадон ысты тасæй –
Æнæист у йæ фырты туг.
Дæ цыты уазджытæ йын ноджы
Бынтондæр нал дæттынц æнцой!

Ф а т и м æ

Цыдæр мигъ сæ ысбадт мæ уонджы...

И р а с с æ

Уæддæр сæм ахизгæ у. Цом.
Дæ фыд дæм кæцыйæм хатт сиды!..

Ф а т и м æ

Ирассæ, бамбар – нæу мæ бон.

И р а с с æ

Таймуразæн йæ туг æхсиды
Йæ уæнгты. Райдзаст у йæ сом:
Æхсарджын лæг; йæ ис, йæ бисыл
Лæджы цæст н‘ аххæсдзæни аз!
Æцæг æлдар! Йæ зондæй дисы
Кæй не ‘фтауы! Æвдисæн – æз!

Ф а т и м æ

Ирассæ, м‘ ахсджиаг... Мæ дзиба...
Мæ зæрдæмæ нæ кæсы хур.

*Фæзындис Гыцци тыхстхуызæй. Сцагъта сыл йæ къухтæ.*

Г ы ц ц и

Дæ усгуртæй ныфтдзыстæм... Цæй ма,
Дæ фыдимæ дæхæдæг дзур!

Ф а т и м æ

Цы ма сын зæгъон, Гыцци, моймæ
Нæ цæуын. Бамбарæнт мæ – гукк!

И р а с с æ

Дæ усгуртæ, мæ хо, дæ коймæ
Дæттынц дæ иу фендыл сæ уд!

Г ы ц ц и

Дæ фыд мæ рарвыста. Кæсы дæм.

И р а с с æ

Цу, бахиз сæм æмæ сын зæгъ
Дæ дзырд.

Ф а т и м æ

Нæ йæ ‘мбарын, кæцырдæм
Нæ фынгтыл байзæрстон сын цæхх?
Цæмæннæ мæ уадзынц мæ адыл?!

Г ы ц ц и

Чызг хъомылгæнæг ары маст,
Фæлæ дон чи уадзы йæ артыл –
Æмæ нæм ахæм амонд каст.
Ныхыфыстæй фæлидзæн нал ис –
Мæ чызг, дæ хъуыды зæгъ æргом.

Ф а т и м æ

Æрвылбон дæр сæм ахиз, рахиз...
«Нæ, нæ» дзурынæй смаст мæ ком.

Г ы ц ц и

Чызгæн, мæ хъæбул, уый у й‘ амонд.

*Фæцæуынц къуырттытæ кæнгæ.*

И р а с с æ
*(сæ фæдыл)*

Уæ рацыдмæ лæудзынæн ам.
Нæй бамбарæн лæппуйы ‘рра зонд –
Куыд æвæрыс дæ номыл къæм?!
Нæ дын комы, уæддæр æй баййар –
Йæ къæхты бынмæ ‘руадз дæ сæр.
Дæ дардыл бынтæй макуы байрай –
Дæхи аккаг ыссар ‘мæ цæр.
Уæддæр æм хатынц Теркæй-Туркмæ…
Æрвыл бон сын фынгтæ æвæр.
Кæсы сæм ацы чызг та зулмæ –
Йæ уавæр... хатын æй æз дæр...
Фæлæ æгас зылды чызджытæ
Кæдмæ ма ацæуой чындзы?!
Сæ цæстытæй кæлынц зынджытæ.
Сæ маст ыснæрст, кæны хъуынджын…
Куы ацæуа чындзы Фатимæ,
Уæд хъал усгур, мæгуыр дæ бон,
Дæ судзгæ-дудгæ сау фыдтимæ

Дæ цард æндæр сылимæ тон.
Куынæ ысмой кæна Фатимæ…
Йæ усгуртæ дзы сты цы ‘нхъæл?!
Хæтынц уæлæрвты ‘рттигъ фæттимæ –
Нæ сæм лæдзæг хауы, нæ – хъæл...
Æгас ком нал ысты йæ койæ –
Дзамболатыл цæуы мæрдтæм!
Æндæр æй ничи хъæуы мойæн!
Фæлтау у йе ‘ргом мæры ‘рдæм.
Æдзард лæппуйыл та йæ фыд дæр
Кæд систа, мæгуырæг, йæ къух...

*Анызгъуылд хъуыдыты. Йæхи ныммæры цæуылдæр тынг дис кæны.*

Фæу уæд адæмæн сæ фыддæр...
Мыййаг… кæддæр фæрæдыд?.. Ухх!..
Ныххурх æй кодтон уæд мæхæдæг!..

*Фæзынд Фатимæ тыхстæй, кæугæ. Йæхи баппæрста Ирассæйыл.*

Ф а т и м æ

Мæ бон сæ нал у... Марынц мæ...

И р а с с æ

Цы кодтой Ким, Хъазбег, Мæхæмæт?..
Таймураз дæр та?..

Ф а т и м æ

Йе ‘рцыдмæ
Кæсдзынæн æз æнхъæлмæ, загътон...
Дзамболатæн...

И р а с с æ

Уæдæ йæм кæс!

Ф а т и м æ

Быны чызгау, мæ дзых ысуагътон...

И р а с с æ

Уæдæ куы сарæзтай дæ къæс!

*Фæзынд, тъыфылтæ калгæ, Гыцци.*

Гыцци

Мæ чызг... Дæ Гыццийы уд ахæр...
Цы сæфты ‘взаг дыл разад уый?!.
Кæд федтай сургæ усгур ахæм?!
Ды кæн кæрдгæ... Гыцци, ды хуый!

*Фатимæ рудзынджы тарвазмæ фемдзаст дидинджытæм. Ныццин кодта.*

Фатимæ

Мæ дидинтæ!.. Ирассæ, ам уыд?

Ирассæ

Æмбæхстæй сæ куыд хæссы, куыд?!
Зæгъгæ йыл искуы куыйтæ сардыд...

Гыцци

Йæхæдæг сæ ысхаста куыдз!
Мæ чызг та дидинтæм ысмуды.
Гыцци, дæуæн дæ роны – дур.
Мæ зæрдæ, калмхæстау, ысдуды –
Дæ усгурты хуыздæргай сур!..

Ирассæ

Куыд сæ асырдта?!.

Гыцци

Мой нæ кæны!
Йæ мæгуырыл æй уадзут ныр, –
Йæ кæуынæй йæхи фæхæры.
Цыма сыл бацъыкк ласта хуыр.
Таймуразы уазæг – Наибмæ:
«Дæ чызг æнæмæнг у рынчын
Кæнæ та...»

Ирассæ

Гæды не ‘ххæст фиумæ...
Нæ мæ фæнды йæ цæхх зæгъын.

Фатимæ

Ныууадзæнт рынчыны йæхи бар.
Рæсугъд чызджытæй фылдæр ц‘ и?

Г ы ц ц и

Фæсусу-бусу кодтой хибар –
Цæуыны æфсон сæ фæци.

Ф а т и м æ

Æцæг зондджын адæм!

И р а с с æ

Наиб нæм
Æрбалæбуры...

Н а и б
(*бахуыфыд*)

Бар уæм ис?
Мæ чызг... Мæ сæрыл бады цъити.
Ныккалдзыстут мыл тагъд сыджыт.
Мæ уды ма цы царды цъыртт и,
Тагъд уый фæуыдзæни дæ фыд.
Дæ мады ныгæнæн сау бонты
Дæуæн куы ыскъуыди дæ цард,
Мæ уд хъæрзыдта тар зындоны –
Мæ чысыл чызг мæрдты уыд дард,
Æмæ нæ хистæртæн, сæ фыртау,
Сæ разы бахордтон æз ард,
Кæй дæ ысхæсдзынæн мæ чызгау,
Уыдзæн дын барвæнд къай – æлдар.
Куыд ræза дидин хуссар хæхты,
Куыд кала алæрдæм тæмæн;
Куыд ныррухс кæна, хурау, рæгъты –
Уыдтæ, мæ чызг, бæргæ, мæнæн.
Нæ хæдзармæ нæмынц фæндæгтæ
Цы хъæздыг æлдар, номдзыд, зæгъ.
Сæ галуантæ, сæ зад фæтæнтæ!..
Куыд уромы сæ дзугты зæхх...
Сæ хуыздæры дæхæдæг сæвзар –
Уындæй уа, мулкæй ма уæд цух.
Йæ сæр æрбауыдзæнис сау сар,
Æгъдæуттыл чи сиса йæ къух!..

Дæу та, Фатимæ, ‘лгъивынц азтæ –
Нырмæ æмбæлдис, уай ды мад.
Æз дæр Дзамболатмæ фæкастæн –
Мæ цардæн нал хуыз ис, нал – ад...
Дæуыл дæр ку‘ атигъ кæной адæм
Сæхи...

Гыцци

Хуыцау, фæлтау мæн цæв.

Наиб

Куыд ма цæуон зæххыл уæд адæн?
Дывæлдах цæф уыдзæн мæ цæф.
Æнæуи дæр мæ зæрдæ риуы
Бынтон нырхæндæг ис, ныссау.
Æхсæвæй-бонæй судзы, ниуы –
Æртæфстис ыл йæ цард уæззау.
Дзамболатæй... бæрæг нæ зонын...
Ныр фондз азы фæдæн æрдæг,
Уæддæр мæхи бынсæфт нæ хонын –
Ды дæ мæ царды рухс фæрдыг.
Нæ мын кæныс ды мур тæригъæд!..
Фатимæ... Куыд?.. Кæныс кæугæ?..
Мæ рæсугъд чызг... Мæ дзæбæх хивæнд...
Дæ карыл сагъæс у хъæугæ...

Фатимæ

Мæ фыд, нæ ныхас æмæ рæстæг
Æдзæлгъæды зæфцæй сафæм...
Æгъдæутты уæзæй тасы не стæг...
Нæ дыуæ дæр цæмæн сæфæм...
Дæ чызг дæн... Сты дæ къухы бартæ –
Кæмæн дæ фæнды… тагъд мæ ратт...
Цы уæлдай у – кæйфæнды артмæ
Кæсгæйæ тайа ‘взонгæй мард...
Нæ дæм æрхæсдзæн исчи азым.
Нæ дыл рахæтдзæнис Хуыцау...
Уæлдай мын нæу – уа лалым... залым...

Н а и б

Мæ чызг... Мæ хъуыддæгтæм кæд фау
Хæссыс... Уæддæр мæ марыс барæй...
Хæрын мæ урс зачъейæ ард,
Нæ мæ фæнды, мæ цæсгом тарæй,
Мæрдтæм хæссын... Фæбæллын, дард
Дæ амонды стъалы куы фенин.
Йæ равзарын – дæ иунæг дзырд...

Г ы ц ц и

Мæ чызг, дæ зонд дæ бахъуыд еныр.

И р а с с æ

*(аивæй)*

Дæ дзырд дæ бар у...

Ф а т и м æ

Хорз, мæ фыд...
Цæцæнæй фæдисон куы фæзынд
Цæфæй – куырдта хæстон æххуыс,
Цæссыг калгæ... Бæгуы, нæ фæзын
Сымахæн – бангом ‘ндон рæхыс.
Æмæ сымах – зæрондæй, ногæй, –
Сулакмæ куы бырстат тæвдæй,
Лæвæрдтой йæ цыма æввонгæй –
Дзамболаты ‘вварс сдæн куыдæй!..
Дæ зæрдыл ма лæудзæн йæ лæгъстæ.
Уыдис нырма æцæг æвзонг.
Нæма йæ хъуыдис уадзын хæстмæ,
Баба... Уыдис цыма ызнон.
Хуыцауæй йын лæвæрд уыд афтæ.
Дæ зæрдыл ма лæудзæн, мæ фыд –
Куыд цыд йæ саулохагыл кафгæ
Фыдтуккалдмæ дæ иунæг фырт...
Гæрзифтонгæй цæхæртæ калдта.
Уыдис цыма раст хуры фырт!
Сæрибары сæрвæлтау ссардта
Йæ сæр æмæ нæ сæртæн фыд...
Мæ фыд, æргом дзырд дæн, ныббар...

Ныр фондз азы æнхъæлмæ кастæй,
Дзæгъæлы ме 'взонгад ныттар,
Æмæ нæм нал раздæхдзæн хъастæй...
Фæлæ уæддæр кæсын æнхъæлмæ
Дзамболатмæ... Вæййы цынæ –
Уæдта æрыздæхтис нæ хъæумæ...
Куыд ыл сæмбæликкам цымæ?
Фæлæ мæлинаджы сæнттæ сты...
Æз удæгасæй дæн ныгæд.
Мæ бирæ усгуртæ-сæнтдзæфты
Нæ басæтдзыстæм...

Н а и б

У æгад
Чызгæн фыды артдзæсты бадын.
Уæлхъæдæй батайдзæн дæ фыд,
Куы дæ ныттындзой судзгæ дамтыл...

И р а с с æ

Нæ сæ у иу дæр ныр æвыд.

Г ы ц ц и

Мæ чызг, дæхæдæг сис дæ амонд...

Ф а т и м æ

Æфсургъыл сыздæхт Ибрагим
Сулакæй… Ме 'взонг уæраг адон...
Дзамболаты бæх сласта уый...
Йæ фæсарц – бæндæн уыд æд фæрæт...
Дзамболат та... Цыфæнды уой
Фыд дам-думтæ... Бынсæфт æрбауæнт...
Кæнын Ибрагимæй æз мой...

Н а и б

Мæ чызг?!

Ф а т и м æ

Нывгонд мын у Хуыцауæй...

Н а и б

Фæлæ уый нæу, мæ чызг, æлдар...

Ф а т и м æ

Уæддæр мæ, мæ фыд, уарзы рагæй...
Æмæ нæ хъæуы мæн æндæр.
Ныгæд – мæ бæллицтæ цæрдудæй,
Мæ цардæн нæй нысан уа, хуыз,
Фæлæ мæ фыдæбон, мæ тугæй
Хæсдзынæн амонд уымæн æз.
Тæрхонгæнæг мын – ды, мæ фыд...
Дæ фыдæхæй ыссарон фыд!..

*Наиб дыуузæ къухæй ныххæцыд йæ сæрыл. Кæуы æгомыг куыдæй. Иннæтæ йæм кæсынц тарст æмæ дисгæнгæ.*

*Æмбæрзæн*

## ДЫККАГ АКТ

### Ф æ н д з æ м  а р х а й д

*Райдзаст мæйрухс æхсæв. Галуæрдæттæ урæд – æмбондау. Галтæ хæстæг кæй хизынц, уый бæрæг у сæ уасын æмæ сæ фурттытæй. Уæрдæтты зылды астæу нæууыл – арт. Уæларт аджы фыцы æхсæвæр. Йæ алыварс бадынц хохаг бæлццæттæ, чи та хуысгæ кæны. Æддейæ хъуысы сабыр, æнкъард зарæг.*

3-аг х о х а г

Рæстмæ куы ацæуид мæ хъуыддаг,
Уæд зымæгваг æрласин хор.
Ыстæй – мæ хъару мæ мæхуыдтæг:
Æмкъайаг равзардзынæн хорз!

1-аг х о х а г

Хæдзары сылгоймаг куы бæзза,
Уæд уымæн царды нæй æмбал.

3-аг х о х а г

Лæг хæдзармæ бæхыл куы ласа,
Сылгоймагæн фæуыдзæн калд
Йæ уидыгæй...

1-аг хохаг

Йæ мойæ раздæр!..
Сылгоймагæй, мæ хур, бæззы,
Йæ лæгмæ чи нæ хæссы лазтæ,
Бæр саби-цот дын чи хæссы...

3-аг хохаг

Стæй бинонтæм куыннæ æвзида!..

2-аг хохаг
*(æддейæ хъæлдзæгæй)*

Æмбæлæггаг дæттдзынæн хай!

3-аг хохаг
*(хъазгæйæ)*

Йæ дон ма иу хатт чи рахсида!..

2-аг хохаг

Уæдæ уал донмæ ногæй уай!..

*Æрбахызт æмæ нæууыл æрæппæрста тæрхъусы мард.*

Сымах та мæ нæ уагътат цуаны!

1-аг хохаг

Йæ кæрдæджы хал баруад, хус –
Кæцæй кастаид лæг йæ уоны?

2-аг хохаг

Куы дзура зондджын, уæд æм хъус.

3-аг хохаг

Цæттæ у, хистæртæ, æхсæвæр.

2-аг хохаг

Æрæдзаг кæн, уæдæ, дæ кæхц...

1-аг хохаг

Æхсæвæр нал хъæуы æддæдæр –
Куыд уæм сæумæрайсомæй рæвдз.

Нæ фæндаг дард æмæ тæссаг у.
Дæ дæлфадæй фыдмитæм кæс.

3-аг х о х а г

Къæрных æбон æмæ тæрсаг у.
Æркалдзæн ыл Хуыцау йæ къæс!

1-аг х о х а г
*(кувы едзаг кæхцæй)*

Æппæтысфæлдисæг, æркæс нæм –
Рæстмæ фæндагыл нæ æфтау;
Нæ фæндаджы нысан æрхæстæг;
Нæ хъуыддæгтæ нын кæн нывау...

*Æхсæвæр кæнынц хохаг æгъдаумæ гæсгæ. Фæрсæр-дыгæй хъуысы хъæлæба. Дзуры сæм сæ лæппутæй чидæр.*

Х ъ æ л æ с

Фæнды дæрдбæстаджы уæ цурмæ!

1-аг х о х а г

Фæдзур æм – тыгъд, зæгъ, у нæ фынг.

3-аг х о х а г

Хуынд у нæ фынг æмæ нæ хурмæ!

2-аг х о х а г

Фæхуыдта йæ нæ æргом зынг.

*Æвзонг лæппу-галгæс æрбакодта Дзамболаты. Фæлæ афтæ фыдхъуын, афтæ æнæдаст, афтæ бызгъуырты конд у, æмæ йæ уындæй адæймаджы зæрдæ мæгуыр кæны. Нæй йын базонæн.*

Д з а м б о л а т

Дæрдфæндаггæттæ, фарн – уæ бадты.

*Фынджы фарсмæ бадджытæ йын сыстадысты. Æгъдау ын радтой.*

Х о х æ г т æ

Хуыцауы уазæг нæм фæу!

Дзамболат

Æнæхонгæ лæг нæу нымады.

1-аг хохаг

Æмбæлæггаг, уазæг, фæтк у.
Ыстæй нæ мæгуыр фынгыл баввæрс.
Дæ цины хабæрттæ нын дзур.
Цы дæ æндава, уымæй бафæрс –
Цы сты дæ Хуыцау æмæ дзуар...

Дзамболат

Хуызддæр уазджытæ уыл æмбæлæнт!

*Анызта.*

1-аг хохаг

Дæ хорзæхæй, ныр нæм æрбад.

Дзамболат

Æнæмастæй цæрæнт уæ цæуæт –
Хæтæг лезгинæн нæй æрбадт.
Нæу цæрттæй мæрдты 'хсæн æмбæрзæн
Æнустæм бахгæнын мæ бон.
Зыбыты сидзæрæй æрсæрфтон
Мæ цард – уæууай, уыдис зындон.
Кæйдæрты цъыф фæсдуæртты рæзтæн –
Кæм уыд рæвдыд? Æййæфтон над.
Кæлмхæрд фондз дæндагджыны бæстæн
Хуыдтон мæ удылхæцæг мад.
Зæронд ус... иу тъыгуыц кæлæддзаг...
Мæ сихор, ме 'хсæвæр – къæбæр,
Стæй – аргъау... Уыд мæ лыстæн хæлддзаг...
Фæцис мæ сабибон гæбæр!..
Куы байрæзтæн, уæд та мæ зæронд
Сырдта... фыд æлдæртты фынгтæм.
Нæ хъуыдис уым цыма сæры зонд:
Фæхудын сæ кæн, стæй фыддæр –
Сæ уæлдæйттæй куыд дарон усы...
Æрбатар ме 'взонгады фæд.
Ус амард. Абон мæн нæ хъусы.
Ныр уыд æндæр мæ царды фæнд...

Ысты мæ хызын, стæй мæ лæдзæг
Мæ иударон хæлæрттæ ‘дзух.
Кæд мыл вæййы бæлццон æмбæлæг,
Нæ вæййæм царды хæрзтæй цух.

3-аг хохаг

Ыстæм уæд мах дæ хæрзгæнджытæ!

2-аг хохаг

Ды фердæх – тæрхъусмæ æркæс.

*Лæппу фестад. Тæрхъусы мард астъигъынмæ ахаста иуварс.*

Дзамболат

Нæ мæм æрхаудтой бæмбæджытæ,
Уæддæр æз фидын царды хæс:
Кæуыл æмбæлын, уымæн зарын,
Æмæ мын не ‘вгъау кæнынц уарзт.
Æнæраны фыд дæр ыссарын,
Мæ цин дæр разыны хатт маст.

1-аг хохаг

Æрмæст фæндыр цæгъдыныл уыдтæ?

Дзамболат

Цыдæр хъуыддæгтæ дæр мæм каст.
Бæргæ хордтон мæ цæнгты фыдтæ –
Мæ фæндаг арæзтон æз раст...
Куы ма фыхтис мæ туг мæ уæнгты,
Мæ фидæныл тыхстæн æрмæст.
Лæбурæджы цыд кодтон уынгты,
Цыма мæм Уæллаг дæр æркаст...
Фæлæ æрбарынчын дæн уайтагъд...
Æрчъицыдтон кæмæдæр дард...
Уæддæр мæ удæй цинтæ, уарзт тагъд –
Хæрын Хуыцауы номæй ард.
Куынæ райгуыра лæг хæдоны, –
Гуырдзиаг уа, гъе, урс ыстæг, –
Фæрсаг лæг дæр æй ‘взæрæй тоны,
Нæ цæуы амонд æм хæстæг.

Мæ зæрдæ бампылди мæ риуы.
Цæуон ма размæ? Уый тых нæй.
Мæ бæллиц уонгсæстытæй ниуы...
Фæстæмæ здæхæг нæй мæнæй.
Кæм ысиу арвгæронмæ быдыр,
Кæм вæййы хурыскаст ызнæт,
Домбæйттæ лæгæн дæр йæ хъуырыл
Æртыхсынц катай æмæ мæт.
Кæцæй ма уыдзынæ, кæ, цинтыл?!
Ысуыдзысты дæ кой, дæ сæр
Дæ раттæг зæххы хохрагъ цъити,
Дæ урсбарц хорз дætты сæр-сæр...
Куы ныззæлланг кæны мæ хъусты
Мæ уарзон æмгæрттæн сæ зард,
Цæф фæранкау, мæ хъуын уæд сысты –
Тæх размæ... Арвгæронмæ... Дард...

*Æддейæ хъуысы галгæс лæппуйы хъæр.*

Хъæлæс

Гъæйтт-гъæйтт, къæрных!..

3-аг хохаг

Фæлæу мæм иу цъус,
Ыстæй дæхимæ дардæй кæс!

2-аг хохаг
*(февнæлдта йæ хотыхтæм)*

Цы уыдис, ардæм ма æрбайхъус?!.

3-аг хохаг
(*æрбахызт сæрыстырæй*)

Уæгъуыр фæцæй хæлдта йæ къæс!
Æвзонг лæппутæ донбыл зарынц.
Уый галтырдæм фæцæй хъуызыд...

1-аг хохаг

Нæ уазæг адæттæ цы давынц?
Ныхасыл цавæр кæныс зыд?

*Ивуылдæр дызæрдыджы каст ныккодтой Дзамболатмæ. Фæхатыд сæ уый дæр, фæлæ хъавы хъуыддаг æндæрæрдæм аздахынмæ.*

Д з а м б о л а т

Уæ фæрсæджы каст уын æмбарын...
Мæ дарæскондыл кæнут дис.
Цы гæнæн ис? Мæ уд фæхъарын...
Тызмæг хæхты сыл худæн ис...
Фæлæ сын циу? Нæ дæн æз хъалтæй –
Мæгуыр кадæггæнæг, фыййау...

2-аг х о х а г

Кæцæй æрбацыдтæ? Куыд дардæй?..

3-а г х о х а г

Кæдæм дарыс дæ фæндаг, ау?!.

Д з а м б о л а т

Ныр, базыдтон æй... Уыцы фарсмæ...
Æрхуыссыд доны былыл хъæу...
Хуыцауы кувæнбонты 'ввахсмæ,
Наиб, ысбуц кæндзынæн дæу!..

1-аг х о х а г

О не 'васт уазæг, зæгъ æргомæй, –
Уырдыг кæм вæййы, уым ис хæрд, –
Уæгъуыр дæ 'ви дæ кæцы комæй?

Д з а м б о л а т

Уæ уазæгмæ хæссут æфхæрд...

1-аг х о х а г

Цыдæр сусæг хабар æмбæхсыс...
Хæрын мæ зачъейæ æз ард,
Ды 'фхæрд уæзæгæн цин нæ хæссыс,
Æндæра афонмæ дæ зард,
Фыд хъарæггæнгæйæ, нæ хъустæн
Æнкъард цыты таурæгъ хæссид...
Наиб уæздан лæг уыдис... Устæн...

Йæ туджджынтæ йын дон хæссæнт...
Зæгъыс, кæндзынæ йын дæ зарæг...
Дзамболатæй йын кæд... хабар?..

Д з а м б о л а т

Цæмæн ныхъхъус дæ?.. Циу дæ сайраг?..
Бæргæ, дæ дзуринаг – дæ бар...
Наиб ныззæронд, мæгуыр... хауд лæг...
Æрцыд ыл исты... кæд, мыййаг?..

1-аг х о х а г

Дæ фыдгул уый ранмæ ныххауæд...
Уыдис дын исты бавæййаг?..

*Дзамболат йæ кæуын не 'мбæхсы.*

Кæугæ?!. Кæны лæгæн цы бон кад?..

Д з а м б о л а т

Æз дæн Наибы фырт... Дзам-бо-лат...

*Æмбæрзæн*

## Æ х с æ з æ м   а р х а й д

*Хæрзæфснайд хæххон уат. Фатимæ авдæны фынæй кæны йæ чысыл фырты. Узæлы йыл. Кæны йын зарджытæ.*

Ф а т и м æ

Къух дæ аузын фæразы...
Мæй дæ авдæнимæ хъазы.
Стыр лæг мын ысуай!..
А-лол-лай!..

Ракæндзынæн дын мæ зарæг...
Искуы кæд ысуис мæ дарæг,
Урс уæрыкк дын уон!..
О мæ бон!..

Зындонæй фыддæр нæ цæрæн...
Нал у ныр дæ фыд йæ сæрæн
Сау хæххон куыстæй...

Ахуысс цæй!..
Искуы мын куы схъомыл уаис,
Уæд ды дæр дзы цух нæ уаис,
Бирæ мын цæрай!..
А-лол-ай!..

Скæнис хъугдзармæй æрчъитæ,
Къахис митбынæй мæхъитæ
Стонг æмæ сыдæй...
Ахуысс, цæй!..
Сугтæ мын хæссис æргъомæй...
Бадзурин дæм уæд æргомæй:
Мады зæрдæ зон,
О мæ бон!..

Бадзурин дæм: уарз нæ бæстæ,
Ма сæ суæлдай кæ нæ фæстæ,
Ма сæ бафæллай!..
А-лол-лай!..

*Фæзынд Гыцци. Цæстæнгасæй узæлы Фатимæ æмæ йæ фыртыл.*

Г ы ц ц и

Гыццийы хур ныгъуылы фынты.
Йæ тæрхъустимæ худы, кæс...

Ф а т и м æ

Йæ фыды æнгæс у, йæ фыды!

Г ы ц ц и

Дæ сæрыл мæ, хъæбул, æрхæсс.
Фыды ‘нгæс барджын вæййы. Фидар!

Ф а т и м æ

Уыдзæн, Ибрагимау, ныфсхаст.

Г ы ц ц и

Æфты ныфсхасты къухы фидæн.
Мæнг царды цинтæй вæййы ‘фсæст.

Ф а т и м æ

Гыцци, мæнг дунейæн йæ цинтæ,
Йæхийау – ницæйæгтæ, мæнг.

Г ы ц ц и

Йæхицæй сты фылдæр йæ хинтæ,
Ыскъуыйы сæ лæгæн йæ тъанг,
Фæлæ хъæуы быхсын, фæразын –
Ыссаргæ йын вæййы дæгъæл.
Дæ фыды галуантæ – дæ разы,
Ныууагътай сæ бынтон дзæгъæл.

Ф а т и м æ

Цы бакæнон...

Г ы ц ц и

Хæты дзы дымгæ.
Æз дæр дзы иунæгæй тæрсын.
Бæхдугъ галуан... Хæлынбыттыртæ
Йæ цæртты ахстæттæ кæнынц...
Куы йæ ныппаплой кæной адæм,
Уæд дын куыд уыдзæнис æнцон?

Ф а т и м æ

Мæ цард дзы, Гыцци, н' ацыд адæн,
Æмæ йæм нæу кæсын мæ бон.
Махонæн Джиуæргбайы бонтæм
Нæуæг, уæргъуын цухъа хуыйын.

Г ы ц ц и

Цы ма баззадис, мæ чызг, бонмæ –
Æрулæф, мауал сур дæ фын.
Ибрагиммæ Гыцци кæсдзæнис...

Ф а т и м æ

Ныззылд йæ фæндаг дардыл куыд?

Г ы ц ц и

Зын хорласын у... тагъд зындзæнис...

Ф а т и м æ

Куынæ ссарид фыргуыстæй фыд.
Йæ къухтæм дæр кæны æмхасæн –
Æрмæст йæ хæдзар ма уæд цух.

Г ы ц ц и

Бæргæ дын ской кæнын ныхасæн –
Æруром ын чысыл йæ къух.
Æрулæфа...

Ф а т и м æ

Нæ кæсы коммæ.
Мыдыбындзау, ыскъæфы мыд
Æппынæдзух нæ къæсы коммæ.

Г ы ц ц и

Кæны, мæгуыр, йæ удæн фыд.

Ф а т и м æ

Цæугæ, Гыцци, чысыл æрулæф.

Г ы ц ц и

Уæхи амæттаг уе 'хсæв уæд.

*Ацыд*.

Ф а т и м æ

Мæ зæрдæ йæм æхсайы – уæлдæфмæ...
Хидæйдзагæй ма здæхæд...

*Чидæр хойы дуар. Фатимæ йæм хъусы дисгæнгæйæ.*

Ибрагим нæу. Уæдæ ма чи уа?!

*Бакодта йын дуар. Дзамболат – стыр нымæтхуд æмæ фыйййауы хызынимæ. Фатимæ йæм кæсы дисгæнгæйæ. Уæддæр фефсæрм Дзамболаты къæйных цæстæнгасæй.*

Хуыцауы уазæг нæм фæу.

Д з а м б о л а т

Фысым кæд бæркадæй нæ чиуа,
Уæд уазæг фынгмæ хонгæ у.

Ф а т и м æ

Зыны, дæ фæндаг даргъ, уæззау у,
Ибрагимы дуар дын – тыгъд.

Д з а м б о л а т

Нæ дуг мылазон æмæ сау у,
Кæны сæрджын саджы дæр рыгъд.
Дæ уазæгуарз хъæлæс, рæстуд дæ,
Уый фергом кодта. Уадз фæхуд –
Куыннæ федтон зæххыл рæсугъдтæ,
Фæлæ мын банкъуыста мæ уд
Бынтон æндæр, лæджы æнкъарæн –
Æфсымæры уарзт ссыгъта мæн...
Уыдзæн мæ бæллицтæн æмарæн,
Фæнды йæ мар, фæнды йæ нæм...
Куы бафтон искæй фынгмæ, кæртмæ,
Уыдзынæ ды мæ куывды сæр...

*Фатимæ йæм кæны дызæрдыджы каст.*

Ф а т и м æ

Нæ дзуры 'нæхуынд фыййау 'гæртæ...

Д з а м б о л а т

Фæлæ дын æй зæгъын уæддæр.
Æниу, мæ хъуыдытæ, мæ сæнттæ,
Цыма ызноны фæздæг, мит;
Цыма æвзонджы ардбахæрдтæ –
Уыдзысты рох... Гъе, уый дын ми!
Ныббар, дæ уазæг у æргомдзырд.
Мæнгард митæй йæ зæрдæ – хост.
Йæ удæгасæй сын у гом цырт,
Фырдзырд та йыл æфтауы нозт...
Куы разыны бæркадджын къуымы!

Ф а т и м æ

У хъæлдзæг уазæджы нозт дон.
Стæй хæлц æвзаргæйæ нæ кайы,

Æмæ йын алы ‘хгæд дуар – гом.
Ды дæр ысаггаг кæн нæ фынгмæ.

Дзамболат

У уый хъуыддаг! Уыд æм мæ каст –
Нæй булæмæргъы ‘фсадæн уынгмæ
Æмбисæндтæй. Мæ уд сæ – тарст.
Фæуæд бæркадджын ныр дæ арфæ,
Ыстæй дæ уазæгуарзон къуым...
Кæддæр дын де ‘мкъайы дæр афтæ
Цыма зыдтон... Уыдис æрхуым,
Фæлæ нæ хъулæй хъазты сайдта...
Хуыдтам æй Гоцо... Сабыр уыд...
Дæу койæ зонын... Уый та – сайтан...
Куыд у... Лæппу дæр уын фæзынд?

Фатимæ

Уæдæ.

Дзамболат

Кæс ма... Æз æй нæ зыдтон...
Йæ хъус ын ракæндзынæн æз.

Фатимæ

Ибрагимы нуазæн дæм раттон...

Дзамболат

Куы фæнозтджын уон...

Фатимæ

Ис фæрæз –
Фæндараст.

Дзамболат

Рæвдздæр уа мæ ацыд:
Дæ ном мын зæгъ, рæсугъд æфсин, –
Дæ номыл у мæ ракуывд ацы.

Фатимæ

Мæ ном Фатимæ...

Дзамболат

Уæд ыстын...
Кæддæр зыдтон æз иу... Фатимæ...
Йæ уацары уыдтæн æз дæр...
Уыдис æй абарæн зæдимæ...
Рæсугъдæй ахæм нæй ныр дæр.
Уæздан хъомыл æй скодта æлдар.
Цыма хæнт сидзæр разынд чызг…
Уыд уалдзæггæнæг хъал дзывылдар –
Нæ усгуртæн зæрдæйы зынг.
Цыдысты усгур æм фæд-фæдыл.
Нæ сын сæр уыдис, нæ кæрон.
Цыфæнды ирæды тæлæтыл
Нæй дзырд... Нæ сын лæвæрдта ком.
Йæ ном уыд зарæг... Комæй коммæ,
Хуыцауы арфæйау, фæцыд.
Нæ иста уый цухæй йæ коммæ
Йæ дон дæр æлдар... Циу нæ цард?!.
Æлдары фырт та... О фыд хъысмæт,
Куыд æгъатыр вæййы дæ цæф!..
Хæст Сунжæйы къæсæрыл сыстад...
Æвзонг æлдар... фæцæй дзы сæфт...
Цæй, фесæфæд... Йæ зæрдæ хаст уыд –
Æрцыдаид куыдфæнды мард,
Хуыздæр уыдаид...

Фатимæ

Усгур ‘гас уыд?!

Дзамболат

Цыма нæ уыд. Фæхаст æй дард.
Æрхаудта æлдар. Тадис митау.
Рæсугъд чызг ферох кодта й‘ ард.
Ныххæлдта рагæй-нырмæ не ‘гъдау –
Ысмой кодта цагъар...

Фатимæ

Æгъгъæд!
Дæ дамтæ дзурдзынæ фæстæдæр...
Цы фæцис æлдары фырт уæд?

Д з а м б о л а т

Æниу, цæмæн кæнынц хъæугæ дæр,
Куыд сæфтис арф хъоргъты йæ фæд,
Куыд дзынæзта фæстæмæ хастæй,
Куыннæ йæ рох кодта сæ ард,
Куыд тад æфсæн рæхысты бастæй,
Йæ рæсугъды цинæй куыд цард...
Куыд ралыгъдис... рынчын, ыстонгæй...
Куыд нал ардта зæххыл бынат,
Куыд агуырдта йæ амонд ногæй...

Ф а т и м æ

Куыд хуындис æлдар?

Д з а м б о л а т

Дзамболат...

Ф а т и м æ

Фæлывд фыййау... Хатыр... мæ зæрдæ...
Мæхи хорз нал ахсын куыддæр...
Уый аргъау у?!. Цæвы туг сæрмæ...

Д з а м б о л а т

Фатимæ, ‘рбакæс мæм хуыздæр!..

*Æмбæрзæн*

## ÆВДÆМ АРХАЙД

*Сабыр мæйдар æхсæв. Ибрагимты хæдзар. Фатимæ бады æмæ Ибрагимæн хуыйы цухъхъа. Æнхъæлмæ кæсы йе ‘мкъайы фæзындмæ. Саби фынæй кæны авдæны.*

Ф а т и м æ

Нæ цард – нывыл. Дæхи цы хæрыс?
Чи – махæй хуыздæр, чи та... ‘взæр.
Хуыздæр цард мæн нæ хъæуы ‘нхъæлыс?
Зæрдæйæ дæн дæ фарс æз дæр,
Уæддæр сæйраг ысты нæ удтæ –
Дæхи уыргхæлæн куыстæй хиз.

Мæ цæугæ хох æмæ мæ уд дæ.
Дæндагæй дын цырагъдар – æз.
Æвæр уæддæр... уæддæр... дæхи мын...

*Фехъуыст цыдæр уынæр. Фатимæ фестъæлфыд. Ныхъхъус.*

Фæзынд Ибрагим... Рауай тагъд!..
Нæ, нæ... уый нæу... ысчынди хин мын?..

*Æнæнхъæлæджы къæсæрыл, æндæргау, февзæрд Дзамболат.*

Ды дæ, Дзамболат?..

Д з а м б о л а т

Маст фæтагъд
Мæ риумæ. Ме 'взонг бæллиц бахуыскъ.
Ысулæфа мæ уд цæмæй?
Мæхи бон дæр ын нал у баххуыс...
Хæтын кæдæй нырмæ... Цæй мæй!..

Ф а т и м æ

Æрбад. Æрхæдзарон у, ме 'шмæр...
Æрбæстæттæ кæн ныр дæ цард...

Д з а м б о л а т

Нæ хъусыс: сау уад исы сау мæр –
Мæ удæй нал æфты нæ ард...
Цыма нæ аххосæй... пырх хидтæ...
Сыгъд хæдзæрттæ... хæлд фæндæгтæ...
Æмбæхст фæдтæ... цъæл дæндæгтæ...
Æвзарынц дунейы рис удтæ...
Уæддæр Ысфæлдисæгæн – табу!..
Нæ уæнгты уый фæрцы ис тых.
Æрмæст дæ иу бахудт цæййас у!..
Цæмæй нæ ма базоной сых...
Дæхи фæрæвдз кæн!.. Бæхтæ – уынджы...

Ф а т и м æ

Цы загътай, цы?!.

Д з а м б о л а т

У зæхх быдыр!
Бындз дæр нæ бацæудзæн нæ хъыджы:
Сæ къах – уæззау, сæ къух – цыбыр!

Ф а т и м æ

Хæрын Ыстыр Хуыцауæй стыр ард –
Мæ хъысмæт ацы ран фæхæрд:
Æнхъæл нæ уыдтæн,– фен мæ сау мард,–
Дзамболатæй æз уыцы ‘фхæрд...

Д з а м б о л а т

Нæ мæ уарзыс!

Ф а т и м æ

Хуыцау мын ногæй
Æфсымæры уарзт радта ныр...

Д з а м б о л а т

Æндæр уарзт нæ?

Ф а т и м æ

Дзамболат, макæй
Хæдзармæ хæсс фыдæх уа, рын...

Д з а м б о л а т

Фатимæ!.. ‘ Гъгъæд!.. Кæм ис дæ ард-дзырд,
Фæндаггагæн кæй хастон æз?!.

Ф а т и м æ

Цы уыдис, уый фæцис. Уый ацыд.
Йæ раздæхынмæ мауал кæс...

Д з а м б о л а т

Уæйгæнæг!

Ф а т и м æ

Бирæ дæм фæкастæн...
Æнцон уыдис, мæ алыварс
Мæ кар æмæ мæ чызгон азтæн
Куы хастой сау тæрхæттæ карз?
Уыдтой мæ бирæтæ сæ амонд –
Хъæздыг æлдар, зæгъай, уæздан.
Мæ «нæйы»-тæй кæй зæрдæ бадон –
Фæкалдтой мыл цъыф, зæгъ, уæд – дам.

Раст фондз азы фæмардтæн тохы...
Мæ сæрибар амонд райст, зон,
Æппæрста мæн ыстыр фыдохы,
Æмæ мын уæд нæ уыд æнцон...
Фæлæ ыссардтон ныр мæ амонд.
Нæ хъаст кæнын...

Дзамболат

Кæм ис дæ дзырд?!.

Фатимæ

Æмæ дæн амондджын æз абон,
Мæ тугвæллойæ арын цард.
Фæллой кæнын кæд уыд тæригъæд?

Дзамболат

Дæ къайаг у дæуæн æлдар!

Фатимæ

Мæ уд æлдары цардæй фелгъæд,
Æмæ хыгътон, кæндзынæ цин,
Хæдæфсарм къайимæ мæ бонтæ
Кæй бакодтон æнустæм иу.
Ды та, ме 'фсымæр, сдæ æхсæвдзу...

Дзамболат

Мæ куырдуаты бадæг дæ ды!

Фатимæ

Ныртæккæ ма цыфæнды ма дзур,
Æз дæн æмкъай, хъæбул... Фæнды...

Дзамболат

Уæййаг цагъайраджы рыгъд æмкъай,
Æмæ къæбысы мад...

Фатимæ

Фæлæуу!..
Æлдар, дæ уæздан хъылма ма кал...
Нæ мæгуыр къуым сыл ахуыр нæу.

*Саби скуыдта авдæны. Фатимæ йæм бауад. Сабыр æй кæны.*

Д з а м б о л а т

Хатыр... фæлæ-иу кæс мæнмæ дæр...

*Ацыдис мæстыйæ. Фатимæ æнхъæлмæ кæсы Ибрагиммæ. Фестъæлфы алы уынæрмæ дæр. Ныхъхъусы йæм. Ибрагим куынæ разыны, уæд кæугæйæ фæныхас кæны йæ фынæй сабиимæ.*

Ф а т и м æ

Мæ хъæбул! Хорз фынтæ – дæ хай.
Мæнæн мæ мидхъару фæцыдæр,
Фæлæ куы базонай, мæнæй
Дæумæ цы ыстыр уарзт ивылди!..
Мæ уæраджы магъз кодтой дон,
Зæххыл цы фыдмаст и, цы фыд и –
Нæ мын æхсæв уыди, нæ бон...
Уæддæр мæ уæрджытыл лæудзынæн,
Цæмæй æнустæм уай æвыд.
Нæ зæххыл фарн таугæ цæудзынæн,
Фæлæ кæд фæзындзæн дæ фыд?..

*Дуар байгом ногæй, æмæ сабыргай æрбахызт Ибрагим. Аивæй systa йæ басыллыхъ, раласта йæ нымæт. Ауыдта йе 'мкъайы.*

И б р а г и м

Дæхи цæмæн марыс, Фатимæ?!.

Ф а т и м æ

Ды дæ?! Дæумæ кастæн æз дæр.

И б р а г и м

Уæддæр æрцыдаин нæхимæ...
Дæ удæн макуы кæн æвзæр...
Æрцыдаин – уа раджы, 'рæджы...
Цæмæн бадыс æгас æхсæв?
Лæгæн нæ фентысы куырмæджы –
Дæхи дæ фæндагыл дæр цæв.
Ыстæй ныл тæрккъæвда æрзылдис...

Ф а т и м æ

Æрцыдтæ... Стыр Хуыцау у, дзуар...

И б р а г и м

Фатимæ! Ды кæугæ?.. Цы ‘рцыдис?
Рынчын у саби? Тагъддæр дзур...

Ф а т и м æ

Æнæниз у... Мæ уд куыд рызтис...
Æз нал федтаин бондзир-дзур –
Уымæл ингæны тæф æнкъардтон...
Ныр нал тæрсын... мæн дæ, мæ уд...
Æрсабыр дæн... Ды та æнкъард дæ?
Ныххуылыдз мын... ыстонг дæр уыд...
Цæй ницы кæны, мæ бон... ма тæрс...
Дæ маст ысуадз хæбизджынæй!

И б р а г и м
*(йæ тарæй исы зæлдаг кæлмæрзæн)*

Цы кæлмæрзæн дын схастон – ракæс...
Зæлдæгты зæлдаг ахæм нæй!

Ф а т и м æ

Ибрагим, уæгъды алхатт-алхатт
Дæ тугвæллой фæвæййыс калд...

И б р а г и м

Ныккæн æй ды... Нырма йæ рахат...
Нæй ахæм рæсугъд ус дыккаг!

Ф а т и м æ

Цæй, бахæр уал...

И б р а г и м

Нæ мын у стонджы...
Æнцой мын ног хабæрттæй ратт!

Ф а т и м æ

Æрцыди... ме ‘рвад... Ныр дæн бонджын...

И б р а г и м

Ærцыдис нæм чи?..

Ф а т и м æ

Дзамболат...

*Æмбæрзæн*

## ÆСТÆМ АРХАЙД

*Фыццаг архайды бынат. Æрдзы рæсугъддзинадæй зæрдæ рухс кæны. Кæцæйдæр дардæй хъуысы фыййауы зарæг.*

*Фыййауы хъæлæс*

Дæ æппæтгæнæг, Уæларвон;
Алчи дæр нæ у дæ ауун;
А зæххыл дæуæн æмсæртæ нæй!
Диссæгты диссаг дæ кадæн
Сты дæ ратгæ зæхх, дæ бадæн –
Гъемæ, дыл ныззарæм мах фæрнæй...
Быдыртæ уой æви хæхтæ,
Цæугæ дæттæ, дард æврæгътæ,
Цæдтæ, зæгъай, денджызтæ, гъе, хъæд,
Арвы иу кæронæй иннæ
Айсы заргæ зæл йæхимæ –
Ноджы, Скæнæг, де стыр фарн нæрæд.

*Дзамболат фæзындис, æмбæхстытæгæнгæ, йæ фыдæл-ты æппæт хотыхфæлыстæй. Йæ къухы – сыгъзæринæфтыд хъримаг. Йæ сины – дамбаца сагъд. Йе 'хсаргарды сыгъзæрин фистоныл хъазынц фæкъулуæвæг хуры тынтæ. Хъама тыбар-тыбур кæны. Йæ басылыхъ æрзæбули йæ синтыл. Йæ бакаст æгасæй æвдисы цыдæр фыд.*

Д з а м б о л а т

Фатимæ... Ам -иу уыд нæ фембæлд...
Ныр дзы æмбæхстытæ кæнын.
Нæ цард... цагъары тыххæй фенад...
Фæлæ, мæ зынаргъ... ард хæрын...
Мæ сæрты исчи агæпп кæна?..
Нæ уыдзæн уый! Кæдзыстæм!

Кæй мæгуыр хæдзар-иу ныккæла,
Уыдзысты уый сæрыл фыдох
Рæстаг адæм. Хуыцау та раттдзæн
Уæлахиздзауæн кад, уа, цыт.
Йæ зæрдæ стыр амондæй райдзæн –
Уый тавдзæн стыр уарзты арт. Куыд
Мæ рæзты рахызтис мæ цагъар?!.
Мæ риуæй аскъæфта мæ уд...
Дзамболат уæд æцæг нæ амард!..
Уæд цъыфмæ аппæрстон мæ худ.
Фатимæ, тагъд, мæ карк, мæ зæрдæ...
Æрбадугъ кæндзынæ мæнмæ.
Кæрæдзийыл – æмкъул нæ сæртæ,
Цæрдзыстæм афтæмæй фæрнæй.
Йæ бынат ссардзæнис цагъайраг.
Нæ йын хъуыд аппарын йæ ехс!
Йæ сау сæр мын кæндзæнис сайраг –
Æрцу йыл хорз, æмæ йæ фехс!..

*(Тарстæй кæсы æддæмæ.)*

Йæ дзæгъæл къах кæй хæссы ардæм?
Фæскуыст Ибрагим вæййы ам...
Сæрфад нæ зонынц цардæн адæм –
Ыссарыц хорзæнхъæл хæрам...

*Æмбæхсы пыхсбыны. Фæзындысты дыууæ хъæддзауы фæлладæй.*

1-аг хъæддзау

Нæй йемæ ахæцæн, æвæдза.

2-аг хъæддзау

Йæ фезмæлдыл нæ хæцы цæст!

1-аг хъæддзау

Йæ мæрдтæ бахæрæнт мæ гацца,
Кæд ацы лæг нæ æрцыд сæрст
Цъæх бирæгъы ‘хсыры!

2-аг хъæддзау

Мæнæй ма!
Фатимæ у, зæгъгæ, мæ къай,
Уæд ма мын, зæгъ, мæ бон, куыннæ ма
Уаид домбайы тых мæ хай!

Нæ йæ фæцис, зæгъгæ, Фатимæ –
Уыдаид уаргъæвæрд хæрæг.
Мæнау хырхид. Фæлæ йæхимæ
Æрцыд. Йæ усы фæрцы слæг.
Ирвæзт – цагъары зивæг, ноджы –
Мæгуырдзинадæй, æмæ уый
Фæрцы – ысхъал, кæс ма – ысбонджын.
Ды ʻмпъуз дæ бызгъыртæ ʻмæ хуый...

1-аг хъæддзау

Дæ рохтæ ауагътай бынтондæр.
Нæ худинаг – мæнг фау хæссын.
У, Ибрагимау, зон, нæ бон дæр
Нæ мæгуыр цардæй фервæзын.
Уый æхсин сæвзæрста йæхæдæг, –
Нæ йæ бахъуыды кодтам, цы, –
Кæм ис нæ комбæсты хуыздæр лæг
Цыфæнды удмарæн куысты?

2-аг хъæддзау

Уыдис Ибрагим дæр цагъайраг,
Мæнау, дæуау...

1-аг хъæддзау

Нæй уымæй фау.
Сæрибармæ уыдис цы сайраг!
Уыд хæсты...

2-аг хъæддзау

Цард ын у мыдау.

1-аг хъæддзау

Йæ равзæрстæй Фатимæ царды
Нæ фæрæдыдис – зонынц бæрн.
Тагъд акæлдзæн сæ цард сæ сæрты –
Кæсы хъæрмуд бинонтæм фарн.
Ысты кæрдзындæттон, лыстæгссад...

2-аг хъæддзау

Сылгоймаг фæтауы бæркад!

1-аг хъæддзау

Бæркадхæссæг лæг у æгæссад.

2-аг хъæддзау

Лæгæн йæ ус ыскæны кад.

1-аг хъæддзау

Нæ цард куыд аивта бынтондæр!
Наибимæ фæцис сæ кад
Æхсæнгарз, кард уа, хъал дугъонтæн...
Уæддæр сын агурынц сæ ад
Æлдаргонд – басы басы бастæ...

2-аг хъæддзау

Зæгъæм, нæхи ‘лдар – Дзамболат...

1-аг хъæддзау

Мæ æвзаг æй бæргæ нæ тасы...
Нæ дзы лæг баззад, нæ – болат...

2-аг хъæддзау

Хъæбатыр, кадылмард Наибы
Хæрзиунæг, иу лæппу-фæдон!..
Æмæ нæ цæстыты раз ивы...

1-аг хъæддзау

Джигит та уыд хæрзконд, уæндон!..
Сæрыстыр дзы уыдис æгас ком!..

2-аг хъæддзау

Мæхæдæг дæр-иу æй уыдтон.

1-аг хъæддзау

Йæ разы -иу кæй дуар нæ байгом!
Цыма нырма уыдис ызнон –
Фыдджауырты уацары бахауд...

2-аг хъæддзау

Йæ ралыгъдмæ йæ галуан смам.

1-аг хъæддзау

Ныр афæдз у – кæм нæ уал ахатт,
Йæхиуыл сбадын кодта гам.

2-аг хъæддзау

Кæйдæрты къухмæ кæсы алхатт...

1-аг хъæддзау

Йæхимæ ма æруадза къæм.

2-аг хъæддзау

Йæ фыды бынтæ бонгай кайы.
Йæхи нæ уадзы мах æмсæр –
Æфсургъджын, хотыхджынæй уайы
Хъæуи-хъæу, марын, дам, цыдæр!..

1-аг хъæддзау

Мæгуыр адæмы риутæ къахы
Йæ ивгъуыд, сау мысинæгтæй.
Кæны сæ мæгуыр бонтæ къахыр.
Лæвæрдтæ домы сæ тыхæй...

2-аг хъæддзау

Уыдзæнис тагъд, кæс ма, хæссинаг
Ибрагимтæн. Хæрзаг, мæты...

1-аг хъæддзау

Йæ фыдæлтæн нæ хæссы цинаг –
Æрзилдзысты дзы тагъд мæрдты.

2-аг хъæддзау
*(нымдзаст пыхсбынмæ)*

Кæсæнт-ма, кæс... Кæсæнт ма амæ...
Изæрмилты кæд сайы цæст?..
Нымдзасти хъæдæй чидæр махмæ...
Ыстæй æрбайсæфти...

1-аг хъæддзау

Æххæст,
Дон баназæм. Рæууддзæф хъазы
Рæхснæг тæрсæй... йæ ауон уыд...

*Нуазынц дон.*

Нырма Ибрагим, кæс, дæ разы
Хъæд фæлдахы!..

2-аг хъæддзау

*Ацыдысты æмæ Дзамболат фырмæстæй туджы зилгæ рахызт хъæдæй.*

Дзамболат

Кæвдæсардтæ!.. Кæсут, сæ сæртæ
Ысдардтой цъыфæй... Дард лæуут!
Ыстонгмард, 'нæсæрæн æвзæртæ!..
Куы хырхин семæ!.. Райгæ ут!
Ибрагимы сæрылхæцджытæ!..
Ысбад æмæ сыл бонгай худ!
Уый ам куыд рафтауа йæ уыргтæ...
Сымах дæр... уый раны мын ут...
Цæры... фæлæ мæнæй – мæгуырдæр...
Уыд сабийæ – бынтон сидзæр!
Йæ фæрæт н' аппардзæн мæртты дæр.
Ныййивæзтис йæ сау игæр...
Мæр хафынæй... Уæддæр нæ сæтты!..
Фæуæнт уал уыдæттæ æгъгъæд...
Йæ фæллад суадонæй фæсæтты...
Ныссабыр ис, ингæнау, хъæд...
Ибрагимы хъæудзæнис ардæм...

*Дзамболат ногæй æмбæхсы пыхсбыны. Фæзынд Ибра-гим фæллад, фæлæ – цинзæрдæйæ. Дидинджытæ тоны æмæ зары.*

Ибрагим

*Йæ ахстоны мидæг*
*Æвзонг бæлон ‘руайы,*
*Куы аззайы иунæг –*
*Хъæрзы æмæ тайы.*

*Тæхгæ йæм, мæ бæлон,*
*Тæхгæ йæм, мæ зынаргъ!*
*Ныддаргъ ыл тæхгæ бон,*
*Мæ боныл, куыд ныддаргъ...*

*Бацыдис суадонмæ. Цин ыл кæны, йæ дидинджытæ бæтгæ.*

*О, ацы суадон, дæ æвдадз.*
*Дæуæй ысхосгæнæн ис мардæн –*
*Æрмæст ыл иу æртах æртадз...*

*Йæ фæрæт æрæвæрдта суадоны сæр. Æхсы йæ цæсгом. Нуазы дон. Ныуулæфыд æхсызгонæй. Кæсгæ йæм нæ кæны, афтæмæй хъавы йæ фæрæт райсынмæ. Фæлæ уæдмæ Дзамболат хъуызгæ рахызт хъæдæй. Ибрагим фæрæт куыд ысцæй иста, афтæ йын æрлæууыдис йæ армыл.*

Д з а м б о л а т

Уæдæ, дæуæн мæлæт нæ уыдзæн...

И б р а г и м
*(йæ къух ратыдта)*

Нæ мын уыдзæн мæлæт, гъай-гъай...

Д з а м б о л а т

Ис тагъд мæлæт дæ хуызæн куыдзæн!..
Дæ тæригъæд фæуæд дæ хай...

*Дзамболат фæцъортт кодта йе 'хсаргард. Æрсæрфта йæ. Ибрагим агæпп кодта иуварс. Йæ алыварс цæстæнгасæй ацагуырдта цæвæнгарз. Куы ницæуыл фæхæст, уæд йæ фæсронæй фелвæста бæндæн.*

И б р а г и м

Мæ каис, хъазгæ кæд нæ кæныс?..

Д з а м б о л а т

Фæстаг дзырды бон дæр дын нæй,
Кæвдæсы гуырд!..

И б р а г и м

Ды афтæ 'нхъæлыс,
Лæгъстæ дын кæндзынæн бынæй?!.

*Дзамболат æй æхсаргардæй ахæссы йæ разæй. Ибрагим хъавы æхсаргард кæнæ Дзамболаты цонг бæндæны цасмæй ацахсынмæ. Кард ахсгæ дæр акодта, æмæ йæ рарæдывта.*

Дзамболат

Куыдзы хъæвдын!.. Куыд дæ ысхастон?!.

*Йе рагъæй фелвæста æхсæнгарз. Хъавыд æй фехсынмæ. Фæлæ йæм Ибрагим фæрæвдз – ацахста йæ. Атылдысты нæууыл. Æппынфæстаг ын æй Ибрагим стыдта йæ къухæй. Ныххафт æй кодта дурыл æмæ йæ фехста хъæдмæ.*

Ибрагим

Куыд тагъд дæ ферох, хæсты æз
Бæндæнæй джауырты куыд ахстон,
Дæ фыды уырсау?..

Дзамболат

Уæдæ, хæц!..

*Ныцъцъыкк æй ласта хъамайæ. Фæлæ та Ибрагим агæпп кодта иуварс. Æмæ йæ фæрæт бафтыд йæ къухы. Иудзæвгар куы фæхæцыдысты, уæд фæрæты тыхджын цæфæй Дзамболаты хъама атахт æмæ ныссагъд зæххы.*

Ибрагим

Мæ каис дæ, Дзамболат...

Дзамболат

Оу-уа!..
Мæ куыдзы сиахс у!

Ибрагим

Дæхи
Æрæмбар.

Дзамболат

Цалынмæ мæ бон уа,
Уæдмæ нæ ‘рысысдзæн дæ хид!..

Ибрагим

Æз дын мæ ныхас загътон...

*Систа йæ дидинджыты баст æмæ фæцæуы. Дзамболат йæ фæсронæй сусæгæй сласта йæ дамбаца. Ныддардта йæм æй гадзрахатæй.*

Дзамболат

Гъа, уæд!..
Куыд лæппу дæ?!.

*Ныггæрах æй кодта. Ибрагим фæцудыдта. Уæддæр æм ракаст йе уæхсчы сæрты.*

Ибрагим

Дæ хойы тæригъæд дæ уæд...

*Æмбæрзæн*

## ФАРАСТÆМ АРХАЙД

*Изæрмилтæ. Суадонмæ фæндаг. Фатимæ æмæ Ирассæ тындзынц донмæ. Фатимæ зайы фæстейæ*.

Ирассæ

Дæ мæрстæн, мæнæ чызг, цы кодтай?
Тæрхъусау-иу куы згъордтай ам!..

Фатимæ

Дæ уд чындзы цæуыныл хордтай,
Ныр – змæл æмæ иваз дæ царм…

*Йæхи, тыххъæлдзæг æвдисгæ, йын амоны, йæхи бар кæй нæу, уый тыххæй йæ тæнтæм.*

Ирассæ

Дæ чындзы ацыдæй сырх хор-зæй
Æрцыд мæныл дæр… Бирæ цæр!

Фатимæ

Цыма мæм ницы кæсы хорзæй...
Кæны, чызгай, мæ зæрдæ хъарм...
Æрккалд мыл дысон фыны хæдзар...

Ирассæ

Зæронд усы фынтæ ныууадз!

Фатимæ

Ныссаст йæ рæбыныл мæ базыр...

Ирассæ

Дæхи уæдта уал ам æруадз?..
Æрдау дæ дурын... Æз – ныртæккæ...
Æндæра, анығуылдис хур!

Фатимæ

Хатыр... Ирассæ...

Ирассæ

Ам ис! Уæртæ...

*Йæ дурын ын ракодта скъæфæгау. Дондзау фæраст иунæгæй. Фатимæ, цавддурау, баззадис лæугæйæ.*

Фатимæ

Мæ зæрдæ нал кусы... Ныддур...
Куыд 'рæгмæ ыздæхы Ибрагим?..
Цæмæн æй ауагътон... уæдта?..
Мæ уæрджыты тыхы мур дзаг и...

*Фæзындис ауүонау Дзамболат. Фæдисдзаст. Йæ фæсчъылдым æмбæхсы Ибрагимы тынд тугæйдзаг дидинджытæ. Тарст хуыз ын. Фæтарстис дзы Фатимæ.*

Дзамболат

Цæмæй фæтарстæ?..

*Фатимæмæ цæуы хæстæгæй-хæстæгдæр. Сылгоймаг дзы тæрсы. Уæддæр йæхи фæфидар кодта.*

Фатимæ

Гъæйтт кæн – тагъд!..
Мæ цæстыты мын...

*Фæраст Ирассæйы фæдыл, фæлæ Дзамболат балæууыд йæ разы.*

Садзыс 'рцытæ...

Дзамболат

Нырæй фæстæмæ ды дæ мæн...

Ф а т и м æ

Æнамонд гуырд!.. æрæгмæ ‘рцыдтæ...
Фатимæ амардис дæуæн...
Сты мард йæ рагбонтæ, йæ сæнттæ...
Æви дæ митæ не сты ‘гъгъæд,
Æмæ мæ зæрдæ у дæу сæтгæ,
Нæ дæм хъарынц мæ рыст, мæ мæт,
Мæ тугхæццæ цæссыг, мæ катай,
Уæд дын æй, ме ‘фсымæр, зæгъын:
Мæ зæрдæ мын бынил ыскъахтай,
Ды дæ мæ фыдты  фыдты фын...
Мæ æууæнк баст у Ибрагимыл!..

Д з а м б о л а т

Уый куыд?.. Нæ йын уыдис нывгонд!

Ф а т и м æ

Мæ кад, мæ амонд, ме ‘нцой – иууыл
Ибрагимы удæн нывонд!..

Д з а м б о л а т

Ныр уыдон нал ысты, куыд нал и
Мæ уды уыдонмæ фыдæх.
Фæцис дæ зын... Дæ зын фæтари...
Дæ зæрдæ байтындз мын уæрæх...

*Фæцæуы йæм цæнгтæтыгъдæй. Фатимæ фæтарст тынгдæр. Фелвæста дур.*

Ф а т и м æ

Сæрхъæн! Нæ раттдзынæн æфхæрдмæ
Æз никуы бонты мады кад!

Д з а м б о л а т

Цæв мæ! Нæ фæрисдзæн мæ зæрдæ –
Хуыздæр у фенай мын мæ мард.
Фæлæ дæ курын, цъус мæм байхъус...
Дæ зул фæкастæй тæрсын æз...

Мæ уд дæумæ дзыназгæ бахус...
Дæуæн цин хæссын у мæ хæс.
Фатимæ... ‘рымыс ма дæхæдæг,
Уыдис ныл хицæнтæй цы бон!..
Æз абырстон фыдтухи рæстæг –
Мæ хъуыры нæ дæу нал хызт дон...

Фатимæ

Ныууадз, Дзамболат, уый дæ курын...

Дзамболат

Куы-иу ыстылдис арвыл мæй...
Æмбæлдыстæм хъæбыстæй хурыл...
Нæ дын ис ацæуæн мæнæй.

Фатимæ

Сабыр, сабыр!.. æлгъыст фæуæнт!
Хъысмæтæн мах амонгæ нæу...

Дзамболат

Кæндзынæ ныр мæнæн цæуæт...

Фатимæ

Цытæ уæндыс?!. Сæрхъæн, æрлæу!..
Дæ чъизи тугæй сæ ныхсдзынæ...
Хуыцау!.. Ибрагимæн сæ æз
Зæгъдзынæн...

Дзамболат

Не ‘вдæлы йæ уымæ.

Фатимæ

Цы уыдис – иу хатт ма йæ зæгъ...

Дзамболат

Зæгъдзынæн... Нал кæндзынæн уисæн...
Мæ удæй мын кæй адавта...
Уый тынг уарзы... Хуыцау æвдисæн...
Дзамболат... мæ йæ... амардта...

*Фатимæ ныхъхъæрзыдта. Ныццудыдта. Дзамболат æм фæрæвдз. Сылгоймаг бахаудта йæ риуыл. Лæппу фæтыхст.*

Д з а м б о л а т

Фатимæ!.. А, Фатимæ!.. Цæй ма...

*Архайы йе 'рчъицын кæныныл. Дардæй – Ирассæйы хъæлæс.*

И р а с с æ

Фа-ти-мæ!... Иб-ра-гим... Фа- ти- мæ!...

*Кæддæр куы уыд, уæд æрчъицыдта Фатимæ. Тарстæй кæсы йæ алыварс.*

Ф а т и м æ

Кæм дæн?.. Кæм фынæй кодтон?.. Стæ ма...
Мæ дурын нæй мæхимæ?..

*Фемдзаст Дзамболатмæ. Ныккастис æм дисгæнгæ.*

Чи дæ?.. Æз дæуæй цы дарын?..

Д з а м б о л а т

Фатимæ... ацæуæм хъæмæ...

Ф а т и м æ

Ингæны сымæр тæф æнкъарын...
Нæ хъусыс доны тарст хъæрмæ?..
Кæуы йæ уазал дурты риуыл...
Уый денджыз басабыр кæндзæн...
Дæ сæр ам не 'руадздзынæ иуыл...
Мæ иунæг уд кæдмæ кæудзæн
Дзамболатыл... О, нæ... ыстыхстæн...

Д з а м б о л а т

Дзамболат демæ ис, мæ хо.
Ысдзурæд ма дæм исчи схуыстæй...

*Фатимæ йын йæ къухмæ фемдзаст Ибрагимы тынд тугæйдзаг дидинджытæм. Ирассæйы фæдис хъæр хъуысы хæстæгдæрæй.*

Ирассæ

Фа-ти-мæ!..

Фатимæ

*(Дзамболатæй цæуы дарддæр)*

О... лæджы фыдхор!..

*Тарстæй, тыхулæфтгæнгæ фæзынд Ирассæ. Йе ‘взаг йæ комы нал арæхсы.*

Ирассæ

Иб... ра... гим...

Фатимæ

О!.. лæджы фыдхор!..
Лæджы фыдхор!.. Лæджы фыдхор!..
Лæджы фыдхор!.. Хах-ха-ха!..

*Худы йæ дзыхы дзаг хъæрæй... Фæзындысты адæм. Сæ разæй – Гыцци, хъарæггæнгæ. Уыдон кæугæ кæнынц, Фатимæ – худгæ.*

*Æмбæрзæн*

## ЭПИЛОГ

Къоста

Ма мæсты кæнут, мæ кадæг уыд зæрдæхалæн, æнкъард.
О, фæлæ нæм иугæр уарзтыл рацыд удмарæн ныхас,
Уæд зæгъæм, мæ хуртæ, ‘ргомæй – ахæм бæстæ у Кавказ,
Дзурыс сабыр, фæлæ хъуысы алы ысулæфт дæр дард.
Иу дзырд дæр нæ зайы рохы. Н‘ ахиздзæн йæ фæрсты лæг.
Хъæлдзæг уай, гъе, уай фыдохы–скъуырдзæн исчи дыл йæ цæст.
Никæмæн бантысти никуы, уа йæ сыхæгтæй æмбæхст.
Фидынц алцæмæн дæр удæй, фæлæ никуы сты хæлæг.
Цъус сæ уды конд фæивтой. Иу сын нал у хуры зынг.
Алкæй дæр фæнды, уа фыццаг. Нал зонынц, цы уыд æлдар.
Хъал мæгуыры рис нæ хаты. Чи куывд кæны, чи та – сар.
Гъе, фæлæ Кавказ Кавказ у! У цыкурайы фæрдыг!

Иухатты æнгæсæн нал у махæн дæр нæ зонгæ хъæу.
Тынг фæуæрæх и, фæрайдзаст. Калд къæсы бæсты – хæдзар.
Калд зæхбыны бæсты – астæрд. Хуры тынтæй быд – йæ цар.
Къултыл хотых нæ – кæсæнтæ. Афтæ чи уыд уый æнхъæл!
Уагæры сæ къæрных бодзтæй бахызтой, зæгъгæ, сæхи,
Зæхх хæндыг у. Арв сæ сæрмæ фестид нодждæр цъæх-ирд.
Уæд Кавказ дунейы фарнæн равдисид хуыздæр йæхи,
Фæлæ ‘фсондз кæм ис цагъар дæр, уым и – фот сæхи сæ хин.
Федтон дзы æрæджы иу цау. Уый фендæй мæ удыл – уаргъ...
Иу ус уынджы уадис дугъæй... Доны гарз æм... Уыд хъæддаг...
Дарæс ыл цы уыд – ыскъуыдтæ... Худт... Йæ бакастæй – æлгъаг...
Сабитæ... сырдтой йæ... дидинтимæ... Чи йын кодта аргъ?...
– Чи у ацы ‘намонд? – фарстон уынджы лæууæг лæгты æз.
– У æдылы ус Фатимæ... Нæй йын, хион уа, æрвад...
Иу лæппу йын ис... Фатимæ -иу æм раскъæфта йæ кард...–
Катайгæнгæ мын фæдзырдта хъæуы ног духаны гæс.–
Арфæгонд фæуæд – нæ хъæумæ иу индзылер лæг æрцыд.
Сабийы мæлæтæй байста... Баззад хъæубæсты йæ кад.
Ахуырмæ йæ дард фæласта... Рацæуид дзы исты кæд.
Уæд бæргæ кæниккой дзыллæ уымæн дæр йæ фыдау цыт!
Радзырдтой мын ноджы – æхсæв райтыгъта йæ сау пæлæз...
Сайд уд доны был фæзары... Ахсын æй кæцæйдæр æз...

*Кæцæйдæр, дардæй хъуысы мæгуыр Фатимæйы æнкъарт, уынгæгхъуыр зарæг – йæ уарзон æмкъай Ибрагимы зарæг.*

Ф а т и м æ
*(зары фæссценæйæ)*

Йæ ахстоны мидæг
Æвзонг бæлон ‘руайы,
Куы аззайы иунæг –
Хъæрзы æмæ тайы.

Тæхгæ йæм, мæ бæлон,
Тæхгæ йæм, мæ зынаргъ!
Ныссау ыл кæугæ бон...
Мæ сæфтæн куыд ныддаргъ...

Тæхгæ йæм... фæндараст!..
Фæлæ-иу æм уайсад,
Нæ федта кæд сау маст,
Нæ фæцис кæд сау сайд...

Тæхгæ йæм, мæ бæлон!
Тæхгæ йæм, мæ зынаргъ!
Ныссау ыл кæугæ бон...
Мæ сæфтæн куыд ныддаргъ...

*Кæрон*

*2009*

# А Р Г Ъ Æ У Т Т Æ

## МЫСТÆХАН

Мыстæбег – хъалзæрдæ, хæрзхаст.
Æрфæндыд æй, куы ныккалид йæ хъал бон.
Уыдис Мыстæханмæ йæ каст:
– Уыдзæн нæм комæйкургæ уазæг абон, –
Йæ рихи аздыхта нæ хин, –
Æмæ ысыстæр тагъд дæхи.

Мыстæхан æрдзæй уыд рæсугъд.
Цымы фæлурс сыфтæры ‘нгæс – йæ хъустæ.
Уыдис йæ дзæцц æмæ йæ уд,
Хæрдмæ лæгъздæр цы сфастаид йæ рустæ.
Цæкуы фæрдгуытæй дардта хал,
Уыдис сæ тынг сæрыстыр, хъал.

Чындзы цæуын уыдис йæ рад.
Йæ зæрдæ кафыд, бауром æй, гъа-ма!
Йæ даргъ къæдзилы цинæй рад,
Ыскодта голладжы тæгтæй сырх къаба.
Мыстæбег сфæлдæхта йæ къуым –
Ды дæр куы фæуыдаис уым!

I

Тъыгуыцы къуымы ис цин.
Фынгыл – тæрс, гыркъотæ, цил…
Фынг сæ быны тасы.
Æнтыды дон – фынгыл, цъæх,
Æнгуырстанты конд дзæбæх –
Карз нозт фынгтæ ласы.

Фынджы хистæр – фысым, хæст
У æгъдауыл.
Дары цæст
Уазæгæн йæ фазмæ.
Уазæг та – Æхсæрæг ‘мæ
Дзаггарз аназы бынмæ,
Стæй фæцуды размæ.

Банозтджын, мæгуыр, æгæр.
Зулмæ йыл хæцы йæ сæр.
Ауæз кæны фынгмæ.
У Мыстæбег та хæйрæг.
Фынгæй фестади цæрдæг.
Адзырдта йæ чызгмæ:

– Ма у, ма, мæ чызг, æрхуым.
Рахæсс уый бæсты тагъд уым
Дзæбидыр-фыдныхтæ.
Чызг пæр-пæргæнгæ фæзынд.
Дзаггарзæй йæ къухы уыд
Сау гæдыйы ныхтæ.

Уазæг дзаггарзæй тæрсы
(Гæды ‘хсæрæг дæр хæссы).
Ноджы – рæсугъд чи?
Ахæм тасгæ гуыр, уæллæй,
Кæфтæй-Кæсæгмæ куы нæй,
Уæд цы зæды сих у?!

У Мыстæхан та хæйрæг, –
Цас хин, цас марг тауы лæг, –
Уазæгырдæм дзуры:
– Ма мæм фæу ды хæрам.
Кувын æз мæ чызгæн ам.
Нæй æмсæр йæ цуры!

Уарзын тынг бирæ дæу, зон.
Уымæн дын зæгъын æргом
Стыр сусæггаг хуызы:
Чи йын разына æмсæр,
Гом ын тъыгуыцы къæсæр –
Ахæсдзæн мæ чызджы!

Æхсæрæг ыссонти уæд:
– Цахæмфæнды сиахс уæд,
Йе ‘мсæр нæй уæлдзæх дæр!
Чи разындзæн ай аккаг?
Ма йæм хъавæд иу ‘наккаг.
Чызгмæ кæс дзæбæхдæр!

Цырд фидиуæг фесхуыста –
‘Гас хъæд хабар фехъуыста.

II

– Къупп-къупп, къупп-къупп!.. – иу заман
Тоны фæрсаг чидæр.
Нал ызмæлы бинонтæй
Фыртæсæй, нал, иу дæр.

– Усгур дæн, цыты уазæг!
Байтындзут уæ дуæрттæ!
Нозт нæ кæнын.
Ме ‘вдисæн –
Уалæ хохы суæрттæ.

Мыстæбег йæ ризынæй
Фенцадис, мæгуырæг.
Афтæмæй мæрдты бæсты
Балæудзæн мæгуыр лæг.

– Чи дæ, усгур?
– Мыстулæг!
– Мыст у лæг, уый зонын.
Чи дæ ды?
– Æз – мыстулæг,
Дурæй мæ хай тонын!

У Мыстæбег сау кæлæн,
Здухы рихи зулмæ:
– Иннæ сабаты фæзын
Тъыгуыцы хæнтцурмæ...

Разыйæ Мыстæхан худт,
Чындзæхсæвмæ ‘ууæрста худ.

III

– Тари, тари, та-ра-ра,
Маст, ӕрхӕндӕгдзинад сурын!
Рари, рари, ра-ра-ра,
Мыстӕханджан, дӕумӕ дзурын.

Тари, тари, ра-ра-ра,
Ӕз дӕ судзгӕ уарзтӕй тайын.
Рари, рари, ра-ра-ра,
Ӕз мӕхи дӕ уарзты найын!

Тари, тари, та-ра-ра,
Ракӕс-ма, мӕ хур, цы бадӕ?
Рари, рари, ра-ра-ра,
Дӕуӕн зарын серенадӕ! –

Булӕмӕргъ ӕрдаг фӕцис,
Уыд йӕ зард фыдӕргом.
Уарзтӕй нал зыдта ӕфсис –
Зӕххыл-иу ныддӕлгом.

У Мыстӕбег сау кӕлӕн,
Здыхта рихи зулмӕ:
– Иннӕ сабаты фӕзын
Тъыгуыцы хӕнтцурмӕ!

Разыйӕ Мыстӕхан худт,
Чындзӕхсӕвмӕ ‘ууӕрста худ.

IV

Уызын иууыл – хъуыддагхуыз.
Цардхӕцӕн у, цардхуыз.
Йемӕ ‘рхаста лӕвӕрттӕ,
Дун-дунейы цыдӕртӕ
Йӕ сындз кӕрцыл ныхӕстӕй,
Йӕ фӕччиты ӕмбӕхстӕй –
Дурвӕткъуытӕ, ӕнгузтӕ,
Хъӕлӕрдзытӕ, цым-хустӕ…
Ызгӕ тӕлы удмарӕн –
Мыстӕханӕн къухдарӕн.

Мæ фырт, дам, у фырзондджын,
Фырцардхæцон, фырбонджын.
– Мыстæхан кæд рæсугъд у,
Хæдзардзин чызг, хæрзуд у,
Уæд æй куры нæ лæппу, –
Дзуры хъуыдыгæнгæ.

У Мыстæбег сау кæлæн,
Здухы рихи зулмæ:
– Иннæ сабаты зынут
Тъыгуыцы хæнтцурмæ.

Разыйæ Мыстæхан худт,
Чындзæхсæвмæ ‘ууæрста худ.

V

Æхсæрæг уыд ноствæллад.
Химид рызт.
Никуы йын уыд ахæм кад,
Ахæм цыт.

Хъал.
Фæзынд йæ фыртимæ
Мыстытæм
Хорыссæн æнгуыртимæ
Фыртыхстæй.

– Фыццаг æй куыннæ загътай
Ды мæнæн?
– Цæй ныр мæ куы баййардтай,
Уæд цæмæн?!

Уæлæ хуры фаззон у!
– Курын æй!
– Мæйы фырты уарзон,
Дзурын æй.

– Мæйы фырт мæнæй хуыздæр
Никуы уыд.
Ныр Мыстæханы рæсугъд
Уый æрхъуыд? –

Фырт, мæгуыр, ныррæсыди
Фыркуыдæй.
Æхсæрæг та срасыги
Æнтыдæй.

У Мыстæбег сау кæлæн,
Здыхта рихи зулмæ:
– Иннæ сабаты зынут
Тъыгуыцы хæнтцурмæ.

Разыйæ Мыстæхан худт,
Чындзæхсæвмæ ‘ууæрста худ.

VI

Мыстæбегимæ уырыйы дæр
Бафæндыдис, уой хæстæг.
Нæ мыггаджы, дам, рагæй нырмæ
Не схæццæ ис туг, ыстæг.

Кæд, дам, æгъдауыл не смамм ыстæм –
Разыйы дзырд, дам, мын зæгъ.
Лæггады хуызы метройæн сæм
Айгæрста йæхи ‘мбæрц зæхх.

О, уыры, уыры, уыры
‘Нæ номæй нæ быры.

х х х

Тæрхъус сæм æрсимдта кафгæ
æмæ афтæ:
– Æз нæ зонын мад, æрвад,
фæлæ мын дæ чызджы ратт!
Нæй мын галуантæ,
хæдзар,
арвы мæра у мæ цар.
Гъе, фæлæ йæ афтæ бирæ уарздзынæн –
давæггаг уырыдзытæй йæ дардзынæн!

О, дæ бонæй дæ уа, тæрхъус –
адæмы хъæр æндæр ма хъус!

x x x

Карз у цъиусур,
схуыст æм ма сдзур.
Бузныг,
Мыстæханыл йæ хъал бон кæй нæ калы,
Арвы фæппæрттау æй,
скъæфгæ кæй нæ кæны.

x x x

Уартджын хæфс ныццавта тел:
«Бæстыræсугъд Мыстæханмæ,
МÆ ФИДÆНЫ ЦАРД ÆМÆ БОН,
МÆ ХÆДЗАРДАРÆГМÆ,
МÆ СОМБОНЫ КÆСТÆРТЫ МАДМÆ –
БÆРÆГБОНОН АРФÆ.

Дзурын дæм: абон 8-æм мартъи,
Ахуыдта нæ Кати,
У цыма Æфсати –
Сырды фыд æм цас и;
Цаpæй мыст æрхауди,
Знаджы къусы ныххауди.

КУРЫН ДÆ:
ДАР ДÆХИ ДЗÆБÆХ!
УАРТДЖЫН ХÆФС.»

У Мыстæбег сау кæлæн,
Здыхта рихи зулмæ:
– Иннæ сабаты зынут
Тъыгуыцы хæнтцурмæ.

Разыйæ Мыстæхан худт,
Чындзæхсæвмæ ‘ууæрста худ.

VII

Оу, цы диссæгтæ цыд, цы!
Тъыгуыцы – æртвæдис.
Усгур усгуры фæрцы
Фысымтыл æмбæлдис.

Бирæты фæндаг сæ хызт
Царыл кæнæ къулыл.
Ничи сæм дзырдта ысхуыст –
Амонд бадтис хъулыл.

Мæлдзыг дæр фæзынд æд уаргъ.
Цъырцъыраг дæр уым уыд.
Хæлынбыттыр фарста аргъ.
Хæфс Бахъ-бахъ та ‘рхуым уыд.

Хъæрццыгъа цæуылдæр худт.
Не ‘рхъарм кодта бандон:
Мауал, дам, дарон æз худ,
Скъæфын, дам æй абон.

Усгур чи нæ уал уыд уым,
Ахæм-ма цы баззад?!
Фестад тъыгуыцы хæлд къуым
Растдæр цыма базар.

Уастæн, ма амæла, ма,
Уарзтмæ кæй уд тасы!
Усгур рабалц ис Хъуырна,
Бахаудтой дзы тасы.

У Мыстæбег та кæлæн,
Здухы рихи зулмæ:
– Иннæ сабаты зынут
Тъыгуыцы хæнтцурмæ.

Разыйæ Мыстæхан худт,
Чындзæхсæвмæ ‘ууæрста худ.

VIII

Тъыгуыцæй цъус дарддæр
холлагдон уыд.
Холлагдоны бын та
галуан ныззылд.

Уым та Мыстачъе цард –
схъæлрихи мыст.
Ууыл цы уд базад!
Нал зыдта ‘рхуыст.

Холлагдон сфæлдæхта.
Йе ‘хсар ныхъхъæр.
Халгай йæ февзæрста
гагаæнхъæл.

Нал уыд йæ къæбицты
хорæн бынат.
Ног цъæхсæртæн дæр ыс -
кодта бынуат.

Фæлæ ныуурæдта
иу бон йæ куыст –
тъыгуыцы сау диссаг
уымæ дæр хъуыст.

«Иу боны фæллойæ
ниц-ц-ци хуыздæр…
Уый хыгъд Мыс-стæханы
фендз-дзæн æз-з дæр.»

Ацагъта къæдзилæй
тагъд-тагъд йæ рыг,
асалд йæ рустыл та
цæстыты сыг.

«Гъе, бецау, ахæм чызг –
кадджын, нæргæ…
Амонд ыссариккам
иумæ, бæргæ…»

Уонгмард, зæрдæхаудæй
тъыгуыцмæ уад.
Фендзæн Мыстæханы,
уый дæр ын – кад.

IX

Сабат махæн – къаты бон.
Хъæуы цъиуызмæлæг нæй.
Тъыгуыцы та, уæ, мæ бон,
Симынц усгуртæ фæрнæй.

Нæ, æз лæгдæронæй дын
Цармæ сæвазынц сæхи.
Сайы алкæй дæр йæ фын,
Æмæ бамбæхстой сæ хин.

Хъæрццыгъа ныууæздан маргъ,
Æхсæрæгмæ дары цæст.
Зары 'хситтæй булæмæргъ.
Цъиусур у æгъдауыл хæст.

Хъуырна рихи аздухид –
Цæст дæр сыл ивæзы;
Иу хæппæн сæ ампъухид,
Фæлæ чызг ирвæзы.

Слæууыд тæрхъс фæстæгтыл –
Къуымырдæм ныдздзагъыртæ.
Хæфс ыссардта иу вексыл –
Балхæндзæн ын дзабыртæ.

Хæлынбыттыр æндзалмыл
Иу къахæй æрцауындзæг.
Афæлвæрдта зарыныл
Хъулон-мулон дзæгъындзæг.

Къулы æнцой уонгмардæй
Бакъултæ Мыстачъе дæр.
Цыма 'рхæццæ тынг дардæй,
Не 'рсæрфта йæ зачъе дæр.

Амонд кафы барæныл,
Мидбылхудт – сæ фæлындзæн.
Иу сæ 'рхъæцмæ нал лæууы,
Худгæ чызг кæй фæуыдзæн?!

X

Хуыккомы бинонтæм
Стыр ныхас ис:
– Уаиккой, зонын, нæ
бон æмæ ис

цард, гъе, цæрæнбонты
мах фаг, бæргæ.
О, фæлæ ‘рмæст мулкæй
ном нæу нæргæ.

Гъе æмæ, уæ мæ чызг,
цырд фæлæу, цырд!
Ис ныр дæ къухы нæ
фидæны цард.

Ахиз сæрбæрзондæй.
Тасгæ – дæ цыд.
Равзар сæрæн æмкъай –
кад ын уæд, цыт! –

Райы Мыстæбег-фыд –
дардмæ зындзæн!
Гъеныр ын гинотæм
Стыр кад уыдзæн!

Разыйæ Мыстæхан худт.
Зулаив æрсагъта худ.

XI

Ныттыгътой хуыккомы æхгæд дуар.
Мыстæхан рæсугъд мидбылхудгæ рахызт.
Цы зæды хай уыдис, цы карз дзуар,
Кæй кады ном сæ афтæ тыхджын айхъуыст?
Налхъуытау тæмæн калдта –
Йæ усгурты æрцардта!

Цæкуы фæрдгуытæ ‘рттывтой хъуырæй.
Уыдис чысыл къæмдзæстыггонд йæ бахудт.
Рон-камари ныззынг йæ гуырæй.
Бынтон рæсугъд та уыд йæ быд хæрдгæ худ.
Куыд мæгуыр вæййы усгур –
Ныхъхъентæ сты, куыд урс дур.

Кæсы сæм чындздзон чызг сæрбæрзонд.
Йæхицæн абон равзардзæн æмсæр къай:
Куыд уа хъæздыг, тыхджын, нæргæ зонд;
Æхсон дурæй куыд ратона йæхи хай!
Мыстачъе йæм ныдджихи.
Ныппыррыкк ис йæ рихи.

Мыстæхан та, бецау, цы кодта?
Цæмæн ныррызт, цæмæн цуды йæ раст зæнг?
Йæ уд чындзы цæуыныл хордта,
Ныр ыл цæмæн кæлы йæ уалдзæг?
У мыстулæг цыргъыссыр;
Тæппуд тæрхъус фыдыстыр.

У хъæрццыгъа фыдзонд, фыдтонаг.
Кæй бахъуыдис, кæ, булæмæргъ, дæ зарын?
Уыдзæнис дзы Уызынбег домаг,
Кæй бон у гæдыимæ иу зонд арын?
Мыстæхан цыд, куыд фыны.
Йæ къах фæци йæ быны.

Уæддæр йæ амонд н‘ абадт хуырыл –
Мыстачъе йæм зынгæвæрдау куы лæууид.
Чызг ацауындзæги йæ хъуырыл:
– Мæ уд, бæргæ, дæ сæрыл хаст куы фæуид;
Куы мæ аскъæфис тагъддæр –
Нывонд дын уæд мæ цард дæр.

Нæ усгуртæ зæрдæдзæф кодтой.
Цыдæрхуызон фæкъуырма сты фыццаг хатт.
Кæрæдзи тарст цæстытæй хордтой.
Мыстæбег, мæгуыр, фырадæргæй ахауд.
Нæ хæфс дæр уæд фæзынди.
Йæ уартæй нæм нæ зынди.

– Цы хабар у:
мæнæн куырдуаты куы бадтæ,
уæд цы уынын ай мæ каисты кæрты?!.
Оу, мæнæ диссæгтæ æмæ
уæртджын хæфсы хабæрттæ!
Загъд-замана систа.

Нæ мыст сын адаудта сæ былтæ:
Мыстæханы уæздан къухыл фæхæцыд,
Уыд тъыгуыцы хъæдкъул зыхъыртæ,
Тæлм кæрдæджы сæ гæппыл цæст нæ хæцыд.
Уыд холлагдон сæ фысым.
Чындзæхсæв?..
Уый нæ фыссын,

Фæлæ дзы, ех-х, зæгъгæ, фæдæ!..
Мыстачъе дæр лæг у, уæдæ!

*1985*

## ÆНÆНТЫСТ ЦÆУ

Цард нæ хъæуы ‘нæнтыст Цæу.
Сфæлмæцыд дзы хъæу.

Цавæр дзуджы йæ ыссард,
Чи йæм фæцыд дард?!

Рæхыс сырх –
йæ хъуыры ‘фтыд,
Боцъо – ‘фсирау быд.

Урс зæлдæгтæ – сытыл баст.
Хъистæ арцау – раст.

Хорда ‘рмæст цæкуыйæ хор.
Хорз нырнардис, хорз!

Тагъд нæм Уастырджийы ‘хсæв,
Ноджы –
чындзæхсæв.

Гъе, уæдмæ йæм нæй æвналæн
Хионæн æмæ æрвадæн.

Бæрæгбоны, уæ-рæ-дæ,
Цæуы фыдæй уæлдæйттæ
Уадзыстæм, бæгуы!

Ифф-ифф, ифф-ифф, нард кусарт
Цины хос куыд нæу!

Бонæй-бонмæ сæгъы нард
Барстой иууыл хъæу.
Зардзыстæм тагъд:
«Дæ-лæ-лæ…»

О, фæлæ…

Кодта фырнæрдæй быцæу
Алкæимæ Цæу.
Уыцы къæс-къæсгæнгæцыд!
Кад æй хъуыдис,
цыт!

Цъиуджын бæдул Цæуæн циу?
«Цъиу-цъиу, цъиу-цъиу, цъиу! –

Кодта-иу йæ дзибатæм. –
«Ихуыл ам ыстæм?»

Амыдта сын хор,
мæнæу –
Хорз цы у, цы нæу.

Сой гуккутæ сын фыхта!
Дардта сын фыхтæг.

Сау фыдтæй сæ уый хызта.
Хуры уа, хъызты
Алцы йæм хъызыд.

Мыстулæг куыд нæу тæссаг?!
Цъиутæн у ызнаг.

Ахæм кæрдтæ цыргъ хæссы!..
Арт у, арт хæсты.

Каркæй дзы уæддæр уыд тас.
Ма йæм цæуа ‘ввахс!

Арвыл фенæд тугхор цъиу –
«Цъиу-цъиу,
тагъд ут,
циу?!» –

Цъиутæм-иу цы тыхстæй сидт!
Цæу-иу систа ‘хситт.

Уарзта карчы тарст хъуыдатт.
Ацу, ком ын ратт.

Дары ‘лвæст æхсаргæрдтæ…
Ух, ух, ух!..
Алкæй дæр сæ айгæрддзæн…
Ох, ох, ох!..

Уый тæсæй нæ федта хур
Урс бæдул.

Хаста Цæуы ‘лхысчъытæй…
Хаста, хаста
Урс чындздзон къаба æмпъызтытæй.

Худинаг куыд нæу
Ахæм хабар, Цæу?!

Бонизæрмæ не стыр хъаз
Доны баззад цас

Цæуы тæсæй…
æнæ урс баз,
æнæ хъæццулæй стыр фыдаз?..

Цас,
цас,
цас!..
Оу, куыд-ма баззад æгас!

Ныр ысты…
Къæхтæ ‘мæ йæ фындз пластмасс.

Кодта фырнæрдæй быцæу
Алкæимæ Цæу.

Уыцы къæс-къæсгæнгæ цыд.
Кад æй хъуыдис, цыт.

Сау бон уыд нæ сау дзæргъыл –
Кодтой иууыл хыл.

Схаста буцхаст хъыбылтæ –
Хуртæ 'мæ мæйтæ.
Надтой хурбон хорз сæхи
Цъыфдзасты,
æххи!

Алæбон гуырæнбонтæ
Арæзтой нæ фаззонтæ.

Уыд сæ фынгыл алцы хæрх.
Хистæрæн сын – дзæргъ.

Равгæдтой-иу сойфых кас.
Уыдонмæ ды кæс.

Хордтой халсар, алы дыргъ –
Бал, фæткъуытæ сырх.

Сау гыркъо сын –
сау къаффет.
Ахæм цард кæм фенд!

Ноджы – хуырх, зæгъ,
гъе, хуырхæг…
Цин сыл кодта лæг.

Арвмæ хъуыст сæ цины зард
Дард:

«Ратт нын, Хуыцау зæххы сой –
Хуытæ сбирæ уой!
Къох-къох,
къох-къох,
къох-къох-къох,
Рæзæд Тулдзы къох!»

Гъе, фæлæ фæзынд нæ Цæу,
Уæд фæдисы слæу.

Кодта фырнæрдæй быцæу
Алкæимæ цæу.

Уыцы къæс-къæсгæнгæ цыд.
Кад æй хъуыдис, цыт.

Фыс æд гоко райгæ цард
Кæрты кæрон дард.

Бонæй хизмæ рæвдз цыдис.
Дис ыл кодтам, дис.

Урс фæрдгуытæ цас уыгъта
Гокойæн –
уыдтам.

Узгæ-иу изæр æрцыд.
Кад æмæ йын цыт!

Дардæй-иу йæ гокомæ
Бауасыд:
«Ратдзынæн дын сой æхсыр.
Рауай цырд!

Къухылтухгæ фос фыс у.
Стыр тохъыл ысу!»

Гъе, фæлæ фæзындис Цæу,
Ис дзы уæд быцæу:

«Циу,
цы фосы маргъ у фыс?
Фыс дæ,
гъе дæ уысс?

Кæд æцæгæй ысдæ уысс,
Цъыфы уæд ныххуыс!»

Йе стыр сытæ йыл зæу-зæу
Кодтой, цыма Цæу

Арвмæ æвæры быцæу.
Уанцон диссаг нæу.

Цыргъ сæфтæгæй хойы зæхх.
Хорз дæ, исты зæгъ.

Калы фындзы кæмттæй арт.
Ард хæрын æз, ард,
Уыд фæйлаугæ арт.

Уый бæсты фæтасдзæн дур.
Фыстыл нал каст хур.

Кодта фырнæрдæй быцæу
Алкæимæ Цæу.

Уыд къæс-къæсгæнгæ йæ цыд.
Кад æй хъуыдис, цыт.

Родæн фелвæста йæ къах.
Байстам-ма йæ мах.

Сфæлмæцыдис дзы нæ гал.
Домыс-ма дзы?
Нал!

Цард нæ кæрты куыдз Милас.
Цас фæрæзта, цас!

Арвы кæрæтты зылдис –
Искуы кæд сырд ис.

Кодта уæд, мæгуыр, фыдсар
Уыцы æнæсæр.

Ахста бирæгъæн йæ къах –
Ард дзы хордтам мах.

Арсæн æм æрмæст йæ хъус
Авæр,
стæй йæм хъус.

Ахæм цуанон уыд Милас.
Хордта буцæн луас.

Гъемæ йæм нынных нæ Цæу,
Кодта йæм быцæу:

«Ма-иу хæу-хæу кæн, æвзæр.
Нал хъæуы дæ сæр!

Бирæгъ та мæ цуры циу?
Сты дæсæй мын иу!»
Стыр сытæй Миласæн –
дзæхст!
Къахта йын йæ цæст.

Кодта фырнæрдæй быцæу
Алкæимæ Цæу.

Уыцы къæс-къæсгæнгæ цыд.
Кад æй хъуыдис, цыт.

Бирæгъмарынмæ фæраст
Каркбадæны афон раст.

Сдымдта.
Хоста зæххы арв.
Цæу фæдæлдзæх арф…

Ссардтам-ма йын хъæугæрон…
Майрæмбон…

… йæ сытæ æмæ …
… йе ‘рдæгхæрд ыстджытæ.

*1996*

## ГÆДЫ ÆМÆ КУЫДЗ

Сахары уа,
Хъæуы
Куыдз,
Нæ куыдз,
Нæ гæды, –
Уас,
Фæуой ныгæды, –
Цас загъд кæнынц,
Цас хыл!
Нал фæхæцынц
Зæххыл.

Ком сæ
Ничи дæтты.
Далæ
Арвгæрæтты
Куыдз
Гæдыйы суры.
Уый та –
Гæды, гæды
Цæстытæм лæбуры…
Дæ цуры…
Мæ цуры…

Йæ къуым ын
Фæкъахта?
Йæ хæс ын
Нæ радта?
Цæмæн фестад
Йе знаг?
Куыд ын тоны
Йе 'взаг?!
Гæды тæсæй
Ризы –
Бæлæстыл дæр
Хизы.

«Куыдзæй
Дара гæды
Исты, –
Уа ныгæды?!» –
Ныууырдыг дæн
Бæхмæ.
Цъæх бæх
Ныккаст зæхмæ.

Æвæццæгæн,
Загъта:
Цы хъусон
Сæ загъдмæ.
Ис мын хицау –
Барæг.
Мæ койаг –
Мæ байраг.

Цы мæ хъæуы
Куыйтæй,
Гæдытæ 'мæ
Хуытæй,
Тæрхъустæ 'мæ
Цъиутæй,
Цары ауыгъд
Фиутæй?

Бæх
Зондджын у
Рагæй.
Анызта дон
Агæй.
Акуывта
Йæ сæрæй
Мечырдæм
Хуыздæрæн.
Стæй
Ыслæууыд суры
Æмæ
Галмæ дзуры:

«Ӕркæнон дыл
Фарста –
Ацы хабар
Раст уа:
Куыдзæй
Дары гæды
Исты, –
Уа ныгæды?»

Оу, цы сæр ис
Галæн!
Фынджы сæр æй
Кадæн
Уый тыххæй æвæрынц,
Ӕмæ…
‘Рхæрынц.

Алаз-алаз
Хъæдæй
Сабийы
Фæндæй дæр
Суг кæй ласы;
Хуымтæ
Уый кæй кусы,
Худгæ,
Айрох кæнынц
Уый дæр –
Раргæвды йæ
Куырд дæр.

Ницы зоны
Хинтæн –
Гæды,
Куыйты митæн.
Н‘ алыг кæны
‘Ппындæр
Фарстытæ
Тъæппытæй.
Хъуамæ
Хъуыддаг сбара.
Фад,
Сæр ын ыссара.

Алцы дæр
Ыскарста,
Ыстæй
Фарст аппæрста
Даргъбоцъоджын
Сæгъмæ:
«Мæ хорз сыхаг,
Зæгъ-ма –
Куыдзæй
Дары гæды
Исты, –
Уа ныгæды?»

Сæгъы нордтæ
Хæлд сты –
Бæлæстæн ын
Хæрд сты
Бынаг хихтæ.
Уæллаг…
Æркъуыræд сæ
Уæллаг!

Гъе, уæд сæм
Æххæссид!
Хорз сæ
Æрæхсæдид!

«Дары,
Гъе,
Нæ дары –
Мæн цы хъæуы,
Тæрай?!
Ды йын æй зæгъ,
Фыс!
Зæгъ ын æй
Æмæ
Схуысс!»

Сабыр,
Фыс фос у
Фыс.

Фæлæ…
Нæ уарзы
Загъд,
Ноджы –
Нæ кæны
Тагъд.

Нæууыл
Хорз фæхызти.
Дуры сæрмæ
Схызти.
Цъус фæхицæн
Зæххæй –
Афтæ сахуыр
Сæгъæй.

Й‘ алывæрсты
Касти.
Иуранмæ
Нымдзасти.

Уыд
Йæ фарсмæ
Уасæг.
«Ды дæр
Нæ дæ
Уазæг.
Куыдзæй
Дара гæды
Исты, –
Уа ныгæды?»

Уасæг
Куыд у уазæг?
Сдзур æм,
Уæд у
Уаз лæг!
Сырх зæлдаг –
Йæ зачъе.
Урс зæрин –
Йæ уачъи.

Хъуыстгонд у
Йæ загъдæй.
Уысм нæ аззад
Сагъдæй:
«Мæнæ диссаг!
Диссаг! –
Уасæг,
Æй, фидиссаг,
Тоны
Хурхы сæртæ –
Хъæр кæны
Цыдæртæ:

– Куыдзæй
Дары гæды…
Гæды!
Гæды!!
Гæды!!!
Мин…
Милуан сæ хонын,
Фæлæ сæ…
Нæ зонын…

Хъи-хъы,
Ри-ри,
Хъу-хъу-у-у!..
Здухут ын
Йæ мукъу-у-у!..»

Хъазыд
Бабыз
Донбыл.
Уасæг æм
Ныдздзагъыр:
«Базон-ма мын
Тагъдæн
Дундунейыл загъдæн –

Куыдзæй
Дары гæды
Цас, –
Фæуа ныгæды?!»

Бабыз
Тагъд нæ кæны.
Кæм цæуы,
Кæм хæры,
Уым
Дамтæй нæ тæрсы;
Алкæй дæр
Æрфæрсы:
«Куыдзæй
Дары гæды
Цас, –
Фæуа ныгæды?!»

Адæмы уа,
Мæргъты,
Сырдты,
Сау æврæгъты
Дам-думтыл ныддары:
«Гæды
Куыдзæй дары?!.» –
Фæлæ
Дзуапп нæ ары.
Гъе,
Æуый йæ мары.

Йæхицæн
Нæ бары –
Йæ уд
Куыстæн хъары.
Бырынкъ
Сихсыд
Фарстæй.
У йын
Ныр
Пластмассæй.

Зилы
Уынгты,
Барты…
Судзы
Хурмæ,
Арты…

Хъуамæ
Алцы
Сбара.
Стæй йын
Дзуапп
Ыссара.

Гъæйда,
Тъæппкъах бабыз,
Мацы фыд
Æрымыс!

*2003*

## ХЪУЫНДЖЫН ЛÆГ

Нæдæр лæг уыд,
Нæдæр – сырд.
Тайтайгæнгæ
Уынгты зылд.
Уыд æнæдаст
Хъуынджын лæг.
Кодта цардæй
Хынджылæг.

Цæсгом фæсхъустæм –
Хъуынджын.
Бады уæйыгау –
Тыхджын.
Дардта
Уистæй каубыд худ.
Алкæуыл дæлæмæ худт.

Рукъаг тæсчъыййас –
Йæ сæр.
Гуыбын уыд дынджыр
Æгæр.
Сæхъхъисзачъе,
Хытъынæг –
Хъуынджын,
Хъуынджын,
Хъуынджын лæг!

Лулæ тамако
Дымдта.
Уас,
Йæ сæр дымды фæуа!
Й‘ астæуыл ауыгъд –
Йæ кард.
Нозты арт
Йæ комæй калд.

Уыд сыд картофау
Йæ фындз.
Иу хъæуы йыл
Срæйтта куыдз –
Куыдзы фындз
Ыстыдта ‘гасæй.
Не ‘фсæсти
Пырындзы касæй.

Бацæуа
Йæ къæсы ард!
Тæнтæн вæзны бæрц –
Сæ нард!
Сæхъхъисзачъе,
Хытъынæг –
Хъуынджын,
Хъуынджын,
Хъуынджын лæг!

Адæм тæссæй
Систой хъæр.
Алчи афснайдта
Йæ сæр.
Хъуынджын лæг та –
Уыцы ‘взæр –
Кодта
Алкæуыл кæл-кæл.

Йемæ йыл
Ныффыстой хъаст
Хицауадмæ –
Домдтой раст:
Ракæнут
Тæккæ изæр
Æвзæр
Хъуынджын лæджы сæр!

Афтæ!
Раст ын афтæ хъуыд!
Уæдæ уый
Куыд уыди,
Куыд? –

Стыдта куыдзы бырынкъ
Куыд?!
Сæхъхъисзачъе,
Хытъынæг –
Хъуынджын,
Хъуынджын,
Хъуынджын лæг!

Гæды йæм
Фæзынд бæхыл.
Хъуынджын лæгмæ
Систа хыл:
– Зæгъ ныртæккæ,
Хъуынджынфындз;
Зæгъ, цæмæн у
'Нæфындз куыдз?!.

Хъуынджын лæг ыл
Уым фæхудт.
Фелвæста йын
Йæ сырх худ.
Фенд-ма искуы
Ахæм маргъ?
Аныхъуырдта
Бæхы саргъ!

Чи йын радта
Ахæм бар,
Адæмæн ысуа
Æлдар?!
Сæхъхъисзачъе,
Хытъынæг –
Хъуынджын,
Хъуынджын,
Хъуынджын лæг!

Иумæ сисдзæни
Йæ къух;
Иннæ –
Дав æмæ æмпъух

Мыд æмæ
Мыды æвдылд.
Хъуынджын лæгæй
Дæ æвыд!
Дзурын æм
Нæ уæнды иу.
Ничи йæ ‘рфæрсы:
«Ай циу?!»
Тæсæй –
Марой æмæ сар.
Еу-додой
Фæци сæ сæр.

Уымæн та
Цы уыд æгъгъæд?
Нæ æфсис зыдта,
Нæ – ‘лгъæд!
Сæхъхъисзачъе,
Хытъынæг –
Хъуынджын,
Хъуынджын,
Хъуынджын лæг!

Хордта
Фыййагæй кæрдотæ,
Цым,
Фæткъуы, зæгъай,
Гуыркъотæ.
Иу тæгæна хордта
Ссæст –
Не ‘рныкъуылдтаид
Йæ цæст.

Иу хæндыг ын
Тадис куыд?!
Й‘ ахсæны
Цæрджытæ уыд?
Байста
Чысыл чызджы къус.
Хордта
Голлаггай æнгуз!

Иууыл фылдæр
Уарзта торт.
Уас йæ хуыр ахсæнæй
Фот!
Нал дзы уагъта
Сабитæм.
Сабитæм, зæгъ,
Таубитæм.
Иу цæтджинаг хордта
Хомыс;
Хордта пакъуытимæ
Гогыз.
Ницы йын уыд
Галы мард дæр.
Кодта бонæй-бонмæ
Нарддæр.

Адæмæн сæ сæр –
Сæ кой.
Зæххæн бацъырдта
Йæ сой!
Сæхъхъисзачъе,
Хытъынæг –
Хъуынджын,
Хъуынджын,
Хъуынджын лæг!

Сахъ хæстонты
Бацыд тас.
Дзæгъæлы кæнынц
Сæ кас.
Пъолицæ
Ыссивы мызд.
Хицау сын,
Лæг у,
Гъе, мыст –
Никæмæй зондзæн
Ысхуыст.

Бадынц куырыхонтæ
'Дзух.

Ницæмæ кæнынц
Сæ къух.
Чи сын раппары
Стæг,
Уымæн сты
Уырдыгыстæг.

Гъемæ,
‘Нæфсис стыхта фиу.
Æфсæр
Тæнтимæ ысиу.
Сæхъхъисзачъе,
Хытъынæг –
Хъуынджын,
Хъуынджын,
Хъуынджын лæг!

Уæд
Фæзындис æм
Ассен –
Къухызæрдæйы ‘ййас
Сем.
Йемæ –
Саг,
Ыстырсы сæгъ;
Арс зæгъ,
Уасæг зæгъ,
Фыс зæгъ…

– Æвзæр!
– ‘Нæфсис!
– Хъуынджын дзæргъ! –
Сиу кодтой
Йæ дæргъ, йæ уæрх.
Саг –
Ныххафта йын йæ сæр.
Сæгъ æй басхуыста:
«Æвзæр!»
Уасæг:
– Хъихъри, хъо-хъо-хъо!

– Амæл! –
Загъта йын
Гоко.
– Ды
Кæмæн истай йæ кас?! –
Кодта йæ тъæпп-над
Уым арс.
Сæхъхъисзачъе,
Хытъынæг –
Хъуынджын,
Хъуынджын,
Хъуынджын лæг!

Ницæмæй, дам, дæ тæрсын:
– Нал дын ис, Хъуынджын лæг,
Сен! –
Асастой йын,
Оу, йæ син.
Додой расайдта
Йæ цин.

Хъуари хъамайæ
Ассен
Хъуынджын лæджы
‘Рцавта –
Фен!
Афтæ, дзæргъ!
Зæххыл Хъуынджын лæг
Ныддæргъ.

Кодтой йæ
Цы адджын над!
Хъæуы-ма дæ,
Æмæ – нал!
Сæхъисзачъе,
Хытъынæг –
Хъуынджын,
Хъуынджын,
Хъуынджын лæг!

Адастой йын
‘Нæ хъуыр-хъуыр
Шиферы састæй
Йæ хъуын.
Стæй йæ
Басткъух,
Басткъахæй
Арæцыгътой
Къæдзæхæй.

Дзыллæ радис
Ассеныл.
Цас цин кодтой
Йæ фендыл!
Худт сæм арвæй
Æрхуы мæй
Циндзæсгом ‘мæ
Тымбылæй.

Афтæ дын, гъе,
Æнаккаг!
Ассен зоны
Дæу аккаг.
Сæхъхъисзачъе,
Хытъынæг –
Хъуынджын,
Хъуынджын,
Хъуынджын лæг!

*2005*

# Г Æ Д Ы Л А – П А Д Д З А Х

*(Драмон аргъау)*

АРХАЙДЖЫТÆ

Г ы ц ц и – зæронд ус.
Л æ п п ы з – йæ хъæбулы хъæбул.
Г æ д ы л а – Лæппызы гæды.
М ы с т а ч ъ е – мыст.
Д о м б а х ъ о – домбай.
А р с æ м æ г – арс.
Б е г ъ ы р ы х ъ о – бирæгъ.
Р у б æ г а – рувас.
С а г о – саг.
Х ъ и л х ъ у с – тæрхъус.
Арсæмæджы бинонтæ.
Кафæг чызджытæ-тæрхъустæ.

## ФЫЦЦАГ АКТ

### 1-аг НЫВ

*Рагон хъæууон уат. Пецы фарсмæ бады Лæппыз. Лæппызы уæрджытыл йæ сæр æруагъта Гæдыла. Гыцци ахсы цыхт.*

Л æ п п ы з
*(зары)*

*Писа, писа,*
*пистæлæг,*
*Хъармкъух писа –*
*хинхæйрæг,*
*арвы хин,*
*зæххы кæлæн,*
*сайынмæ –*
*гæдыртхæрæн…*

*Аргъæуттæ мын*
*алвисыс,*
*стæй мын мæ хай*
*апирыс...*

*Мемæ ‘фсонæн*
*ахъазыс,*
*стæй мæ базыл*
*базарыс...*

*Тæргай дæм дæн,*
*нал хъазын...*
*Уæддæр дæ, о,*
*цас уарзын!*

Гыцци

Дæ цæстытæ дын ма бахæра, макуы,
Цы дзы уарзыс? Йæ хъуынтæ дыл фæкалдта!

Лæппыз

Æз ын, Гыцци, сынтæг ыскæнон хъуамæ,
Æмæ-иу хъармы сфæлдæхдзæнис афтæ...

Гыцци

Мæ цæст ыл мауал ысхæцæд мæ къуымы!
У сусæгхор, фыдхин æмæ гуыдынхъус.

*Гыцци йæм фелвæста цъылын æмæ Гæдыла асæррæтт кодта лæппуйы хъæбысæй.*

Гæдыла

Ми-йау! Ми-йау! Уау-уау!..

*Фыртæсæй феддæдуар.*

Гыцци

Куы ма дæ ссарон,
Дæ астæу дын ныккæндзынæн уæд авд саст!

Лæппыз
*(æрæппæрста йæ был)*

Мæ писаимæ хъазын мæ нæ уадзыс.
Цыма дын исты ахæрæм дæ хæйттæ...

Г ы ц ц и

Дæхи хæйттæ бахæрынæн куы уаис,
Æмæ Гыццийæн ахæр уæд йæ уд дæр.
Фæлæ нæ уадзы цары ауыгъд фиутæ.
Мæ гуымбылтæ мын хæндыгæй фæдавта.

Л æ п п ы з

Дæуæн ыстонджы уаид, уæд…

Г ы ц ц и

Уæд та-иу…
Гæдыйæ райгуырд – рацахсæд мыстытæ!

Л æ п п ы з

Нæ мыстыты мыггаг бындзагъд куы скодта…

Г ы ц ц и

Нæ сыхæгтæм, гъе, быдырты сæ ахсæд!
Фæцис нæ цары бур фиутæм зылындзаст!
Ысдæ йын афтæмæй ды та сæрхъызой.
Чысыл Гагийау ‘рæппæрстай дæ былтæ.
Æз та ныртæккæ фелвасон мæ гуымбыл,
Цæй хъарм инджын дын авæра дæ Гицци…

Л æ п п ы з

Гæдылайæн æз авæрдзынæн йе ‘рдæг!

Г ы ц ц и

Мæ цæстæн мын æй ма æвдис куы загътон!
Æрпир дæхæдæг ацы инджын, рауай.

Л æ п п ы з

Гæдылайы куынæ уарзай, дæ инджын
Нæ хъæуы мæн…

*Фæтæргай æмæ феддæдуар.*

Г ы ц ц и

Кæдæм цæуыс? Цы фæдæ?!
Цы хинæй сыгъд дæ, уынгтылзад гæдыйы
Куыннæ уадзыс дæ хъæбысæй æрхизын?

Æз саударæгæн ма сбæззон мæ мадæн,
Дæ авдудон Гæдылайы дын надæй
Куынæ амарон. Уæ Лæппыз, цы фæдæ?!

*Инджыны къус авæрдта фынгыл, йæхæдæг ауад лæппуйы агурæг. Гæдыла фæзынд, йæ былтæ стæргæ.*

Гæдыла

Зæронд хъембыр! Цытæ дзурут, мæ боныл.
Гæдылайы инджынæй кæны ‘нæхай!
Æз хъуамæ хитон быдырты хæлцагур
Ыстонггуыбынæй – судза хур, къæвда бон.
Мысты мыггаг сæм нал ныууагътон, йеныр
Уый – сойарм æхсин; ды, Гæдыла, бастъæл!..
Нæ уыдзæн уый!

*Зары, кафы инджыны къусы алыварс.*

*Мяу, мяу, мяу!*
*Уауу, уауу, уауу!*
*Ныр цымæ куыд кæндзынæн,*
*Иунæггæй куыд цæрдзынæн,*
*Гъе, фæуон гæндон,*
*Оу, мæ бон?!*

*Ацы къус æрпирдзынæн,*
*Стæй нæ хæндыг сисдзынæн –*
*Нæу мæ цард зындон,*
*Оу, мæ бон!*
*Мяу, мяу, мяу!*
*Уауу, уауу, уауу!..*

*(Инджын кæны мæстæймарæджы хæрд.)*

*Гыцци æрбалæууыд къæсæрыл. Куы йæ ауыдта, уæд ыл аивæй æрæхгæдта хæдзары дуар. Райста цъылын æмæ йæм фæхъуызы.*

Гæдыла

Къусыдзаг цыхт ахордтон,
Ныр фæстæмæ азгъордтон…

Г ы ц ц и
*(айста йын йæ зарæг)*

*Мяу, мяу, мяу!*
*Уауу, уауу, уауу!*
*Дуар дыл æрæхгæдтон,*
*Ныр кæныс быны гæндон,*
*Оу, мæ бон!..*

*(Ныздыхта йыл цъылын. Нæмгæ йæ расур-басур кæны къуымты. Цæуы гæдыйы æрдиаг. Ныппырх кодтой мигæнæнтæ.)*

Мæ хæдзар байсафыны фæнд ыскодтай?!
Æви ысдæ мæ дзаг къуымты къæбицгæс?
Уæдмæ дæ сæры хъæбæртæй фæхъæрзай!
Уæнгсæстытæй дæ аппарон мæ кæртæй.
Мæгуыры бон дыл куы ‘ркæна, уæддæр мын
Мæ хæдзары кой зæгъынæй куыд ризай!

*Лæппыз фегом кодта дуар.*

Л æ п п ы з

Цы ми кæныс?! Гæдыла дын цы кодта?!

Г ы ц ц и

Дæ инджыны къус аирвæзт йæ хъуыры!

*(Гæдыла, йæ син йæ фæстæ ласгæ, асæррæтт кодта дуарæй.)*

Гъе, ууыл хæц, цъыллынг æмæ гæдывад!
Мæ хæдзары дæ кой, дæ хъæр куыд нал уа!

Л æ п п ы з

Дæ хæдзары, уæдæ, æз дæр нæ лæууын!
Инджыны тыххæй чи мары йæ гæды,
Къæрис гуымбылыл ратдзæнис хъæбулы!

*Алыгъд Гæдылайы фæдыл.*

Г ы ц ц и

Кæдæм, хъæбул?! Кæдæм лидзыс, цы кодтай?
Дæ Гыццийы цæмæн ивыс гæдыйыл?
Æви мæ хæдзары бæркæдтæ
Гæдылайы дзыхæй дæуæн нæ тонын?

*Гом дуарæй мыст æрбалыгъд æмæ амбæхст къуымы. Ус æм баззад æдзынæгæй.*

Уæ хорзæхæй, цы амбæхстис нæ къуымы?
Кæд фæзындис нæ хæдзары мыстытæ?
Куыд базыдта, Гæдыла нæ фæлыгъдис?

М ы с т а ч ъ е

Зæронд хъембыр… Гæдыйы тæф Мыс-стачъе
Бæхы бонц-цаумæ, халонау, фæз-зоны.

Г ы ц ц и

Мæ хæдзарæй фæтары у ныртæккæ!

М ы с т а ч ъ е

*(мæстæй йæ мары)*

Ц-цытæ дзурыс?

Г ы ц ц и

Фæтары у дын загътон!

М ы с т а ч ъ е

Цыц-цы, цыц-цы, цы тызмæгæй мæм дзурыс?
Мæ зæрдæ рисы.

Г ы ц ц и

Аскъуыйæд дын, цъаммар!

М ы с т а ч ъ е

Ныццæвдзæнис мæ паралич.

Г ы ц ц и

Уæд тагъддæр!

М ы с т а ч ъ е

Хах-ха, ха, ха, ха, ха!..
Ысхъыдзы мæ кæн,иу-цъус дыл ысхудон…

Г ы ц ц и

Цæугæ ныртæккæ!..

*Цъылынимæ йæ расур-басур кæны. Мыст агæпп кæны йæ разæй. Сылгоймагæн фырмæстæй, стæй фырфæл-ладæй йæ бон улæфын нал у.*

М ы с т а ч ъ е

Ха-ха-ха! Куыд хъал дæ.

Г ы ц ц и

Ныммардзынæн дæ!

М ы с т а ч ъ е

Де 'вæрæнтæ ракал,
Мыстачъе дын дæ дзадджын къæбиц фена!

Г ы ц ц и

*(скодта кæуæгау)*

Ныр уый хыртт-хыртт, ыстонг мырт-мыртмæ хъусон?
Лæппыз, цы фæдæ? О Лæппыз!.. Гæдыла!..

*Æ м б æ р з æ н*

## 2-аг НЫВ

*Хъæды астæу – æрдуз. Рæбынæй – хох. Хохы хуылфы – лæгæт. Лæгæты раз – стыр бæлас. Бæласы бын – Мыстачъейы хуыкком. Мыстачъе иу стыр æнгуз тых æмæ фыдæй æрбатулы. Йæ алыварс æрзилы фæлладæй, фæлæ – цингæнгæ.*

М ы с т а ч ъ е

Кæуылты 'нгуз, кæуылты 'нгуз ыссардтон!
Гыццийы къæбиц рафснайдзынæн ардæм:
Цыхтæй, картофæй, ссад, сæкæрæй, фиуæй…
Уæдæ, æх-хсæртæ, хоры гага, мугæ…
Ц-цы фаг ысты мæ хуызæн мыстæн афæдз?
Хæрынмæ дæр, ц-цæрынмæ дæр мæ х-хуызæн!..
Æндæр лæппу дæн æз!..

*Зары æмæ кафы.*

*Оу, мæ хур,*
*Оу, мæ бон,*
*Цы цард мын æрцыд, ой!*

*Гъе, мæ зард,*
*Гъе, мæ кафт!..*
*Мæ амонд æрзылд, ой!*

*Царды цин,*
*Царды зард –*
*Мæ риуы арфæй, ой!*
*Ацы цин*
*Ныр мæнæн*
*Æрхаудта арвæй, ой*!

*(Фемдзаст лæгæтмæ. Барызт йе ‘ппæлæн ныхæстæй.)*

Цы… цынæ вæййы…
Уæд та мæ паддзах искуыцæй фæзындис?
Мæ дз-дзыхы – цъ-цъенго… хъазгæ… ‘Ндæр, цæй лæппу…
Ныр ц-цалдæр боны ‘нгуз хæссынæн ма у!..

*(Аивæй йæ цæст дары лæгæтмæ, ома, исчи мæ дзы хъусы.)*

Æндæр хабар у мах паддзах Домбахъо!

*(Æнгуз батылдта йæ хуыккоммæ.)*

*Гæдыла фæзынд чиугæ, фæллад, фæлмæцыдæй. Уæддæр зары йæ фырмæстæй.*

Гæдыла

*Оу, дæ-дæ-дæ-дæ-дæ-дæ-дæ-дæй!*
*Ме сджытæй æнæ пырх иу дæр нæй.*
*Амардта мæ иу ус бирæгъ,*
*Пирдзæнис мæ ам цъæх бирæгъ,*
*Фæлæ мын фæстæмæ здæхæн нæй!*

*Цæф – мæ сæр,*
*Мæ фæрсджытæ – цъæхтæ,*
*‘Лвæст – мæ къах,*
*Мæ уæрджытæ – цъæхтæ.*
*Оу, дæ-дæ-дæ-дæ-дæ-дæ-дæ-дæй!*
*Схаудзæн ам мæ мæгуыр уд сыдæй.*
*Ахæрин, фæнды къæбæр уæд,*
*Гъе, сылы кæнæ хъæрмхуыпп уæд,*
*Фæлæ мын фæстæмæ здæхæн нæй!*
*Оу, дæ-дæ-дæ-дæ-дæ-дæ-дæ-дæй!*

*(Йæхи æруагъта къодахыл. Æвиппайд йæ цæстытæ цæхæртæ акалдтой. Йæ рихитæ базмæлын кодта æмæ бахудт.)*

Кæцæйдæр мыл мыстон-быстон тæф ракалд.
Æви мæ тæсæй ме ‘мбудæнтæ сайынц?
Нæ, нæ, æрбадон хъузоны ам искуы,
Æндæра, ‘рцæудзæни мæ мæлæт стонгæй.

*(Æрæмбæхст бæласы фæстæ.)*

*Фæзынд Мыстачъе.*

Мыстачъе

*(амоны лæгæтмæ)*

Нæ хъуыды кæнын афтæ ма æндæр хатт
Ныррæджы кодта хæтæнты фæцæугæ.
Æнæхъæн къуыри нæй æмæ нæ зыны.
Кæд ма нæ ‘рыздæхт афонмæ...

Гæдыла

*(ацахста йæ)*

Æз ам дæн!

Мыстачъе

Мæ... мæ... мæ... Паддзах...

*(Гæдыйы куы ауыдта, уæд йæ цæстытæ амбæрзта йæ дзæмбытæй.)*

Гæдыла

Кастæ мæм æнхъæлмæ,
Æз дæр дæм тагъд-тагъд цингæнгæ фæзындтæн.
Ныртæккæ дын ысхъаздзынæн дæ удæй.
Пысырайау дæ ауæрдон, ыстæй...

Мыстачъе

Нæ!
Нæ бакæндзынæ афтæ ды, мæ паддзах...

Гæдыла

Бакæндзынæн, бакæндзынæн.

Мыстачъе

Уанцон нæу.
Мæ хуыкком – едзаг тæрс, зæгъай, æнгузтæй…
Мæ дзадджын къуым кæмæн зайдзæн æввонгæй.

Гæдыла

Бынбауинаг, цы бæллыдтæ мæ фендмæ?!

Мыстачъе
*(амоны лæгæтмæ)*

Ам цард нæ паддзах Домбаты Домбахъо,
Ыстæй кæмдæр æрбайсæфтис æмбойны.
Цæмæй зыдтам фæзындзынæ дæхæдæг,
О, не стыр паддзæхты паддзах, Гæдыла!
Ныр дын къæхтæхсæг, дзабыртæсæрфæгæй
Ныллæудзынæн, æрмæст мын ратт дæ хорзæх.
Дæ февнæлдæй æз бамбæрстон ныртæккæ,
Дæ цыргъ ныхтæм кæй бахаудис Домбахъо,
Ыстыдтай йын, гъай-гъай, йæ сæр…

Гæдыла

Бæгуыдæр!
Йæ бæсты ныр æз уыдзынæн уæ паддзах!

Мыстачъе

О… табу дын…

Гæдыла

Дæ табутæ кæй хъæуынц?
Мæ ахсæн стонгæй судзгæ арт куы уадзы…
Æркъæмс дæ кæнон!..

Мыстачъе

Тобæ дын, мæ паддзах.
Нæ Домбахъо-иу сучъийы фыд хордта…

Гæдыла

Уæдæ уыл ныр цы тугуарæн ныккодта?!
Паддзахæн æвæрд нард фыдтæ кæм ысты?

Мыстачъе

О, тобæ, тобæ… Тобæ дын, мæ паддзах.

Ныртæккæ æз ныккæндзынæн фæдисы хъæр.
Зæгъын, Домбахъо, карз тохы фæмардис.
Уæлахиздзау Гæдыла йын йæ бынат
Æрцахста, æмæ йе 'ххуырстытæм сиды,
Æмæ дæ разы зонгуытыл лæудзысты…

Г æ д ы л а

*(хинæйдзагæй)*

Фæсайдта мæ, фæцъелф кодта мæ ныхтæй…

М ы с т а ч ъ е

О, афтæ ма дзур… Тобæ дын, мæ паддзах.

Г æ д ы л а

Дæ дзыхыл хæц! Дæ Домбахъойыл сау бон
Æз ныккодтон! Ныр мæ Мыстачъе сайы…

М ы с т а ч ъ е

Æрхæссиккой дын сойкæлгæ дæ хæйттæ…

Г æ д ы л а

Уый кæд?

М ы с т а ч ъ е

Дæ хай нын алхатт дæр цæттæ у.

Г æ д ы л а

Куынæ стæлфай фæстæмæ 'рмæст мæ разы,
Уæд-иу дæ мæрддзæгтæ дæ уæлæ баппар.
Ысфæлдахдзынæн ацы хъæд сыфтæргай.
Пысырайау дæ бауæрддзынæн сурæй,
Ныссадздзынæн дæ удæгасæй михыл,
Æмæ уыдзынæ мæлдзгуытæн хæринаг!

М ы с т а ч ъ е

Уæд басудзон дæ азарæй, мæ паддзах…

Г æ д ы л а

Цæй, тагъд!..

*(Фæцудыдта.)*

Мыстачъе

Ænæмæнг, карз тохы дæ фæрстæ?..

Гæдыла

О, ма кой кæн… Фæуæд уый авд дæлдзæх!..

*(Цыдæр фæхъуыды кодта.)*

Домбайы ссырæй ахаста хæрам,
Фæлæ уый – арсы… Мæлдзыг уый – мæ хъуыны!
Ды тагъддæр уайгæ!

Мыстачъе

Тобæ дын, мæ паддзах!

*(Азгъордта.)*

Гæдыла

Хах-ха-ха-ха!..

*(Йæ рыстытæ йæ сагайдтой, уæддæр зары.)*

*Оу, дæ-дæ-дæ-дæ-дæ-дæ-дæ-дæй!*
*А-зæххыл æфхæрддæр нæй мæнæй,*
*Фæлæ сах мæ хъул куы сбада,*
*Уæд бæллиццаг у мæ пайда!*
*Сыздухдзынæн кады цард фæрнæй!*
*Оу, дæ-дæ-дæ-дæ-дæ-дæ-дæ-дæй!*

*(Нымдзаст лæгæтмæ.)*

Æрмæст мæ галуан ауынын хъæудзæнис.
Сæ паддзах сырдтæн бабын, уый бæрæг у.
Къæйдурæй дæр мын сой æхсыр куыд дуцой,
Æз сын, гъе, ахæм сахъ паддзах уыдзынæн!

*(Лæгæтмæ бацыд хъуызгæ.)*

*Хъуызгæ, цæссыг калгæ фæзынд Мыстачъе.*

Мыстачъе

Мæ бон бакалд. Мæ хæдзар хæлы мæнæ.
Цы с-саразон? Ц-цы ракодтон Хуыцауæн?
Домбахъойы цур уал азы фæц-цардтæн,
Нæ хъуыды кæнын, схуыстæй йæм ыс-сдзырдтон…
Æмæ мын уыд йæхæдæг дæр рас-ст афтæ…

О, Стыр Хуыцау, ныккал фæлтау дæ цæхæр,
Ц-цæйнæфæлтау-ма бахауон йæ ныхтæм!
С-сæрддон-с-сæрддæргъы 'вæрæнтæ фæкодтон,
Зæгъын, мæ зымæг арвитон æвыдæй.
Ныр-ма мæ дзы куы фæуаид фæндаггаг…

*(Фæмидæг йæ хуыккомы.)*

*Рубæга фæзынд, сыллынджытæгæнгæ, йæхинымæры заргæ.*

Р у б æ г а

*Тали, тали, тали, тали-тули,*
*Рари, рари, рари, рари-рури!*
*Цард æрцыди, цин –*
*Зæххыл байзæрстæуыд хин:*

*Фесæфт, фесæфти Домбай æмбойны,*
*Уадзæм ныр сæрибарæй нæ дойны!*
*Цард æрцыди, цин –*
*Зæххыл байзæрстæуыд хин!*
*Тали, тали, тали, тали-тули,*
*Рари, рари, рари, рари-рури!..*

Æцæг, куы фесæфид йæ кой мыггагмæ,
Уæд дунейыл мæ амондæн кæм уаид?!
Йæ галуаны мæхи ыскæнин хицау.
Кæсин-иу сырдтæм уырдыгæй дæлæмæ…

*(Кæсы Домбахъойы лæггæтмæ.)*

Чысыл йæ къуымтыл расæрфин мæ дымæг?
Йæ бæркадджын æвæрæнтæ йын фенин?..

*(Тæсæй фесхъиудта.)*

О, нæ! Уæдта-ма искуыцæй фæзындис?
Кæнæ дзы исты бæрæг хабар хъуысы?..

*(Анығъуылд хъуыдыты.)*

Куы алхæнин Мыстачъейæн йæ зæрдæ…
Æгæр ныхъхъус – кæдæй нырмæ нæ зыны.
Æнæмæнгæй дзы исты бæрæг зондзæн.

*Йæ ныхы цъуппæй хойы Мыстачъейы дуар. Мыстачъе, йæ къухы – чысыл тыхтон, рахызт дзагъырдзастæй, гæдыхъæдау ризгæ. Рубæга йæм лæууы чъылдымæрдыгæй æмæ йæ нæ федта.*

Кæдæм?

*(Мыстачъейæн адæргæй йæ тыхтон æрхаудта йæ къухæй.)*

Цы дыл æрцыд? Цы кæныс?

Мыстачъе

Ды… дæ?

Рубæга

Нæ буц паддзахы уынынмæ фæзындтæн.

Мыстачъе

Ц-цы сæфтæн дæ æрбахастой дæ къæхтæ?
Цы ‘намонды базыртæ дыл æрзадис?
Мæнæн мæ сæр мæ кой куы у…

Рубæга

Цы ‘рцыдис?

Мыстачъе

Домбахъо бабын… Рухсаг уæд нæ паддзах.

*Мыстачъе кæуы, Рубæга фырцинæй ныззылд цъилау.*

Рубæга

У, ух! Хуыцау, мæ хъуыддæгтæ куыд тулынц!..

Мыстачъе

Цы уыдис уый? Цы дыл æрцыд? Цы кодтай?

Рубæга

*(кæнгæ маст æвдисгæ)*

Цы ма кæнон, мæ иузæрдыг Мыстачъе-е?
Цы паддзахæй æнæ паддзах æрбадæн-н!
Мæ хъуыддæгтæ ныссутæ ысты йеныр-р.
Æндæр ран уыдис галуантæ ысуадзын-н
Домбахъойæн кæдæйнырмæ йæ зæрды-ы.
Йæхи уæттæ мæнæн загъта-а…

М ыс т а ч ъ е

*(фæтарст)*

Ц-цы з-зæгъыс?!.

Р у б æ г а

Сыхаг дын уыд. Ысты сыхæгтæ барджын-н
Кæрæдзимæ, дзырдхъом вæййынц, æмæ ды-ын
Æнæмæнг искуы загътаид йæ ныха-ас…

М ы с т а ч ъ е

Цæй ныхас?

Р у б æ г а

Куыд цæй ныхас? Æрымыс æ-æй –
Лæвæрдта мын йæ галуантæ!

М ы с т а ч ъ е

Цы кодтай?

Р у б æ г а

Æз ницы кодтон. Сырдтæн ды зæгъдзынæ-æ –
Домбахъо мын йæ галуантæ ныуагъта-а!..
Æхсæртæ, зæгъ, æнгузтæ дын хæсдзысты,
Æмæ сыхæгтæй ‘нусбонтæм цæрдзыстæм-м…

М ы с т а ч ъ е

Ц-цытæ дзурыс? Гъе, уыдон тыххæй бабын…

Р у б æ г а

Ныр абæстæ мæн уыдзæнис-с!..

М ы с т а ч ъ е

Цы загътай?..
Куы дæ фехъуса ахæм дзыхæй дзургæ…

Р у б æ г а

*(фæтарст)*

Нæ дæ æмбарын, хинæйдзаг Мыстачъе,
Домбахъо нын сæрæгасæй æрыздæхт?
Уæлахизимæ æрхаста тырыса?
Цæмæннæ цæуыс, уæдæ, сырдтæм хонæг?!

Мыстачъе

Домбахъо бабын…

Рубæга

Тынг хорз! Гъе, ‘мæ, афтæ-æ…

Мыстачъе

Йæ бынаты йæ удыскъуынæг рабадт!

Рубæга

Цытæ дзурыс?! Уæд чи у, цымæ, уагæр?

Мыстачъе

О, сабырдæр… Гæдылаты Гæдыла –
Æнæхъæн сырдты паддзæхты паддзахдæр!
Домбахъойы дзæмбыйæ у чысылдæр,
Фæлæ йæ тых та!.. О Хуыцау, æрхауай!
Гæдылайы тыхы къуыбар куы скодтай,
Мæнæн дзы фаг цæмæннæ радтай йеуæд?
Домбахъойы ныскъуыдтæ кодта мургай,
Йæхицæн у æрмæст йæ уæн дæндагдзæф.

Рубæга

Домбахъойы ныскъуыдтæ кодта мургай,
Йæхицæн у æрмæст йæ уæн дæндагдзæф?!

Мыстачъе

*(кæуы)*

Нæ Домбахъо… Фæбадти сау нæ паддзах…
Ныр тугуарæн ныккæндзæнис нæ сæртыл.
Фæлæ – æмбæхсгæ… Лидзгæут фæйнæрдæм!

*Йæ тыхтон фелвæста æмæ, хæбæцц-хæбæццгæнгæ, алыгъд.*

Рубæга

Цы хъусын ай? Цы фыд-фынты хай бадæн?
Домбайæ фыддæр чи у, ахæм паддзах
Куыд ысфæразæм, йеу фæуа, нæ къона?
Цы лæвæрттæ нæ домдзæни? Цы кæнон?

Фæцæуон, сырдтæн радзурон мæ фыдуац:
Домбахъойы нын чи скодта кæрдихгай,
Йæхицæн та æрмæст йæ уæн дæндагдзæф
Кæмæн фæцис, гъе, уыимæ нæ сæртæ
Куыд фæуыдзысты сау еууаг, мæ къона.

*(Ацыд катайгæнгæ.)*

*Гæдыла тых æмæ фыдæй, фæлæ, цинæй райгæ, лæгæтæй раласта стайы царм. Фæразгæ дæр æй нæ кæны, архайы, куы йæ æрцауындзид бæласы цонгыл, афтæмæй зары.*

Г æ д ы л а

*Хур тагъд куыд тулы, зæхх куыд зилы –*
*Нæ цардæн иуран æрхæст нæй.*
*Æрвыл æхсæвы бон куыд ивы,*
*Нæ цард дæр афтæ у, уæллæй!*

*Цыфæнды хорз фидæнмæ ма бæлл,*
*Куыдфæнды ма цæрай фæрнæй,*
*Уæддæр дæхицæй уæгъды ма ʻппæл,*
*Зæххыл паддзахæй хуыздæр нæй!*

*Дæ зæрдыл маргъы ʻхсыр куы лæууа,*
*Уæддæр дын æй хæсдзысты ʻдзух.*
*Дæ ныхмæ исчи кæд фæлæууа,*
*Уæд ын йæ мукъутæ ныздух!*

*Хур тагъд куыд тулы, зæхх куыд зилы –*
*Нæ цардæн иуран æрхæст нæй.*
*Æрвыл æхсæвы бон куыд ивы,*
*Нæ цард дæр афтæ у, уæллæй!*

Кæцæй æнхъæл уыдтæн æз æмæ абон,
Мæ хъул æнæмæнг афтæ сах ысбада.
Мæнæй æдыхдæр чи разына сырдтæй,
Хъузæттæ радгай уыдонæй кæндзынæн.
Цыты бынæтты баддзысты мæ цуры.
Мæ гæды дзырдтыл «нæ» зæгъынæй далæ
Быдыры дæр æмризæджы куыд ризой.
Куы сызмæлой, сæ дæлдымæг-иу уайтагъд
Ыскъуырдзынæн мæ къахы фындзæй афтæ…

*(Йæ къах фæцæй хъил кодта æмæ фæуæлгоммæ.)*

Оу, дæ-дæ-дæ-дæ-дæ-дæ-дæ-дæй!..
Мæ тæригъæдæй бад, Гыцци, мæстхæлдæй.
Мæ фæрсджытæ лыстæг зыгуым ныййисты.
Цы мæрддаг сырд у, акæс-ма, йæ царм ын
Бæхуæрдоныл нæ акæндзынæ иу ласт.
Цы ахст туг баззад къæдзæхдуртыл, уым æй
Дзæбæх ыстылдтон. Бакæс-ма йæм, бакæс…
Бынтон нæуæгæргæвстæнгæс æвдисы.
Зæгъдзынæн сырдтæн – нал бæззыдис йе ‘взаг,
Домбахъойы фарс рахæцынмæ хъавыд,
Æмæ йæ уайтагъд аййæфта фæстейæ.
Йæ царм ын уæлæ къалиуыл æрцауындз!..
Уæд фыртæсæй сæ зонд фæцæуид сырдтæн.

*(Нæ йæ фæразы бæласы цонгмæ. Тыхсы.)*

Цы чындæуа? Ныр тагъд зындзысты ардæм…
Бæргæ йыл хъæуы истæмæй ысхæцын…

*(Цæмæй йыл схæца, ахæм исты агуры.)*

Йæ галуаны дæр ницы уаид ахæм?

*(Бацыд галуанмæ.)*

*Хъавгæ, тæрсгæ-ризгæ фæзындысты Арсæмæг, Бегъырыхъо, Рубæга, Хъилхъус, Саго, сырдтæ. Рубæга аивæй йæхи уромы фæстейæ.*

Бегъырыхъо

*(Рубæгайæн мæстыйæ)*

Дæхи фæстæмæ ма лас. Цу мæ разæй!

Рубæга

Мæ къахы сындз фæныхстис æмæ рисы…

Бегъырыхъо

Гæды митæ!..

Арсæмæг

Уæ кæрæдзи цы хæрут,
Æнæуый дæр сæфты къахыл куы лæууæм?

Р у б æ г а

Мæ мард хъæбулы цæсгомыстæн…

Х ъ и л х ъ у с

*(Бегъырыхъойæн)*

Уадз æй.

Б е г ъ ы р ы х ъ о

Дæ дзыхыл хæц!

А р с æ м æ г

Цы мард уыл æрцыд, уагæр?

Р у б æ г а

*(скодта кæуæгау)*

Мæ дæлфады сындз фелвасæн мын нал ис…

Б е г ъ ы р ы х ъ о

Мæ разæй цу! Дæ сайд уд дын æлвасын!..

*(Фемдзаст сты стайы царммæ. Ныууохх кодтой. Тарстæй зилынц йæ алыварс.)*

Йæ мукъутæ уал амур кодта амæн.

Х ъ и л х ъ у с

Мæгуыр йæ бон…

Р у б æ г а

Цæуыл тъизыс, хæлынхъус?
Нæ туг нын дойныйæн куы нозта. Агъæц,
Нæ зонддждын паддзах базондзæнис, чи циу?

А р с æ м æ г

Ыстыр у тынг?

Р у б æ г а

Цытæ дзурыс, Арсæмæг!..

Х ъ и л х ъ у с

Домбахъойы нын чи скодта кæрдихгай!..

Арсæмæг

Йæхицæн у æрмæст йæ уон дæндагдзæф?..

Бегъырыхъо

У, ух! Йæ тыхы иу хай мæ куы уаид!

Хъилхъус

Цæгъддзæнис нæ.

Бегъырхъо

Цы цæгъдинаг дæ ‘рдæгмард?
Хах-ха-ха, ха!..

*Æгæр хъæрæй худтын фæцис æмæ фестад цавддурау. Рубæга у агæппæввонг. Хъилхъусæн йæ уæрджытæ фесты йæ быны. Арсæмæг сæм кæны фæрсæджы каст.*

Саго

Цы судзаггаджы судзгæ мард уыл æрцыд?
Фæрсæг уæ нæй. Нæ кой нæ кæны ничи.
Тæрсгæ-ризгæ уæддæр йæ дзыхмæ хилæм.
Æрмæст нæм тигъмæ ма кæсæд, æндæр ын
Йæ къæхты бынтæн апъамæ цæттæ стæм.
Йæ бындзытæ йын сурдзыстæм, нæ сæртæ
Йæ къæлæтджынæн бабæззæнт æрмæстдæр,
Æмæ нæ уымæй хуыздæр цард нæ хъæуы!

Бегъырыхъо

Нæ дæ хъæуы, æмæ фæстæмæ – уайгæ!

Саго

Æмæ цæуын. Нæ уарзын æз, мæ сæрæн
Йæ астæуты паддзах дæр сима зул-мул!

Рубæга

*(иуварсмæ)*

Куы асенк кæнид, паддзахмæ фæуаин
Хæрзæггурæггаг, афтæ ‘мæ дæ, афтæ,
Саго нæ уарзы.

Б е г ъ ы р ы х ъ о

Мæлæты сæрыстыр!

А р с æ м æ г

Цæуын нæу зын, æрмæст дæ фæдыл зилдзæн,
Дæ аууонау, нæ паддзахæн йæ фыдæх.
Нæ уыцы тасæй зæрдæтæ нырризынц…

С а г о

Тæрсгæ-ризгæ дымыстæрæй фæцæрын
Цы туджы ис, нæ бамбардзæнис никуы,
Сæрыстыр цардæй иунæг уысм цæй аргъ у!

*(Ацыд.)*

Х ъ и л х ъ у с

Тæхудиаг дæ ныфс…

Б е г ъ ы р ы х ъ о

Ды та ныхъхъус у!
Кæд паддзахимæ баиу уа нæ ныхас,
Сæрыстыр цард ын раттдзынæн уæд, агъæц!
У, ух!..

А р с æ м æ г

Бегъырыхъо, ныууадз дæ хылтæ.
Куырой куы зилы акæс ма нæ сæртыл.
Нæ паддзахмæ куыд бацæуæм, цы хуызы,
Гъе, уый у ахсджиаг ныртæккæ.

Б е г ъ ы р ы х ъ о

Уæд уал
Ныззарæм тагъд йæ кады зарæг иумæ,
Ыстæй нæ хондзæн мидæмæ.

А р с æ м æ г

Цы зарæг?

Б е г ъ ы р ы х ъ о

Цæй, «Айс æй, ахæр æй!»

Рубæга

Зæгъын уал,
Нæ хистæртæ куы бацæуиккой кадæй
Паддзæхты паддзахмæ, цæмæй йæм мацы
Хъыг ма фæкæса…

Арсæмæг

Иу фæнд ис мæнмæ дæр:
Мах бамбæхсæм. Рубæга у дзырдарæхст.
Уый бадзурдзæнис паддзахмæ. Зæгъдзæн ын,
Кæй бæллæм мах, йæ цагъартæ, йæ уындмæ.
Æмæ йæ фенæм. Сусæгæй йæ фенæм.

Рубæга

Мæ цард, мæ ныфс, мæ æмдзуарджын Арсæмæг…
Хъилхъусы хуызæн дзырдарæхст мыггагмæ…

Хъилхъус

Мæ… зы-ынг… хуыссы…

*(Йæ зæрдæ бахъарм æмæ къодахы ауон адæргъ.)*

Бегъырыхъо

Æмбæхсæм мах. Ды – размæ!

*Арсæмæг бæласыл схызт. Бегъырыхъо Мыстачъейы хуыккомы ауон къутæры ныббырыд. Хъилхъус нал æнцайы йæ тарст фесхъиу-фесхъиуæй. Рубæга згъалы йæ цæссыг, нæ уæнды лæгæтмæ. Райгæ фæзынд Гæдыла. Йæ къухы – паддзахы лæдзæг. Сырдтæ йæм кæсынц тарст æмæ дисгæнгæйæ. Уый сæ нæ уыны.*

Сырдтæ иумæ

*(фæрсæрдæм)*

Паддзахы лæдзæг!.. Уагæры цы сырд у?!

Гæдыла

Ныртæккæ базондзыстут, чи дæн. Чи дæн?!

*(Лæдзæггæй хъавы стайы царм сисынмæ.)*

Уый чи ‘рпырдта, гъе, уымæ исчи зулдзых
Йæ фыны дæр ысуа, кæй фæнды, сырдтæ?

*(Сырдтæ ризынц фыртæсæй.)*

Уæ удтæй уын ысхъаздзынæн, фæлæуут,
Тæнтъигъæггуырд Домбахъойы хæлæрттæ!..

*(Бегъырыхъойы хъусы цъупп Мыстачъейы хуыккомы ауунæй сзынд. Куыд ризы, уымæ фемдзаст Гæдыла.)*

Кæсут-ма ацы саухъус мыст-цыдæрмæ.
Мæн дæлæмæдзыд сайынвæнд ыскодта!
Æз дын ныртæккæ!..

*(Йæхи йыл ныццавта. Ацахста йын йæ хъус. Æмæ бирæгъ нынниудта. Ныццавта хъæдмæ.)*

Б е г ъ ы р ы х ъ о

Фесæфтæн, Арсæмæг!

*(Гæды фæтарст. Ныффутт кодта. Сгæпп кодта бæласыл. Арс афтæ фенхъæлдта, уымæ схизы – æрхауд зæхмæ. Йæхи аппæрста бирæгъы фæдыл.)*

А р с æ м æ г

Мæхицæн йеуу кæны мæ къона-а!..

Г æ д ы л а

*(йæхицæн)*

У-уа!..
Куыд фæцæй сæфтæн ‘нæнхъæлæджы мæнæ…

*(Фемдзаст гæдыхъæдау ризæг Рубæгамæ.)*

Ды та кæцы дæ?!

Р у б æ г а

Басудзон дæ ардæй,
Дæ цагъар дæн.

Г æ д ы л а

Дæ хъузæттæ цы фесты?!

Р у б æ г а

Дæ фыдызнæгтæ афтæ уæнт, мæ паддзах.

Г æ д ы л а

Кæмæ цыдыстут сусæгæй?

Р у б æ г а

Æргом дæм
Нæ ныфс нæ хастам, бастъæлæм, нæ паддзах.
Дæ фенын та нæ афтæмæй фæндыдис…
Сагойæ дарддæр! Уый паддзах нæ зоны.
Ныргæвдинаг у! Иннæтæ дын хъуамæ
Лæвæрттæ ‘рхæссой. Базонын фæндыд сæ,
Цы агурынц дæ уд æмæ дæ зæрдæ?

Г æ д ы л а

Цæугæ сæ фæдыл. Бафæдзæхс сæ карзæй:
Сæ хъару сæ куыд амоны, раст афтæ
Нæуæгæргæвст кусæрттагæн йæ нæрдтæй
Сæ лæвæрттæ куыд аразой æрвылбон!
Мыстачъе та кæм зæххы скъуыды фесæфт?

Р у б æ г а

Дæ азарæй сыгъд æрбауон мæ паддзах…

Г æ д ы л а

Кæм ис, зæгъ æй!

Р у б æ г а

Дæ рухс галуанæй… алыгъд.

Г æ д ы л а

Мæнгард цыдæр!.. Æрбаласут æй тагъддæр!

Р у б æ г а

Дæ азарæй, уадз, басудзæд, мæ паддзах…

*Фæцæуы. Тæрхъус рабадт æмæ, йæ хуылыдз хæлафыл æрхæц-æрхæцгæнгæ, фæцæуы йæ фæдыл. Гæдыла йæм нымдзаст.*

Г æ д ы л а

Ды та кæдæм?

Х ъ и л х ъ у с

Ы, ы, ы?..

Гæдыла

Хъæудзынæ мæ!
Фæстæмæ раздæх. Иу хонæг уал ауадз.

*Æмбæрзæн.*

## ДЫККАГ АКТ

## 3-аг НЫВ

*Хъæды астæу Домбахъо – йæ фарсыл хаудæй, хызы тыхтæй. Уынæргъы. Хъæрзы. Йæ уд уæлдай кæны хыз атоныныл. Фæлæ йæ нæ амоны йæ хъару уыйбæрц æмæ та ныррыхы йæ фырмæстæй.*

Домбахъо

О, бастъæла, йæхи уды фыдæнæн
Æппæтхъомы ном чи ратты йæхицæн,
Йæ тыхы цæсты чи фæкæсы цардмæ,
Хæрдмæ скæсын кæй бæрзæй нал фæтасы.

Паузæ.

Мæ тыхы бæрц Хуыцаумæ дæр нæ уыдтон.
Фæбогъ-иу кодтон хъæды иу кæронæй,
Йæ иннæ фарс-иу барызтысты сырдтæ.
Сæ къæхтæ-иу фæкъæдз сты сæ быны…
Куыд сыл худтæн тæнтъигъæгтæ, тæппудтæй!
Мæйдар æхсæв дæр хур бонау лæгæрстон.
Мæ фыдызнаг мын иу цæфæн нæ лæууыд…

Паузæ.

О, йеуу фæуон, кæд уый зæрдæ мæ сайдта…
Цыдæр хызтæм, цыдæр дызгъуынтæм кастæн.
Сæ бийæгыл мæ мид-зæрдæйы худтæн.
Æнхъæлдтон, у хæлуарæджы бындзахсæн.
О ме 'дылы сæр, с' астæумæ куыд хаудтæн?!

*Бегъырыхъо æрбагæпп кодта лæф-лæфгæнгæ. Домбахъойыл йæ цæст дæр нæ акъуырдта. Фæтæхы дарддæр.*

Бегъырыхъо!

Бегъырыхъо

Мыстачъейы нæ федтай?
Мæ мæгуыр у-уд йæ агурынæй ас-скъуы-ыд.
Куы йæ ‘рцахсон, мæгуыр мын уæд йæ къона!..

*(Хъæды ныццавта дарддæр.)*

Домбахъо

Цы кодта уый? Кæд-ма йæ хъуыд Мыстачъе?
Йæ дзырды сæр йæ гуыбын у æрмæстдæр.
Мыстачъе та… Ыстæй мæнмæ фæстæмæ
Куыннæ фæкаст? Уыдис йæ бакаст афтæ,
Цыма мæ никуы бонты федта…

*Арсæмæг æрбацыд хъуызгæ. Домбахъойы куы ауыдта, уæд йæ дзæмбытæй амбæрзта йæ цæстытæ.*

Арсæмæг

Домбахъо дæ?

Домбахъо

Фæзындтæ мæм, Арсæмæг?
Хах-ха-ха-ха!.. Зыдтон æй æз – зындзынæ!..
Æрмæстдæр мын дæ бон уыдзæнис баххуыс!..

Арсæмæг

Цуаны дæн. Нæрдгусарт не ‘фты къухы.
Дæ уынæрмæ фæбырыдтæн мæ фазыл.
Æнхъæлдтон – ис мæ амæттаг мæ ныхты.
Фæсайды дæн…

Домбахъо

Мæн агуырдтай, мæ фæндæй?
Куы йæ зоныс, куыд тыхджын мæ хъуыд де ‘ххуыс.
Ныр мæ ыссардтай…

Арсæмæг

Нæ дæ ыссардтон.

Домбахъо

Ма худ!
Æвввахс æрбацу. Хыз уыныс мæ уæлæ?

А р с æ м æ г

Æз ницы уынын…

(*Фæцæуы.*)

Д о м б а х ъ о

Ау, мæн дæр нæ уыныс?

А р с æ м æ г

Дæу дæр нæ уынын. Æз уынын мæ фидæн.
Æрмæстдæр уый. Мæ сабыр цард…

Д о м б а х ъ о

Паддзах дæн!

А р с æ м æ г

Фæрнæй дзы бад.

Д о м б а х ъ о

Дæ паддзах дæн!

А р с æ м æ г

Уый уым ис.
Уым паддзахы къæлæтджыныл æрбадтис.
Уым паддзахы ыстыр лæдзæг – йæ къухы.

(*Ацыд.*)

Д о м б а х ъ о

Цы уынын ай?! Цытæ хъусынц мæ хъустæ?!
Мæ мæлæтмæ цæмæн бæллынц мæ хъантæ?
Мæ дæлбазыр сæ уый тыххæй фæдардтон?
Мæ дæлфæдтæ мын фырпъатæй куы хордтой,
Йæ тыхсты сæ куыд ферох уæд сæ паддзах?

П а у з æ.

Кæсут, цы уыдтæн!... Нал сæ хъæуын йеныр.
Бæрзонд куы лæууай, табу дын кæндзысты,
Æрхаудтай, уæд æххуысы къухмæ ма кæс.

П а у з æ.

Æниу, нæ мыггаг иухуызон кæм уыдзæн?
Мæгуыр дзы чи у, уый… мæхи Рубæга.
Мæн мысгæйæ йæ цæссыг, бецау, калдзæн.

У-у-у!..
Æз-иу цалынмæ не суагътон мæ дойны
Сырды хъарм тугæй, уый-иу бадт фæрсылæй.
Ыстæй куы хордта, йеуæд дæр æфсæрмæй…
Мæн æфсæрмæй! Ныр расиддзæнис мархо.
Æниу, мæ мастæй афонмæ кæд искуы,
Хъæды халонау, иунæгæй дæ мæлæт
Æрцыд æмæ дын къахы сынт дæ сау цæст?
О, нæ! Мæлæт, æрцу мæм йеуæд тагъддæр,
Мæрдты бæсты Рубæгайы мæ риуыл
Цыкурайы фæрдыджы ‘фсон куыд дарон!
Æрцу мæм тагъд! Æрцу мæм тагъд!! Æрцу мæм…

Р у б æ г а

*(йæ хъæр хъуысы æддейæ)*

Гъей, гъей, кæм ыстут, сырдтæ! Тагъддæр уе ‘ппæт
Нæ паддзахæн сæумæцъæхæй лæвæрттæ
Æрбахæссут куыдхуыздæронæй…

Д о м б а х ъ о

Оу, уа!
Кæсут-ма йæм… Рубæга… Тагъддæр рауай!..

Р у б æ г а

*(æрбацыд хъæргæнгæ)*

Гъей, гъей, кæм ыстут, сырдтæ!..

*(Домбахъомæ кæсы зулмæ, ома, нæ дæ зонын.)*

Тагъддæр уе ‘ппæт!..

Д о м б а х ъ о

Мæхи Рубæга! Рауай мæм хæстæгдæр!

Р у б æ г а

Мæ куысты дæн. Уæлдæйттæ мæм куыд дзурыс?
Нæ паддзахæн лæвæрттæ…

Д о м б а х ъ о

Æз паддзах дæн.

Р у б æ г а

Уæд онгбаст æмæ уонсастæй цы хуыссыс?

Д о м б а х ъ о

Мæ сæфт æрцыд, фæлæ уыдтæн дæ паддзах.
Домбахъо дæн.

Р у б æ г а

Хæрæгæн дæ йæ дымæг!
Гъей, гъей, кæм ыстут, сырдтæ!..

*(Ацыд.)*

Д о м б а х ъ о

Ух-х, мæ боныл,
Куы дæ зыдтаин, хин æмæ кæлæн дæ!..
Мæхиуыл нæ, мæ бандоныл мын тадтæ.

*(Фырмæстæй ныррызт æмæ баззадис дзагъырдзастæй.)*

*Йæ къæхтæ фырфæлладæй йæ быны дыдæгътæ кæнынц, афтæмæй фæзынд Мыстачъе. Йæ бон цæуын нал у. Ахауы, фæлæ та бæлæсты æнцæйтты рабады.*

М ы с т а ч ъ е

Мæ бон кæлы… Мæ з-зынг хуыссы… Мæ къæхтæ,
Цы мард уыл æрцыд? Бадон ис уæ хъару?
Куы райгуырдыстæм ацы зæххыл иумæ,
Сымах мæнæй ц-цæмæн стут зæронддæр?

П а у з æ.

Æц-цæг, ныр цал бон не суагътат уæ фæллад?!.
Уæддæр-ма мын ныффæразут хæрз чысыл…
Хæрз чыс-сыл-ма, ‘мæ авд хохы фæстæмæ
Нæ с-сæр фæхæс-сæм. Афонмæ Гæдыла
Кæд базыдта, мæ сау сæр дзы æмбæхсын,
Уæд нæ сæумæйæ, уады футтау, сурдзæн.

*(Фыртæсæй ныррызт. Йæ уд-ма скъуыны размæ, фæлæ йæ къæхтæ йæ коммæ нал кæсынц æмæ зæххыл ныддæлгом, хъарæггæнгæ.)*

О, уас нæ фæлмæнзæрдæ, сахъ Домбахъо,
Нæ зынгхуыст Домбахъойы тæригъæдæй
Ма дæр ц-цард фена,
Ма дæр бон фена,
Ма дæр цъ…

Домбахъо

Мыстачъе нæ дæ, цы?

Мыстачъе

Мæ бон бакалдис…

Домбахъо

Мыстачъе!..

Мыстачъе

Мæ хæдзар фехæлд…

Домбахъо

Мыстачъе хъуамæ уаис, уæдæ, чи дæ?
Мæлдзыгæн йе сæфт базыртæ æрхæссынц.
Дæу та цы ‘рхаста ацы сæфт бынатмæ?

Мыстачъе

Домбахъо дæ?

Домбахъо

Æз дæн, Мыстачъе, ма тæрс.

Мыстачъе

Æмæ… Куыд тагъд ысмидæг дæ дзæнæты?

Домбахъо

Уæлæуыл дæр мын нал баззад кæнинаг.

Мыстачъе

Уæдæ, æз дæр… Ныртæккæ мард дæн?

Домбахъо

Рагæй.

Мыстачъе

*(хъарæггæнгæ ныддæлгом зæххыл)*

О удхæссæг, мæ иунæджы тæригъæд
Дæ фæдыл æфтыд фæуа,
‘Мæ ма бафсæд цæрынæй,
Мæнæн мæ амæлæт дæр чи нæ базонын кодта;
Мæнæн мæ зынг чи ахуыссын кодта;
Мæн хурмæ мæхи тавын чи нæ бауагъта…
Æндæр-ма дæ куыд фелгъитон?..

Д о м б а х ъ о

Дæ фындз цы ‘руагътай, де стыр уд дзы аскъуыд?

М ы с т а ч ъ е

Мæнæй дæр уыцы иунæг уд ыскъуыйы.
Сæрддон-сæрддæргъы ‘нгуздавæн фæкодтон,
Ныр мын кæмæн баззадысты æввонгæй?

Д о м б а х ъ о

Уæдæ, æгас дæ, мауал тæрс, Мыстачъе.

М ы с т а ч ъ е

Æмæ ды та? Цæмæн лæууыс бæстытæй?
Нæ дæ амардта?!

Д о м б а х ъ о

Уды-ма бæргæ дæн…

М ы с т а ч ъ е

Фæзындзæн-ма дæм?

Д о м б а х ъ о

Уастæн фыд æвæрæд!

М ы с т а ч ъ е

Мæ хæдзар фехæлд… Багæндон дæн… Тагъддæр!

Д о м б а х ъ о

О, азмæл, мæ хур, фесæфынæн иу дæр
Уыдзæнис фаг.

М ы с т а ч ъ е

Ды та?

Д о м б а х ъ о

Æз-ма кæй хъæуын…

М ы с т а ч ъ е

Цы сым-сым кæныс?! Тагъддæр – дугъ мæ фæдыл!

Д о м б а х ъ о

Куы мæ уыныс, куыд стыхстæн йæ хызы.

Мыстачъе

Ныскъуыдтæ йæ кæн! Арæцугъ æй иуварс!

*Домбахъо архайы хыз аскъуыныныл, фæлæ йын нæ комы æмæ фырмæстæй рыхы йæ тых, йæ бонæй. Йæ рыхынмæ Мыстачъе йæхи ныццæвы арвыл.*

Нæ дын комы?

Домбахъо

Хызбийæг зоны, хыз ын
Быд кæмæн у! Домбай уæнгты ‘хсар бадон.

Мыстачъе

Хызы мурæй?!

Домбахъо

Рæхысау мыл æртыхстис…

Мыстачъе

Æрмыртт-мыртт æй кæн, хызбийæгмæ ма хъус!
Мæнмæ фæкæс…

*(Æхсыны хыз. Домбай йыл худы.)*

Домбахъо

Цы ми кæныс, Мыстачъе?
Мæ хъару йыл кæдæй нырмæ фæлварын.
Мæ бон куынæ у, аскъуынон дзы иу таг,
Уæд ын дæ тых цы бакæндзæни, мардзæ?

Мыстачъе

Хынджылæг ма кæн, уый мæнæн – гæнгæлы.

Домбахъо

Дæхæдæг – уайгæ, ‘рцыд мæнæн мæ адзал.
Йæ кæлæнæй мæ баппæрста йæ хызы!..

Мыстачъе

Йæхицæн та хъæдгом – æрмæст йæ иу уæн.

Домбахъо

Кæмæн?

М ы с т а ч ъ е

Гæдылайæн, йæ бон ныккала.
Дæ галуаны æрбаттис ныр паддзахæй.
Йæхимæ сиды сырдтæм…

Д о м б а х ъ о

Куыд Гæдыла?!
Цæй Гæдыла?! Цæмæн мæ лидзынц сырдтæ?!
Мæ галуанмæ йæ 'намонд сæр кæй хæссы?!

М ы с т а ч ъ е

Дæу ам фæхты куы ныххоста æрдугай…

Д о м б а х ъ о

Кæй ныххоста?!.

М ы с т а ч ъ е

Дæхи-ма айваз йеныр.

*Мыстачъе йын йæ хызы тæгтæ дæндагæй алыг кодта. Домбахъо йæхи куы атъæпп ласта, уæд алиуырдта хызæй.*

Д о м б а х ъ о

Цы диссаг у!.. Куыд феуæгъд дæн?! Цы хуызы?!

М ы с т а ч ъ е

Æз дæ ысуагътон.

Д о м б а х ъ о

Чи 'рцахста мæ галуан?!

*(Фефсæры мæстæй тъыфылтæ калгæ.)*

М ы с т а ч ъ е

Дæ сæфты къахыл ма ныллæуу, Домбахъо!
Æрхæст-ма дыл, уæд дын хатыртæй нал у.

Д о м б а х ъ о

Мæ фæстæ уайгæ!

М ы с т а ч ъ е

Фехæлди мæ хæдзар!..

*Фæцæйлыгъд хъæды тарфмæ, фæлæ йæ Домбахъо рацахс- та иу гæппæн. Фæласы йæ тыхæй йæ фæдыл.*

Домбахъо

Мæ фæстæ, загътон! Тохы бон Домбахъо
Гæдылатæ-бæдылатæй нæ тæрсы!
Æрмæстдæр мын æй ацамон ды дардмæ,
Ыстæй мæ адзал уый ныхты æрцæуæд!

Мыстачъе

Куыд амардтæн… Куыд фесæфтæн… Мæ боныл…

*Домбахъо йæ зæрдæхъæрмттæгондæй аласта йæ фæдыл.*

*Æмбæрзæн.*

## 4-æм НЫВ

*Дыккаг нывы бынат. Бæласы цонгыл ауыгъд – стайы царм. Йæ быны паддзахы къæлæтджыныл, йæ къухы – паддзахы лæдзæг, бады Гæдыла-паддзах. Хъилхъус ыл маргъы систæй арæзт уæлдæфкалæнæй калы сыгъдæг уæлдæф. Рубæга æрбауад.*

Рубæга

Æд цот Арсæмæг ‘рбацæуа, мæ паддзах?

Гæдыла

Цы сæм ис?

Рубæга

Хуын, мæ паддзах, хуын. Ыстыр хуын!

Гæдыла

Уæд рацæуæнт.

Рубæга

*(йе ‘рмттæ æрхоста сæ кæрæдзийыл)*

Нæ паддзахы хорзæх уын
Ыстыр Хуыцау дæтты!

*Æрбацыд Арсæмæг æд цот. Тæбæгъты æрбахастой галы сгуытæ.*

А р с æ м æ г

Табу – дæхицæн,
Нæ паддзæхты паддзахдæр.

Р у б æ г а

Хуын æм бахæсс!

*Арсæмæг æм дæтты хуын. Уый та Хъилхъусмæ дзуры.*

Г æ д ы л а

Цу, ацаход дзы. Смаггæнаг та ма уæд.
Æмбыд фыд сын мыды ад кæны рагæй.

Х ъ и л х ъ у с

Хæлар дын уæд. Мæ динæй мын нæ фæччы.

А р с æ м æ г

Дæ цæхæрæй сыгъд фот мæ сæр, нырма дæр
Йæ туг нæ бацахст, ацаход дзы хъармæй.

Г æ д ы л а

Мæ фынг!

*(Рубæга йын фынг авæрдта йæ разы.)*

Тыхджын смаггæнаг нæу, уæддæр мæ
Уæрццы хъарм фыдæй саходын фæфæнды.
Мæ уæнгты туг æгæр кæны цæвæнтæ,
Уæрццы фыдæй мæ маст чысыл фæсæтты.
Æнæмæнг мын сæурайсоммæ уæрццы фыд –
Уæхстыл фыхæй!..

Х ъ и л х ъ у с

*(Гæдылайы хъусы)*

Уырыдзытæ-иу схæссæнт.

Г æ д ы л а

Цы сæ кæнæм?

А р с æ м æ г

Нæ мыггаджы нæма уыд, –
Дæ азарæй, о, басудзон мæ паддзах, –
Уæрццыл чи кæна цуан…

Гæдыла

Цы ‘рцыд, Рубæга?
Мæ хъусæнтæ цы хъусынц?

Рубæга

*(Арсæмæгмæ)*

Цицц дын, загътон!
Тæккæ райсом физонæгæй уæрццытæ
Куыд уа нæ фынгыл!

Арсæмæг

Гъеу фæци мæ къона…

Рубæга

Дæ дзыхыл хæц!

Гæдыла

*(Рубæгайæн)*

Дæ дзæмбы кæд нæ риссы?

Рубæга

Мæ паддзахы знæгты хойынмæ ‘ндон у!

*(Ныппуртт ласта Арсæмæджы былтæ. Уый Гæдылайы тæсæй ныххæцыд йæ дзыхыл.)*

Гъа, домдтай уый æмæ йыл хæц!

*Æддейæ æрбайхъуыст хъæлæба æмæ Рубæга ауад сæ размæ. Фездæхт цингæнгæ.*

Мæ паддзах!..
Æрбацæуынц!

Гæдыла

Кæй нæм хæссынц сæ къæхтæ?

Рубæга

Ды кæй уарзыс…

*Музыкæйы зæлтимæ, сæ къахфындзтыл сиргæ, фæ-зындысты кафæг чызджытæ-тæрхъустæ. Кафынц æмæ зарынц. Ныррухс*

*Гæдыла-паддзахы зæрдæ. Сæхи асæр-фынц Гæдылайыл. Уый дæр сæм æнæуаг æвнæлд фæкæны æмæ фырцинæй фæцæй тайы.*

Кафæг чызджытæ

*(зарынц)*

*О, нæ паддзæхты паддзахдæр,*
*Нæй зæххыл дæуæй хуыздæр!*
*Уымæн дыл куы кæлæм мах дæр –*
*Дæн дæуæн нывонд æз дæр.*

*Уадз, æмæ дæ рæвдыдæй*
*Зæрдæ пилон феста!*

*Махæн у дæ мидбылхудт*
*Хурты хуры фендау!*

*Худын, райын чи зоны,*
*Уарзы уый фыдуарзтæй!*
*Ам дæ разы чи хъазы –*
*Хиздзысты дæ мастæй!*

*Уадз, æмæ дæ рæвдыдæй*
*Зæрдæ пилон феста!*
*Махæн у дæ мидбылхудт*
*Хурты хуры фендау!*

*Фæзынд Бегъырыхъо фæллад æмæ хауд-зæрдæйæ. Фæхъус музыкæ. Кафæг чызджытæ тарстæй бакалдысты Гæдылайыл.*

Б е г ъ ы р ы х ъ о

Дæ азарæй сыгъд æрбауон, мæ паддзах,
Нырма нæ уыдис ахæм цау, мæ удæй
Арт уадзон, гъе, ‘мæ мацы ‘фта мæ ныхты…

Г æ д ы л а

Æгæр даргъ разынд де ‘взаг.

Р у б æ г а

Дзур цыбырдæр!

Б е г ъ ы р ы х ъ о

Мыстачъе зæххы скъуыды фесæфт.

Гæдыла

Ма дзур!

Хъилхъус

Цытæ хъусынц мæ хъустæ…

Гæдыла

Дзур.

Бегъырыхъо

Мыстачъе…

Гæдыла

Ма дзур!

Рубæга

Сымаггæнаг, куыд уæндыс афтæ
Нæ паддзæхты паддзахы раз мæнг ныхас?!
Ды не сфæлдæхтай ацы хъæд сыфтæргай…

Бегъырыхъо

Ды йæ ысфæлдах.

Рубæга

О, цы хъусын мæнæ!
Нæ паддзахы раз ахæм дзых ысуадзай!..

Гæдыла

Нæмгæут æй!

*Йæхиуыл ын ныккалдысты кафæг чызджытæ æмæ йæ рæвдауынц. Бегъырыхъойы арсæй, рувасæй, тæрхъусæй афсæрстой сæ быны æмæ йæ нæмынц.*

Хъилхъус

*(цæгъды йæ рыгтæ)*

Йæ хъуын-хъис ын ысцагътам.

Гæдыла

Ныр æй ныууадзут!

Бегъырыхъо

Бузныг дын, мæ паддзах.
Дæ фæрцы фервæзтæн.

Гæдыла

Ныр базондзынæ,
Кæй у Мыстачъе адунейыл не знаг.
Кæд авд дæлдзæхы ис, йеуæд дæр æй хъуамæ
Ысласæм! Тагъд ын басæттæм нæ дойны
Йæ хин удæй!

Рубæга

Æнæмæнг!

Хъилхъус

*(бахуыфыд)*

Гъы, гъы-ы…

Бегъырыхъо

Цæй уд дзы ис…

Рубæга

Цытæ-ма уæнды ноджы?!

Гæдыла

*(мæстыйæ æрсытæн)*

Сымах цы зæгъут?

Æрсытæ

*(иумæ)*

У æгас, уæд дзы
Куыннæ уыдзæнис уд…

Бегъырыхъо

Цы у-у?!. Цы у-у йæ бон?!

Рубæга

Цы у йæ бон?!

Бегъырыхъо

Нæ йæ арын…

Р у б æ г а

Ыссар æй!
Нæ паддзахæй цынæ дамтæ фæуагъта!..
Йæхи барæнæй, дам, бары æрмæстдæр.
Æгас хъæды, дам, сау гæндон кæндзæнис!..
Йæхицæн табу! Уый, уынут уæхæдæг,
Хъилхъусы дæр уынаффæгæнæг скодта!
Кæд чи фарста нырмæ тæппуд Хъилхъусы?!
Æдых, тæрсаг, кæрдæгхор… Афтæмæй йæ
Ныртæккæ федтат, бирæгъы куыд надта!
Нырмæ йæ цонг цыбыр уыдис, Мыстачъе!
Ныр табу, табу паддзæхты паддзахæн!

И у м æ

Ныр табу, табу паддзæхты паддзахæн!

Б е г ъ ы р ы х ъ о

Дæ азарæй сыгъд æрбауон, мæ паддзах,
Цæуын ныртæккæ й‘ агурæг фæстæмæ.

Г æ д ы л а

Ныртæккæ нæ æндæр хъуыддæгтæ ‘ндавынц.
Нæ фыдызнæгтæ ‘рцæуæнт тагъд бындзагъд!

И у м æ

Нæ фыдызнæгтæ ‘рцæуæнт тагъд бындзагъд!

Г æ д ы л а

Æрбакæнут тæппуд Сагойы тагъддæр!

*Ауадысты Рубæга, Бегъырыхъо æмæ Арсæмæг. Рубæга йын йæ хъуырыл æфтыд бæндæныл хæцы, иннæтæ – йæ сытыл, афтæмæй æрбакодтой сæрбæрзонд Сагойы. Хъавынц ын йæ сæр æркъул кæнынмæ.*

Р у б æ г а

Дæ сæр æруадз нæ паддзахы дæлфæдтæм.

С а г о

Æгæр хæстæг бацæуын мæ нæ уадзы.
Тæрсы, мæ сытæй йæ куы скъуырон.

Рубæга

Сабыр!

Хъилхъус

Гормон, фæхæц хæрзчысыл, цæй, дæхиуыл.

Саго

Куынæ зæгъон мæ дзуринæгтæ йеныр,
Кæд ма мын уыдзæн уæд, цагъартæ, фадат?!

Рубæга

Дæ дзыхыл хæц!

Бегъырыхъо

Нæ паддзæхты паддзах дын
Мæ зæрдæйы фæндон тæрхон ыскæнæд,
Дæ дзуринæгтæ м‘ ахсæны уæд ракæн!

Саго

Æнæфсисгуыбын! Нæй зæххыл рæстдзинад.
Цæстытæ куы сты рухс арвмæ кæсынæн,
Уæд дунемæ дæ ахсæнæй цы кæсыс?
Куыннæ хатыс, мæ хуызætты бæрзæйтæ
Куы фæуой лыг дæ хуызæн сырдтæн радгай,
Уæд иу ыстонг бон арвы хин Рубæга
Дæ сучъитæ йæ паддзахæн кæй фыцдзæн?!

Бегъырыхъо

Мæ тынг нуæрттæ фæрæдувынц, мæ паддзах!..

Рубæга

*(Сагойæн)*

Дæ дзыхыл хæц!

Арсæмæг

Фæхъыг дæм уыдзæн паддзах…

Саго

Хъыгæйтæргæ кæй æрвитæм нæ бонтæ,
Кæй фæразæм, нæ фидæн уа рæсугъддæр;
Кæй фæцæрæм ныфсытæй бонæй-бонмæ,

Нæ сæрты астæу искæмæн фæндæгтæ
Кæй фæаразæм, не сæфт дæр кæд уым ис?
Æндæр, уæдæ, куынæ дæ цух хъаруйæ,
Дæ куырыхон зонд диссаг куы у сырдтæн,
Куыд фæзмыс ды æдых Хъилхъусы, мардзæ?
Фæлдыст рувасау, искæмæн йæ дымæг
Ысыстæрын дæ сæрмæ та куыд хæссыс?!

Гæдыла

Цы хъусынц уый мæ хъусæнтæ, Рубæга?!

Саго

Кæм ыспаддзах дæ? Чи дын у æвдисæн?
Домбахъойы ды ныммардтай? Кæд хинæй?..

Гæдыла

Йæ дзурæнтæ йын бамур кæнут тагъддæр!

*Бегъырыхъо йын фæцæйцавта йæ былтæ, фæлæ йæ уый скъуырдта йæ сытæй, æмæ смидæг Гæдылайы дæлфæдтæм.*

Бегъырыхъо

Нæ мæ уадзы йæ хæмхудтæм, мæ паддзах.

Гæдыла

Цы тæхгæ маргъ, цы мыггаг у, йæ ныхыл
Зыны фыстæй, уæддæр æгъдау æгъдау у:
Йæ хъуыддæгтæ йын ракал, Руви, хурмæ!

Рубæга

Йæ хъуыддæгтæ... Кæсут æм ныр уæхæдæг,
Йæ сæр кæм нæй, йæ цыбыр дымæг уырдæм
Фæцæйласы. Йæ сытæй у сæрыстыр.
Æндæр, уæдæ, нæ паддзæхты паддзахæн
Мах не 'ппæт дæр нæ уæрджытыл куы лæууæм...

Иумæ

*(Сагойæ дарддæр)*

Йæхицæн табу!

Рубæга

Табу уæд йæхицæн!

Уæд-ма Саго кæмæй зондджындæр разынд?
Гæдыла нын Домбахъойы æрдугай
Куы ныддымдта, йæхицæн та æрмæстдæр
Йæ уæн куы фæцæф, – уæд йæ тых уæлахиз, –
Уæд æм уынынмæ ‘гас сырдтæ цыдысты.
Саго ныффæрск: «Мæнæн паддзах нæ уыди.
Нæдæр мын ис!» – дзырдта ‘мæ змæста сырдты.
Æвдисæнтæ мын бирæ ис: Арсæмæг,
Бегъырыхъо, ыстæй Хъилхъус дæр уым уыд…

Г æ д ы л а

Цы зæгъдзысты уæд æвдисæнтæ?

Б е г ъ ы р ы х ъ о

Раст у-у!..

Г æ д ы л а

Арсæмæг та цæмæн лæууы æрхуымæй?

А р с æ м æ г

Дзырдта цыдæртæ… ‘Цæг сæ хорз нæ ахсын…
Зæрдæ мын нал ис…

Г æ д ы л а

Зæгъ «дзырдта» ‘мæ алыг!

А р с æ м æ г

Дзырдта, дзырдта, мæ паддзæхты паддзахдæр!
Рубæга нын мæнгард ныхас куыд зæгъдæн…

*(Сагойæн аивæй.)*

Цы бакæнон, æндæр гæнæн дзы нал ис…

Р у б æ г а

Хъилхъус дæр æй зæгъдзæнис.

Г æ д ы л а

*(Хъилхъусæн)*

Зæгъ дæ ныхас.

Х ъ и л х ъ у с

Цы зæгъдзынæн… Цы тых уыдзæн мæ дзырды…

Г æ д ы л а

Дæ хъуыды зæгъ: цы къæм арыс Сагомæ?!

Х ъ и л х ъ у с

Æз къæм? Æз ницы… Уый зæгъы Рубæга.
Сагойæн та лæппын цъиуæн дæр ма тæрс.
Мæ мадæй хъуыстон рагфыдæлтæй ардæм
Саготы мыггаг худинаг нæ зоны.
Æдыхы дын нæ бауадздзæн æфхæрын.

*(Бакаст Бегъырыхъомæ.)*

Æфхæрæджы тæн айгæрды йæ цыргъ сы,
Мæлдзыгыл дæр нæ фæлæудзæнис…

Г æ д ы л а

Гъæйда!..
Цы зоныс хъуыддагæн? Кæм у мæ ныхмæ?!

Х ъ и л х ъ у с

Нæ зонын ахæмтæ…

*Рубæга Гæдылайы хъусы цыдæртæ адзырдта. Уый йæ сæр бакодта разыйы æнкъуыст.*

Г æ д ы л а

Æз та йæ зонын!
Мыстачъе у мæнгард æмæ ыстыр хин.
Бегъырыхъо йын иунæгæй цы кæндзæн?
Тæппуд Хъилхъус нæ цард рæстмæ нæ федта,
Бегъырыхъойау не сфидар ис йе уонг,
Æмæ уал йемæ ахæтæд ыстæры,
Мыстачъейы мын бафтауæнт мæ ныхты,
Стæй фендзыстæм…

*(Йæ цæнгтæ æртыхта кафæг чызджытыл.)*

Мæн дæр уыдзæн рæвдауæг…

*Рубæга ацахста Хъилхъусы цонг æмæ йæ Гæдылайы цурæй разыгъгъуытт кодта. Æрбацыд Домбахъо. Мыстачъейы йæ фæдыл кæны тыхласæгау. Фæлæ сæ сырдтæ нæма уынынц.*

Ныр уал Сагойæн рахæссæм нæ тæрхон!

Бегъырыхъо

Ныргæвдæм æй!

Рубæга

Æхсæны ‘ргæвст æрцæуæд,
Йæ азарæй куыннæ басудза иу дæр.

Саго

Куыд тæппудтæ стут, мардзæ… Хах-ха, ха, ха!..
Ысбастат мæ, уæддæр тæрсут уæхицæн.

Гæдыла

Ыскæнут æй габазгай тагъд!

*Сырдтæ аныр Сагойы аскъуыдтæ кæной, афтæ сыл ныррыхыд Домбахъо.*

Домбахъо

Фæстæут!

Сырдтæ иумæ

Домбахъо!..

Домбахъо

О, байсæфат, цы сырдтæ стут!..
Уæдта æцæгæй амардтæн. Дзæдæлтæ,
Куыд уæ скодта цыдæр гæды йæ дæлбар?!
О, иннæтæ сæ тыхæй ма уæнт раза –
Бегъырыхъо, лæбурынæй куы цæрыс…
Ды та, Арсæмæг, бастъæла дæ радтæг,
Дæ сæрæййас куынæ уыдзæн æгасæй,
Уæд дзы паддзах куыд ыскодтай дæхицæн?
Уæдта нæ уыд дзæнгæлдæндаг Мыстачъе,
Кæй тæсæй мæ ныууагътат уæд бæстытæй?

*Гæдыла аивæй асæррæтт ласта æмæ слыгъд бæласыл. Домбахъо агæпп кодта йæ фæдыл.*

Æтт, Гæдыла ‘рхæццæис дæ адзал!

*Йæ бон нæ бацис бæласыл гæдыйы фæстæ сгæпп кæнын æмæ йæ тъæпп фæцыдис зæххыл.*

Æрхиз дæлæмæ, сайæгой Гæдыла,
Пысырайау дæ сæууæрдон æз хъуамæ!

Гæдыла

Фыдæй-фыртмæ бæрзондыл уарзæм бадын.

Домбахъо

Ærхиз, кæсын дæм, базыр дыл нæ зыны.
Тæхгæ, мыййаг, нæ акæндзынæ, маргъау.
Уæлдай мæсты мæ мауал кæн дæхимæ.

Гæдыла

Уæ хæдзæрттæм фæфардæг ут сындæггай.
Мæ мæт цы кæнут. Истытæ кæндзынæн.

Домбахъо

(*сырдтæн)*

Цæгæй æрлæууут – хин æмæ кæлæн у.

Рубæга

Кæлæн куыннæ у – рабадтис паддзахæй!

Бегъырыхъо

Йæ къубал ын ысрæдувæм ныртæккæ!
Йæ цæстытæ йын ахæрæм фæд-фæдыл!

Мыстачъе

*(Рубæгайæн)*

Нæ паддзах дын йæ галуантæ йæхæдæг
Ныллæвар кæндзæн йеныр, гъе!

Домбахъо

Фæлæуу уал.

Рубæга

Æццæй, фæлæуу уал, хъазын дæр нæ зоныс?

Домбахъо

Гæдылайæ уал фервæзон, ыстæй сын
Æгъдауæвæрæг фестдзынæн мæхæдæг!
Ныр хорз зонын, кæй фæрцы æрцыд хъуыддаг…

*(Сырдтæ цæгæй æрлæууыдысты бæласы алыварс.)*

Арсæмæг, ныр дæ хъару ‘мæ дæхæдæг:
Куыд арæхсыс кæрдо цæгъдынмæ – фенæм.
Æрхауæд зæхмæ, стæй йæ уадз мæхи бар!

А р с æ м æ г

Бæргæ куы ‘рхызтаид йæхæдæг…

*(Фæхизы бæласыл.)*

Г æ д ы л а

Ма кæн!
Мæ ныхтæй дæ ныттондзынæн, тъотъына!
Ныттондзынæн дæ! О-о Лæппыз, цы фæдæ?!

*(Йæ хъæр ахызт хъарæгмæ.)*

Быны сæфт дын, быны сæфт дын куы кæнын…
Ыстонг сырдты хъæлæсы дын ирвæзын!..

Х ъ и л х ъ у с
*(суынгæг йæ зæрдæ)*

Тæригъæд у… Цы хъал цæрттытæ уарзта…

Б е г ъ ы р ы х ъ о

Дæ дзыхыл хæц!

Р у б æ г а

Домбахъойæ куыд загъта!..

С а г о

Уæ хуызæттæ дзы арæзтой паддзах дæр,
Æмæ йæ уемæ хъæудзæнис ныгæнын.

Д о м б а х ъ о

Йæхæдæг уал куы æрхауид мæ ныхтæм!..

*Лæф-лæфгæнгæ фæзынд Лæппыз. Йæ фæдыл – Гыцци.*

Л æ п п ы з

Йæ хъарæг ын мæ хъус кæцæйдæр ахсы…

*Арсæмæг йе стыр дзæмбыйæ куыд фæцæй æвнæлдта Гæдыламæ, уый Лæппыз æмæ Гыцци ауыдтой æмæ фæкодтой æмхъæр.*

Г ы ц ц и, Л æ п п ы з

Гæдыла-а-а!..

Домбахъо

Адæймаг!.. Йæ хызы хаут!

*Асæррæтт кодта хъæды. Сырдтæ Сагойæ дарддæр – йæ фæдыл.*

Саго

*(Гæдылайæн)*

Дæ амондæн цы загъдæуа… ирвæзыс.

Лæппыз

Цæуыл æй мардтат, уагæры? Цы кодта?

Саго

Йæ хинæй нын паддзах уæвынмæ хъавыд.
Ыстæй фæхъæр. Йæ кæлæнтæ йæ сæрыл
Бæргæ тыхстысты. Кувæд ныр сымахæн.

*(Ацыд сæрыстырæй.)*

Лæппыз

Мæхи Гæдыла, рауай-ма мæм тагъддæр.
Дæ хъал уд дын мысты хуынчъы куы ластой,
Куыннæ атыдта уæд, мæгуыр, дæ зæрдæ?

*Гыцци дисгæнгæ куы Гæдыламæ бакæсы, куы – паддзахы къæлæтджынмæ.*

Гыцци

Æвзæр нæ цардтæ, хинæйдзаг Гæдыла.
Нæ хæдзар та мысткафæн клуб куы фестад.

Гæдыла

Кæм ис мыстытæ?

Гыцци

Гуылф кæнынц нæ къуымты!

Гæдыла

Уæд уайæм тагъддæр!

*(Рагæпп кодта бæласæй.)*

Мæ сау маст сыл ныккалон!
Домбахъойы Мыстачъе ‘рхуыдта ардæм.

Л æ п п ы з

Цæуæм. Гыцци дæ нал нæмдзæнис йеныр.
Дзырд мын радта, кæй цæрдзыстæм хæларæй.
Мæ сынтæджы раз арсдзармыл хуысдзынæ.

Г æ д ы л а

Цæуæм! Гыцци, ныр ахсдзынæн мыстытæ.

Г ы ц ц и

Цæуæм. Гæдыла, йеныр зоныс,
Нæу цард æдылы гæппытæй, мæ къона.
Цыфæнды дæр куы райгуыры, йæ ныхыл
Йæ Хуыцауæй фыстæй хæссы йæ амонд.
Йæ райгуырдæй у адæймаг æппæтхъом.
Домбай та сырдтæн райгуыры паддзахæй.
У рувас хин. Бегъырыхъо – кæрæфбег.
Гæдылайы хæс рагæй дæр – мыстахсын…
Ныхыфыстæй кæй бафæнды фæлидзын,
Уый искуы ‘нæмæнг цъыссымы нынныхсы.
Æмæ ыстæй дæ балгъитæг дæр – афтæ!

Г æ д ы л а

Цæуæм, уæдæ, нæхимæ!

И у м æ

Цæуæм нæхимæ!

(*Ацыдысты.*)

*1983*

# ÆВДАДЗЫ ХОС

*(Драмон аргъау)*

Архайджытæ

Гыцци – мад мыст.
Мыстæхан – йæ чызг.
Гоцо – род.
Рувикка – рувас.
Мад æхсæрæг.
Гыццыл æхсæрæг.
Хæфс.
Хъæндилтæ.
Мæлдзыг.
Хъулонцъиу.
Хур.
Мигътæ.

## ФЫЦЦАГ АКТ

### 1-аг ныв

*Сценæ у дыууæ дихы, дыууæ рудзынджы хуызæн. Фыццаг рудзынгæй зынынц: ногæфснайд фæззыгон хуым; йæ астæу – гуыбыр къæдзæх-дур, йæ быны – хуыкком. Хуыккомы раз цинæй райы гыццыл Мыстæхан. Аразы цыдæр цæстфæлдахæн ми. Хур æм кæсы мигъы ауонæй.*

Мыстæхан

Бæллиццаг у сæрибарæй цæрын!
Фæнды дæ кæд, уæд зул-мулты дæр сим,
Дæ азмæлæнтæ сты дæхи бар.

*Фегом кодта хуыккомы дуар.*

Нæ хуыкком у афтид. Гыцци ам нæй.
Куынæ дын уа дæ алыварс ызнаг,
Уæд, мардзæ, каф!..

*Райдыдта уарын.*

*Куыд хорз у! Уары!..*
*Гъай-гъай, мæхи йæм цæннайон дзæбæх,*
*Сыгъдæг удмæ ыстыр амонд – рæдау.*

*Къæвдамæ кафы æмæ зары.*

*Уары, уары…*
*Цы уары?*

*Дуры аууонæй йæ сæр радардта Рувикка.*

*Арвæй зæхмæ – фæдгæнæг.*
*Рувас хуымы фæкæлæд.*
*Оф-ф, оф-ф, оф-ф!..*

*Уары, уары…*
*Цы уары?*
*Сатæг къæвда æгас сæрд.*
*Рувасы куыдз æрцахсæд.*
*Уф-ф, уф-ф, уф-ф!..*

*Уары, уары…*
*Цы уары?*
*Хиды хъусыл – бæгæны.*
*Рувасы мæрдтæн – мæ гæды!*
*Иф-ф, иф-ф, иф-ф!..*

Рувикка

*(хуыккоммæ йын куынæ баирвæза, афтæ йæм бакафыди)*

Мæ зæрдæйы рæбинаг цин. Мæ уарзт.
Мæ хурты хуры тын…

Мыстæхан

Мæ бон бакалд…

Рувикка

Æз та дæ, хæйрæг, фенхъæлдтон ныфсхаст.
Сæртæг гæдыхъæдау куы ризыс.

*Йæ къæбутæй йæ фелвæста.*

Мыстæхан

Оу!

Рувикка

Тæппуд дæ, фæлæ – урс цикъæхсад.
Мæ ахсæны ыстайдзынæ хуыздæр.

Мыстæхан

Куы райгуырдтæн, уæд дæр нæ уыдтæн над!

Рувикка

Æз-ма дæ аууæрддзынæн афтæ…

*Йæ дзæмбыты ‘хсæн æй хъавы аууæрдынмæ.*

Мыстæхан

*(цыдæр фæхъуыды кодта)*

Уæд сæнхъиздзынæн ноджы…

Рувикка

Уый та куыд?

Мыстæхан

*(кæны расыджы ‘фсон)*

Мæ фыррасыгæй мæм зыныс гæды.
Гæдыйы лæппын!

Рувикка

Ныс-сабыр у!

Мыстæхан

Фæкалæнт се ‘гæр лæппутæ дæр, уас…

Рувикка

Цы уыдис?

Мыстæхан

Уартæ дæрддаг хъæуы
Уыдтæн чызгæмбал. Калдтой мыл æнтыд.
Фæрасыг дзы дæн.

*Лæбуры йæм.*

Амарон дæ æз!

Р у в и к к а

Цытæ мæм уæнды!.. Утт, Мыстæхан!

*Йæ быны йæ аууæрста. Къæвда уары тынгæй-тынгдæр. Арв нæры. Хур сæм кæсы мигъы аууонæй.*

Ыскалон дын дæ хъуын-хъис, хæйрæг, ам!

М ы с т æ х а н

Уæддæр мæнæй уыдзæн дæ сæфт.

Р у в и к к а

Цы, дам?!

М ы с т æ х а н

Æз бахордтон æнтыд. Дæн расыг.
Дæ ныхтæм уымæн бахаудтæн. Хæр мæ!
Ныррасыг уай ды дæр. Ыстæй дæ арс
Кæнæ та цуанон – рувасахсæг куыдз,
Гъе, бирæгъ расыгæй æрцахса.
Ныххæра дæ!..

Р у в и к к а

О, нæ! Сæрхъæн нæ дæн,
Дæуау.

М ы с т æ х а н

Хæргæ мæ тагъд!

Р у в и к к а

Æрæрвонг у
Нырма. Кæсдзынæн дæм æнхъæлмæ.

М ы с т æ х а н

Æз не ‘рвонг кæнын. Уый бæрц фу дæм нæй,
Æрвонг мæ ‘ркæнай.

Р у в и к к а

Фу та мæм куыд нæй?!

М ы с т æ х а н

Мæ ‘рæрвонгæн стыр тых хъæуы!
Фыдтымыгъау мыл хъуамæ фу кæнай,

Йæ разæй мæ куыд ыскъæфа, хъæмпау,
Æндæр мын мур хос нæй.

Рувикка

Кæс-ма мæм…

*Йæ тых, йæ бонæй йыл фу кæны. Мыстæхан цудгæ куы цуæрдæм ацæуы, куы – иннæрдæм.*

Мыстæхан

О, ма мыл фу кæн. Расыгæй мæ хæр!
Мæ тæригъæдæй фесæфай ды дæр!

Рувикка

*(худæгæй йыл мæлы)*

Зæххыл хъæуы фæцæрын зондæй!

*Ныффу та йыл кодта йæ тых, йæ бонæй. Мыстæхан зулмул ацыд æмæ йæ хуыккомы смидæг.*

Мыстæхан

(*хуыккомæй*)

Куыд раст загътай… Куыд раст загътай, сæрхъæн!

*Худы йыл.*

Рувикка

(*мæстæймæлгæ*)

Кæдæм алыгътæ? Цæннай, цæй, дæхи.

Мыстæхан

Зæххыл хъæуы фæцæрын зондæй!

Рувикка

Дæхæдæг мын хæрын кодтай дæхи.

Мыстæхан

Æз расыг уыдтæн.

Рувикка

Рахиз ныр.

М ы с т æ х а н

О, нæ!
Хæрзнад дæн æз. Мæ лыстæн конд у.
Нæ къæбицы бæркадæн нæй кæрон.

*Къæвда кæны тынгæй-тынгдæр. Арв нæры.*

Ысфæлдæхдзынæн хъармы ам. Ды та
Æрæхс уым къæвдамæ дæ чъизи.

Р у в и к к а

*(тыхсы къæвдамæ)*

Кæм ис къæвда?

М ы с т æ х а н

Дæ сыстытæ æрфас.
Дæ фыдæлтау сæ торнемæ ныццæгъд.

Р у в и к к а

Цæй сыст?

М ы с т æ х а н

Цагъайраг фос!.. Сыстхæрд цыдæр!
Уæ тугвæллойæ никуы калут фист.
Стут хин æмæ кæлæн! Æууæнк уыл нæй!
Гæбæрхæрдæй фæзмæджы хъалтæ!..

Р у в и к к а

Æз афардæг дæн.

*Æмбæхсы дуры ауон.*

М ы с т æ х а н

*(тыхстæй, аивæй кæсы дуарæй)*

Ныр Гыцци кæм ис?
У рувас хин æмæ кæлæн. Мыййаг,
Кæд искуы 'рæмбæхст ам? Гыцци йæ
Куынæ базона. Байсæфдзæни уæд.
Цы бачындæуа? Ахизæн мын нæй.
Фыдæй-фыртмæ сыл никуы уыд æууæнк.
Йæ фыд мæнгард кæмæн вæййы – мæнгард,
Йæ фыдæй сайрагдæр ысвæййы уый.

Рубикка
(*иуварсмæ*)
Зæххыл хъæуы фæцæрын зондæй.

Мыстæхан
(*цыдæр фæхъуыды кодта æмæ байрад*)

Кæд ам æмбæхст ис, гъе, уæд æм кæсут.

*Кæны куыдзы рæйд.*

Рубикка
*(фыртæсæй йæхи ныццавта арвыл)*
Кæм баст ын ысты?!. У-у, æлгъыстаг!..

*Асæррæтт кодта æмæ фезгъоры. Мыстæхан худæгæй мæлы.*

Мыстæхан
Ыссы, Мила! Йæ къæдзилыл ын хæц!
Кæм дæ, Барбоз?! Йæ къахмæ йын æвнал!

*Йæхицæн.*

Æндæр æвзаг зонын куыд хорз у!

*Арв нæры. Мыстæхан тыхсы.*

Кæм ис Гыцци? Цæмæннæ цæуы, цæ,
Хъæмæ? Цы æрвхауд боныгъæд у ай?
Фыдбон нæ сайы никуы хорзмæ.
Рубикка дæр цыдæр хъæлдзæг уыди.
Гыццийыл мацы?.. Загътаид æй уæд

*Æппæлынæн.*

*Дыккаг рудзынггондæрдæм кæсы къухауруонæй.*

Цы æрбацæуы?
Цæй сау тæпп зыны уый?

*Дыккаг рудзынггонды къæвдамæ ләппæгæй фæзынд мад-мыст. Ныффæллад, уæддæр йе 'ккой хæссы йæхицæй стырдæр мæнæуы æфсир. Мыстæхан æй базыдта. Йæхи йæм аппæрста. Хур æм кæсы мигъы ауруонæй.*

Мæхи Гыцци!

Г ы ц ц и

*(зары йæхицæн ныфс авæрынæн)*

*Тас мæлæтæн никуы уыдис хос,*
*Гъемæ райс дæ амонды сæрбос.*
*Æмæ – уайгæ, уайгæ дардмæ,*
*‘Рмæстдæр размæ, размæ, размæ…*

*Цалынмæ-ма де уæнгты*
*Туджы æртах уа,*
*Алы хатт дæр де знæгтæй*
*Хъуамæ раздæр уай!*

*Зайы хомæй ‘нæсæрæны гуыл.*
*Зивæджы раз макуы ‘руадз дæ был.*
*Æмæ – уайгæ, уайгæ дардмæ,*
*‘Рмæстдæр размæ, размæ, размæ!..*

*Цалынмæ-ма де уæнгты*
*Туджы æртах уа.*
*Алы хатт дæр де знæгтæй*
*Хъуамæ раздæр уай!*

М ы с т æ х а н

Мæхи Гыцци!..

Г ы ц ц и

Ныххуылыдз дæ, мæ чызг.

М ы с т æ х а н

Куыд дæм æхсайдта, куы, мæ зæрдæ!

Г ы ц ц и

Нæ быдыры цъæмæлы мур дæр нæй.
Кæд-ма сæ ‘фснайдтой афтæ сыгъдæг, кæд?
Кæм уыдтæн! Къæвда мыл æрцыдис…

М ы с т æ х а н

*(æфсирæй)*

Кæдæм-ма хастай уый та?

Гыцци

Уанцон нæу!
Тыхæй йæ ссардтон.

*Мыстæхан ын æххуыс кæны, афтæмæй сæ хуык-коммæ, заргæ, фæхæссы мæнæуы æфсир.*

Иумæ

*Зивæггæнаг никуы ссардзæн цард.*
*Зывæгæй нæ кæны ничи нард.*
*Гъемæ – уайгæ, уайгæ дардмæ,*
*'Рмæстдæр размæ, размæ, размæ…*

*Цалынмæ-ма де уæнгты*
*Туджы æртах уа.*
*Алы хатт дæр де знæгтæй*
*Хъуамæ раздæр уай!*

*Рувикка фæзынд. Мидæмæ бахизгæ сæ куы ауыдта, уæд астæрдта йæ былтæ.*

Рувикка

Мæрдтæм фæраздæр уыдзыстут мæнæй,
Чысыл фæлæуут!..

*Æмбæрзæн.*

## 2-аг НЫВ

*Мыстæхан æмæ Гыццийы уат. Гыцци хуыссы сынтæгыл. Кæны тыхулæфт. Мыстæхан тыхст рауай-бауай кæны йæ алыварс.*

Мыстæхан

Мæхи Гыцци, цы дæм рауадис, ау?

Гыцци

Æгæр тæркуард уыд. Уазал, уазал… Ох,
Къæлыуайау дзы баудæстæн.

Мыстæхан

Гыцци, чысыл-ма исты ахæр, о.

Гыцци

Мæ зæрдæ схаудзæн.

Мыстæхан

Ма ‘рхауа дæ тых.

Гыцци

Фæлтау мын азар.

Мыстæхан

Иумæ ‘рмæст!

*Зары. Мад-мыст ын хъырны.*

*Ма галиу кæн, æцыха;*
*Ма-иу мæ лидз аууонмæ,*
*Кыс, кыс!*
*Къæбæдаты хъæрццыгъа*
*Ахæссы йæ ахстонмæ,*
*Цъысс, цъысс!*

*Арвы риу мын бакæнут,*
*Стъалыбардз дзы байтаут,*
*Кыс, кыс!*
*Ныййарджытæ, ма кæнут,*
*Къæбæдаты ма фаут,*
*Цъысс, цъысс!*

*Арсы тæсæй хуыккомы*
*Бурдым рувас бахуыфы,*
*Кыс, кыс!*
*Бахъуыды дуг стыр боны*
*Къæбæдагуырд басгуыхы,*
*Цъысс, цъысс!*

Гыцци

О-оу, куыд разылдис мæ сæр.

Мыстæхан

Гыцци,

Цыдæр хос дын хъæуы ыссарын.

Гыцци

Нæ-æ!
Фыдбылызы дуг у. Нæ хъæуы кой.

Мыстæхан

Дæ тæвд нæ хауы.

Гыцци

Нæй мын сыстæн.
Нæ фæдæ цæуæнты ды та.

Мыстæхан

Гыцци,
Хуыздæр ран-ма кæм ысбæздзынæн? Æз
Æвдадзы хос ыссарон хъуамæ.

*Йæхи рæвдз кæны балцмæ.*

Гыцци

Рувиккайæ-ма фервæзтæ тыхæй.
Куы дыл фембæла, уæд, мæ чызг, Гыцци
Кæндзæн зæрдæскъуыд.

Мыстæхан

Гыцци, ма тæрс.
Æз дæр та уæд дæ амындтытæй кæд
Æрымысин цыдæр сайæн мадзал.
Æндæр æвзæгтæ дæр куы зонын!

Гыцци

Мæ чызг, æнæ дæу тар кæндзæн мæ бон!

Мыстæхан

Мæнæн нæу тас. Ыссардзынæн дын хос.
Æвдадзы хос!

Гыцци

Мæлын…

Мыстæхан

Цы дзурыс…
Нæ дæ бауадздзынæн мæлын!

Г ы ц ц и

Хъæбу-ул!..

М ы с т æ х а н

Æвдадзы хос!..

*Ацыд*

*Æмбæрзæн.*

**ДЫККАГ АКТ**

**3-аг НЫВ**

*Фыццаг нывы сценæ. Фыццаг рудзынггондыл размæ тындзынц Мыстæхан æмæ мигътæ. Мигъты аууонæй Мыстæханмæ йæ цæст дары Хур.*

М ы с т æ х а н

*(кæлынц йæ цæссыгтæ, уæддæр зары)*

*Мæ цин, мæ сауæрфыг Гыцци*
*Йæ низæй мисхалбæрц ныцци,*
*Мæ зæрдæ фырмæстæй ныддур,*
*Æнæуый мыл нæ ракæсдзæни хур.*

*Кæм дæ, æвдадзы хос?*
*Мауал мæ лидз дард!*
*Кæм дæ, æвдадзы хос?*
*Ивын дыл мæ links!*

*Заргæ ахызт дыккаг рудзынггондмæ. Тындзы размæ. Фыццаг рудзынггонды, зæхмæ смудгæ, фæзынд Рувикка.*

Р у в и к к а

Æгæр ног фæдтæ сты. Мыстæхан, утт!
Мæ къухы дæ ныртæккæ.

*Згъоры йæ фæстæ, смудгæ. Мыстæхан фæстæмæ фæкаст æмæ йæ ауыдта.*

М ы с т æ х а н

Уый та циу?
Рувикка! Байсæфтæн, мæ боныл.

*Йæхи тарстæй аппæрста размæ, стæй фæлæууыд.*

Нæу тас мæлæтæн хос.

*Къутæрты ауuонæй нынниудта куыдзау. Рувас цæхгæр ныззылд фæстæмæ.*

Рувикка

Цы та у ай?
Куыйты бал дары хæйрæг? Уанцон нæу!
Цуаны цæуын ма æрымысæд?..

*Фæстæмæ ныццавта æмæ фæтары.*

Мыстæхан

Хæрæджы ‘ййас, æмæ тæппуд. Уæууай,
Мæ ныфсимæ дæ ас куы уаид мæн…

*Хъуысы кæуын. Фæтарст.*

Мæ хъустæ мæ фæсайæнт. Уый кæуын?
Кæцæйдæр хъарæг ацахста мæ хъус?
Нæннæ, мæнæн кæуынмæ хъусæн нæй.
Мæнæн зынаргъ у алы уысм дæр ныр.
Мæ бон бакалд… Мæ гыцци.

*Гыццыл æхсæрæг æрбацыд фуртт-фурттгæнгæ.*

Чи дæ?

Гыццыл Æхсæрæг

Æхсæрæг дæн.

Мыстæхан

Мæ Гыццийæ мын кæд?..

Гыццыл Æхсæрæг

Мæхи Гыцци… Мæ пухкъæдзил Гыцци…
Мæ сауцæст, хурты хуры ‘нгæс Гыцци
Кæцыдæр тар хъæды æрбайсæфт.
Хæснагыл дæр ын нал арын йæ фæд.

Мыстæхан

Гыццыл Æхсæрæг, худинаг дын уæд:
Цæуыл кæуыс?

Гыццыл Æхсæрæг

Нал æй арын, нал.

Мыстæхан

Мæнæн мæ сауцæст, сауæрфыг – мæ мад
Сæйгæ куы у. Нæ кæуын æз уæддæр.
Кæм фесæфтис дæ мад?

Гыццыл Æхсæрæг

Ыстыр хъæды.
Кæдæмдæр абон сræвдз кодта йæхи.
Мæнæн фæдзæхста, хæдзары, дам, лæу.
Уыд хихæй хихмæ гæпп кæнын та хорз…
Уæлдайдæр, худгæ, арвæй кастис хур.
Мæ цæстыты цыллæйæ сбыдта хыз.
Ныр фесæфтис мæ мад.

Мыстæхан

О, мауал тæрс!
Кæуынæй нæй амал. Мæ фæдыл цом,
Дæ Гыццийы уал рацагурон æз.

*Дыккаг рудзыггонды фездæхтысты фæстæмæ. Хатт фæлæууынц. Ныхъхъæр кæнынц: «Гыцци!». Айхъусынц. Стæй та фæцæуæг вæййынц дарддæр. Фыццаг рудзынггонды та, йæ рустæ тонгæ, Мад Æхсæрæг ратыдзы уыдонæрдæм.*

Æхсæрæг

Мæхи бæлас, цы æрбацис мæ хур?
О сыфтæртæ, цы æрбацис мæ цæст?
Цъæхдзаст кæрдæг, кæм ысхауы мæ уд?
Цы мæрдвæлурс, цы ‘рхæндæгæй лæуут?
Йæ мад кæм сау сыджыты хæрд фæцис?

*Йæ зæрдæ суынгæг. Кæуы.*

Оу, мæ сауцæст, сауæрфыг зæрдæдарæн,
Дæ мады зæрдæ атона,
Афонмæ дын тугдзых хъæрццыгъа йæ галиу дзæмбыйæ
Кæд дæ пух къæдзилæй йæ ахстон бийы?..

Мыстæхан

Гыццыл Æхсæрæг

*(иумæ)*

Гыцци-и!..

Æхсæрæг

Цы, дам?! Гыцци, дам?! О, мæ хур!..

*Згъорынц сæ кæрæдзимæ. Мыстæханитæ йæм бахæццæ сты фыццаг рудзынггондмæ.*

Мæ хурты хур!

Гыццыл Æхсæрæг

Мæхи Гыцци, кæм дæ?

*Сæ кæрæдзийыл куыд цин кæнынц, уымæ Мыстæхан кæсы æмæ сæ цинæй кæуы. Фемдзаст æм Æхсæрæг.*

Æхсæрæг

Æмбал-ма куы ис демæ?

Гыццыл Æхсæрæг

Гыцци,
Мыстæханы фæрцы-ма дæн æз ам.

Æхсæрæг

Йæ Гыцци бафсæдæд йæ цардæй, уас.
Цæмæн кæуы, æммыст?

Гыццыл Æхсæрæг

Йæ Гыцци
Сæйгæ рынчын у.

Мыстæхан

Уазалдзыд у тынг.
Йæ сынтæгæй нæу рабадын йæ бон.
Æвдадзы хос ын агурын бæргæ.

Æхсæрæг

Нæ мыггагæн æвдадзы хос – æнгуз.
Фæлæ ныртæккæ йе ссарæн кæм ис?
Зæронд æвæрæн нал и. Ног дæр нæй.

Мыстæхан

Æнгуз?! Уыдзæнис искуы. Бузныг!

*Йæ фæндагыл фæуайы. Æхсæрæгтæ фæаууон сты. Зары.*

*Кæм дæ, æвдадзы хос?*
*Мауал мæ лидз дард!*
*Кæм дæ, æвдадзы хос?*
*Ивын дыл мæ цард*!

*Хур æм кæсы мигъты ауунæй. Дыуунæ хъæндилы, сæ хидкалгæ, æрбатулынц сæхицæй стырдæр тымбылæг.*

О, байриат, хъæндилджытæ!

Хъæндилтæ

О, цæр.
О, цæр, Мыстæхан!

Мыстæхан

У мæ мад рынчын.
Æнгуз ын бацамыдтой хосæн.

Хъæндилтæ

Æнгуз?! Цы мæрттаг у, цы хос у ‘нгуз?
Фæлтау, нæ ораматон хос ныгуз!
Хах-ха, хох-хо, хих-хи!.. Гъе, уый дзы и!

*Фæтулынц сæ царды хос. Мыстæхан æнкъардæй фæцæуы дарддæр.*

Мыстæхан

*(зары æнкъардæй)*

*Мæ сауæрфыг Гыцци*
*Мæлæты къахыл и.*
*Дыччыйы ас ныцци.*
*Ныфс-ма мæ ‘нгузæй и.*

*Бахæццæ хъузоны бадæг хæфсмæ.*

О, байриай, хæфс.

Хæфс

Цицц! Сабырдæр дзур.
Мæ цуанæй мæ ‘нæ цуан кæныс.

Мыстæхан

Мæ сауцæст мады уазал бацыд.
Æвдадзы хо сын фестдзæнис æнгуз.
Кæм æй ыссарон, уый кæд зоныс?

Хæфс

Мæ дзынгаты мын ма фæсур.
Æрæмбæхс æмæ уыдонæй æрцахс.
Æвдадзы хосæн фыццаг у дзынга!

*Мыстæхан ныфссаст, уонгмардæй фæцæуы дарддæр. Хур æм кæсы мигъты ауонæй.*

Мыстæхан
*(зары æнкъардæй)*

*Кæм дæ, æвдадзы хос?*
*Кæд дæ мæ хорзæх и…*
*Кæм дæ, æвдадзы хос,*
*Ысхъæр мын кæн дæхи?!.*

*Мæлдзыг рахæссы йæхицæй стырдæр æргъом.*

Дæ фæндаг раст, фыдæбонæнгуырд!
Дæхи цы марыс, аулæф чысыл.

Мæлдзыг

О, бирæ цæр. Кæм мæ æвдæлы, кæм?

Мыстæхан

Мæ сауцæст мады уазал бацыд, охх!
Æвдадзы хо сын басгуыхид æнгуз.
Кæм æй ыссарон, уый кæд зоныс?

Мæлдзыг

О!..
Æнгузы та цы аййафдзæни, цы?!
Æрмæст, мæ хур, йæ ыссарæн кæм ис?
Куы йæ сарай, уæддæр йæ хæссын, оф-ф!..

*Мæлдзыг араст йæ фæндагыл. Мыстæханæн бынтон амард йæ уонг, уæддæр, цæссыг калгæ, цæуы дарддæр. Хур æм кæсы мигъы ауонæй.*

Мыстæхан

Мæхи Гыцци, тæрсгæ мын ма кæн,
Зæххыл нæй мадæй адджындæр. Æз та
Зындонмæ дæр цæудзынæн – зонын æз,

Зæххыл æппæт дæр у ыссаргæ.
Фæлмæнзæрдæ Гыццийæн та, гъай-гъай,
Нæй хи цард дæр æвгъаугæнæн.

*Разынд гыццыл Гоцо. Лæууы сæргуыбырæй. Кæлы йæ цæссыг.*

Кæс-ма…
Мæ Гыццийæ кæд исты хабар?..
Цы кодтай, Гоцо?

Г о ц о

‘Нæхайыр фæуæнт!
Мæ сау сытæ рæдувынвæнд кæнынц.
Нæ хъæмпы дзынайыл сæ хафтон…
Цыдæр сыг бахаудта мæ цæсты. Уф-ф!..

М ы с т æ х а н

Гыццыл Гоцо, куыд фæтарстæн æз та!..
Дæ риссаг цæст хæрз чысыл бакæн.

Г о ц о

Кæнынæй ницы ис…

М ы с т æ х а н

Кæмæ дзурын?!
Хæрз чысыл-ма. Чысыл-ма… Гъеныр хорз!

*Йæ цæстæй йын фелвæста хъæмпы хал.*

Г о ц о

О, бирæ цæр, Мыстæхан, бирæ!
Дæ лæггад дын цæмæй бафидон ныр?
Мæ амондæн кæцæй фæдæ?

М ы с т æ х а н

Мæ мад,
Мæ сауцæст мады уазал бацыд.
Æвдадзы хо сын басгуыхид æнгуз…
Кæм æй ыссарон, уый кæд зоныс?

Г о ц о

(*ныхъхъуыды кодта*)

А-а-а,
Æрдæбон дзынайы дæлвæччи
Æнгуз бæласыл иу лæппу ысхызт –
Хæрынæн ныр, гъай-гъай, бæздзæни.

М ы с т æ х а н

О-о-о,
Дæ лæггадæй, мæ Гоцо, бузныг!

*Ныррухс йæ зæрдæ. Фезгъоры заргæ. Хур æм кæсы мигъы ауунæй.*

*Кæм дæ, æвдадзы хос?*
*Дæ хорзæх мыл ныккал.*
*Кæм дæ, æвдадзы хос?*
*Зæххыл дын нæй æмбал.*

*Фæкодта дзыхълæуд. Йæ размæ къутæрты базыр-тыгъдæй ныддæлгом рæсугъд Хъулонцъиу. Архайы стæхыныл, фæлæ йæ бон нæу.*

Цы кодтай, Хъулонцъиу?

Х ъ у л о н ц ъ и у

Мæ бон кæлы.
Мæ къах ныффидар уидæгты ‘хсæн.

М ы с т æ х а н

Оу-у!

Х ъ у л о н ц ъ и у

Гæдывад рувас мæ хæрдзæнис.
Мæ хæдзар хæлы.

М ы с т æ х а н

Ма тæрс, Хъулонцъиу.
Æз дæ ныртæккæ…

*Йæ дыуучæ цыргъ дæндагæй æхсыны уидæгтæ.*

Рувас та нын циу?

Х ъ у л о н ц ъ и у

О, сæфын.

М ы с т æ х а н

Фидар лæу. Гъе, афтæ.
Ныр тæх.

Х ъ у л о н ц ъ и у

Мыстæхан, бузныг. Бирæ цæр!

Мыстæхан

Рæствæндаг у!

*Фæуайы та йæ фæндагыл. Ахызт дыккаг рудзыггондмæ. Фыццаг рудзыггонды фæзынд Рувикка. Смуды Мыстæханы фæдтæм.*

Рувикка

Ныртæккæ ам уыд, ам.
Ирвæздзæнис мын уыцы…
Ыскæндзынæн æй габазгай тæккæ,
Йæ размæ фæсвæдты фæуон!..

*Суры йæ фæстейæ, афтæмæй фæаууон. Мыстæхан дыккаг рудзынггонды тындзы размæ. Бахæццæ æнгуз бæласмæ. Фырцинæй йæ мидбынаты æрхауд йæ зонгуытыл. Хур æм кæсы мигъы ауонæй.*

Мыстæхан

Æнгуз?!.
Æвдадзы хос, куыд дæ ыссардтон!..

*Йæ быны зилы заргæ.*

*Кæм дæ, æвдадзы хос?*
*Мауал мæ лидз дард!*
*Кæм дæ, æвдадзы хос?*
*Ивын дыл мæ цард!*

*Æнгуз куынæ ссардта, уæд бæласмæ баззад дзагъырдзастæй. Суынгæгис йæ зæрдæ.*

Нæ дæ бахъæудзæни мæ цард?

*Кæуы. Йæ сæрты рацæйтахтис Хъулонцъиу. Йæ базырæй йын сæрфы йæ цæссыгтæ.*

Хъулонцъиу

Цы уыд?
Цы дыл æрцыд, Мыстæхан?

Мыстæхан

Сæфын. Оу!
Мæ сауцæст мады уазал бацыд.
Æвдадзы хо сын басгуыхти æнгуз.
Бæлас ыссардтон…

Хъулонцъиу

Атæккæ æнгуз…

*Зилы бæласы алыварс. Куы иу цъæх æнгузмæ бакæсы, куы – иннæмæ. Æруагъта йæ фындз.*

Мыстæхан

Цæмæннæ ‘рæппарыс æнгузтæ?

*Зæрин хур бахудт. Йæ мидбылхудт ныццарæзта иу æнгузмæ. Уый нæрсы, нæрсы, нæрсы… Æмæ йæ кæрц ныкъкъæрцц кодта. Сатæг æнгузы сæрмæ аззадис нымæтау тыгъдæй. Къæрццмæ Хъулонцъиу фæхъил кодта йæ сæр. Йæ цинцæссыг андæгъд сатæг æнгузыл. Фæлæ мигъ фæтар кодта йе ‘рфгуытæ. Хуры амбæрзта йæ фæччийæ. Ныккалдта ставд цæссыг.*

Хъулонцъиу

Мыстæхан, цырд æм лæу!

Мыстæхан

Æрæппар æй!

*Хъулонцъиу ныкъкъуырцц кодта æнгуз. Мыстæхан æй рацахста.*

О, ‘вдадзы хос, куыд зынарæн ысдæ?!
Гыцци мын рандидздзæн дæ фæрцы.

Хъулонцъиу

Фæкъæртт та мигъæн дæр йæ тæн.

Мыстæхан

Æл-лах,
Мæ фæндагыл ысуыдзæни ныхдур.

*Фенкъард сты, фæлæ сæ уæлхъус балæууыд гыццыл Гоцо.*

Гоцо

Æнгуз ыссардтай?

Мыстæхан

Уый бæргæ ис…

Хъулонцъиу

Куыд æй фæхæссæм къæвдайы?

Гоцо

Кæдæм?

Мыстæхан

Мæ Гыццимæ.

Гоцо

Мæ рагъмæ сгæпп кæн тагъд.

*Мыстæхан сгæпп кодта Гоцойы рагъмæ.*

Кæм ис дæ хæдзар?

Хъулонцъиу

Уай мæ фæстæ!

*Фæзынд æхсæрæг йæ лæппынимæ. Нымдзаст сæм сты къухаууонæй, стæй сæм разгъордтой.*

Æхсæрæг

Æвдадзы хос ссардтат?

Хъулонцъиу

*(ацамыдта бæласмæ)*

Уæлæ уым.

Мыстæхан

Сымах фæрцы.

Æхсæрæг

Æрхастам дын æхсæр.
Æнгуз куынæ уа, уый дæр хос у.

*Гыццыл Æхсæрæг ратыдта залмы сыф. Сгæпп кодта Гоцойы рагъмæ. Сæхицæн дзы акодтой къæвдауромæн æмæ фенкъуыстысты. Фæзынд та Рувикка. Кæсы сæ фæдыл.*

Рувикка

Фæцæй та сенк ласта.
*Фæхъуызы сæ фæдыл. Хъавы сæм сусæгæй.*

Хъулонцъиу

Рувикка!

*Гоцо згъоры йæ тых, йæ бонæй. Рувас сæ суры фæстейæ. Иу рæстæджы фæцæй скъæфта Мыстæханы, фæлæ йæ Гоцо азæвæт кодта. Хъулонцъиу ын фæцæй къахта йæ цæст. Гыццыл Æхсæрæг æй æрхырхта залмы сыфæй. Рувас атылд фæсвæндаг.*

Рувикка

Ух-х!..
Цынæ мæ уагъта... Байсæфтæн!

*Æвдадзыхосагурджытæ йæм иудзæвгар æлгъгæнгæ фæкастысты, стæй цыбыр кæнынц сæ фæндаг. Разынд Мыстæханты хуыкком.*

Ныр-ма мæ Гыцци кæд...

Иннæтæ иумæ

Цу рæвдздæр.
Æнхъæлмæ дæм кæсдзæнис.

*Гыцци къулæнцæйтты рацыд сæ размæ. Кæсы сæм мидбылхудгæ. Мыстæхан ыл ныттыхстис.*

Мыстæхан

Уый уын, гъе!
Уæ цинæй рабадтис Гыцци!

*Се 'ппæт дæр райынц. Мигъ сæм кæсы дисгæнгæ. Стæй фæцæуæг. Хур сæм худы йæ мидбылты.*

*Æмбæрзæн.*

*Кæрон.*

*1984, Джиуæргуыбайы мæй*

# СÆЙРÆГТÆ

Мæ чиныг ........ 5
Фыссæг ........ 6
Сæрибар ........ 6
Ир ........ 7
Ирон зæрдæ ........ 8
Æрбацæут мæ куывдмæ ........ 8
Æмæ табу ........ 9
Æвдадзы хос ........ 9
Сæрыстыр ........ 10
Дур ........ 10
Сæурайсом ........ 11
Тыххъазт ........ 11
Æфсæрмы тас ........ 12
Уæлдзæнæт ........ 13

Ч Ъ Р Е Б А

1. Чъреба ........ 14
2. Чъребайаг сæурайсом ........ 15
3. Чъребайаг экспромт ........ 15
4. Мæсты зард ........ 15
5. Фыдбоны уарзт ........ 16
6. Фæссахар ........ 16
7. Кæд дæ нæ уырны ........ 17
8. Чъребайаг лæппуйы зарæг ........ 17
9. Хæстон Чъребайы ........ 18
10. «Мобилон телефон ахуыссын кæнын ‘мæ…» ........ 18
11. Хъайтар сахар ........ 19
12. Фæсхæст ........ 20

Уырысы дæндаг ........ 21
Дзурæм иронау ........ 21
Æцæг мад ........ 22
Ныфс........ 22
Рагзымæг ........ 23
Куыдзы аз ........ 24
«Мæ лекцитæм студенты…» ........ 25

Ч Ы С А Н Г О М

I. ЧЫСАНГОМ (триптих) ........ 26

1. Чысангом ........ 26
2. Гаджидау ........ 27
3. Зædбадæн ........ 28

II. Мæ хæдзар ........ 29
III. Ме ‘дзæрæг хъæу ........ 29
IV. Зондджынтæ ........ 30
V. Мæ зæрдæйы къуымы ........ 30
VI. Цъолдаг дард ........ 31
VII. Арв дæлæмæ ‘рхаудта ........ 31
VIII. Хæххон зымæг ........ 32
IX. Уаддымгæ-æфсургъыл ........ 33
X. Мæйуарæны ........ 33
XI. Бузныг, мæ мад ........ 34
XII. Иунæг ........ 34
XIII. Обамайы ардхæрæн бон ........ 34
XIV. Бестауты Гиуæргийæн (диптих) ........ 35
1. Гиуæргийы мæлæн бон ........ 35
2. Хæлæггæнджытæ ........ 36
XV. Мæкъуылы мыст ........ 37
XVI. Бур зæд ........ 38
XVII. Цатыр ........ 38
XVIII. Уды хай ........ 41
XIX. Хæхты ........ 42
XX. Мæ цин ........ 43
XXI. Рагзæронд ........ 44

Азæй-азмæ ........ 44
Диссаг ........ 45
Æрра бæллиц ........ 46
Поэттæ ........ 46
Фæззæг ........ 47
Хуыздæр бон нæ уыдис ........ 48
Æфсæнттæ ........ 50
Æркæс ........ 50
Арсы дис ........ 51
Лæгдыхæй ........ 51
Цас уарзын! ........ 52
Дзуары лæг ........ 53
Æнæмæнгдæр ........ 54
Зары хъæды ........ 55
Уарзын ........ 55

ХÆХТЫ СÆРМÆ – ХУР

1. Сис тырыса бæрзонд ........ 57
2. Абхазаг фынг ........ 58

3. Даур Зантарияйæн ........ 59
4. «Хур...» ........ 60
5. Хъуына дур ........ 60
6. «Ам дын...» ........ 61
7. Рица ........ 62

Дзæнæты ........ 62
Цымæ ........ 63
Гъе, фæлæ ........ 63
Гамзатовы мотивыл ........ 64
Сау лæгтæ ........ 64
Бирæгъ ........ 65
Уалдзæг ........ 65
Мæ фыд ........ 66
Хуыцауы гакк ........ 66
Æцæг фырт ........ 67
Сах къæвда ........ 67
Хъан-тæрхъус ........ 67
Дамтæ ........ 68
Иунæгæй ........ 69
Хорз лæг ........ 69
Рыхын ........ 70
Зæххæнкъуыст ........ 70
Мыстытæ ........ 70

Р Æ С Т А Г  Л Æ Г Æ Н Æ Н  Ф Æ Ц Æ Р Æ Н  Н Æ Й

1. Рæстаг лæг ........ 71
2. Сæфтæджы аргъæй ........ 71
3. Экспромт ........ 71
4. Уæлæмхасæн – кад ........ 72
5. Æртхъирæн ........ 72
6. Мыдул зондамонæг ........ 72
7. Уæд цæмæн у цард ........ 72
8. Ирыстон уыдзæн уый ........ 73
9. 8-æм Март ........ 73
10. Чъребайаг æхсæвтæ ........ 73
11. Фæсарæйнаг цъыф ........ 73
12. Кувгæ-кувын ........ 74
Гиенæты ниуынмæ ........ 74
Рекламæйы чызг ........ 75
Хылы фæстæ ........ 75
Балы тала ........ 76
Нæ дис кæнын ........ 76
Мæ зæрдæ ........ 76
Мады монолог ........ 77
«Зæххæн...» ........ 78

Идæдзы сагъæс ........ 79
Ногазон лæвæрттæ ........ 79
Донхъаз ........ 80
Алкæмæн ........ 81
Гастролты фæстæ ........ 81
Рæсугъддæр ........ 82
Зæрдæскъуыд ........ 83
Уынгæджы ........ 84
Мæрдтимæ ........ 85
Æввонг цард ........ 86
Хъуызил «ветеран» ........ 87
«Гуырдзы ныл фæтых уыдзысты æви нæ…» ........ 87
Экспромт ........ 87
«Зæххы уæлцъарыл…» ........ 88
Зæгъæд-ма исчи ........ 88
Мады зæрдæ ........ 89
Маст æмæ уарзт ........ 89
«Диссагæн дзуринаг – адæймаджы зæрдæ…» ........ 90
Хæстон ало-лай ........ 91
Иу ном ........ 92
«Букъ…» ........ 92
«Хицауы бынатмæ…» ........ 93
Рагбонтæ мысгæйæ ........ 93
Худинаджы бæсты ........ 94
Фæндон ........ 95
Мысинæгтæ ........ 96
Фæсмонгонд уарзт ........ 97
Стыр уарзт ........ 97
Цыфæнды уæд ........ 98
Уалдзæджы цин ........ 99
Сæнттæ ........ 100
Уый дын уарзт ........ 101
Цæстыдзаг ........ 101

Чиныг – чиныджы

АЙЗÆЛД

Разныхасы бæсты ........ 103
Айзæлд ........ 104
Мæ республикæ ........ 104
Æнæ мæн дæр ........ 105
Алан ........ 105
Ирони ........ 106
Æрымысæггаг ........ 107
Ирыстоны худинаггæнæг дуæрттæ ........ 107
Нæй гæнæн ........ 109

Зæронд сайд ........ 109
Мæ уд ........ 110
Ирыстоны хæхтæ ........ 111
Худинаг, Ирбæстæ ........ 112
Нæ Ирбæстæ ........ 112
Хъалтимæ балцы ........ 113
Базары кæлæнтæй ........ 114
Ирон, рай ........ 115
Америкæ, ма ерры кæ!.. ........ 115
Хæстон уавæры ........ 121
Тулдзбæлас ........ 122
Инфляции ........ 123
Тас ........ 123
Кæмæдæрты ........ 124
Зæронд бирæгъ ........ 125
«Мæ лекцитæм студенты…» ........ 126
«Не знæгтæ фæкæуæнт…» ........ 126
Змисылфыст ........ 127

Рагфыдæлты зæххыл

1. Приднестровьейы республикæ ........ 128
2. Кæнæ… кæнæ… ........ 128
3. Бирæгътæ ........ 129
4. Ныфс ........ 130
5. Приднестровье æмæ Ирыстон ........ 132
6. Бæхтыл хъазт ........ 132
7. Коньяк ........ 133
8. Тирасполаг хуыснæджытæ ........ 134
9. Ам ........ 134

Ирон мад ........ 134
Мады зæрдæйы хъæдгæмттæ ........ 135
Бонцъæхтыл ........ 136
Бадарут уæ зæрдыл ........ 136
Цхинвайлаг цард ........ 137
Зындон ........ 138
«Фæхæссы дуг йæ уæззау æфсондз цардмæ…» ........ 139
Хæстон зымæг ........ 140
Риссы Словени ........ 140
Сабиты хъазт ........ 141
Мах æмæ не знæгтæ ........ 141
Аллон-бæстæ ........ 142
Ирæй рахаугæ ........ 142

Арабbаг хъарæг

1. Хуысар ........ 144

2. Лæбурæг ........ 145
3. Ирачъы рис ........ 145
4. Нæй ныббарæн ........ 146

«Дæ хатæнмæ чъызгæ ысхызтæ...» ........ 146
Дзуццаты Хадзы-Муратæн ........ 147
Гафезы цырт ........ 149
Нырыккон ироны монолог ........ 149
«Фæнды дæ...» ........ 150
«Мæ уд лæууы гæппæввонгæй фæдисы...» ........ 150
Æнцон æмæ зын ........ 151
Зæрдæйы хъустæ ........ 152
Тыхджынтæ ........ 152
«Абон Ирыстоны туг æмæ рондзкалды...» ........ 153
Бæласы цæссыгтæ ........ 154
Мæ цард ........ 154
Рагуалдзæг ........ 155
Уалдзæг ........ 155
Сæрд ........ 156
Фæззæг ........ 157
Туркаг ирон ........ 157
Æнафоны бæлццон ........ 158
«Мæрдты бæстæм фыццаг...» ........ 159
Задыныхæлд ........ 159
«Дæ зæрдæмæ...» ........ 160
«Бомбæ-цыфыддæр...» ........ 160
«Фыдæй-фыртмæ цæмæн фæдзурынц адæм...» ........ 161
Гакк ........ 161
Лекциййыл ........ 162
Хауд зæрдæ ........ 162
Æнæхицау гæдытæ ........ 162
Царды фæтк ........ 163

ДУДЖЫ ÆЛХЫНЦЪЫТÆ

Кæроны райдайæн ........ 164
1. Тыххъазт ........ 164
2. Фыддуджы ........ 165
3. Коопдуханты ........ 165
4. Прокрусты сынтæгыл ........ 166
5. Бæтæйы фыртты хъынцъым ........ 166
6. Фæдис, лæппутæ! ........ 167
7. Дис ........ 168
Райдайæны кæрон ........ 168

Дзылы ........ 168
Рæсттæрхонæй алидзæн нæй ........ 169

Рæдигæ-рæдийын ........ 170
«Нæмыг – топпы...» ........ 171
Поэт Козаты Исидоры мысгæйæ ........ 172
Ænæдон куырой ........ 172
«Уæдæ, куыд вæййы, 'фтауæн фынгыл бадын...» ........ 173
«Иу хъæуы нал уыд...» ........ 173
«Мыстытæм се 'мбырды...» ........ 174
«Ме стджытæ стонгæй...» ........ 174
«Нал дæн, нал, чызгай, зноныггон...» ........ 175
Бæлæсты бын ........ 176
«Æфсæн хызы...» ........ 177
Хонгæ ........ 178
Загъдгæнаг æмкъæйттæн ........ 178
ДЗАМ ........ 178
«Къахет, Къахет-иу кодтой...» ........ 179

СЫБАР-СЫБУРÆЙ

1. Уæрцы хай ........ 180
2. Æрвыл райсом ........ 181
3. Зæрдæсайæн ........ 181
4. Царды ........ 181
5. Хъаны цард ........ 182
6. Уарзт ........ 182
7. Мидбылхудгæйæ ........ 183
8. Зонæнтæ ........ 183
9. Худын ........ 184

Хъазгæмхасæнты ........ 184
Уарзты тых ........ 185
Фыццаджы-фыццаг ........ 185
Сындзы хъæбысы ........ 186
Фыдгуырд ........ 186
Рæсугъд чызг ........ 186
Ног ироны хъынцъым ........ 187
«Чызг йæ къабайæ...» ........ 188
«Ды – дæхицæн...» ........ 188
Урс диссаг ........ 189
Цæмæн? ........ 189
Бæллиц – I ........ 190

СТЪÆЛФÆНТÆ

1. «Лæг æрхаудта...» ........ 191
2. «Тæвд къæйыл, мæгуыр...» ........ 191
3. «Иугæр куыдзыл...» ........ 191
4. «Арв нырттывта...» ........ 191

5. «Хъуамæ…» ........ 192
6. «Йæ дæлдæртыл…» ........ 192
7. «О чызджытæ!» ........ 192
8. «Арвыл – базырджынтæ…» ........ 193
9. «Дæ фæлурс…» ........ 193
10. «Ирыстон – мæ рыстдон…» ........ 193

Чызджы сагъæс ........ 193
Æнæсæрфат фарст ........ 194
Æрæджыйау ........ 194
«Æнæ ныфс уыдтæ…» ........ 195
Топпы хæтæлтæ ........ 196
«Арвæй хуртæ чи скъæфы…» ........ 196
Нымæцтæ ........ 197
Кæнæ ........ 197
Æрмæст дæ бон у ........ 197
Æнкъард мысинаг ........ 198
Уарзты æхсæв ........ 199
Уалдзæджы ........ 199
«Дæ хион-хæстæджыты ‘лгъыстæй…» ........ 200
Иу чызгæн ........ 200
Рыст ........ 201
Нырма ........ 202
Аудыд ........ 202
Фыццаг уарзт ........ 203
«Шейк…» ........ 203
«О чызджытæ-чызналджытæ…» ........ 204
«Дард, хъæдгæрон-ма…» ........ 205
Сидт ........ 205
«Уыцы тæлмастæу сусхъæдæн…» ........ 205
«Фыдæнæн мыл цынæ…» ........ 206
«Ды дæ кæлæнгæнæг…» ........ 206
«Мæ хъуыдыты…» ........ 206
Дæ гуырæнбон ........ 207
Дæ хуызы ........ 207
«Фыны ‘гъдауæй…» ........ 207
Сау æхсæв ........ 208
«Цæмæннæ ис, мæ боныл…» ........ 209
Бузныг ........ 210
Дæумæ фæндагыл ........ 210
Бæллиц – II ........ 211
Сусæг хæдзар ........ 212
«Гыцци, гыцци, мæ ныййарæг мад…» ........ 213
«Æгæрон хус быдыр – мæ зæрдæ…» ........ 214
Æхсинæг ........ 215
«Ног мæй йæ сомбоны ныхыфыстæй…» ........ 217

Мæрддзæст лæджы ‘мкъайы монолог ........ 217
Зæрыбоны фембæлд ........ 219
Ноджы дæ… ........ 219
«Уалдзæг уыд, зымæг уыди…» ........ 220
Дæумæ кæсгæйæ ........ 221
Поэты зæрыбон ........ 221
«Нæй уарзтæн ласæн, нæ, дзыларæй…» ........ 222
Æнæмсæр ........ 222
«Нæ дæм æнхъæмæ кæсын, мæ хур, къуырисæры…» ........ 223
Давæггаг уысмты ........ 223
«Зæгъыс мын: «Ацу!»… ........ 224
«Лæг фыны митыл уа дис дæр цы кæна…» ........ 224
«Идонджын – уаргъæвæрд, æз та…» ........ 225
«Дæ уæнгты тасгæ змæлд мæ удыл…» ........ 226
Сайæн æмдзæвгæ ........ 226
«Зæгъынц…» ........ 227
«Ма мæ ‘нхъæл коккайы мад…» ........ 227
Æнæмсæртæ ........ 228
Авд хойы ........ 228
Мæ фæсмонгонд уалдзæг ........ 229
«Дæ цуры мæ иууыл…» ........ 229
«Нал уарзын мæ цæстыты…» ........ 230

С Æ У У О Н  Æ Р Т Æ Х Т Æ

1. «Æз кады ‘мдзæвгæтæ нæ фыссын…» ........ 231
2. «Саби цины æвдылгæ…» ........ 231
3. «Йæхимæ йæ фыстæг…» ........ 231
4. «Тыргъы дуары сæртæг къæрцц фæцыд…» ........ 231
5. «…Ныр дын фæдзæхсын цал азы…» ........ 231
6. «Хæцаг галæн сæтты йæ сыкъа…» ........ 231
7. «Йæ зарæг…» ........ 232
8. «Къаппа-къуппайау – дæ гуыр…» ........ 232
9. «Сæрджын саг…» ........ 232
10. «Дæ нывгонд хъусты…» ........ 232
11. «Йæ фæззыгон хуынæй…» ........ 232
12. «Цæмæн фæзындтæ митхъæпæны уа раджы…» ........ 233
13. «Ногуард урс-урсид митыл…» ........ 233

В А Р И А Ц И Т Æ (Къостайы уацмыстæн)

1. Ныстуан ........ 234
2. «Нарон Къостайау æз зарын куы зонин…» ........ 234
3. Ироны зарæг ........ 234
4. Иуæн – дыууæ ........ 235
5. Кæмæн цы… ........ 236
6. Милицæ æмæ гæртамхор ........ 236
7. Обкомы лæппу ........ 237

8. Бынаты лæг ........ 238
9. Халон æмæ рувас ........ 238

КАДДЖЫТÆ

Мæгуыргуры фын ........ 241
Мæ чызджы фарстытæ ........ 247
Уыдисты дыууадæс ........ 270
Хуры фырттæ ........ 284
Фатимæ ........ 295

АРГЪÆУТТÆ

Мыстæхан ........ 362
Æнæнтыст Цæу ........ 375
Гæды æмæ куыдз ........ 382
Хъуынджын лæг ........ 390
Гæдыла-паддзах ........ 398
Æвдадзы хос ........ 447

Литературно-художественное издание

КАЗИТЫ (КАЗИЕВ) МЕЛИТОН РЕЗОЕВИЧ

**Шатер**

Стихи, поэмы, сказки на осетинском языке

Редактор – *Ф.Г. Бежаева*
Технический редактор – *О.С. Икаев*
Корректор – *Л.П. Тотоева*
Компьютерная верстка – *Д.В. Кочиева*
Худож. оформление обложки – *А.М. Ковалев*

Сдано в набор 05.05.11. Подписано к печати 27.09.12.
Формат бумаги 84x108 $^{1}/_{32}$. Бумага офс. № 1.
Усл.п.л. 28,4. Уч.изд.л. 25,86. Тираж 300 экз. Заказ №50

ООО «Республика»
100001, Республика Южная Осетия
г. Цхинвал, ул. Московская, 7.